


Yon gid pou sèvis Misyonè

“Preche Levanjil Mwen an”

(D&A 50:14)



“Repanti, ou menm tout kwen latè a, vin jwenn mwen, epi batize nan non m,
pou ou kapab sannktifye lè ou resevwa Sentespri a” (3 Nefi 27:20).

“Preche levanjil mwen an”

(D&A 50:14)

Kouvèti: *Jan Batis k ap batize Jezi* © 1988 pa Greg K. Olsen
Koutwazi Mill Pond Press ak Dr Gerry Hooper. Pa kopye.

© 2004 pa Intellectual Reserve, Inc.
Tout dwa rezève

Enprime nan Etazini Damerik.
Apwobasyon anglè: 11/04
Apwobasyon tradiksyon: 11/04
Tradiksyon *Preach My Gospel*
Haitian Creole
35675 036

“Preche Levanjil mwen an”

(D&A 50:14)

Mesaj Premye Prezidans lan	v
Entwodiksyon: Kijan mwen ka pi byen itilize liv “Preche levanjil mwen an”?	vii
1 Ki bi mwen antanke yon misyonè	1
2 Kijan mwen ka etidye efikasman epi prepare m pou m anseye?	15
3 Kisa m ap etidye epi anseye?	27
• Leson 1: Mesaj Retablisman Levanjil Jezikri a	29
• Leson 2: Plan Sali a	44
• Leson 3: Levanjil Jezikri a	57
• Leson 4: Kòmandman yo	68
• Leson 5: Lwa ak òdonans	78
4 Kijan m ka rekonèt epi konprann Lespri a?	85
5 Ki wòl Liv Mòmmon an?	99
6 Kijan m ka devlope kalite kretyen?	111
7 Kijan m ka pi byen aprann lang misyon mwen?	123
8 Kijan m ka itilize tan mwen sajman?	133
9 Kijan m ka jwenn moun pou m anseye?	151
10 Kijan m ka amelyore talan pou anseye mwen?	169
11 Kijan m ka ede moun pran angajman epi kenbe angajman?	189
12 Kijan m ka prepare moun pou batèm ak konfimasyon?	197
13 Kijan m ka travay avèk dirijan Pye yo ak dirijan Pawas yo?	207
Endèks	219



Mesaj Premye Prezidans lan

Chè zanmi misyonè:

Nou konplimante ou nan gran opòtinite ou genyen pou w se yon misyonè a. Pa gen okenn lòt travay pi enteresan pase travay sa a, ni pa gen okenn lòt ki bay pi gwo satisfaksyon.

Liv “Preche Levanjil mwen an” prepare pou ede ou vin yon misyonè pi byen prepare, avèk plis matirite espirityèl epi vin yon enstriktè ki pi konvenkan. Nou mande ou tanpri pou w itilize li chak jou nan preparasyon pèsònèl ou epi nan preparasyon ou avèk konpayon ou, epi nan reyinyon distri w yo ak konferans zòn ou yo. Etidye ekriti yo bay kòm referans yo epi aprann doktrin yo ak prensip yo.

Nou ba ou tach pou w ogmante angajman ou pou ede Papa nou ki nan Syèl la nan travay gloriye li a. Chak misyonè gen yon wòl enpòtan nan ede “reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39).

Senyè a ap rekonpanse ou epi beni ou richman pandan ke w ap enbleman sèvi li nan lapriyè. Plis lajwa pase ou janm genyen ap tann ou pandan w ap travay nan mitan pitit li yo.

Premye Prezidans lan



Entwodiksyon: Kijan m ka pi byen itilize liv *“Preche Levanjil mwen an”*?

“Preche Levanjil mwen an”

Itilize liv *“Preche Levanjil mwen an”* pou reponn bezwen ou antanke misyonè. Ou ka pase yon sesyon etid annantye nan sèlman de twa paragraph—oubyen nan tout yon chapit. Ou ka etidye chapit yo nan lòd yo ye a oubyen planifye yon lòt fason ki pi byen reponn bezwen ou. Fleksiblite sa a ap pèmèt ou etidye sa ou bezwen lè w bezwen l epi jan Prezidan Misyon ou mande ou.

Tout chapit nan liv *“Preche Levanjil mwen an”* ap ede ou prepare pou atenn objektif ou antanke misyonè. Sepandan, lè w kòmanse etidye chapit 3 a, w ap ka santi yon diferans nan apwòch yo. Pifò chapit yo adrese avèk ou menm. Chapit 3 a adrese avèk yon piblik pi jeneral. W ap aprann doktrin yo nan chapit 3 a (a) pou ranfòse pwòp konesans ou ak temwayaj ou sou levanjil la epi (b) pou w anseye lòt moun epi prepare yo pou yo fè epi kenbe angajman ak alyans.

Doktrin ki nan kèk lòt chapit yo tou ka ede ou anseye investigatè yo ak nouvo manm yo. Pa egzanp, chapit 4 la, *“Kijan m ka rekonèt epi konprann Lespri a?”* ka ede ou anseye kèk investigatè sou fason pou yo akeri yon temwayaj pa pouvwa Sentespri a. Chapit 5 la, *“Ki wòl Liv Mòmmon an?”* ka ede ou rezoud pwoblèm yon investigatè konsènan li Liv Mòmmon an. Ide ki nan chapit 2 yo, *“Kijan mwen ka etidye efikasman epi prepare m pou m anseye?”* ka ede nouvo konvèti yo jwenn plis bagay nan etid yo sou Liv Mòmmon an.


“Preche Levanjil mwen an” santre sou bagay fondamantal travay misyonè yo. Li pa reponn chak kesyon oswa sityasyon w ap rankontre. W ap pi efikas si ou suiv Lespri a, sonde ekriti yo, kenbe kòmandman yo, epi aplike sa w aprann yo.

Etidye chapit yo pandan tout misyon ou. Aplike sa w aprann yo. Evalye travay ou. Misyonè ki ap eseye prepare yo chak jou epi k ap chèche pou yo amelyore regilyèman ap resevwa direksyon Sentespri a epi y ap wè benediksyon yo nan lavi yo.

Leson misyonè yo

Ou gen latitid pou anseye leson yo nan kèlkeswa fason ki ap pi byen ede moun yo totalman prepare pou batèm yo ak konfimasyon yo. Bi ou se pa sèlman pou anseye lesan an; se pou ede lòt moun vin jwenn Kris atravè lafwa nan Jezikri, repantans, batèm, resevwa don Sentespri a, epi pèsèvere jiskalafen. Se raman pou w fè yon lesan dire plis pase 45 minit. Ou ka wè ke tan sa a sèlman pèmèt vizit ansèyman ki pi kout. Nan ka sa a, ou ka bezwen vizit ansèyman ki pi souvan, pi kout, ki kouvri pòsyon pi piti yo nan lesan an.

Ou ka anseye lesan yo nan plizyè fason. Ki lesan w ap anseye, kilè w ap anseye li, ak konbyen tan w ap pase ap anseye li dwe pi byen detèmine pa bezwen investigatè a ak direksyon Lespri a. Pa aprann tout lesan an pakè.



Etid pèsònèl, etid avèk konpayon, Reyinyon distri, ak Konferans zòn

Etid ki efikas pandan misyon ou ap ede ou atenn objektif ou antake misyonè epi fòtifye temwayaj ou sou levanjil Jezikri a. Kat nan pifò opòtinite pou etidye ou genyen se etid pèsònèl, etid avèk konpayon, Reyinyon distri, ak Konferans zòn. Orè chak jou ou gen ladan tan pou etid pèsònèl ak etid avèk konpayon chak jou.

Orè misyonè chak jou

6:30 maten Leve, priye, fè egzèsis (30 minit), epi prepare pou jounen an.

7:30 maten Manje maten.

8:00 maten Etid pèsònèl: Liv Mòmmon an, lòt ekriti, doktrin leson misyonè yo, ak lòt chapit nan "Preche Levanjil mwèn an."

9:00 maten Etid avèk konpayon: pataje sa ou aprann pandan etid pèsònèl la, prepare pou anseye, fè pratik ansèyman, etidye chapit nan "Preche Levanjil mwèn an", verifye planifikasyon jounen an ansanm.

10:00 maten Preche levanjil. Misyonè k ap aprann yon lang etidye lang sa a pandan 30 rive 60 minit anplis, epi fè planifikasyon pou aktivite aprantisaj lang pou itilize pandan jounen an.

Misyonè yo ka pran inèdtan pou manje maten ak pou etid anplis, epi inèdtan pou manje midi nan moman ki byen balanse avèk aktivite preche levanjil yo a. Nòmmanman dine dwe fini pa pita pase 6zè apre midi.

9:00 aswè Retounen lakay (amwenske y ap anseye yon leson; lè sa a retounen vè 9:30) epi planifiye aktivite demen yo (30 minit). Ekri nan jounal, prepare pou al dòmi, priye.

10:30 Kouche nan kabann.

* An konsiltasyon avèk Prezidans Swasannndis la oubyen Prezidans Zòn nan, Prezidan Misyon ou ka modifiye orè sa a pou l reponn pi byen ak sikonstans kote ou ye yo.

Sa ou aprann nan etid pèsònèl ou ap ede ou nan etid avèk konpayon ou, nan reyinyon distri yo, ak konferans zòn yo, kote ou ka "youn anseye lòt la doktrin wayòm nan" (D&A 88:77). Sa ou jwenn kòm rezilta nan etid ou yo ak reyinyon distri w yo ap ede ou anseye avèk puisans espiyityèl.

Etid pèsònèl

Bi etid pèsònèl se ranfòse konesans ou ak temwayaj ou sou levanjil retabli a epi ede ou prepare pou reponn bezwen moun w ap anseye yo. Nan etid pèsònèl ou, santre sou travay debaz yo ak dokiman ki apwouve pou misyonè yo.

- *Jésus le Christ*
- *Notre Patrimoine*
- *Our Search for Happiness (Rechèch bonè nou)*
- *True to the Faith (Ankre nan lafwa)*

Ou ka rann etid pèsònèl ou efikas lè ou:

- Li nan Liv Mòmmon an ak lòt ekriti yo.
- Etidye doktrin leson misyonè yo.
- Etidye lòt chapit nan "Preche Levanjil mwèn an"



Etid avèk konpayon

Bi etid avèk konpayon an se pou (1) bati inite nan relasyon nou pou nou ka anseye pa Lespri epi (2) santre sou pwogrè moun n ap anseye yo. Ou ka rann etid avèk konpayon ou efikas lè ou:

- Youn pataje ide ki soti nan etid pèsònèl li avèk lòt.
- Prepare pou randevou espesifik pou anseye, vizite manm, jwenn opòtinite, ak lòt aktivite. Etidye materyèl k ap ede ou anseye, jwenn moun epi travay pi efikasman. Pale osijè moun w ap travay avèk yo yo. Fè plan pou aplike sa ou aprann yo.
- Pandan tout jounen an, kontinye pale sou prensip, bi, talan, ak plan ki soti nan etid ou avèk konpayon ou.

Reyinyon distri yo

Bi reyinyon distri yo se pou “Youn anseye lòt doktrin wayòm nan” (D&A 88:77).

- Reyinyon distri yo fèt chak semèn pandan 60 rive 90 minit.
- Dirijan distri a planifye epi li dirije reyinyon distri a epi li ka envite lòt misyonè yo pou ede l anseye.
- Reyinyon distri yo ka gen ladan yo:
 - Pataje ide ki soti nan etid pèsònèl ak etid avèk konpayon.
 - Fè pratik leson yo nan plizyè kalite fason.
 - Eksplike, demontre, epi pratike prensip ak teknik ki dekri nan “*Preche levanjil mwen an.*”
 - Pale sou pwogrè ak bezwen investigatè yo.
 - Diskite epi prezante pwoblèm nan distri a.
 - Pataje eksperyans ak temwayaj sou travay misyonè.
- Dirijan distri yo ka itilize reyinyon distri an pou resevwa rapò konsènan efò misyonè yo nan distri a. Yo pa dwe fikse bi ni pran randevou pou lòt misyonè yo ni mande yo pou yo bay rapò sou bi yo.

Konferans zòn

Konferans zòn yo fèt sou direksyon Prezidan Misyon an.

Karakteristik “*Preche Levanjil Mwen an*”

Chak chapit nan liv “*Preche levanjil mwen an*” gen plizyè karakteristik. Karakteristik sa yo ta dwe ede ou jwenn plis bagay nan etid ou—yo pa la pou fòse ou aprann yon sètèn fason. Itilize yo nan yon fason fleksib ki baze sou bezwen ou.

Jounal Etid

“*Preche Levanjil Mwen an*” souvan mande pou w itilize yon jounal etid pou ede ou konprann, klarifye, epi sonje sa w ap aprann. Eldè Richard G. Scott te anseye, “Konesans ki note avèk swen se konesans ki disponib nan moman bezwen. Enfòmasyon ki espiyèlman sansib dwe kenbe nan yon kote sakre ki montre Senyè a kijan ou cheri li. Pratik sa a ogmante chans pou resevwa pi plis limyè” (“Acquiring Spiritual Knowledge,” *Ensign*, Nov. 1993, 86). Repase jounal etid ou pou raple ou eksperyans espiyèl ou yo, chèche nouvo lide, epi rekonèt pwogresyon ou.

Jounal etid ou ka yon kaye, yon jounal yo vann toupatou, oubyen yon klasè. Ekri epi òganize panse ou ak enpresyon ou nan yon fason ki annakò avèk fason ou aprann nan. Devlope pwòp sistèm pa ou pou w ka fasilman gen aksè ak enfòmasyon yo nan apre. Itilize li souvan pou repase, konsilte, aplike sa ou te aprann. Itilize jounal etid ou pou w note epi ekri enpresyon ou pandan etid pèsònèl ou ak etid avèk konpayon ou, reyinyon distri yo, konferans zòn yo, ak entèvyou avèk Prezidan Misyon an.

Kare enfòmasyon

Kare nan “*Preche Levanjil Mwen an*” ap ede ou aprann. Genyen ki bay yon apèsi sou pwèn kle yo oubyen ki rezime pwèn kle yo. Gen lòt k ap ede ou santre sou etid ou, aprann nan ekriti yo, aplike sa ou aprann, devlope kapasite ou, epi reponn bezwen moun w ap anseye yo. Nan pifò ka, kare sa yo se senpleman yon pwèn pou derape. Nan lapriyè itilize aktivite nan kare yo kote w ap devlope nouvo aktivite etid epi chèche ekriti anplis.

Konsidere sa

- Kisa sa vle di “jwe,
- Kijan m ka ogman’
- Poukisa mwen dwe
- Ki wòl medya ak re’

“**Konsidere sa.**” Pifò chapit yo kòmanse avèk kesyon ki nan yon kare “Konsidere sa”. Kesyon sa yo fokis sou pwèn kle chapit la epi yo bay yon kad pou etid ou. Itilize yo pou w òganize, konprann, medite, epi aplike sa ou aprann.

Sonje sa

- Bati legliz la nan jw
- Chèche epi suiv L
- Moun nan zòn ou v
- Manm legliz yo—lad

“**Sonje sa.**” Pifò chapit fini avèk yon kare “Sonje sa”—yon rezime pifò pwèn enpòtan ki nan chapit la. Lè w fin etidye yon chapit, repase deklarasyon sa yo pou asire ke w konprann pwèn prensipal sa yo. Evalye kijan w ap byen aplike pwèn sa yo, epi fè plan pou aplike sa ou te aprann.

Etid ekriti

Kisa ekriti sa yo di s.
3 Nefi 12:48
3 Nefi 27:21, 27

Ki relasyon ki genyen

“**Etid ekriti.**” Kare sa yo dirije ou nan referans ki ka bati konpreyansyon ou ak temwayaj ou. Bati sou referans sa yo kote w ap chèche jwenn ekriti adisyonèl. Poze tèt ou kesyon anplis ki an rapò avèk yo ka ede ou jwenn ide epi aplike sa ou aprann.

Aktivite: Etid pèsònèl.

- Egzamine imaj pyebwa
1 Nefi 8 ak 11 lan. Nan
- Kisa Leyi te anvi ap
 - Nan vizyon sa a, ki

“**Aktivite.**” Pifò chapit yo gen aktivite pou etid pèsònèl ou ak etid ou avèk konpayon ou pou ogmante aprantisaj ou ak aplikasyon ou. Repete aktivite sa yo pandan tout misyon ou. W ap vin gen nouvo lide chak fwa ou fè sa paske bezwen ou—ak bezwen moun w ap anseye yo—ap chanje.

Suiv Lespri a

“Lespri a se sèl eleman
fè mirak pou Senyè a
ou ak kapasite ou” (Ez

Kare wouj yo. Kare sa yo gen enfòmasyon ak sigjesyon enpòtan pou plizyè ansèyman ak sityasyon preche levanjil.

Istwa

Tout istwa ki nan “*Preche Levanjil Mwen an*” se verite, menmsi non pifò moun chanje. Chak istwa ilistre plizyè prensip ki asosye avèk travay misyonè. Pandan w ap li istwa sa yo, chèche ki prensip yo ilistre.

Ide pou etid ak aplikasyon

Chak chapit fini avèk ide adisyonèl pou etid pèsònèl, etid avèk konpayon, reyinyon distri, ak konferans zòn. Bon resous aktivite pou aprann sa a bay egzanp sou mwayen efikas pou aprann materyèl la. Se pou ou kreyatif epi chèche enspirasyon pou kreye aktivite adisyonèl chak fwa w ap etidye oubyen anseye seksyon sa yo. Konplete aktivite sa yo plizyè fwa pandan misyon ou.

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsònèl

- Li lèt sa a yon misyonè te voye bay paran li: “Mwen te anseye yon fi mèveye yon bis. Nou t ap retounen soti nan yon reyinyon distri, epi sete sèl plas vid l genyen konsa mwen te chita epi mwen te kòmanse gade lèt mwen te resevwa Natirèlman, premye mwen te li a sete pa nou an, avèk foto Evan ti bebe yo. l te remake ke je ki te tou pre m yo t ap gade foto yo tou, epi mwen te leve tèt mwen epi je m te kwaze je yon granmoun fi. Li te fè m yon souri amwatye epi te vire gade nan vit la. Apre sa li te fèmen je li kòm si li ta pral dòmi. Mwen te priye, ‘Papa nou ki nan Syèl la, mwen anvi pale avèk li. Tanpri ede mwen.’ Yc minit apre li te louvri je li epi li te gade m dwat, epi mwen te di byen vit, ‘Èske pa panse li bèl?’ Mwen te montre li foto Evan yo epi mwen te kòmanse pale li sou fanmi. Mwen te mande li pou pitit li, epi dlo te vini nan je li epi li te rak kijan pitit fi li te rayi li epi pa t vle gen okenn rapò avèk li. Li te kriye epi mwen kriye avèk li. Mwen te pale sou plan sali a ak fason Papa nou ki nan Syèl la konnen li epi konnen sa l ap travèse yo. Mwen te kriye epi mwen te di li ke m konnen pitit fi l la renmen li paske mwen se yon pitit fi yon manman ki renmen mwen, epi ke m renmen. Mwen te ekzekite li ke paske mwen konnen pran mwen


Misyonè k ap sèvi nan Branch ak Distri

Anpil misyonè sèvi nan branch ak distri. Menmsi manyèl sa a fè referans avèk *pawas* ak *pye*, menm prensip ak apwòch yo aplike pou *branch* ak *distri* tou. Prezidan Misyon an ap fè w konnen tout ajisteman pou w fè lè w ap travay avèk dirijan branch ak distri.

Itilizasyon pa Misyonè Pawas yo ak Dirijan yo

“*Preche Levanjil Mwen an*” se pou misyonè aprentan yo nan legliz la. Sepandan, prensip ak doktrin yo anseye ladan l yo aplikab tou pou misyonè ak dirijan pawas yo pandan y ap chèche bati wayòm Senyè a. Etidye manyèl sa a souvan ap pèmèt yo ranpli responsablite yo antanke manm misyonè epi sa ap ankouraje inite avèk misyonè aprentan yo.

Nòt



Dan Jones, youn nan pi gran misyonè dispansasyon sa a, ap preche levanjil la nan Wales.

Ki objektif mwen antanke misyonè?

Objektif ou

Envite lòt moun pou yo vin jwenn Kris nan ede yo resevwa levanjil retabli a atravè lafwa nan Jezikri ak Ekspyasyon I lan, repantans, batèm, resevwa don Sentespri a, epi pèsevere jiskalafen.

Konsidere sa

- Ki objektif mwen antanke misyonè?
- Kisa levanjil la ye?
- Poukisa nou preche levanjil la?
- Poukisa nou dwe anseye avèk pouvwa ak otorite?
- Kisa mesaj Retablisman an ye? Poukisa li si enpòtan konsa?
- Ki responsablite mwen nan ede lòt moun vin konvèti?
- Kijan pou m konnen si m se yon misyonè ki gen siksè?

Manda ou pou preche levanjil retabli Jezikri a

Ou antoure avèk moun. Ou kwaze yo nan lari, ou vizite yo lakay yo, epi ou vwayaje nan mitan yo. Yo tout se pitit Bondye, frè ou ak sè ou. Bondye renmen yo menjman li renmen w lan. Anpil nan moun sa yo ap chèche bi lavi a. Yo enkyè pou fanmi yo. Yo bezwen yon santiman apatnans ki soti nan konesans ke yo se pitit Bondye, manm fanmi etènèl li a. Yo vle santi yo an sekirite nan yon mond kote valè yo chanjan. Yo vle gen “lapè nan mond sa a, ak lavi etènèl nan mond k ap vini an” (D&A 59:23), men yo “rete lwen laverite paske yo pa konnen ki kote pou yo jwenn ni” (D&A 123:12).

Levanjil Jezikri a jan li retabli atravè Pwofèt Joseph Smith la ap beni fanmi yo, reponn bezwen espirityèl yo, epi ede yo akonpli dezi ki pi pwofon yo. Menmsi yo pa konn poukisa, yo bezwen sekou pou santiman kilpablite ki vini soti nan erè ak peche yo. Yo bezwen fè eksperyans lafwa redanmsyon an nan resevwa padon pou peche yo epi jwi don Sentespri a.

Nòt

Nòt

Antanke yon reprezantan otorize Jezikri, ou ka anseye moun yo avèk pouvwa ak otorite ke “redanmsyon vini nan epi atravè Mesi Sen an,” epi pa gen okenn moun ki “kapab rete nan prezans Bondye, san se pa atravè merit, ak mirèrikòd, ak gras Mesi Sen an” (2 Nefi 2: 6, 8). Lè moun yo vin aksepte levanjil retabli Jezikri a epi resevwa òdonans batèm ak konfimasyon yo pa otorite Prètriz la, yo ka asire ke yo “pap chase yo pou tout tan” (Liv Mòmmon an, Paj tit).



Pandan konpreyansyon ou sou Ekspyasyon Jezikri a ap grandi, dezi ou pou pataje levanjil la ap ogmante. W ap santi, jan Leyi te santi sa, “li enpòtan anpil pou abitan latè yo konnen bagay sa yo” (2 Nefi 2:8).

Prezidan Ezra Taft Benson te anseye: “Bondye kòmande nou pou nou pote levanjil li a bay tout mond lan. Se poutèt sa nou dwe ini nou jodi a. Se sèlman levanjil la ki ka sove mond lan soti nan kalamite pwòp destrisyon tèt li. Se sèlman levanjil la ki ka ini lèzòm tout ras ak tout nasyonalite nan lapè. Se sèlman levanjil la ki pote lajwa, bonè, ak sali bay fanmi imen an.” (*Enseignements des Présidents de l’Eglise: Ezra Taft Benson* [1988], 167)

Ou aple pou reprezante Jezikri nan ede moun vin pwòp soti nan peche yo. Ou fè sa lè ou envite yo vin jwenn Jezikri epi vin konvèti nan levanjil retabli l la. Pou vin jwenn Sovè a yo dwe gen lafwa nan li ki mennen repantans—ki rann nesèsè pou yo pote chanjman nan lavi yo nan antre ann akò avèk ansèk ansèyman l yo. Ou ka ede moun devlope kalite lafwa sa a nan anseye yo levanjil retabli a pa Lespri a epi envite yo pou yo angaje yo pou viv selon ansèyman l yo. Kenbe angajman sa yo prepare yo pou alyans batèm ak konfimasyon ak don presye Sentespri a. Yo chase “lòm natirèl” epi yo vin yon sen “atravè Ekspyasyon Kris Senyè a” (Mozya 3:19).

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Egzamine imaj pyebwa lavi a ki nan paj sa a pandan w ap etidye vizyon pyebwa lavi a ki nan 1 Nefi 8 ak 11 lan. Nan vizyon sa a, pyebwa lavi a senbolize amou Bondye (gade 1 Nefi 11:21–22).

- Kisa Leyi te anvi apre li te fin manje fwi a? (Gade 1 Nefi 8:10–18.)
- Nan vizyon sa a, kisa moun yo te bezwen pou yo te kapab pran fwi a? Kisa nou bezwen fè pou nou resevwa tout benediksyon Ekspyasyon yo? Nan ki fason pran angajman epi fè alyans ede nou pran benediksyon sa yo?
- Antanke misyonè, ki devwa ou nan ede lòt moun jwenn epi pran fwi levanjil yo?

Levanjil la beni fanmi yo

Mesaj Retablisman levanjil Jezikri a beni fanmi. Gras ak Retablisman an nou konprann bi Bondye pou fanmi yo: Plan diven bonè a pèmèt relasyon familyal yo dire odela tonbo. Òdonans ak alyans sakre yo ki disponib nan tenp sen yo rann posib pou chak moun retounen nan prezans Bondye epi pou fanmi yo ini etènèlman” (“Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” *Ensign*, Nov 1995, 102).

Sou tè a, asosyasyon famiyal ka sous kèk nan pi gwo jwa nou. Satan ap atake fanmi an nan plizyè fason, epi twòp fanmi detwi pa efò l yo. Mesaj levanjil retabli Jezikri a rann posib pou fanmi yo rete ini kounyeya epi nan letènite. Nan viv prensip levanjil yo, fanmi yo ka fè eksperyans lajwa, lapè, ak yon santiman apatnans ak idantite nan lavi sa a. Atravè limyè levanjil la, fanmi yo ka rezoud mal konprann, chire pit, ak pwoblèm.

Fanmi ki divize pa mezantant ka geri atravè repantans, padon, ak lafwa nan pouvwa Ekspyasyon Jezikri a. “Bonè nan lavi famiyal kapab akonpli pi souvan lè l fonde sou ansèyman Lesenyè Jezikri. Maryaj ak fanmi ki gen siksè yo tabli epi yo chita sou prensip lafwa, priyè, repantans, padon, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreyatif ki pwòp. (*Ensign*, Nov 1995, 102).

Eseye jwenn fanmi pou w anseye—yon papa, manman, epi pitit—ki ka youn sipòte lòt nan viv levanjil la epi ki evantyèlman ka sele kòm inite famiyal pa otorite Prètriz Retabli a.

“Travay ki pi enpòtan nan travay Senyè a n ap gen pou n janm fè se andedan mi pwòp lakay pa nou.”

—PREZIDAN HAROLD B. LEE
THE TEACHINGS OF HAROLD B. LEE,
SEL. CLYDE J. WILLIAMS (1996), 280

Anseye pa Lespri

Paske levanjil Jezikri a se “puisans Bondye pou sali tout moun ki kwè” (Women 1:16), mesaj Retablisman levanjil la dwe anseye pa pouvwa divin—pouvwa Sentespri a, ki se twazyèm manm Divinite a. Yo souvan rele li Lespri, epi youn nan wòl li se anseye epi temwaye verite. Pandan w ap anseye pa pouvwa sa a, Sentespri ap:

- Anseye ou nouvo verite epi fè ou sonje tout doktrin ou te etidye yo (gade Jan 14:26).
- Di w sa pou w di nan moman menm w ap bezwen an (gade D&A 84:85).
- Pote mesaj ou nan kè moun w ap anseye yo (2 Nefi 33:1).
- Temwaye sou verasite mesaj ou a epi konfime pawòl ou yo (D&A 100:5–8).
- Ede ou dekouvri bezwen moun w ap anseye yo (gade Alma 12:7).

Lespri a esansyèl pou anseye verite levanjil yo nan yon fason ki ap bati lafwa nan lòt moun yo. Pandan w ap eseye devlope lafwa pou repoze sou Lespri a, ou dwe:

- Priye pou jwenn Lespri a (gade D&A 42:14).
- Pirifye kè ou (D&A 112:28).
- Respekte kòmandman yo (gade D&A 20:77, 79).
- Gade epi cheri pawòl Bondye a presyèzman (D&A 11:21; 84:85).
- Anseye yon fason pou lòt moun konprann mesaj ou epi edifye (gade D&A 50:13–22).
- Egzèse lafwa (gade Mowoni 10:7).

Yo te mete ou apa pou apèl sakre ou avèk pwomès ke w ap gen Lespri a ap si ou an reponn ak kondisyon Senyè a bay yo. Gen don Sentespri yo dwe youn nan dezi ki pi serye ou.

Pouvwa ak otorite apèl ou

Misyonè yo dwe ale “avèk pouvwa òdinasyon yo òdone yo a, pou pwoklame bòn nouvèl yon gran jwa, wi, levanjil etènèl la” (D&A 79:1). Ou gen otorite pou preche levanjil la. Si ou se detantè Prètriz, ou gen otorite pou administre òdonans yo an konsekans. Si ou egzèse otorite sa a nan lapriyè epi diyman, w ap resevwa pouvwa espiritiyèl, ki se evidans

reyalite apèl ou. Pa pè ni timid pou akonpli misyon sa a. Menmjan avèk pitit gason Mozya yo, ou dwe anseye avèk pouvwa ak otorite Bondye (gade Alma 17:2–3).

Lè yo te mete ou apa pa otorite Prètriz la, ou te resevwa dwa ak privilèj pou w reprezante Senyè a. Ou te resevwa yon sètifika ministeryèl ki pèmèt mond lan verifye otorite sa a. Prezidan Spencer W. Kimball te di: “Ou gen dwa pran mizapa nan sans literal li; se yon mizapa kont peche, apa kont bagay chanèl; apa kont tout sa ki gwosye, ki move, ki mekan, ki vyolan, oubyen ki vilgè; *mizapa* kont mond lan pou ale nan yon nivo panse ak aktivite ki pi wo. Benediksyon an se sou kondisyon pèfòmans fidèl ou” (*The Teachings of Spencer W. Kimball*, ed. Edward L. Kimball [1982], 478).

Ansanm avèk otorite ou vini yon responsablite pou w viv diy pou apèl ou. Antanke reprezantan Senyè a, ou dwe “yon egzanp pou kwayan yo” (1 Timote 4:12). Eseye viv selon kòmandman Bondye yo epi kenbe alyans ou te fè nan tanp yo; konnen ekriti yo; se pou ou koutwa, toujou alè, epi yo dwe ka konte sou ou; suiv prensip misyonè yo nan konduit, nan abiye, nan aparans ou; renmen moun w ap sèvi epi w ap travay avèk yo yo. Onore non Kris la pa aksyon ou.

Anplis otorite a, ou dwe egzèse pouvwa nan travay ou. Otorite ou resevwa a ka mennen nan pouvwa. Anfèt, pouvwa espirityèl se yon evidans ke otorite ou reyèl. Pouvwa espirityèl se yon don ki rann posib pou w fè travay ou avèk plis efikasite.

Pouvwa ak otorite ou dwe evidan pandan w ap travay epi anseye. Pouvwa a ka manifeste nan plizyè bagay w ap fè, tankou:

- Dirije pa Lespri a pou w di sa Senyè a ta vle ou di nan moman an menm (gade D&A 84:85).
- Resevwa gidans sou kote pou w ale oubyen kisa pou w fè (gade D&A 28:15; 31:11; 75:26–27).
- Gen temwayaj ou konfime pa temwayaj Lespri a (gade 2 Nephi 33:1; D&A 100:5–8).
- Pran pa nan òdonans sali yo (gade D&C 84:19–20).
- Bay benediksyon Prètriz si ou se yon ansyen (gade Jak 5:14–15).
- Priye avèk moun w ap travay yo epi priye pou yo (gade Alma 6:6; 8:18–22; 10:7–11; 31:26–35; D&A 75:19).
- Eksprime lanmou ou pou Senyè a, fanmi ou, konpayon misyonè yo, ak moun w ap sèvi yo.

Etid ekriti

Kijan ou resevwa pouvwa?

Alma 17:2–3

D&A 53:3

1 Korentyen 2:4

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Gade tablo Kris k ap òdone Apot yo, epi apre sa li Jan 15:1–16.

Nan ki fason Kris se pye rezen an? Nan ki fason ou se yon branch pye rezen sa a? Nan ki sans mizapa w la gen rapò avèk relasyon sa a?

Li sètifika ministeryèl ou a ankò. Ekri santiman ou ak panse ou sou sa ou li a. Chak fwa w ap etidye chapit sa a, repete pwosesis la. Note kijan santiman ou chanje amezi tan pase.

Etidye Doktrin ak Alyans 109:13–15, 21–30, 38–39, 55–57, ki se pasaj ki soti nan priyè dedikas enspire Pwofèt Joseph Smith la pou tanp Kirtland nan. Ki benediksyon Joseph Smith te mande pou fidèl yo?



Levanjil Jezikri a

Levanjil Jezikri a defini ni mesaj ou ni objektif ou; ki se bay “kisa” ak “poukisa” travay misyonè a. Sovè a te defini levanjil li a pou gen ladan kèk doktrin debaz ki esansyèl. Li te vini nan mond lan pou l te fè volonte Papa li, epi Papa a te voye li nan mond lan pou l te elve sou kwa a. Pa Ekspyasyon li ak Rezirèksyon li, tout limanite ap leve pou kanpe devan Kris pou jije pou aksyon yo, keseswa bon oubyen move. Moun ki egzèse lafwa nan Kris, ki repanti pou peche yo, epi ki batize nan non Kris ka sannktifye pa Sentespri a. Si yo pèsevere jiskalafen, y ap kanpe san tach devan Kris nan dènnye jou a epi y ap antre nan repo Senyè a. Kris ap rekonèt yo san fot devan Papa a. L ap Medyatè yo epi Avoka yo. Moun ki pa pèsevere jiskalafen nan fidelite yo ap “chase ale nan dife . . . akòz jistis Papa a.” (Gade 3 Nefi 27:13–22; konpare 2 Nefi 31:10–21; 3 Nefi 11:31–41; D&A 76:40–42, 50–53.)

Bi levanjil la se pwòpte moun soti nan peche yo pou yo ka resevwa mizèrikòd Sovè a nan jou jijman an. Se poutèt sa, bagay prensipal liv sa a epi, sa ki pi enpòtan, travay ou fè chak jou se envite lòt moun pou vin jwenn Kris nan ede yo resevwa levanjil retabli a atravè lafwa nan Jezikri ak Ekspyasyon l lan, repantans, batèm, resevwa don Sentespri a, epi pèsevere jiskalafen.

Moun endividyèlman epi fanmi ka kòmanse suiv Kris pandan y ap egzèse lafwa nan li epi repanti pou peche yo. Yo resevwa yon padon pou peche yo atravè batèm epi nan resevwa don Sentespri a nan men yon moun ki gen otorite ki soti nan men Bondye pou akonpli òdonans sa yo. Apre sa yo pèsevere jiskalafen, oubyen poun di yon lòt jan, yo kontinye pandan tout lavi yo egzèse lafwa nan Jezikri, repanti, epi renouvle alyans yo te fè yo. Bagay sa yo se pa senpleman etap yo pase yon sèl fwa nan lavi yo; epitou, lè yo repete yo pandan tout lavi etap sa yo vin yon mòd lavi ki plis an plis rekonpansan. Anfèt, li se sèl fason pou viv ki pote lapè konsyans epi ki pèmèt pitit Papa nou ki nan Syèl la yo retounen viv nan prezans li.

“Preche premye prensip levanjil yo—preche yo ankò epi ankò: w ap vin wè ke jou apre jou nouvo ide ak pi plis limyè konsènan yo ap revele ba ou. Ou ka ogmante konpreyansyon ou sou yo epi y ap vin pi klè pou ou. Lè sa a w ap kapab fè moun w ap anseye yo konprann yo pi totalman.”

—HYRUM SMITH
HISTORY OF THE CHURCH, 6:323

Nòt

Obeisans anvè Jezikri se yon angajman tout yon lavi. Atravè egzès lafwa, repanti, batize epi angaje pou sèvi Kris, epi apresya resevwa Sentespri a, nou ka fè eksperyans avèk gerizon, padon pou peche, ak konvèsyon total nan Sovè a avèk levanjil li a.

Ede moun yo akèri lafwa nan Jezikri ki mennen repantans pandan w ap anseye epi temwaye yo ke plenitid levanjil Jezikri a ak otorite Prèttriz la retabli epi envite yo viv pa ansèyman l yo.

Etid ekriti

Kisa levanjil, oswa doktrin, Kris la ye?

2 Nefi 31:10–21

3 Nefi 11:31–41

3 Nefi 27:13–22

Mesaj Retablisman an: Fondasyon lafwa

Kèlkeswa kote w ap sèvi oubyen kimoun w ap anseye, santre ansèyman ou sou Retablisman levanjil Jezikri a. “Senyè a ap beni ou pandan w ap anseye mesaj Retablisman an bay yon mond ki si dezespereman bezwen levanjil Jezikri a” (“Deklarasyon sou Travay misyonè,” lèt Premye Prezidans lan, 11 Des. 2002). Pandan w ap etidye doktrin yo nan leson misyonè yo, w ap vin wè ke nou gen yon sèl mesaj: Atravè yon pwofèt modèn, Bondye retabli konesans osijè plan Sali a, ki santre sou Ekspyasyon Kris la epi ki akonpli pa premye prensip ak òdonans levanjil yo.

Asire ou ke chak moun w ap anseye konprann klèman sa nou pral di la yo:

- Bondye se vrèman Papa nou ki nan Syèl la. Li renmen nou. Chak moun ki sou tè a se yon pitit Bondye epi se manm fanmi Bondye. Jezikri, Pitit Gason Bondye a, se Sovè nou epi Redanmèt nou.
- Papa eman nou an ki nan Syèl la te toujou lonje lamèn bay pitit li pandan tout istwa bibliki yo kote li revele levanjil li a bay pwofèt. Malerezman, anpil moun te rejte levanjil sa a; menm kèk nan moun ki te aksepte l yo te chanje doktrin ak òdonans levanjil yo epi yo te tonbe nan enkwayans ak apostazi.
- Papa nou ki nan Syèl la te voye Pitit Gason Byenem l la, Jezikri, sou tè a. Li te akonpli mirak epi li te anseye levanjil li a. Li te akonpli Ekspyasyon an epi li te resisite.
- Kòmanse avèk Premye Vizyon an, Bondye yon fwa ankò te lonje lamèn nan lanmou bay pitit li yo. Li te retabli levanjil Jezikri a ak otorite Prèttriz li a epi li te òganize legliz li sou tè a atravè pwofèt Joseph Smith. Liv Mòmòn an se evidans konvenkan Retablisman sa a.

Pandan w ap ede investigatè yo wè chema apostazi a ak retablisman an, y ap vin prepare pou konprann gran bezwen Retablisman nan dènye Jou a. Y ap vin wè nesèsite pou aksepte levanjil retabli a, resevwa òdonans sali yo pa otorite Prèttriz retabli a, epi suiv chemen ki mennen nan lavi etènèl la. Ede moun yo rekonèt ke legliz la se pa senpleman yon lòt relijyon, ni yon legliz ameriken. Olyesa, li se yon retablisman “plenitid levanjil la” (D&A 1:23), jan li te revele epi anseye depi nan kòmansman an.



Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri se evidans konvenkan ke Joseph Smith sete yon pwofèt epi ke levanjil Jezikri a te retabli. Li se kle vout (fondman) relijyon nou, resous ki pi pisan pou anseye mesaj sa a. Kèk nan verite enpòtan ki retabli atravè Joseph Smith gen ladan yo konesans ke Bondye se Papa nou epi nou se pitit lespri li, ke nou te viv avèk li anvan nou te fèt, epi ke fanmi yo ka viv ansanm pou tout tan nan prezans Bondye gras ak Ekspyasyon Kris la si yo obeyi lwa ak òdonans levanjil yo.

Liv Mòmmon an se evidans lanmou Bondye pou pitit li. Li montre ke Bondye pale avèk pitit li yo. Pandan w ap anseye epi temwaye, envite moun yo li Liv Mòmmon an epi priye osijè mesaj li a. Chak moun w ap anseye dwe deside si yo ap aksepte Liv Mòmmon an kòm revelasyon soti nan men Bondye.

Gen konfyans nan pwomès remakab ki nan Mowoni 10:3–5 la. Fè tout sa ou kapab pou pèsyade moun yo pou yo li liv la, konprann ni, epi mande Bondye sensèman si li vre. Temwayaj Sentespri a vin wòch santral lafwa yo ke Kris te retabli legliz sa a. Ede moun w ap anseye yo resevwa konfimasyon espiryèl sa a.

Etid ekriti

Kijan ou ta dwe itilize Liv Mòmmon an nan travay misyonè ou?

1 Nefi 13:39

Mowoni 10:3–5

D&A 42:12–14

2 Nefi 29:8–10

D&A 20:5–16

Aktivite: Etid pèsònèl

Imajine ou pral ekri yon atik sou mesaj Retablisman an pou yon jounal kote ou ye a. Nan jounal etid ou ekri yon tit ki dekri mesaj santral sa a. Apre sa ekri panse ou ak santiman ou sou mesaj sa a, ladan kijan konprann ni pi byen chanje fason ou viv ak fason ou konsidere mond lan ki antoure w la.

Ede lòt moun pran angajman: Pòt (wout ki mennen nan) lafwa ak repantans

Ede moun yo kalifye yo pou batèm ak konfimasyon pandan anseye yo vrè doktrin nan epi envite yo pou yo repanti epi chanje lavi yo nan fè epi kenbe angajman ki ap bati lafwa nan Jezikri. Angajman sa yo prepare moun yo pou yo fè epi kenbe alyans sakre yo.

Èldè Jeffrey R. Holland te anseye: “Premye bagay ki ka rive ou lè yon envestigatè di ou li pa li ni priye sou Liv Mòmmon an se santi ou devaste! . . . Twò souvan nou senpleman twò neglijan konsènan sa. Sa se lavi etènèl. Sa se sali pitit Bondye yo. Letènite depann sou sa nan balans lan. . . . Se chemen ki pi enpòtan envestigatè sa a ap janm genyen pou l pran. Men si li pa konn sa, omwen ou menm ou konnen! . . . Konsa pran kontwòl sityasyon an. Anseye avèk pouvwa ak otorite, epi apre sa wa devaste si premye etap ki mennen nan respektè kòmandman epi kenbe alyans yo pa kòmanse avèk siksè” (“Fè epi kenbe alyans,” emisyon pa satelit pou misyonè yo, Avr. 1997)

Nòt

Pandan w ap anseye moun yo pou yo konprann Retablisman plenitid levanjil la, ou “deklare repantans” (D&A 15:6). Repantans gen ladan yon chanjman kè ak yon dezi pou abandone peche epi sèvi Bondye. Li enplike enbleman sede bay Lespri a epi soumèt anba volonte Bondye. Li mande ke moun yo ogmante angajman yo pou viv ann akò avèk volonte Bondye. Repantans mande yon chanjman ki sensè epi etènèl nan panse, dezi, abitud, ak aksyon. Se yon eksperyans pozitif ki pote lajwa ak lapè. Se pou ou fèm epi eman nan ede moun konprann sa yo dwe fè pou yo repanti. Lè w envite yo pou yo pran angajman, ou ka efektivman leve yon vwa avètisman ak espwa.

Etid ekriti

Kisa ekriti sa yo anseye sou deklare repantans?

Alma 29:1–4

Alma 62:45

D&A 15:6; 16:6

Alma 42:31

D&A 14:8

Batèm ak konfimasyon

Batize epi konfime moun w ap anseye yo se pwen santral objektif ou. Batèm se pou remisyon peche, epi don Sentespri a pote anpil benediksyon bay moun ki viv diy pou sa. Atravè òdonans sa yo moun antre nan pòt la epi kontinye sou chemen ki mennen nan lavi etènèl la. Eldè Dallin H. Oaks te di: “Nou pa preche ni anseye pou nou ‘mennen moun antre nan legliz la’ ni pou ogmante kantite manm legliz la. Nou pa preche ni anseye senpleman pou pèsyade moun pou yo viv pi byen. . . . Nou envite tout moun vin jwenn Kris pa repantans ak batèm ak konfimasyon pou louvri pòt wayòm selès yo pou pitit gason ak pitit fi Bondye yo. Okenn lòt moun pa ka fè sa. (“Bi travay misyonè a,” emisyon pa satelit pou misyonè yo, Avr . 1995)

Pandan w ap anseye levanjil retabli a, ede moun yo konprann nati sakre batèm nan ak konfimasyon an. Ede yo reyalize ke resevwa don Sentespri a se yon gwo benediksyon nan lavi sa a epi yon kle pou sali yo. Sentespri a ap “anseye yo tout bagay” (Jan 14:26). Prezidan Boyd K. Packer te anseye: “Lè w ap anseye envestigatè yo epi prepare yo pou batèm nan dlo, ou dwe panse avèk don Sentespri a tou—batèm pa dife a. Panse sou sa antanke yon sèl fraz. Toudabò se batèm nan dlo a epi apresya se batèm pa dife a” (“Don Sentespri a: sa chak misyonè dwe konnen—ak sa chak manm dwe konnen tou” seminè pou nouvo Prezidan Misyon yo, Jen 2003). Pwofèt Joseph Smith te anseye, “Batèm nan dlo a se mwatye yon batèm, epi li pa vo anyen san lòt mwatye a—ki se, batèm Sentespri a” (*History of the Church*, 5:499).

Ede moun w ap anseye yo konprann ke pou kalifye pou batèm ak konfimasyon yo dwe ranpli kondisyon ki nan Doktrin ak Alyans 20:37 yo.

D&A 20:37 Kalifikasyon pou batèm

- Imilye tèt yo devan Bondye.
- Gen dezi pou batize.
- Avanse avèk kè brize ak lespri kontri.
- Repanti pou tout peche yo.
- Prè pou pran non Jezikri sou yo.
- Gen yon detèminasyon pou sèvi Kris jiskalafen.
- Manifeste pa aksyon yo ke yo resevwa Lespri Kris la ki mennen remisyon peche yo.

Aprè konvèti ki di yo fin batize, yo konfime yo manm legliz yo epi yo bayo don Sentespri a. Konfimasyon sa a fèt sou direksyon Evèk la oswa Prezidan Branch lan nan reyinyon Sentsèn tout suit apre batèm nan. Pandan ke de òdonans yo separe pa yon ti tan byen kout, konfimasyon an konplete epi ajoute sou batèm nan.

Etid ekriti

Nan ki fason don Sentespri a se youn nan pi gwo don nou ka resevwa?

3 Nefi 19:1–13

Jan 3:5

Galat 5:22–25

D&A 45:56–57

Jan 14:26

Guide des Ecritures, “Saint-Esprit”

Poukisa konvèti yo dwe gen dezi don Sentespri a?

2 Nefi 31:12–17

Travay 8:14–17

Travay 19:1–6

2 Nefi 32:1–5

Aktivite: Etid avèk konpayon

Chèche ekriti sa yo epi fè yon lis kalifikasyon ak alyans batèm yo. Diskite avèk konpayon ou sou fason pou anseye lòt moun kondisyon sa yo.

2 Nefi 31:13

Alma 7:14–16

Mowoni 6:1–4

Mozya 18:8–10

3 Nefi 11:21–41

D&A 20:37

Etabli legliz la

Lè moun yo fin batize epi konfime manm legliz la, kontinye travay avèk dirijan pawas yo avèk manm yo pou ede nouvo konvèti sa yo adapte yo avèk nouvo lavi yo a epi kontinye kwasans espirityèl yo. Legliz la tabli etabli moun ki gen temwayaj ap batize epi konfime, kenbe alyans yo, prepare yo aktivman pou ale nan tanp, epi ede fòtifye pawas yo ak branch yo.

Konvèti ki gen zanmi ki manm, ke yo bay responsablite, epi ki nourri pa pawòl Bondye ap grandi nan temwayaj epi nan lafwa. Misyone yo, dirijan pawas yo, ak manm legliz yo pa dwe neglije responsablite yo genyen pou nourri epi fòtifye nouvo manm yo.

Yon misyonè ki gen siksè

Siksè ou antanke yon misyonè mezire premyèman pa angajman ou pou jwenn, anseye, batize, epi konfime moun epi ede yo vin manm fidèl legliz la ki ap jwi prezans Sentespri a.

Evite konpare tèt ou avèk lòt misyonè epi evite mezire rezilta efò pa ou avèk pa yo. Sonje ke moun yo gen libète pou chwazi si y ap aksepte mesaj ou a. Responsablite ou se anseye klèman epi avèk puisans pou yo ka fè yon chwa ki kòrèk. Gen kèk moun ki gen dwa pa aksepte mesaj ou menm lè yo resevwa yon temwayaj espirityèl ke li vrè. W ap tris paske ou renmen yo epi ou vle sali yo. Sepandan, ou pa dwe dekouraje; dekourajman ap febli lafwa ou. Si ou bese esperans ou, efikasite ou ap bese, dezi ou ap febli, epi w ap gen pi gwo difikilte pou suiv Lespri a.

Ou ka konnen si ou se yon misyonè ki gen siksè lè ou:

- Santi Lespri temwaye bay moun yo atravè ou menm.
- Renmen moun epi vle sali yo.

Nòt

- Obeyi avèk egzaktitud.
- Viv pou ou ka resevwa epi konnen kijan pou suiv Lespri a, ki ap montre ou ki kote pou w ale, kisa pou w fè, ak kisa pou w di.
- Devlope karaktè kretyen.
- Travay avèk efikasite chak jou, fè pi byen ou kapab pou mennen nanm bay Kris, epi chèche onètman aprann epi amelyore.
- Ede bati legliz la (pawas la) kèlkeswa kote yo voye w travay.
- Avèti moun sou konsekans peche. Envite yo pran epi kenbe angajman.
- Anseye epi sèvi lòt misyonè yo.
- Ale toupatou ap fè byen epi sèvi moun nan tout okazyon, ke yo aksepte mesaj ou oubyen yo pa aksepte li.

Lè ou fè reyèlman tout sa ou kapab, ou gen dwa kanmenm fè eksperyans desepsyon, men ou pap desi avèk tèt ou. Ou ka santi ou sèten ke Senyè a kontan lè ou santi Lespri a ap travay atravè ou menm.

Etid ekriti

Kijan sèvitè Senyè a santi yo konsènan travay la? Nan ki fason sèvitè Senyè a enfluyans moun y ap sèvi?

Mozya 28:3

3 Nefi 28:4–10

D&A 68:2–6

Alma 8:14–15

Etè 12:13–15

Elaman 10:3–5

D&A 15:4–6; 16:4–6

Aktivite: Etid pèsonèl

- Li Elaman 10:1–5 ak 3 Nefi 7:17–18. Kijan Senyè a santi li osijè misyonè sa yo ak sèvis yo?
- Panse sou efò misyonè Abinadi ak Amon (gade Mozya 11–18; Alma 17–20, 23–24). Poukisa toulède misyonè sa yo te gen siksè menmsi rezilta imedyat efò yo te diferan?
- Ekri sa ou aprann nan jounal etid ou.

Sonje sa

- Objektif ou se envite lòt moun pou yo vin jwenn Kris nan ede yo resevwa levanjil retabli a atravè lafwa nan Jezikri ak Ekspyasyon I lan, repantans, batèm, resevwa Sentespri a, epi pèsevere jiskalafen.
- Levanjil retabli Jezikri a se sèl mwayen pou nou jwenn bonè etènèl.
- Apèl ou ba ou otorite; kenbe alyans ou yo ba ou pouvwa.
- Plenitud levanjil Jezikri a te retabli atravè Pwofèt Joseph Smith. Liv Mòmmon an se evidans ke Joseph Smith sete yon pwofèt.
- Ou ede moun viv levanjil la lè ou envite yo pran epi kenbe angajman.
- Ou montre amou ou pou Senyè a ak gratitud pou Ekspyasyon I lan lè ou mennen nanm ba li.
- Ou gen siksè lè ou obeyisan, lè ou viv fidèlman, epi fè pi byen ou kapab pou ede lòt moun viv levanjil la.

Travay misyonè

Men kèk deklarasyon ki fèt pa Prezidan legliz yo nan dispansasyon sa a.

Prezidan Joseph Smith (1830–1844)

“Aprè tout bagay fin di, devwa ki pi gran epi pi enpòtan an se preche levanjil la” (*Enseignements du Prophète Joseph Smith*, sel. Joseph Fielding Smith [1976], 113).

“Se pou Sen yo sonje ke gwo bagay yo depann sou efò endividyèl yo, epi yo aple pou yo travay ansanm avèk nou avèk Sentespri a nan akonplisman gran travay dènye jou yo” (*Enseignements du Prophète Joseph Smith*, 178–79).

Prezidan Brigham Young (1847–1877)

“Pa gen yon gason ni yon fi nan legliz sa a ki pa yon misyonè. Misyon sa a ap dire toutotan y ap viv, epi misyon sa a se pou fè sa ki byen, pou ankouraje lavèti, pou anseye prensip verite yo, epi pou pèsyade yo menm ak tout moun ki bò kote yo pou viv prensip sa yo pou yo ka jwenn lavi etènèl” (*Discourses of Brigham Young*, sel. John A. Widtsoe [1954], 322)

Prezidan John Taylor (1880–1887)

“Devwa nou se preche levanjil la bay tout moun. . . . Se sa Bondye ap atann nan men nou” (*The Gospel Kingdom*, sel. G. Homer Durham [1943], 234–35).

Prezidan Wilford Woodruff (1889–1898)

“Nou vini sou tè sa a selon yon misyon; . . . pou nou ka gen pouvwa pou nou ale epi avèti tout nasyon sou tè a . . . Antanke ansyen nan Izrayèl, pa gen anpil nan nou ki totalman konprann pozisyon nou, apèl nou, relasyon nou avèk Bondye, responsablite nou, oswa travay Senyè a ap tann nan men nou” (*The Discourses of Wilford Woodruff*, sel. G. Homer Durham [1946], 124)

Prezidan Lorenzo Snow (1898–1901)

“Pa gen okenn lòt moun mòtèl ki otan enterese nan siksè yon ansyen lè l ap preche levanjil la pase Senyè a ki voye li preche moun ki se pitit Senyè a yo” (*The Teachings of Lorenzo Snow*, comp. Clyde J. Williams [1984], 70).

Prezidan Joseph F. Smith (1901–1918)

“Nou gen yon misyon nan mond lan: chak gason, chak fi, chak timoun ki grandi rive nan konprann oubyen ki grandi rive nan laj responsab, nou dwe . . . kalifye pou nou preche verite a, pou nou rann temwayaj sou verite a” (*Gospel Doctrine*, 13th ed. [1968], 251–52)

Prezidan Heber J. Grant (1918–1945)

“Nou menm antanke pèp nou gen yon bagay siprèm pou n fè, se mande mond la pou l repanti soti nan peche, pou vin jwenn Bondye. Epi, anwo tout bagay, se devwa nou pou nou ale epi pwoklame levanjil Senyè Jezikri a, retablisman plan lavi a ak plan sali a ankò sou tè a. . . . Anfèt, nou gen pèl gran pri a. nou gen sa ki gen plis valè pase tout richès ak enfòmasyon lasyans mond lan posede. Nou gen plan lavi a ak sali a. . . . Pi bon fason nan mond lan pou montre amou nou pou pwochen nou se ale epi pwoklame levanjil Senyè Jezikri a, sou li li banou yon konesans total konsènan divinite li” (nan Conference Report, Avr. 1927, 175–176).

Prezidan George Albert Smith (1945–1951)

“Sa se misyon nou, frè m ak sè m yo nan legliz la, sa se responsablite pa nou. Nou resevwa gratis epi Papa nou ki nan Syèl la espere n ap pataje verite gloriye sa yo gratis avèk lòt pitit gason ak pitit fi l yo” (*Sharing the Gospel with Others*, sel. Preston Nibley [1948], 213).

“N ap atenn egzaltasyon nou nan Wayòm Selès la sèlman sou kondisyon pou nou pataje benediksyon Levanjil Jezikri yo avèk lòt pitit Papa nou yo epi obsève kòmandman ki ap anrichi lavi nou isit la yo ak nan lavi apre a” (*Sharing the Gospel with Others*, 190).

Prezidan David O. McKay (1951–1970)

“Chak manm . . . se yon misyonè!” (nan Conference Report, Avr. 1959, 122).

“Vrè Krisyanite se lanmou ann aksyon. Pa gen pi bon lòt fason pou manifeste amou nou pou Bondye pase montre yon amou san egoyis pou pwochen nou yo. Sa se lespri travay misyonè a” (*Gospel Ideals* [1954], 129).

Prezidan Joseph Fielding Smith (1970–1972)

“Nou konn tandè ke nou tout se misyonè. Chak manm . . . se oubyen ta dwe yon misyonè; . . . antanke manm legliz la, ki angaje tèt nou nan avansman levanjil Jezikri a, nou vin misyonè. Sa se yonpati nan responsablite chak manm legliz la” (*Take Heed to Yourselves* [1971], 27–28).

Prezidan Harold B. Lee (1972–1973)

“Travay misyonè se ansèyman nan fwaye pou moun ki pa ko manm legliz la, epi ansèyman nan fwaye se pa anyen ki plis ni mwens pase travay misyonè pou manm legliz yo” (*Improvement Era*, Des. 1964, 1078)

Prezidan Spencer W. Kimball (1973–1985)

“Kounyeya se moman nan planifikasyon tan Senyè a pou pote levanjil la pi lwen pase li janm rive anvan. . . . Anpil moun nan mond sa a ap kriye, volontèman oswa envolontèman, ‘Vini . . . epi ede nou.’ Se ka yon vwazen ou. Se ka yon zanmi ou. Se ka yon paran ou. Se ka yon moun ou fèk rankontre lavèy. Men nou gen sa nou bezwen an. Annou pran yon nouvo kouraj nan etid nou ak priyè nou yo, jan Pyè te di, ‘Epi kounyeya, Senyè . . . bay sèvitè ou yo fòs pou yo ka fè konnen pawòl ou a avèk konviksyon’ (Travay 4:29)” (*Teachings of Spencer W. Kimball* [1982], 546).

Prezidan Ezra Taft Benson (1985–1994)

“Nou dwe pataje levanjil la avèk lòt moun. Se responsablite pa nou—chak manm se yon misyonè. Se sa pwofèt Bondye yo aple nou pou nou fè. . . .

“. . . Travay yon manm misyonè se youn nan gwo kle kwasans endividyèl manm nou yo. Se konviksyon pa mwen ke travay manm misyonè ap elve espiyalite nan tout pawas kote yo aplike li” “ (*Teachings of Ezra Taft Benson*, 208–9).

Prezidan Howard W. Hunter (1994–1995)

“Sètènman pote levanjil la bay tout nasyon, tout lang, ak tout pèp se tou senpleman pi gwo responsablite nou genyen nan mòtalite a. . . . Nou gen privilèj pou n fèt nan dènye jou sa yo, kontrèman ak kèk moun nan premye dispansasyon yo, pou ede pote levanjil la bay tout tè a” (“Walls of the Mind,” *Ensign*, Sept. 1990, 10)

“Kisa Ekspyasyon an gen pou wè avèk travay misyonè? Chak fwa nou fè eksperyans benediksyon Ekspyasyon yo nan lavi nou, nou pa ka pa anpeche nou gen yon sousi pou byennèt lòt moun. . . . Yon gran endikatè konvèsyon pèsònèl yon moun se dezi li pou pataje levanjil la avèk lòt moun.” (Ekspyasyon an ak Travay Misyonè,” semènè pou nouvo prezidan misyon yo, Jen 1994).

Prezidan Gordon B. Hinckley (1995–)

“Nou la pou nou ede Papa nou nan travay li ak glwa li, ‘pou reyalize imòlité ak lavi etènèl lòm’ (Moyiz 1:39). Obligasyon nou osi serye nan domèn responsablite pa nou ke obligasyon pa m nan domèn responsablite pa mwen” (nan Conference Report, Avr. 1995, 94; or *Ensign*, Me 1995, 71).

“Annou fè devlope yon priz konsyans nan kè chak manm sou pwòp potansyalite li pou pote yon konesans verite a bay lòt moun. Ann travay sou sa. Annou priye pi seryezman sou sa” (“Find the Lambs, Feed the Sheep,” *Ensign*, Me 1999, 106).

Ide pou etid ak aplikasyon

Nòt

Etid pèsònèl

- Prepare yon diskou de minit sou youn nan kesyon yo nan kòmansman chapit sa a. Prepare ou pou w pataje diskou a avèk konpayon ou oubyen avèk lòt misyonè yo nan yon reyinyon distri.
- Mande nouvo konvèti yo pou yo rakonte istwa konvèsyon yo. Kisa ki te ede yo akèri “lafwa ki mennen nan repantans” (Alma 34:17)? Poukisa yo te deside batize epi konfime? Kisa vin nouvo manm nan legliz la reprezante pou yo? Nan ki fason misyonè yo sèvi yo pi byen?
- Konsidere sa sa vle di leve vwa avètisman an (gade Jakòb 3:12; D&A 1:4; 38:41; 63:57–58; 88:81; 112:5; Ezekyèl 3:17–21; 33:1–12).
- Li Mòmmon 8 ak Mowoni 1 ak 10. Pandan w ap li, mande tèt ou, “Ki te espwa Mowoni pou epòk nou an? Kisa li te vle nou fè avèk Liv Mòmmon an? Kisa m t ap di Mowoni si m te jwenn chans pou m pale avèk li?” Ekri panse ou nan journal etid ou.
- Konsidere evenman nan lavi ou ki fòtifye temwayaj ou sou Joseph Smith ak Retablisman an. Apre sa ekri yon repons pou kesyon sa a: Kisa ki te ede ou konnen ke Papa nou ki nan Syèl avèk Jezikri te parèt devan Joseph Smith?

Etid avèk konpayon

- Youn avèk lòt pataje repons nou pou kesyon ki nan pati “Konsidere sa” a ki nan kòmansman chapit la.
- Youn avèk lòt pataje kisa espwa nou ak dezi nou te ye pou misyon nou lè nou te resevwa apèl pou ale nan misyon nou. Jisnan ki pwen eksperyans ou reponn ak sa ou te espere? Nan ki fason ou ka reyalize espwa sa yo pi totalman?
- Li epi diskite “Ministre” nan Gid Ekriti yo.
- Chwazi youn nan gran misyonè sa yo, epi li referans ki sou lis yo. Pandan w ap li, diskite sou fason misyonè sa a (1) te konprann epi angaje tèt li nan apèl li, (2) te montre atitid li ak dezi li pou travay la, epi (3) te ede lòt moun aksepte levanjil la.

Alma (Mozya 18) Nefi ak Leyi (Elaman 5) Pòl (Travay 16)
Aawon (Alma 22; 23:1–6) Pyè (Travay 2)

- Nan liv kantik la, chwazi de kantik sou sijè “Retablisman Levanjil la” (gade Cantiques, paj 268). Li oubyen chante kantik la. Diskite sou siyifikasyon mo yo.
- Li “Lafwa”, “Repanti, Repantans”, “Batèm, Batize”, ak “Sentespri” a ansanm nan Gid Ekriti yo. Li epi pale sou tout referans ekriti yo pou chak sijè.
- Li “Dispansasyon” nan Gid Ekriti yo ansanm. Epi tout li epi pale sou Doktrin ak Alyans 136:37.

Reyinyon distri ak Konferans Zòn

- Envite de oubyen twa nouvo konvèti pou yo pataje eksperyans konvèsyon yo. Kijan yo te santi yo avèk misyonè yo? Osijè sa misyonè yo te anseye yo? Osijè kenbe angajman? Kisa ki te pi enfliyanse konvèsyon yo?
- Envite yon dirijan Prètriz pou pale avèk misyonè yo sou opòtinite ak difikilte pou bati legliz la nan zòn ou an.

Nòt

- Li Alma 18 epi diskite sou kesyon sa yo: Ki santiman Lamoni te genyen nan kòmansman istwa a? Nan ki fason li te chanje? Ki santiman yon moun dwe genyen pou resevwa benediksyon levanjil yo? Li Alma 34:15–16, epi konpare li avèk istwa Lamoni an. Nan ki fason Ekspyasyon Kris la pèmèt nou jwenn mizèrikòd?
- Diskite kisa sa vle di pou yon moun se yon misyonè ki gen siksè. Envite misyonè yo pou yo bay kèk egzanzp espesifik sou siksè.
- Divize misyonè yo an twa gwoup. Bay yon gwoup tach pou li Travay 2:36–38 (Pyè), fè yon lòt gwoup li Travay 16:25–33 (Pòl), epi fè dènye gwoup la li Mozya 18:8–11 (Alma). Mande chak gwoup pou reponn kesyon, “Kisa misyonè sa yo te fè pou yo te ede lòt moun ogmante lafwa yo nan Kris, repanti, epi resevwa batèm ak konfimasyon?” Diskite sou sa misyonè yo aprann nan istwa sa yo ki ka ede yo egzèse lafwa lè y ap envite moun pou repanti, batize, epi resevwa don Sentespri a.
- Plizyè jou anvan reyinyon an, bay kèk misyonè tach pou yo medite sou kesyon w ap chwazi nan seksyon “Konsidere sa” a nan kòmansman chapit sa a. Mande chak misyonè pou prepare yon diskou de oswa twa minit sou kesyon yo ba li a. Pandan reyinyon distri a oubyen konferans zòn nan, fè misyonè yo bay diskou yo a. Apre diskou yo, pale sou sa yo te aprann ak sou fason yo ka itilize li nan travay misyonè yo.
- Divize misyonè yo an kat gwoup. Mande chak gwoup pou yo fè lis sou otan verite, alyans, ak òdonans yo kapab ki te retabli epi revele pa Pwofèt Joseph Smith. Fè chak gwoup pataje rezilta yo. Envite misyonè yo pou yo pataje fason nenpòt nan verite ki revele atravè Retablisman yo enfluyans lavi yo.

Prezidan Misyon

- Pandan entèvyou yo, tanzantan mande misyonè yo pou yo pataje avèk ou:
 - Temwyaj yo sou Jezikri.
 - Temwayaj yo sou levanjil retabli a ak sou misyon Joseph Smith.
 - Temwayaj yo sou Liv Mòmmon an.
 - Panse yo sou objektif yo antanke misyonè.
- Envite misyonè yo pou yo ekri nan jounal etid yo sa yo santi ki se objektif misyon yo. Pandan yon entèvyou, mande yo pou yo pataje sa yo ekri.
- Voyer yon lèt konpliman bay nouvo manm yo.



Kijan pou m etidye efikasman epi prepare m pou anseye?

Nòt

Konsidere sa

- Poukisa li enpòtan pou etidye levanjil la?
- Nan ki fason etid mwen gen efè sou moun m ap anseye yo?
- Kisa m bezwen pou m toujou cheri doktrin levanjil Jezikri yo?
- Nan ki fason mwen ka efikasman aprann doktrin levanjil retabli Jezikri a epi prepare pou m anseye lòt moun?
- Nan ki fason mwen ka amelyore etid pèsònèl mwen ak etid avèk konpayon mwen?

Senyè a di, “Pa chèche deklare pawòl mwen an, men premyeman chèche akéri li, epi apre sa lang ou va delye; epi, si ou vle, w ap gen Lespri mwen ak pawòl mwen, wi, pouvwa Bondye pou konvenk lèzòm” (D&A 11:21). Pou anseye avèk efikasite, ou bezwen akéri konesans espiyèl. Pou w grandi nan levanjil la epi rete sou chemen ki mennen nan lavi etènèl la, ou bezwen devlope yon abitud etidye levanjil la (gade D&A 131:6). Abitud etid ou devlope kòm misyonè ap beni ou pèsònèlman epi ede moun w ap anseye yo grandi nan lafwa yo nan Sovè a.

Etid efikas chak jou dwe toujou kòmanse pa lapriyè. Etid se yon aksyon lafwa ki mande itilize libète pèsònèl. Anpil misyonè ap lite pou konnen kijan pou yo etidye avèk plis efikasite. Genyen ki konte anpil sou lòt oubyen sou pwogram ki deja prepare pou di yo kisa epi kijan pou yo etidye. Pandan ke aprann nan men yon bon enstriktè enpòtan anpil, li pi enpòtan pou ou gen eksperyans aprann poukont pa ou. Jwenn bon rezilta nan etid ou depann sou gen yon gwo dezi pou aprann, pandan w ap etidye avèk “entansyon reyèl” (Mowoni 10:4), “grangou epi swaf pou lajistis” (Matye 5:6), epi chèche repons pou kesyon ak sousi envestigatè w yo.

Nòt

Aktivite: Etid pèsònèl

Gade foto Joseph Smith ki nan paj anvan an. Li Joseph Smith—Histoire 1:1–13. Reponn kesyon sa yo nan journal etid ou.

- Nan ki fason lekti ak meditasyon Joseph Smith sou Jak 1:5 la te mennen li resevwa revelasyon?
- Ki enfliyans etid li te gen sou jenerasyon apre yo?
- Ki efè desizyon li pou etidye epi chèche te gen nan lavi ou?
- Nan ki fason etid levanjil ou enfliyanse lavi ou?

Etid ekriti

Nan ki fason Senyè a vle nou fè etid levanjil la?

2 Nefi 4:15–16

D&A 58:26–28

D&A 88: 118

2 Nefi 32:3

Aprann pa Sentespri a

Etid levanjil ou pi efikas lè ou anseye pa Sentespri a. Toujou kòmanse etid levanjil ou pa lapriyè pou Sentespri a ede ou aprann. L ap pote konesans ak konviksyon ki ap beni lavi ou epi pèmèt ou beni lavi lòt moun. Lafwa ou nan Jezikri ap ogmante. Dezi ou pou repanti epi amelyore ap grandi.

Kalite etid sa a prepare ou pou sèvis, ofri konsolasyon, rezoud pwoblèm, epi ba ou fòs pou w pèsevere jiskalafen. Etid levanjil ki gen siksè mande dezi ak aksyon. “Paske, yon moun ki chèche avèk dilijans ap jwenn; mistè Bondye yo ap ouvri devan l avèk pouvwa Sentespri a kit kounyeya ak nan tan lontan” (1 Nefi 10:19). Tankou Enòs, si ou grangou pou konnen pawòl lavi etènèl yo epi si ou pèmèt pawòl sa yo “plonje fon nan kè ou” (Enòs 1:3), Sentespri a ap louvri lespri ou ak kè ou pou pi gran limyè ak konpreyansyon.



Aprann levanjil la se yon pwosesis resevwa revelasyon tou (gade Jakòb 4:8). Senyè a te di Oliver Cowdery: “Reyèlman, ou pa konprann; ou te sipoze ke mwen t ap ba ou li, alòske sèl sousi ou sete mande mwen li. Men, reyèlman, mwen di ou ke ou dwe etidye li nan lespri ou; apre sa ou dwe mande mwen si li vre, epi si li vre, m ap fè andedan ou cho; epi se konsa, w ap santi si li vre” (D&A 9:7–8). Pandan w ap etidye, pote anpil atansyon sou ide ki vini nan lespri ou ak santiman ki vini nan kè ou, patikilyèman konsènan moun w ap anseye yo.

Etid ekriti

Ki wòl Sentespri a nan ede nou aprann levanjil la?

2 Nefi 32:5

D&A 11:12–14

Jan 16:13

Alma 5:45–46

D&A 39:5-6

1 Korentyen 2:9–14

Mowoni 10:5

Jan 14:26

Viv sa ou aprann yo

Pandan w ap santi lajwa ki vini nan konprann levanjil la, w ap vle aplike sa ou aprann yo. Efòse pou w viv ann amoni avèk konpreyansyon ou. Fè sa ap fòtifye lafwa ou, konesans ou, ak temwayaj ou. Aji sou sa ou aprann ap pote konpreyansyon anpli k ap dirab (Jan 7:17).

Pandan w ap sere pawòl ekriti yo ak pawòl pwofèt dènne jou yo nan lespri ou pa etid ak lafwa, dezi ou pou pataje levanjil la ap ogmante. Yo pwomèt ou ke Lespri a ap ede ou konnen sa pou w di lè w ap anseye. Senyè a te di: “Pa sousye ou alavans pou sa ou pral di; men, toujou ranmase pawòl lavi yo tout tan nan lespri ou, epi pati ke y ap bay chak moun nan, y ap ba ou li menm moman an” (D&A 84:85).

“Vrè doktrin, lè yo konprann ni, chanje atitud ak konpòtman. Etid doktrin levanjil la ap amelyore konpòtman pi vit pase yon etid konpòtman ap amelyore konpòtman.”

—PREZIDAN BOYD K. PACKER
“LITTLE CHILDREN”, *ENSIGN*, NOV. 1986, 17

Etid ekriti

Kisa ekriti yo anseye sou aprann levanjil la?

1 Nefi 10:17–19
D&A 11:21–22

D&A 50:19–22

D&A 88:118

Etidye epi prepare pou anseye leson yo

Leson yo (ki nan chapit 3 a) gen kesyon pou entèvyou pou batèm, angajman, ak doktrin ou dwe anseye. Nan leson yo w ap jwenn ide ki itil pou w anseye. Sepandan, leson yo pap di ou tout bagay pou w di—ni kijan pou w di yo. Olyesa, ou gen responsablite pou byen konprann leson yo afon epi anseye pa Lespri nan pwòp mo pa ou. Anseye yon fason pou lòt moun yo ka fòtifye lafwa yo nan Jezikri, dezire repanti, epi antre nan alyans avèk Bondye.

Enstriktè ki efikas toujou ap travay pou amelyore konesans yo ak kapasite yo. Menmsi ou pa pral anseye tout sa ou konnen osijè doktrin nan, konesans ogmante ou ap bati temwayaj ou ak kapasite ou pou anseye avèk pouvwa espiyèl. W ap konnen si w ap itilize leson yo kòm sa dwa lè ou:

- Chèche epi suiv Lespri a lè w ap prepare leson yo epi lè w ap anseye yo.
- Efòse ou pou w toujou etidye doktrin yo, kenbe yo nan lespri ou, epi aplike yo nan lavi ou.
- Travay avèk konpayon ou pou fè plan espesifik pou chak moun w ap anseye.
- Santre sou mesaj santral yo ak doktrin santral yo lè w ap anseye.
- Ajiste lòd, longè, ak fason leson yo pou yo ka reponn bezwen moun w ap anseye yo.
- Anseye souvan apati ekriti yo avèk klète ak konviksyon.
- Rann temwayaj ou tanzantan.
- Ede lòt moun yo fè epi kenbe angajman ki mennen nan batèm ak konfimasyon.

Fè bagay sa yo ap pèmèt ou ede lòt moun akéri yon temwayaj sou levanjil retabli Jezikri a.

Pandan w ap kòmanse misyon ou, w ap bezwen aprann òganizasyon mesaj la epi akéri talan pou anseye ki nesèsè. Amezi w ap akéri eksperyans, w ap anvi apwofondi

konesans ou epi amelyore kapasite ou pou anseye. Pandan w ap prepare ou pou randevou pou anseye yo, w ap anvi gen yon plan leson ki ap pèmèt ou anseye pa Lespri epi ede lòt moun yo fè epi kenbe angajman. Direksyon anba yo se sigjesyon ou ka aplike pandan tout misyon ou. Sepandan, ou pa dwe santi ou oblije itilize chak direksyon nan chak sitiyasyon. Olyesa, aplike yo pou reponn bezwen ou epi selon jan ou gide pa Lespri a. si w ap aprann yon nouvo lang, aplike direksyon sa yo nan lang natif natal ou premyeman epi apre sa nan lang w ap aprann nan misyon an.

- **Santre sou angajman ak kesyon pou entèvyou pou batèm yo.** Anseye yon fason pou moun yo ka pran angajman epi prepare yo pou batèm ak konfimasyon. Konprann kesyon pou entèvyou pou batèm yo ak angajman yo pou chak leson. Aprann kisa yon moun dwe konnen, santi epi fè akòz ansèyman w yo. Travay avèk konpayon ou pou eksplike prensip sa yo nan pwòp mo pa ou avèk klète ak puisans.
- **Aprann doktrin nan epi aplike li.** Doktrin nan se fondasyon leson an. Nan lapriyè etidye ekriti yo, leson yo, ak bwochi yo, “Ide pou Ansèyman” yo, ak liv yo pèmèt misyonè yo li yo pou w akeri yon konpreyansyon solid sou doktrin nan. Chèche dokiman ki apiye doktrin ki nan leson yo. Pran angajman pou ou memorize pati prensip doktrinal yo. Aplike sa ou aprann. Ekri sa ou aprann nan journal etid ou. Pataje sa ou aprann avèk lòt misyonè yo.
- **Òganize epi fè rezime sa w ap anseye.** Pou w prepare pou w anseye doktrin nan avèk klète ak pouvwa espirityèl, òganize epi fè rezime sa w pral anseye nan yon plan leson. Santre sou doktrin nan, kesyon entèvyou pou batèm yo, ak angajman yo ki nan leson yo. Amelyore plan leson an avèk ekriti, kesyon, ak egzanzp. Bagay sa yo ka varye selon longè randevou ansèyman w yo. Ou pa dwe kreye yon nouvo plan leson antye pou chak envestigè, men ou dwe toujou ap remanyen plan leson w yo epi modifiye yo pou yo reponn bezwen moun w ap anseye yo. Lè ou fèk kreye yon plan leson, eseye pou w senp epi brèf. Amelyore plan leson w yo amezi w ap akeri eksperyans.
- **Santre sou bezwen yo.** Pandan ke doktrin levanjil yo aplike pou tout moun, ou dwe ajiste ansèyman ou pou l reponn bezwen moun w ap anseye yo. Pandan w ap etidye doktrin nan epi kreye plan leson yo, chèche idantifye zòn kote ou ka ajiste apwòch ansèyman w yo pou reponn bezwen ou ka rankontre yo. Repase epi remanyen ajisteman sa yo lè w ap prepare ou pou randevou yo. Chèche wè ki envitasyon ou pral fè. Santre sou bi final la ki se ede moun w ap anseye yo resevwa levanjil Jezikri a atravè batèm ak konfimasyon.
- **Prepare pou w reponn kesyon yo.** Antanke misyonè, w ap tande anpil kesyon. Ekri kesyon sa yo nan journal etid ou. Chèche repons nan ekriti yo ak nan lòt dokiman. Priye pou w ka jwenn konpreyansyon. Ekri repons yo nan journal etid ou. Repase sa ou jwenn yo avèk lòt misyonè yo. Ajoute kesyon yo toujou poze ou avèk repons yo nan journal etid ou pou referans.



- **Anseye leson an.** Ansèyman se yon opòtinite pisan pou amelyore konesans ou ak abiltè ou. Pandan w ap aprann doktrin nan epi òganize plan leson yo, anseye konpayon ou ak lòt misyonè yo. Eseye nouvo eksplikasyon, apwòch, eksperyans, kesyon, ak fason pou envite lòt moun yo pran angajman. Mande ide ak sigjesyon.
- **Evalye ansèyman ou.** Apre chak sityasyon ansèyman, fè evalyasyon pou w konnen si l te bon. Èske ou te foki sou doktrin nan? Èske ou te envite envestigatè yo pou yo repanti epi fè epi respekte angajman? Èske ou te travay pou prepare yo pou batèm ak konfimasyon? Èske ou te itilize kesyon ki efikas? Èske ou te pataje temwayaj ou? Èske ou te mande referans? Ajiste plan leson yo amezi w ap amelyore.

Pandan w ap aprann leson yo, kontinye chèche gen yon pwofon konesans doktrin nan. Travay aktivman pou anseye avèk pi gwo pouvwa. Pandan w ap etidye nan lapriye ak lafwa, konesans ou ak temwayaj ou ap grandi. Sepandan, pa eseye anseye tout sa ou konnen. Anseye mesaj la klèman, avèk senplisite, epi baze sou bezwen chak moun, suiv Lespri a pou w anseye “pòsyon sa a yo bay chak moun nan” (D&A 84:85).

Definisyon mo

Nou gen yon mesaj pisan avèk yon vokabilè eksepsyonèl. Menmjan yon doktè pale diferaman nan salon lakay li la pase nan sal operasyon an, konsa tou ou dwe aprann pale pou moun ki pa abitye avèk mesaj ou a ka konprann sa w ap anseye.

Prepare pou ede lòt moun yo konprann mo yo pa abitye yo, etidye lis definisyon kle yo ak tè ki nan seksyon “Ide pou ansèyman” nan chak leson yo. Fè tèt ou abitye avèk definisyon yo bay yo. Itilize manyèl *Ankre nan lafwa* a ak Gid ekriti yo pou w jwenn definisyon pou lòt mo yo. Ekri definisyon sa yo nan jounal etid ou. Pataje yo avèk konpayon ou ak lòt moun pou w wè si ou konprann. Si definisyon yo pa klè pou lòt moun, repase definisyon ki baze sou materyèl ou te etidye a.

Pandan w ap anseye, chèche wè si mo a oubyen prensip la nouvo pou moun w ap anseye a. Pran tan pou w eksplike mo oubyen prensip yo pa abitye yo. Sonje pou w anseye pou moun nan konprann yon fason pou ou menm ansanm avèk moun w ap anseye a “edifye epi rejwi ansanm” (D&A 50:22).

Aktivite: Etid pèsònèl

Retounen nan leson “Mesaj pou Retablisman Levanjil Jezikri a” ki nan chapit 3 a. Li lis definisyon kle yo ki nan seksyon “Ide pou Ansèyman” an. Chèche twa lòt mo nan leson a ou ta renmen defini. Suiv sigjesyon yo pral bay la yo pou w kreye yon definisyon pou yo chak.

Ide ak sigjesyon pou etid

Chak ide ak sigjesyon nan seksyon sa a ka fè etid ou vin pi rekonpansan epi pi elvan espirityèlman. Konsidere bagay sa yo lè w ap planifye etid ou:

- Toujou kòmanse avèk yon priye.
- Planifye aktivite etid ki ap bati lafwa ou nan Sovè a epi itilize tan ou pwodiktifman.
- Planifye etid ou selon moun yo, bezwen yo, epi prepare yo pou batèm, konfimasyon, ak pèsèvere jiskalafen. Note plan etid ou nan liv planifikasyon (planè) ou chak jou.
- Planifye etid ou kote w ap mande: Kisa mwen pral anseye jodi a? Nan ki fason mwen ka planifye etid mwen pou m pi byen ede moun m ap anseye yo? Ki ide ak sigjesyon nan seksyon sa a mwen pral antre nan etid mwen?

Nòt

Pandan w ap planifye aktivite etid ou, eseye kèk ide ak sigjesyon yo pral bay la yo oubyen eseye kèk ide anplis ou aprann nan men lòt moun.

Aplike epi viv sa ou aprann

- “Aplike” sa ou aprann nan avèk tèt ou (gade 1 Nefi 19:23).
- Tabli bi pou w viv sa ou aprann.
- Ranplase non ki nan yon ekriti pa non pa ou w pèsonalize li.
- Mande tèt ou, “Nan ki fason mwen ta dwe chanje kòm rezilta sa m te aprann?” Fikse bi apwopriye.

Aktivite: Etid pèsònèl

Chwazi youn nan referans sa yo. Pandan w ap li epi medite pasaj ou chwazi a, idantifye de oubyen twa fason ou ka aplike li nan lavi ou.

- 2 Nefi 31
- Alma 32:26–43
- Mowoni 7:32–48

Evalye kijan ou viv prensip w ap anseye yo byen. Chwazi youn nan fason ou ka amelyore, epi planifye pou w fè sa.

Chèche, medite, epi sonje

- Rete vijilan. Fè egzèsis, benyen, epi priye anvan ou etidye.
- Etidye sou yon biwo oubyen sou yon tab kote ou ka ekri (pa kouche ni chita sou kabann ou), òganize dokiman etid ou, epi rete vijilan.
- Priye epi mande konpreyansyon.
- Etidye pa sijè.
- Mande tèt ou, “Kisa otè a ap di la a? Kisa mesaj santral la ye? Nan ki fason sa aplike pou mwen?”
- Vizyalize sa w ap etidye a. Pa egzanp, imajine kijan sa te ye pou Amon pou l te kanpe devan Wa Lamanit yo.
- Etidye pawòl pwofèt vivan yo (nan dokiman ki apwouve pou misyonè yo ak magazin legliz yo).
- Ekri kesyon ou genyen yo nan jounal etid ou, epi itilize ekriti yo, pawòl pwofèt dènye jou yo, ak lòt resous pou etid pou w ka jwenn repons.
- Yon sèl ekriti ka gen plizyè ide. Souliyen epi make mo yo oubyen fraz yo pou ou ka fè distenksyon ant ide ki nan yon sèl vèsè yo.
- Pataje sa ou aprann avèk lòt misyonè yo. Ou ka aprann anpil lè w ap eksplike yon lòt moun yon doktrin oswa yon prensip.
- Make ekriti ou yo epi ekri nòt nan yo. Nan maj yo ekri referans ekriti ki pote klète sou pasaj w ap etidye yo.
- Aprann pasaj ekriti ki eksplike epi ki kore prensip w ap anseye yo pa kè.

Itilize Resous etid yo

- Itilize èd pou etid ki nan edisyon ekriti pou Sen Dènye Jou yo (Gid Topik la, Diksyonè Bib la, Joseph Smith Tradiksyon an, Endèks triptik la, tit chapit yo, nòt anba yo, ak kat yo).
- Itilize leson misyonè yo, liv yo apwouve pou misyonè yo, magazin legliz yo, ak manyèl sa a.
- Repase tit chapit yo nan ekriti yo. Sa ap ba ou ide sou sa w ap chèche nan chapit la.
- Itilize journal etid ou pou w ekri epi òganize sa ou aprann. Repase panse ou ekri yo souvan. Òganize journal ou pou ou ka fasilman retounen sou sa ou te aprann.
- Itilize manyèl sa a kòm yon liv travay. Itilize espas pou nòt yo pou ou ekri enpresyon ou ak ide ou.
- Etidye pasaj ekriti yo bay yo nan manyèl sa a. Ekri lòt pasaj ekriti ou jwenn yo nan manyèl sa a oubyen nan journal etid ou.

Chèche Gran Imaj (kontèks) la

- Fè yon repase, oubyen nan li liv la, chapit la, oswa pasaj la byen vit oubyen nan repase tit yo. Chèche konprann kontèks la ak fon an.
- Eseye ekri ide prensipal pasaj la nan yon fraz oubyen yon ti paragaf.
- Itilize Bib la ak kat istorik legliz yo pou w aprann jeyografi a, distans yo, klima a, ak teren an.
- Repase sekans evanman yo ak kilti yo. Li enfòmasyon istorik nan Gid Ekriti a ak chapit la ak seksyon rezime yo.

Aktivite: Etid pèsònèl

Li rezime chapit yo nan liv sa yo anba a epi ekri yon rezime ki dekri baz, evenman prensipal, ak doktrin prensipal chak liv yo.

1 Nefi

Moyiz

Travay

Eksplòre detay yo

- Chèche mo kle yo epi fè si ke ou konprann sa yo vle di. Itilize nòt anba yo, Gid Ekriti a, oubyen yon lòt diksyonè pou w jwenn definisyon yo. Egzamine mo oubyen fraz alantou yo pou w gen yon ide sou sa mo kle yo vle di.
- Chèche mo koneksyon yo, tankou *se konsa*, *epi ankò*, *konsa*, *se poutèt sa*, ak lòt. Apre sa gade kijan pasaj anvan an ak pasaj apre a an relasyon youn ak lòt.
- Itilize Gid Ekriti a pou wè kijan menm mo a itilize nan lòt kontèks oubyen kijan lòt pwofèt yo itilize menm mo a.
- Chèche mo oubyen fraz ou pa abitye yo epi fè si ke ou konprann yo.

Make ekriti yo

Make ekriti ou ka ede ou panse pi pwofondeman sou yon pasaj oubyen sou doktrin levanjil la. Ou ka make ekriti ou nan plizyè fason. Chèche yon metòd ki bon pou ou. Men kèk direksyon pou make ekriti.

- Itilize kreyon oubyen makè. Evite itilize plim ki ka vomi sou papye a.

Nòt

- Souliye, kolore, mete ant parantèz, oubyen fè rezime yon pati yon pasaj, yon pasaj ann antye, oubyen yon gwoup pasaj.
- Evite make twòp. Sa w ap benefisye a ap pèdi si ou pa ka konprann sa w make yo paske ou pran twòp nòt, ou fè twòp liy, ak twòp koulè.
- Souliye sèlman kèk mo kle pou w make pasaj la, seksyon an, oswa chapit la.
- Ansèkle oubyen souliyen mo kle yo, epi apre sa itilize liy pou w relye mo ki an rapò yo ansanm.
- Lè yon seri pwèn nan yon pasaj relye youn ak lòt, nimewote pwèn yo nan maj la oubyen nan tèks la.
- Itilize nòt anba yo kòm resous pou w fè epi entèprete ekriti yo.
- Mete yon senbòl (tankou yon tcheke) nan maj la pou pasaj kle ou santi ki enpòtan pou w sonje.

Make ekriti ou dwe ede ou santre sou aplike sa ou aprann epi sou anseye lòt moun. Chèche devlope yon apwòch ki gen konsistans epi ki ka ede ou reyalize objektif ou antanke yon misyonè.

Aktivite: Etid pèsònèl

Ki sigjesyon ou pa ko eseye? Idantifye yon sigjesyon nan “Ide ak Sigjesyon pou etid” la pou w eseye nan pwochen etid pèsònèl ou oubyen nan pwochen etid avèk konpayon ou.

Sonje sa

- Pousuiv dezi pou w aprann enpòtan pou salè ou ak siksè ou antanke misyonè.
- Ou aprann levanjil la pa etid, lafwa, epi pa pouvwa Sentespri a.
- Aprann se yon jwa epi sa pote benediksyon.
- Etid pèsònèl ak etid avèk konpayon chak jou fòtifye lafwa ou ak kapasite ou pou w anseye pa Lespri.
- Itilize yon varyete metòd etid ki ap rann eksperyans lan siyifikan epi rejwisan.

Ide pou etid ak aplikasyon

Nòt

Etid pèsònèl

- Bay tèt ou nòt konsa (1=jamè, 3=pafwa, epi 5=prèske tout tan).
 - Mwen panse avèk moun m ap anseye yo lè m ap etidye.
 - Pandan tout jounen an mwen panse sou sa mwen te etidye nan maten an.
 - Pandan m ap etidye, ide mwen pa t janm te genyen anvan vini nan lespri mwen.
 - Mwen ekri enpresyon esprityèl mwen yo ak ide mwen yo nan yon kote byen apwopriye.
 - Mwen dòmi lè m ap etidye.
 - Mwen tann moman pou m etidye avèk enpasyans.
 - Mwen tann moman pou m etidye avèk konpayon mwen avèk enpasyans.

Repase repons ou yo. Kisa ou fè byen? Eske gen nan repons ou yo ou ta renmen ki diferan? Fikse youn oubyen de bi ki ka amelyore kalite etid ou.

- Repase kesyon ki nan kare “Konsidere sa” a ki nan kòmansman chapit sa a. Nan ki fason kesyon sa yo enfluyans etid ou?
- Repase kare “Ide ak sigjesyon pou etid” la. Idantifye yon sigjesyon nan chak kategori ke ou pa t itilize, epi eseye ide sa yo pandan etid pèsònèl ou.
- Li Doktrin ak Alyans 138:1–11. pandan w ap li pasaj sa yo, reponn kesyon sa yo:
 - Kisa Prezidan Smith te fè pou lespri li te louvri?
 - Kijan li te santi li konsènan doktrin li t ap reflechi sou li a?
- Li definisyon konesans ki nan Gid Ekriti yo ak referans yo bay yo. Nan jounal etid ou, ekri yon repons pou kesyon: “Ki konesans ki ka ede m sèvi efikasman kòm misyonè?”
- Chwazi yon doktrin nan chapit 3 a ou ta renmen pi byen konprann. Ekri kesyon ou ta renmen reponn sou li nan jounal etid ou. Etidye doktrin sa a avèk swen pandan yon tan (kèk jou), epi priye espesyalman pou ogmante konpreyansyon ou. Ekri sa ou aprann.
- Li 1 Nefi 10:17; 11:1–6. Pandan w ap li pasaj sa yo, reponn kesyon: “Poukisa Nefi te kapab aprann sa papa l te konnen yo?”

Etid avèk konpayon

- Li pasaj sa yo ansanm. Reponn kesyon: “Poukisa nou dwe chèche limyè divin nan?”

D&A 11:11–14	Jan 8:12	Som 119:105
D&A 84:43–47		
- Li kèk nan pasaj ki apre yo ansanm, epi diskite sou benediksyon ki vini nan etidye pawòl Bondye a. Ki pasaj ki ta pi byen ede moun w ap anseye yo

1 Nefi 10:19	Alma 32:42–43	D&A 130:19
2 Nefi 32:3	Alma 37:44–46	Gid Ekriti yo, tit “Ekriti”, “Valè ekriti yo”, 221–22
Mozya 1:6–7	Alma 49:30	
Alma 17:2–3	D&A 90:24	

Nòt

Reyinyon Distri ak Konferans zòn

- Chwazi yon sijè nan youn nan leson misyonè yo ke ou te byen etidye. Fè bagay sa yo:
 - Pataje de oubyen twa pwen prensipal ou te aprann nan etid ou ki te ede ou nan anseye leson sa a.
 - Dekri fason ou te fè apwòch etid ou ki te ede ou dekouvri pwen sa yo (kijan ou li, ki resous ou te itilize, kesyon ou te rechèche, elatriye).
 - Montre kijan ou te ekri epi òganize rezilta etid ou yo.

Si ou gen tan, mande kèk lòt misyonè pou yo fè menm bagay la.

- Aktivite sa a ka fèt endividyèlman oubyen an ti gwoup. Bay misyonè yo enstriksyon pou yo chwazi youn nan kesyon sa yo (oubyen ou ka kreye kèk pwòp kesyon pa ou). Fè yo ekri yo.
 - Poukisa fanmi osi enpòtan konsa nan plan Bondye a?
 - Poukisa moun gen eprèv ak soufrans?
 - Ki wòl Lespri a nan konvèsyon?

Eksplike ke y ap gen senk rive sèt minit pou yo:

- Jwenn omwen de referans ekriti ki reponn kesyon an.
- Ekri yon senp entèpretasyon sou fason ekriti yo te chwazi yo reponn kesyon yo.
- Dekri sa yo ta fè pou yo ka sonje repons lan.
- Dekri fason yo ta fè pou eksplòre kesyon an pi pwofondeman.

Envite kèk misyonè (oubyen chak gwoup) pou yo pataje repons yo. Diskite sou repons yo.

- Mande misyonè yo pou yo ekri youn oubyen de kesyon sou prensip ak doktrin levanjil yo nan youn nan leson ki nan chapit 3 yo ke yo ta remen jwenn repons pou yo. Envite yo pou yo pataje kesyon yo avèk gwoup la. Pou chak kesyon, diskite sou bagay sa yo:
 - Nan ki fason repons kesyon sa yo ap beni lavi misyonè a?
 - Kijan l ap beni lavi envestigatè yo?
 - Kijan yon misyonè ka jwenn repons lan?
- Mande plizyè misyonè pou yo pataje yon prensip levanjil ke konpayon yo te anseye yo. Mande yo pou yo eksplike prensip la ak fason konpayon yo te anseye yo li.
- Òganize misyonè yo an konpayon oubyen an ti gwoup. Bay chak gwoup tach pou li yon chapit nan Liv Mòmou an. Fè chak gwoup chwazi yon ide nan chak nan senk kategori yo nan seksyon “Ide ak Sigjesyon pou etid” la. Envite gwoup yo pou yo aplike chak sigjesyon amezi y ap li chapit yo ansanm. Bayo 15 rive 20 minit pou yo li epi diskite. Fè chak gwoup eksplike sigjesyon yo te itilize, kijan sigjesyon yo te mache, ak sa yo te aprann.
- Envite chak misyonè pou l panse sou yon istwa oubyen yon evenman ki gen anpil siyifikasyon pou li (tankou vizyon pyebwa lavi Leyi a, diskou Wa Benjamen an, Diskou sou Mòn nan, oubyen aparasyon Kris la devan Nefit yo). Envite misyonè yo pou yo dekrè oubyen mime fason yo wè resi yo chwazi yo. Envite de oubyen twa misyonè pou yo pataje sa yo te wè. Mande lòt yo pou yo rakonte istwa yo epi mete yo an rapò avèk doktrin ki nan youn nan leson yo. Li Mowoni 10:3 epi pale sou valè medite pwofondeman sou konesans espiritiyèl.

Nòt

Prezidan Misyon

- Envite misyonè yo pou yo pote jounal etid yo pou entèvyou yo. Envite yo pou yo pataje youn nan sa ki ekri yo avèk ou.
- Pandan entèvyou yo, poze kèk nan kesyon sa yo:
 - Ki enpresyon ou te genyen nan dènye etid ekriti ou?
 - Ki prensip levanjil konpayon ou fèk anseye ou?
 - Ki chapit oubyen seksyon nan manyèl sa a ki te ede ou plis nan de semèn ki sot pase yo?
 - Kisa ou fè nan etid pèsònèl ou ki ede ou aprann plis?
- Pandan konferans zòn yo, envite misyonè yo pou yo pataje eksperyans siyifikan yo te fè nan etid pèsònèl yo ak etid avèk konpayon yo.
- Pandan konferans zòn yo, mande misyonè yo pou yo pataje ide sou etid pèsònèl yo.
- Pataje ide ou te genyen nan etid pèsònèl ou avèk misyonè yo. Pataje sa ki ekri nan jounal etid ou ak temwayaj ou sou enpòtans etidye levanjil la.
- Si ou kapab, patisipe avèk misyonè yo nan etid avèk konpayon yo.
- Pandan entèvyou yo, envite misyonè yo pou yo pataje youn nan plan leson yo nan youn nan leson misyonè yo. Mande yo kisa doktrin sa yo vle di pou yo.



Kisa m ap etidye epi anseye?

Leson yo nan chapit sa a gen doktrin, prensip, ak kòmandman esansyèl pou ou etidye, kwè, renmen, viv, epi anseye. Yo se sa Pwofèt vivan yo ak Apot yo konseye ou pou w anseye. Yo òganize yon fason pou ou ka ede lòt moun konprann doktrin Kris yo klèman.

Leson nan chapit sa a se:

- Mesaj Retablisman Levanjil Jezikri a
- Plan Sali a
- Levanjil Jezikri a
- Kòmandman yo
- Lwa yo ak Òdonans yo

Anseye premye kat leson yo anvan batèm. Asire ou ke moun ou anseye yo kalifye pou batèm ak konfimasyon pandan y ap fè epi kenbe tout angajman ki nan leson sa yo.

Misyonè applantan yo dirije nan anseye leson anvan batèm yo avèk èd misyonè pawas yo ak lòt manm. Apre batèm, yo anseye nouvo manm yo kat premye leson yo ankò, ansanm avèk “Lwa yo ak Òdonans” yo. Dirijan pawas yo detèmine si se misyonè pawas yo oubyen misyonè applantan yo ki gen responsablite pou anseye leson sa yo ak pandan konbyen tan misyonè applantan yo angaje. Ankouraje chak nouvo manm pou yo kenbe tout angajman yo nan leson sa yo.

Ou dwe itilize leson sa yo nan etid endividyèl ak nan etid avèk konpayon, nan reyinyon distri yo, ak nan lòt sityasyon fòmasyon. Pandan w ap etidye ekriti yo epi sere doktrin ki nan leson sa yo nan lespri ou, Lespri a ap ba ou sa pou ou di nan lè a menm w ap bezwen an ak sa pou w fè pou ede lòt yo resevwa yon temwayaj sou verasite ansèyman yo.

Antanke misyonè, ou gen yon gwo responsablite pou anseye avèk kè ou epi pa Lespri a. Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo deklare: “Bi nou se anseye mesaj levanjil retabli a nan yon fason ki ap pèmèt Lespri a dirije ni misyonè yo ni moun ki ap anseye yo. Li enpòtan pou aprann konsèp leson yo, men yo pa dwe anseye pa prezantasyon ou aprann pakè. Misyonè a dwe santi l lib pou itilize pwòp mo pa li jan li enspire pa Lespri.

Nòt

Nòt

Li pa dwe bay yon resitasyon pakè, men li dwe pale soti nan kè li nan pwòp tèm pa li. Li gen dwa varye soti nan lòd leson yo, bay sa li enspire pou l fè, selon enterè ak bezwen envestigatè a. Pandan l ap eksprime pwòp konviksyon pa li epi nan pwòp mo pa li, li dwe rann temwayaj sou verite ansèyman l yo" ("Deklarasyon sou Travay Misyone" lèt Premye Prezidans lan, 11 Des. 2002)

Ou dwe bay tout kontni an pou twa premye leson yo nan lòd yo ekri a, sof si Lespri dirije ou otreman. Ou gen dwa antre kèk kòmandman tou si sa apwopriye oubyen si yo ka anseye antanke leson pou kont pa yo.

Chak leson prezante kesyon pou entèvyou batèm, angajman, ak doktrin ou dwe anseye. Byen aprann doktrin yo. Toujou konsantre ou sou ede moun w ap anseye yo pran angajman epi kenbe angajman. Itilize kesyon entèvyou batèm yo pou prepare moun w ap anseye pou batèm ak konfimasyon yo. Leson yo gen ide pou ansèyman tou. Itilize sigjesyon sa yo pou ranfòse fason w ap prepare epi anseye.

Wòl aprann pakè

Aprann ekriti yo pakè pou w itilize nan ansèyman ou. Angaje w pou aprann sekans pwen doktrinal ki nan chak leson misyonè yo pakè. Misyone ki ap aprann yon dezyèm lang yo dwe konsatre etid lang sa a nan prepare pou anseye leson misyonè yo. Yo dwe aprann vokabilè a, fraz yo, modèl fraz yo, ak kèk brèf deklarasyon sou doktrin yo pakè jan yo parèt nan leson an, men sèlman aprè bagay sa yo vin pèsònèlman gen siyifikasyon pou yo. Pa aprann tout leson an pakè.

Anseye avèk klète

Nan fen twa premye leson yo gen yon lis mo ki gen dwa pa famiyè pou moun w ap anseye yo. Aprann kijan pou w defini mo sa yo senpleman. Pandan w ap anseye, fè tout sa ou kapab pou rann mesaj la fasil pou konprann.

Etid ekriti

Kisa yo mande ou pou w anseye?

Mozya 18:18–20 D&A 43:15–16 D&A 52:9

Poukisa ou dwe etidye doktrin ki nan leson yo?

Alma 17:2–3 D&A 84:85

Mesaj Retablisman Levanjil Jezikri a



© 1997 Geng K. Olsen. Pa kopye.

Nòt

Objektif ou

Pandan w ap anseye, prepare envestigatè w yo pou yo reponn ak kalifikasyon pou batèm yo anseye nan Doktrin & Alyans 20:37 yo ak nan kesyon entèvyou pou batèm yo. Sa pi byen fèt lè ou envite envestigatè w yo pou yo pran epi kenbe angajman ki anba la yo.

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm

- Èske w kwè Bondye se Papa Etènèl nou?
- Èske ou kwè Jezikri se Pitit Gason Bondye, Sovè ak Redanmtè mond lan?
- Èske ou kwè Legliz ak levanjil Jezikri a retabli atravè Pwofèt Joseph Smith?
- Èske ou kwè [Prezidan aktyèl Legliz la] se yon pwofèt Bondye? Kisa sa vle di pou ou?

Angajman

- Èske w ap li epi priye pou w konnen si Liv Mòmmon an se pawòl Bondye?
- Èske w ap priye pou w konnen si Joseph Smith sete yon pwofèt?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Lòt kòmandman nan leson 4 la ou chwazi pou w ajoute.

Bondye se Papa eman nou ki nan Syèl la

Bondye se Papa nou ki nan Syèl la. Nou se pitit li. Li gen yon kò chè ak zo ki gloriye epi pafè. Li renmen nou. Li kriye avèk nou lè nou soufri epi li rejwi lè nou fè sa ki byen. Li vle kominike avèk nou, epi nou ka kominike avèk li atravè lapriyè sensè.

Li banou eksperyans sa a sou tè a pou nou ka aprann epi grandi. Nou ka montre amou nou pou li atravè chwa nou yo ak obeyisans nou nan kòmandman l yo.

Papa nou ki nan Syèl la prevwa pou nou menm, pitit li yo, yon mwayen pou nou gen siksè nan lavi sa a epi pou nou retounen viv nan prezans li. Sepandan, nou dwe pi epi pwòp atravè obeyisans pou nou ka fè sa. Dezobeyisans elwaye nou soti bò kote Bondye. Pwen santral plan Papa nou an se Ekspyasyon Jezikri a. Ekspyasyon an gen ladan soufrans li nan Jaden Jetsemane a osibyen soufrans li ak lanmò li sou kwa a. Atravè Ekspyasyon an nou ka libere soti anba fado peche nou yo epi devlope lafwa ak fòs pou nou fè fas ak eprèv yo.

Nòt

Kwayans osijè Bondye

Detèmine sa chak moun w ap anseye konprann selon kwayans kretyen yo osijè Bondye. Anpil moun nan mond lan jodi a pa gen okenn konsepsyon sou Bondye oubyen yo gen yon pèsèpsyon trè diferan sou Divinite a.

De misyonè nan Liv Mòmmon an, Ammon ak Aawon, te anseye moun ki pa t gen yon antesedan kretyen. Yo te anseye verite senp yo epi yo te envite envestigatè yo pou yo te priye. Lamoni avèk papa li te konvèti. Li Alma 18:24–40 ak 22:4–23, epi reponn kesyon ki anba la yo:

- Kisa misyonè sa yo te anseye sou nati Bondye?
- Kijan nou ka suiv egzanp yo?

Etid ekriti

Ki nati Bondye Papa a ak Jezikri?

1 Nefi 17:36	3 Nefi 27:13–22	Jan 3:16–17
2 Nefi 9:6	D&A 38:1–3	Travay 17:27–29
Mozya 4:9	D&A 130:22	Women 8:16
3 Nefi 12:48	Moyiz 1:39	Ebre 12:9
3 Nefi 14:9–11	Matye 5:48	1 Jan 4:7–9

Levanjil la beni fanmi

Levanjil retabli a beni epi ede mari ak madanm yo, paran ak pitit yo lè y ap eseye devlope relasyon ki pi fò ak pi plis fòs espiyrityèl nan fanmi yo. Benediksyon sa yo disponib kounyeya epi nan letènite. Levanjil Jezikri a founi èd pou pwoblèm ak difikilte kouran yo.

Paske fanmi òdone pa Bondye, yo se inite sosyal ki pi enpòtan nan letan ak letènite. Bondye tabli fanmi pou pote bonè pou pitit li yo, pou pèmèt yo aprann prensip ki kòrèk nan yon atmosfè eman, epi prepare yo pou lavi etènèl. Fwaye a se pi bon kote pou anseye, aprann, epi aplike prensip levanjil Jezikri a. Yon fwaye ki tabli sou prensip levanjil yo ap yon refij ki gen sekirite. L ap yon lye kote Lespri Senyè a ap kapab abite, epi beni manm fanmi yo avèk lapè, lajwa, ak bonè. Atravè pwofèt nan chak epòk, pa nou an ladan tou, Bondye revele plan bonè li a pou moun endividyèlman epi pou fanmi.

Papa nou ki nan Syèl la revele levanjil li a nan chak dispansasyon

Youn nan fason enpòtan Bondye montre amou li pou nou se nan aple pwofèt, ke yo bay Prètriz la—pouvwa ak otorite yo bay lòm pou aji nan non Bondye pou Sali pitit li yo. Pwofèt yo aprann levanjil Jezikri a pa revelasyon. An retou yo anseye lòt moun levanjil la epi temwaye Jezikri kòm Sovè epi Redanmtè. Ansèyman pwofèt yo nan liv sakre ke yo rele ekriti.

Plan Papa nou pou nou pou n gen siksè nan lavi sa a epi pou nou retounen al viv avèk li a rele levanjil Jezikri a, avèk Ekspyasyon Jezi a nan sant plan sa a. Atravè Ekspyasyon Jezikri a, nou ka resevwa lavi etènèl si nou egzèsè lafwa nan Jezikri, repanti, batize pa imèsyon pou remisyon peche, resevwa don Sentespri a, epi pèsèvere jiskalafen. “Se chemen an sa; epi pa gen okenn lòt chemen ni non anba syèl la ki kapab sove lèzòm nan wayòm Bondye a. Kounyeya, reyèlman, se doktrin Kris la” (2 Nefi 31:21). Tout moun gen don libabit, ki gen ladan libète pou aksepte oubyen rejte levanjil la jan li anseye pa pwofèt yo ak apot yo. Moun ki chwazi obeyi yo beni, men moun ki inyore, rejte, oubyen chanje levanjil la pa resevwa benediksyon Bondye pwomèt yo.

Nòt

Kèlkeswa lè moun yo chwazi neglije, dezobeyi, oubyen defòmè yon nan prensip oubyen yon òdonans levanjil la, kèlkeswa lè yo rejte pwofèt Senyè a yo, oubyen kèlkeswa lè yo fayi nan andire jiskalafen, yo mete yo menm yon distans ant yo menm ak Bondye epi yo kòmanse viv nan tenèb espirityèl. Finalman sa mennen nan yon kondisyon yo rele apostazi. Lè apostazi a simaye, Bondye retire otorite Prètriz li pou anseye epi administre òdonans levanjil yo.

Istwa bibliik yo bay anpil egzanp kote Bondye pale avèk pwofèt, epi li rakonte anpil egzanp apostazi tou. Pou fini chak peryòd apostazi jeneral, Bondye montre amou li pou pitit li yo nan aple yon lòt pwofèt epi bali otorite Prètriz la pou retabli epi anseye levanjil Jezikri a ankò. Anfèt, pwofèt la aji antanke yon entandan pou veye sou kay Bondye a isit sou tè a. Peryòd sa yo ki dirije pa pwofèt yo rele dispansasyon.



Bondye te revele levanjil Jezikri a bay Adan epi li te bali otorite Prètriz la. Adan sete premye pwofèt sou tè a. Pa revelasyon, Adan te aprann bon relasyon limanite avèk Bondye Papa a, Pitit Gason li Jezikri, ak Sentespri a; sou Eksyasyon ak Rezirèksyon Jezikri; epi sou premye prensip ak òdonans levanjil yo. Adan ak Èv te anseye epiti yo verite sa yo epi ankouraje yo pou yo devlope lafwa epi viv levanjil la nan tout aspè lavi yo. Adan te suiv pa lòt pwofèt, men posterite Adan te vin rejte levanjil la epi yo te tonbe nan apostazi, yo te chwazi vin enfidèl.

Se konsa chema dispansasyon pwofesik yo te kòmanse, ki konstitye pifò nan istwa ki ekri nan Ansyen Testaman an. Papa nou ki nan Syèl la te revele levanjil li a atravè kominikasyon dirèk bay pwofèt tankou Noye, Abraram, ak Moyiz. Chak pwofèt te aple pa Bondye pou kòmanse yon nouvo dispansasyon levanjil la. A chak pwofèt sa yo Bondye te akòde otorite Prètriz la epi li te revele yo verite etènèl yo. Malerezman, nan chak dispansasyon moun yo toujou itilize libabit yo pou yo chwazi rejte levanjil la epi lè sa a tonbe nan apostazi.

Pwofèt

Chèche detèmine sa moun w ap anseye a konprann osijè pwofèt. Nan pifò kilti gen moun ki kwè ke moun sen oubyen moun ki enspire resevwa kèk fòm gidans ak direksyon nan men Divinite a. Sepandan, se pa tout moun enspire yo ki se pwofèt Bondye jan sa defini nan levanjil retabli a. Eksplike klèman ke Bondye tabli wayòm ni sou tè a kote li rele yon pwofèt pou tabli yon nouvo dispansasyon. Li bay pwofèt sa a otorite Prètriz la. Epi pwofèt la li menm ede moun yo konprann relasyon yo avèk Divinite a, ladan kijan pou yo resevwa lavi etènèl atravè levanjil Jezikri a.

Ou gen dwa ap mande tèt ou nan ki fason dispansasyon levanjil yo apwopriye lè w ap anseye moun ki pa gen yon antesedan oubyen yon kilti kreyen. Men w ap vin wè ke lè ou brèfman rakonte istwa dispansasyon levanjil yo, ou ka ede moun yo konprann ke Bondye renmen pitit li epi li se menm nan ayè, jodi a, epi pou tout tan.

Nòt

Etid ekriti

Pwofèt

Jakòb 4:4, 6
Mozya 8:13–18

Travay 10:34–43

Amòs 3:7

Dispansasyon

D&A 136:36–38
Moyiz 5:4–12, 55–59

Moyiz 8:19–30

Guide des écritures “Dispensation”

Ministè terès Sovè a

Yon santèn ane anvan nesans Jezikri, moun yo te tonbe nan apostazi ankò. Men lè Sovè a te kòmanse ministè mòtèl li li te etabli legliz li sou tè a ankò.

Papa nou ki nan Syèl la te voye Pitit Gason l lan sou tè a pou ekspye peche tout limanite epi simonte lanmò: “Paske Bondye si tèlman renmen mond lan, ke li te bay sèl Pitit Gason byeneme l la . . . pou mond la ka sove atravè li” (Jan 3:16–17). Papa nou ki nan Syèl la te voye Pitit Gason lan, Jezikri, pou pran sou li, pa soufrans li, peche tout moun ki t ap gen pou viv sou tè sa a epi pou simonte lanmò fizik. Sovè a te fè yon Sakrifis Ekspyatwa enfini konsa si nou gen lafwa nan li, nou repanti, epi batize, epi resevwa Sentespri a, epi andire jiskalafen, nou ka resevwa padon pou peche nou yo epi antre epi suiv chemen ki ap mennen nou nan lavi etènèl nan prezans Bondye a. (gade 2 Nefi 31:13–21).



Pandan ministè terès li, Sovè a te anseye levanjil li a epi akonpli anpil mirak. Li te aple douz gason pou vin Apot li epi li te mete men sou tèt yo pou bayo otorite Prètriz la. Li te òganize legliz li a, akonpli pwofesi, epi yo te rejte li epi krisifye li. Sa ki pi enpòtan, li te akonpli

Ekspyasyon an. Pitit Gason Bondye a, Senyè a Jezikri, te akonpli tout sa Papa nou ki nan Syèl la te voye l akonpli yo.

Anvan lanmò Sovè a ak Rezirèksyon li, li te bay Apot li yo otorite pou yo anseye levanjil li a, akonpli òdonans Sali yo, epi tabli legliz li a nan mond lan.

Etid Ekriti

Atik Lafwa 1:5
Matye 10:1–10

Lik 6:13
Jan 15:16

Ebre 5:4

Gran Apostazi a

Aprè lanmò Jezikri, moun mechan yo te pèsèkite Apot yo ak manm legliz yo epi touye anpil nan yo. Avèk lanmò Apot yo, kle Prètriz yo ak otorite Prètriz pou dirije a te retire sou tè a. Apot yo te kenbe doktrin levanjil la pi epi yo te mentni lòd ak prensip diyite pou manm legliz yo. San Apot yo, avèk tan pase, doktrin yo te vin konwonpi, epi chanjman ki

pa t otorize te fèt nan òganizasyon legliz la ak nan òdonans Prètriz yo, chanjman tankou batèm ak resevwa don Sentespri a.

San revelasyon ak otorite Prètriz la, moun yo te repoze yo sou sajès lèzòm pou entèprete ekriti yo ak prensip ak òdonans levanjil Jezikri yo. Yo te anseye ide fo sa yo antanke verite. Pifò nan konesans sou vrè nati Bondye Papa a, Pitit Gason I lan, Jezikri, ak Sentespri a, te pèdi. Doktrin lafwa nan Jezikri, repantans, batèm, ak don Sentespri a te vin defòme oubyen bliye. Otorite Prètriz la yo te bay Apot Kris yo pa t prezan sou tè a ankò. Apostazi sa a te finalman mennen nan aparasyon anpil legliz.

Aprè plizyè syèk fènwa espiritiyèl, gason ak fi ki t ap chèche verite te pwoteste kont pratik relijye epòk la yo. Yo te rekonèt ke anpil doktrin ak òdonans levanjil la te chanje oubyen pèdi. Yo t ap chèche pi gran limyè espiritiyèl, epi anpil nan yo te pale sou bezwen yon retablisman laverite. Sepandan, yo pa t pretann ke Bondye te aple yo pou yo te vin pwofèt. Olye sa, yo te eseye refòme ansèyman ak pratik yo te panse ki te chanje oubyen defòme yo. Efò yo te mennen nan òganizasyon anpil legliz Pwotestan. Refòm sa a te mennen kòm rezilta yon pi plis aksan sou libète relijyon, sa ki te louvri chemen pou Retablisman final la.

Apot Sovè yo te predi apostazi inivèsèl sa a. Epi yo te predi tou ke levanjil Jezikri a ak legliz li a t ap retabli yon fwa ankò sou tè a.

Etid Ekriti

1 Nefi 13	Travay 20:28–30	Guide des Ecritures, "Apostasie"
2 Nefi 26:20–21	Galat 1:6–9	<i>Vrè nan lafwa</i> , pages 13–14
2 Nefi 28	2 Tesalonik 2:1–12	<i>Our Search for Happiness</i> , pages 23–32
4 Nefi 1:27	(JST vèsè 2, 3, 7–9)	<i>Jésus le Christ</i> , chapit 40,
D&A 86:1–3	1 Timote 4:1–3	"La longue nuit de l'Apostasie"
Matye 24:9–11	2 Timote 4:3–4	
Mak 12:1–9	2 Pyè 2:1–2	
Travay 3:19–21	Amòs 8:11–12	

Gran Apostazi a

Envestigatè yo dwe konprann ke yon apostazi inivèsèl te rive apre lanmò Jezikri ak Apot li yo. Si pa t gen apostazi, pa t ap gen bezwen yon Retablisman. Menmjan yon dyaman ki ekspoze sou yon vlou nwa parèt pi briyan, konsa Retablisman an kanpe an kontras frapan nan fon nwasè Gran Apostazi a. Jan Lespri a gide ou, anseye investigatè yo sou Gran Apostazi a nan yon nivo detay apwopriye ak bezwen yo ak sikonstans yo. Bi ou se ede yo konprann bezwen Retablisman levanjil Jezikri a.

Pwen kle

- Legliz Jezikri bati sou fondasyon apot ak pwofèt (gade Efezyen 2: 19–20; 4:11–14). Dirijan sa yo te gen divin otorite Prètriz la. Atravè revelasyon yo te dirije zafè legliz yo. Yo te mentni yon pite doktrinal, otorite administrasyon òdonans yo, epi aple epi konfere otorite Prètriz la sou lòt moun.
- Moun yo te rejte Jezikri ak Apot yo epi yo te touye yo (gade Matye 24:9; 1 Nefi 11:32–34; 2 Nefi 27:5). Avèk lanmò Apot yo, otorite Prètriz pou dirije a te absan nan legliz la. Kòm konsekans, pa t gen otorite ankò pou bay Sentespri a ni pou akonpli òdonans sali yo. Revelasyon te sispann, epi doktrin nan te vin defòme.
- Menm anvan lanmò Apot yo, anpil konfli te leve konsènan doktrin nan. Anpi Women an, ki te pèsèkrite Kreyen yo an premye, te vin adopte Krisyanis la nan apre. Anpil kesyon relijyon enpòtan te regle an konsèy. Doktrin ak òdonans senp Sovè a te anseye yo te debat epi chanje pou konfòme avèk filizofi mond lan. (gade Ezayi 24:5). Yo te chanje ekriti yo, retire

Nòt

Nòt

dotrin senp epi presye yo nan yo (1 Nefi 13:26–40). Yo te kreye kredo, oubyen deklarasyon lafwa, ki te baze sou dotrin fos ki te chanje (gade Joseph Smith—Histoire 1:19). Akoz ògèy, kèk moun te aspire a pozisyon enfliyans (gade 3 Jan 1:9–10). Moun yo te aksepte fo lide sa yo epi yo te onore fo enstriktè ki te anseye doktrin pou fè yo plezi yo olye de verite divin yo (gade 2 Timote 4:3–4).

- Atravè listwa, anpil moun te sensèman kwè nan fo kredo ak doktrin yo. Yo te adore selon limyè yo te posede a epi yo te resevwa repons pou priyè yo. Men yo te “kenbe lwen verite a paske yo pa t konnen ki kote pou yo te jwenn ni.” (D&A 123:12).
- Konsa, sa te mande yon retablisman, pa yon refòm. Otorite Prètriz la pa t kontinye nan yon liy dwat siksesyon apati Apot Pyè. Refòm se chanje sa ki deja egziste; retabli se mennen yon bagay retounen nan fòm orijinal li. Konsa, retablisman otorite Prètriz la atravè mesajè divin sete sèl mwayen posib pou venk Gran Apostazi a.

Retablisman Levanjil Jezikri a atravè Joseph Smith

Lè sikonstans yo te apwopriye, Papa nou ki nan Syèl la te lonje lamèn nan lanmou ankò bay pitit li yo. Li te aple yon jèn gason ki te rele Joseph Smith kòm pwofèt. Atravè li plenitid levanjil Jezikri a te retabli sou tè a.

Joseph Smith te viv nan Etazini, ki sete petèt sèl peyi yon moun te jwi libète relijye nan moman sa a. Sete yon epòk gran eksitasyon relijye nan Lès Etazini. Manm fanmi li te pwofondeman relijye epi yo te toujou ap chèche laverite. Men anpil pastè te pretann yo gen vrè levanjil la. Joseph te vle “konnen kiyès nan tout sèk yo ki te bon an” (Joseph Smith—Histoire 1:18). Bib la te anseye te gen “yon sèl Senyè, yon sèl fwa, yon sèl batèm” (Efezyen 4:5). Joseph te ale nan diferan legliz, men li te rete plen konfizyon konsènan ki legliz li dwe antre. Nan apre li te ekri:

“Konfizyon ak dezakò te si gran pami diferan denominasyon yo, ke li te enposib pou yon jèn moun tankou mwen . . . te rive jwenn yon konklizyon sèten sou kiyès ki te bon ak kiyès ki pa t bon. . . . Nan mitan lagè pawòl ak konfli opinyon sa a, mwen te souvan ap mande tèt mwen: Kisa pou m fè? Kiyès nan tout gwoup relijye sa yo ki gen rezon? Oubyen èske you tout ansanm nan lerè? Si gen youn nan yo ki gen rezon, kiyès li ye, epi kijan m ap fè konnen? (Joseph Smith—Histoire 1: 8, 10).

Pandan Joseph t ap chèche laverite nan pami diferan fwa yo, li te vire vè Bib la pou l te jwenn gidans. Li te li, “Si yon moun pami nou manke bon konprann, se pou li mande Bondye, ki bay tout moun san mezire epi pou granmesi; epi Bondye va ba li li.” (Jak 1:5). Akoz pasaj sa a, Joseph te deside mande Bondye kisa pou l te fè. Nan prentan 1820 li te ale nan yon forè tou pre a epi li te mete ajenou pou l te priye. Li dekri eksperyans li:

“Mwen te wè yon kolòn limyè egzaktman anlè tèt mwen, ki te pi klere pase solèy la, ki t ap desann sou mwen, ti kal pa ti kal jiskaske li te tonbe sou mwen. . . . Lè limyè a te rive poze sou mwen mwen te wè de Pèsonaj, ekla yo ak glwa yo depase tout deskripsyon, ki te kanpe anlè tèt mwen nan lè a. Youn ladan yo te pale avèk mwen, li te rele m pa non mwen epi li te di, pandan li t ap montre m lòt la avèk dwèt li—*Sila a se Pitit Gason Byeneme m nan. Koute li!*” (Joseph Smith—Histoire 1:16–17).

Nan vizyon sa a Bondye Papa a ak Pitit Gason li, Jezikri, te parèt devan Joseph Smith. Sovè a te di Joseph pou l pa t antre nan okenn nan legliz yo, paske yo “tout te nan lerè” epi “tout kredo yo sete yon abominasyon.” Li te deklare, “Yo pwoche kote mwen avèk bouch yo, men kè yo lwen mwen, yo anseye kòmandman lèzòm pou doktrin, ki gen yon fòm pyete, men yo niye puisans la.” (Joseph Smith—Histoire 1:19). Menmsi anpil bon moun te kwè nan Kris la epi te eseye konprann epi anseye levanjil li a, yo pa t gen plenitid verite a ni otorite Prètriz pou te batize epi akonpli òdonans sali yo. Yo te eritye yon eta apostazi nan mezi ke chak jenerasyon te enfluyans pa sa sa anvan an te transmèt, ladan yo chanjman nan doktrin ak òdonans tankou batèm. Jan Bondye te fè avèk Adan, Nowe, Abraran, Moyiz, ak lòt pwofèt yo, li te aple Joseph Smith pou l te vin pwofèt pou l te pase pou plenitid levanjil la te retabli sou tè a.



Nòt

Aprè aparisyon Papa a ak Pitit Gason an, yo te voye lòt mesaje selès, oubyen zanj, bay Joseph Smith ak kolaboratè li Oliver Cowdery. Jan Batis te parèt epi li te konfere Joseph Smith ak Oliver Cowdery Prètriz Aawon an, ki gen ladan otorite pou akonpli òdonans batèm nan. Pyè, Jak ak Jan (twa ansyen Apot Kris la) te parèt epi yo te konfere Prètriz Mèlkisedèk la sou Joseph Smith ak Oliver Cowdery, sa ki te retabli menm otorite Kris te bay Apot yo anvan an. Avèk otorite Prètriz sa a, Joseph Smith te dirije pou l te òganize Legliz Jezikri a ankò sou tè a. Atravè li menm, Jezikri te aple douz Apot.

Pwofèt yo nan Bib la fè referans avèk epòk n ap viv la kòm dènye jou yo, oubyen dispansasyon plenitid tan yo. Se epòk ki vini anvan Dezyèm Vini Jezikri a. Se dispansasyon final la. Se poutèt sa legliz la rele Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

Yon pwofèt vivan ap dirije legliz la jodi a. Pwofèt sa a, Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, se siksesè otorize soti nan Joseph Smith. Li menm ak Apot yo trase otorite yo soti nan Jezikri nan yon chenn òdinasyon ki desann tou dwat atravè Joseph Smith.

Aprann Joseph Smith—Histoire 1:16–17 pa kè

Aprann deskripsyon Joseph Smith te bay sou Papa a ak Pitit Gason an pa kè (Joseph Smith—Histoire 1:16–17), epi toujou prè pou dekri Premye Vizyon an an itilizan pwòp mo pa ou. Pa prese resite li. Rann temwayaj sensè ou ke ou konnen li vrè. Pa ezite eksplike kijan ou te vin konnen li se verite. Envite konpayon ou pou l fè menm bagay la tou.

Rann temwayaj

Yon pati enpòtan nan tach yon misyonè se rann temwayaj sou pwofèt aktyèl epi Prezidan Legliz la.

Etid ekriti

2 Nefi 3
D&A 112:30
Efezyen 1:10

Efezyen 4:5
Jak 1:5

Bwochi, *Temwayaj*
Pwofèt Joseph Smith la

Nòt

Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri



Konnen ke dout, enkwayans, ak move enfòmasyon t ap pèsiste apre plizyè syèk fènwa, Papa eman nou an ki nan Syèl la te fè parèt yon ansyen liv ekriti sent ki konparab avèk Bib la, ki gen plenitud levanjil etènèl Jezikri a. Liv ekriti sent sa a bay evidans konvenkan ke Joseph Smith sete yon vrè pwofèt Bondye. Anal sa a se Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri.

Joseph Smith te dirije pa yon mesaj selès ki te rele Mowoni ale nan yon kolin kote plak lò yo te kache pandan plizyè syèk. Plak lò sa yo te gen ekri pwofèt ki te bay yon resi sou rapò Bondye avèk ansyen abitan Kontinan Amerik yo. Joseph Smith te tradui kontni plak sa yo pa pouvwa Bondye. Pwofèt nan Liv Mòmmon yo te konnen sou misyon Sovè a epi yo te anseye levanjil li a. apre

rezirèksyon li, Kris te parèt devan moun sa yo. Li te anseye yo levanjil li a epi li te etabli legliz li a. Liv Mòmmon an pwouve ke “Bondye enspire moun epi li aple yo pou travay sent li a nan epòk ak jenerasyon sa a, osi byen ke nan jenerasyon lontan yo” (D&A 20:11). Pou konnen si Liv Mòmmon an se verite, yon moun dwe li li, medite sou li, epi priye sou li.

Moun k ap chèche onètman an ap vin santi byen vit ke Liv Mòmmon an se pawòl Bondye.

Li, medite, priye sou Liv Mòmmon an nesèsè pou yon konvèsyon dire. Moun ki kòmanse li Liv Mòmmon an pou premye fwa pran etap enpòtan pou yo vin konnen ke Joseph Smith sete yon pwofèt Bondye, epi si vrè legliz la te retabli sou tè a.

Itilize Liv Mòmmon an pou konfime verasite Retablisman an

Men yon egzanp sou sa ou gen dwa di lè w ap prezante Liv Mòmmon an:

“Bondye renmen pitit li, konsa li te founi yon mwayen konvenkan pou konfime verite sa nou di a. Se Liv Mòmmon an. Tanpri, èske ou ka li de dènye paragaf nan entwodiksyon liv la?”

Avèk swen eksplike siyifikasyon chak ide ki nan de paragaf yo epi envite investigatè a pou l pran angajman pou li pati kèk pati nan Liv Mòmmon an epi aplike prensip ki dekri nan de paragaf sa yo.

Lè w ap prezante yon moun Liv Mòmmon an, l ap itil pou montre li yon liv, brèfman repase kontni li, epi pataje youn oubyen de pasaj ki pèsònèlman siyifikan pou ou epi ki ka siyifikan pou li menm tou.

Etid ekriti

Paj tit Liv Mòmmon an

D&A 1:17–23

Joseph Smith—Histoire 1:27–64

Entwodiksyon Liv Mòmmon an,
paragaf 1–7

D&A 20:5–12

Priye pou konnen verite a atravè Sentespri a

Mesaj Retablisman sa a se oubyen l vrè oubyen l pa vrè. Nou ka konnen si li vrè pa Sentespri a, jan sa pwomèt nan Mowoni 10:3–5. Apre l fin li epi medite sou mesaj Liv Mòmmon an, yon moun ki vle konnen verite a dwe mande Papa nou ki nan Syèl la nan lapriyè, nan non Jezikri, si se verite. Pou fè sa, nou dwe adrese n ak Papa nou ki nan Syèl la. Nou remèsye li pou benediksyon nou yo epi nou mande li pou n konnen si mesaj Liv Mòmmon an vrè. Okenn moun pa ka konnen verite espiyèl yo san lapriyè.

Kòm repons priyè nou, Sentespri a ap anseye nou atravè santiman nou ak panse nou. Santiman ki soti nan Sentespri a pisan, men yo nòmalmman dou epi pezib tou. Amezi nou kòmmanse konnen ke sa n ap aprann nan se verite, n ap anvi konnen tout sa nou kapab sou Retablisman an.

Konnen ke Liv Mòmmon an vrè mennen nan konesans ke Joseph Smith te aple kòm pwofèt epi ke levanjil Jezikri a te retabli atravè li.

Lapriyè

- Adrese nou avèk Papa nou ki nan Syèl la (“Papa nou ki nan Syèl la, . . .”).
- Di li santiman ki nan kè nou (gratitud, kesyon, demann pou konfime ke Liv Mòmmon an se verite, elatriye).
- Fini (“Nan non Jezikri, amèn”).

Nòt

Lapriyè

Malgre lapriyè jwe yon wòl enpòtan nan anpil relijyon ak kilti, se raman lapriyè konsidere kòm yon mwayen kominikasyon ade ant Bondye ak lòm. Ede moun w ap anseye yo konprann ke yo ka pale sou santiman ki nan kè yo nan lapriyè. Demontre sa nan fason ou priye lè w ap kòmmanse oubyen fini yon leson. Itilize langaj ki senp ke yo ka itilize tou lè y ap priye. Ede yo konprann ke Papa nou ki nan Syèl la ap reponn priyè yo, espesifikman atravè santiman ki vin nan kè yo ak panse ki vin nan lespri yo. Si yo sensè epi yo reyèlman vle konnen si Bondye la, l ap reponn yo. Envite chèf fanmi an pou l fè yon priyè ajenou nan fen leson an.

Etid ekriti

Alma 5:45–46
D&A 8:2–3

Jan 14:26

Entwodiksyon Liv Mòmmon an,
paragraf 8–9

Envitasyon pou vin batize

Pandan leson sa a oubyen yon lòt leson, pa ezite envite moun yo pou yo batize epi konfime. Pou prepare moun yo pou yon envitasyon pou vin batize epi konfime, temwaye souvan sou enpòtans pou tout moun batize pa otorite, sou resevwa yon remisyon peche, epi sou don mèveye Sentespri a. Ou gen dwa di, “Menmjan Senyè a reponn priyè w yo epi ou santi ke mesaj sa a vrè a, èske w ap suiv egzanp Jezikri epi vin batize?”

Envitasyon pou vin batize epi konfime a dwe espesifik epi dirèk: “Èske w ap suiv egzanp Jezikri pou vin batize pa moun ki gen otorite Prètriz Bondye a? N ap gen yon sèvis batèm (dat). Èske w ap prepare pou w batize nan dat sa a?”

Nòt

Ide pou ansèyman

Seksyon sa a gen ide pou ou itilize nan prepare pou leson sa a epi pou anseye li. Nan lapriyè suiv Lespri a pandan w ap deside kijan pou itilize ide sa yo. Ajoute ide ou chwazi yo nan plan leson w lan. Kenbe nan tèt ou ke ide sa yo se sigjesyon—yo pa kondisyon—pou ede ou reponn ak bezwen moun w ap anseye yo.

Plan pou yon ti leson kout (3-5 minit)

Aprè plizyè syèk li te pèdi, levanjil Jezikri a te retabli sou tè a pa Papa eman nou ki nan Syèl la atravè yon pwofèt vivan. Liv Mòmmon an se evidans sa. Ou gen dwa kenbe li nan men ou. Ou ka li li, medite sou fason mesaj nan liv la ka amelyore lavi ou, epi priye pou konnen ke mesaj la se pawòl Bondye.

- Bondye se Papa eman nou ki nan Syèl la
- Levanjil la beni fanmi
- Papa nou ki nan Syèl la revele levanjil li nan chak dispansasyon
- Ministè terès Sovè a
- Gran Apostazi a
- Retablisman levanjil Jezikri a atravè Joseph Smith
- Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri
- Priye pou konnen verite a atravè Sentespri a

Angajman:

- Èske w ap li epi priye pou konnen si Liv Mòmmon an se pawòl Bondye?
- Èske w ap priye pou w konnen si Joseph Smith sete yon pwofèt?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman ki nan leson 4 la ou chwazi pou w ajoute.

Plan pou yon pi gwo leson (10-15 minit)

Mesaj nou remakab epi senp. Bondye se Papa nou. Nou se pitit li. Nou fè pati fanmi li. Li renmen nou. Depi nan kòmansman mond lan, li te suiv yon chema lanmou ak preyokipasyon. Plizyè fwa li tann lamèn nan lanmou pou revele levanjil Jezikri a pou pitit li yo ka konnen kijan pou retounen al jwenn ni. Li te revele l bay pwofèt tankou Adan, Nowe, Abraram, Moyiz. Men moun yo souvan chwazi rejte levanjil sa a. Sa gen de milan, Jezikri li menm te anseye levanjil li a epi etabli legliz li a. Sa enkwayab, moun yo te menm rejte Jezi. Kèlkeswa lè moun yo defòme oubyen chanje vrè doktrin ak òdonans yo, Bondye retire otorite li pou administre legliz la.

Envitasyon nou pou ou menm ak tout moun se pou ajoute nan verite ou deja ap konsève yo. Konsidere evidans nou ke Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason l lan, Jezikri, tann bra yo ankò bay pitit Bondye yo nan lanmou epi revele plenitud levanjil la bay yon pwofèt. Non pwofèt sa a se Joseph Smith. Evidans verite gloriye sa a nan yon liv—Liv Mòmmon an—ke ou ka li, medite, epi priye osijè li. Si ou priye avèk yon kè sensè, avèk yon entansyon reyèl epi avèk lafwa nan Kris la, Bondye ap di ou pa pouvwa Sentespri a si se verite.

Nòt

Angajman:

- Èske w ap li epi priye pou konnen si Liv Mòmòn an se pawòl Bondye?
- Èske w ap priye pou w konnen si Joseph Smith sete yon pwofèt?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmmandman ki nan leson 4 la ou chwazi pou w ajoute

Plan pou yon leson antye (30-45 minit)

- Bondye se Papa eman nou ki nan Syèl la
 - Nou se pitit Bondye (gade Travay 17:29).
 - Bondye renmen nou epi l ap ede nou fè bon chwa.
 - Atravè Jezikri, nou ka viv avèk Bondye ankò (gade Jan 3:16–17).
- Levanjil la beni fanmi yo
 - Levanjil Jezikri a ede fanmi yo devlope relasyon ki pi solid.
 - Fanmi òdone pa Bondye; yo se inite sosyal ki pi enpòtan nan letan ak letènite (gade D&A 49:15–16).
 - Fanmi an se pi bon kote pou anseye, aprann, epi aplike prensip levanjil yo (gade D&A 68:25; Jenèz 18:19; Detewonòm 6:7).
 - Fanmi an ka yon kote ki gen sekirite, lapè, ak lajwa.
- Papa nou ki nan Syèl la revele levanjil li a nan chak dispansasyon
 - Bondye aple pwofèt pou anseye levanjil li a (gade Amòs 3:7).
 - Apostazi a mennen rejè pwofèt yo ak levanjil la.
 - Dispansasyon se epòk kote pwofèt te anseye levanjil la. Dispansasyon anvan yo te pran fen avèk apostazi a. (gade D&A 136:36–38).
 - Adan, Noye, Abraram, Moyiz, ak lòt ansyen pwofèt tout te anseye levanjil la (gade Moyiz 5:4–12).
- Ministè mètèl Sovè a
 - Pitit Gason Bondye a te retabli epi li te anseye levanjil la. Li te akonpli anpil mirak (gade Gid ekriti yo, “Mirak”, 165).
 - Li te aple Apot epi li te bay otorite Prètriz la pou preche levanjil la epi akonpli òdonans sali yo tankou batèm (gade Jan 15:16).
 - Kris te etabli legliz li.
 - Kris te krisifye, epi yo te rejte Apot li yo epi touye yo (gade Matye 27:35; Mak 15:25).
 - Kris te akonpli Ekspyasyon an (gade Guide des écritures “Expiation”, 22–23)
- Gran Apostazi a

Nòt

- San revelasyon atravè yon pwofèt, moun tonbe nan fènwa espirityèl (gade Amòs 8:11–12).
- Pwofèt yo ak Apot yo te predi Gran Apostazi a (gade 2 Tessalonik 2:1–3).
- Retablisman levanjil Jezikri a atravè Joseph Smith
 - Joseph te chèche laverite (gade Joseph Smith—Histoire 1: 8, 10).
 - Bondye ak Jezikri te parèt devan Joseph Smith (gade Joseph Smith—Histoire 1: 16–17).
 - Menjman ak pwofèt nan ansyen dispansasyon yo, Joseph Smith te aple kòm pwofèt dènye dispansasyon an.
 - Bondye te retabli plenitid levanjil li a atravè Joseph Smith (gade D&A 35:17; 135:3).
 - Lòt mesaje selès te retabli Prètriz la, epi legliz Kris la te òganize (gade D&A 13; 27:12).
 - Yon pwofèt vivan ap dirije legliz la jodi a.
- Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri
 - Liv Mòmmon an se evidans konvenkan ke Joseph Smith te yon pwofèt.
 - Joseph Smith te tradui plak yo pa pouvwa Bondye (gade Entwodiksyon Liv Mòmmon an, paragraf 5).
 - Liv Mòmmon an pwouve ke Bondye enspire pwofèt li yo nan epòk nou an menmjan li fè nan chak dispansasyon.
 - Liv Mòmmon an gen plenitid levanjil Jezikri a (gade D&A 20:8–9).
- Priye pou konnen verite a atravè Sentespri a
 - Ou ka konnen si Liv Mòmmon an se verite (gade Mowoni 10:3–5; Entwodiksyon Liv Mòmmon an, paragraf 1, 8–9).
 - Sentespri a ap anseye ou atravè panse ou ak santiman ou (gade D&A 8:2–3).

Angajman:

- Èske w ap li epi priye pou konnen si Liv Mòmmon an se pawòl Bondye?
- Èske w ap priye pou w konnen si Joseph Smith sete yon pwofèt?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmmandman ki nan lesòn 4 la ou chwazi pou w ajoute

Kesyon pou poze apre ou fin anseye

- Ki kesyon ou genyen konsènan sa nou anseye yo?
- Si gen yon pwofèt sou tè a jodi a, kisa ou t ap mande li?
- Èske ou santi Bondye reponn priyè w yo? Poukisa?
- Èske ou ta renmen konnen si Liv Mòmmon an vrè? Poukisa?

Nòt

Definisyon kle

- **Apostazi:** Yon vire do ale lwen laverite pa moun, legliz, oubyen nasyon annantye. Li gen ladan rebelyon kont otorite ak rejè pwofèt yo. Evidans apostazi a gen ladan transgresyon Iwa Bondye yo, chanjman òdonans levanjil yo, ak kraze alyans yo (gade Ezayi 24:5).
- **Dispansasyon:** Yon epòk kote Senyè a gen omwen yon sèvitè otorize sou tè a ki detni kle Prètriz ki Sen an. Anplis Jezikri, pwofèt tankou Adan, Enòk, Noye, Abraram, Moyiz, ak Joseph Smith yo chak te kòmanse yon nouvel dispansasyon. Lè Senyè a òganize yon dispansasyon, levanjil la revele anouvo pou moun ki nan dispansasyon sa a pa oblije depann sou dispansasyon ki deja pase yo pou konesans plan Sali a. Dispansasyon ki te kòmanse pa Joseph Smith la koni antanke “dispansasyon plenitid tan yo.”
- **Libabit:** Kapasite ak privilèj Bondye bay lòm pou chwazi epi aji pa yo menm.
- **Prètriz:** Otorite ak pouvwa Bondye bay lòm pou aji nan non Jezikri nan tout bagay pou Sali limanite.
- **Pwofèt:** Yon gason ki aple pa Bondye epi ki pale pou Bondye. Antanke yon mesaj Bondye, yon pwofèt resevwa otorite Prètriz la, kòmandman, pwofesi, ak revelasyon nan men Bondye. Responsablite li se fè limanite konnen volonte Bondye ak vrè karaktè li epi pou montre siyifikasyon relasyon li avèk yo. Yon pwofèt denonse peche epi li predi konsekans yo. Li se yon moun ki preche ladwati. Pafwa, yon pwofèt ka enspire pou l predi lavni pou benefis limanite. Sepandan, responsablite esansyèl li se rann temwayaj konsènan Kris.
- **Redanmtè:** Jezikri se gran Redanmtè limanite paske li menm, atravè Ekspyasyon l lan, te peye pri pou peche limanite epi rann posib rezirèksyon tout moun. Rachte se delivre, achte, oubyen peye ranson, tankou peye pou libere yon moun soti nan esklavaj. Redanmsyon fè referans ak Ekspyasyon Jezikri a epi ak delivrans soti nan peche. Ekspyasyon Jezi a rachte tout limanite soti nan lanmò fizik. Atravè Ekspyasyon li, ki gen ladan soufrans li nan Jetsemane epi sou kwa a osibyen Rezirèksyon li, moun ki gen lafwa nan li epi ki repanti yo rachte soti nan lanmò espiritiyèl.
- **Refòmè:** Refòmè se fè chanjman nan yon bagay pou amelyore li. Tèm *refòmè* a fè referans avèk gason ak fi sa yo (tankou Martin Luther, John Calvin, William Tyndale, ak John Wycliffe) ki te pwoteste kont pratik legliz ki te egziste a, ke yo te santi ki te bezwen refòmè.
- **Retablisman:** Retabli vle di retounen nan yon ansyen kondisyon, oubyen mennen tounen. Retablisman an, jan li itilize pa Sen Dènye Jou yo, vle di ke vrè legliz Jezikri a, ki te pèdi pandan apostazi a, te retounen jan li te egziste anvan an lè l te òganize pa Jezikri a. Diferan avèk Refòm nan, Retablisman an te akonpli pa otorite divin atravè revelasyon.
- **Revelasyon:** Kominikasyon soti nan men Bondye voye bay pitit li yo sou tè a. Revelasyon ka vini atravè Limyè Kris la ak Sentespri a pa mwayen enspirasyon, vizyon, rèv, oubyen vizit zanj. Revelasyon bay gidans ki ka dirije moun ki fidèl la nan Sali etènèl nan wayòm selès la. Senyè a revele travay li bay pwofèt li yo epi li konfime bay kwayan yo ke revelasyon li bay pwofèt yo se verite (gade Amòs 3:7). Atravè revelasyon, Senyè a bay gidans endividyèl pou chak moun k ap chèche li epi ki gen lafwa, ki repanti, epi ki obeyisan nan levanjil Jezikri a.

Nòt

Lòt tèm ki ka bezwen definisyon pi pwofon pou moun w ap anseye yo

- Apot
- Bib
- Don Sentespri a
- Ekriti
- Entandans
- Lapriyè
- Levanjil
- Obeyisans ak dezobeyisans nan kòmandman yo
- Òdonans sali
- Peche
- Pèsevere jiskalafen
- Retounen viv nan prezans li
- Sovè

Refòmasyon yo ak Dirijan Relijye mond lan yo

Sa ki suiv la se enfòmasyon pou itilize sèlman lè w bezwen

John Wycliffe: Li te fèt nan 14zyèm syèk la nan Angletè. Li te etidye Teyoloji nan Inivèsite Oxford. Li te anseye ke Legliz Katolik pa t gen kle Prètiz yo, ke Sent Ekaristi a (oubyen Sentsèn) pa t reyèlman kò Kris la, epi ke legliz la pa dwe egzèse pouvwa politik sou moun yo. Li te tradui Bib la an Anglè. Li te mouri 31 Desanm 1384.

Martin Luther: Li te fèt 10 Novanm 1483, ann Almay. Li te etidye nan Inivèsite Erfurt ak Wittenberg. Li te klouwe 95 pwopozisyon nan pòt Chato Legliz la pou l te bay plizyè ansèyman legliz Katolik Womèn nan defi, ladan yo pratik fè moun peye pou jwenn padon pou peche yo a. Li te mouri 18 Fevriye 1546.

William Tyndale: Li te fèt nan Wales nan lane 1494. Li te etidye nan Oxford ak Cambridge. Li te tradui Nouvo Testaman an ann Anglè. Li te rann ekriti yo disponib pou tout moun pou te ka ekspeze fos doktrin ak koripsyon dirijan relijye yo. Yo te touye li 6 Oktòb 1536.

John Calvin: Li te fèt 10 Jiyè 1509, an Frans. Li te etidye nan vil Paris pou l te vin yon pè. Li te yon gran dirijan nan mouvman pou refòm Legliz Katolik la. Li te viv pifò lavi li nan peyi LaSuis. Li te anseye ke lòm kowonpi pa nati epi ke se sèlman gras Bondye ki ka sove yo. Li te ekri anpil kòmantè sou Bib la. Li te mouri 27 Me 1564.

Pou plis enfòmasyon sou refòmasyon yo, gade sous sa yo nan bibliyotèk misyonè yo: “James E. Talmage, *Jésus le Christ,*” 692–703; M. Russel Ballard, *Our Search for Happiness,* 26–32.

Menmjan mond Krisyanis la te beni pa kouraj ak vizyon refòmasyon yo, anpil lòt peyi ak kilti te beni pa moun ki te resevwa pèsyon sa a “Ke Bondye akòde yo tout sa ki nesese pou yo ta genyen” (Alma 29:8). Ansèyman lòt dirijan relijye yo te ede anpil moun vin pi poli epi gen plis moral.

Budda (Gotama): Li te fèt an 563 A.K., pitit yon chèf Endou nan peyi Nepal. Li te gen pwoblèm avèk soufrans li te wè antoure l yo. Li te sove kite bèl palè rich papa l la, li te renonse avèk mond lan, epi li te viv nan pòvreté. Li t ap chèche eklèsisman, li te dekouvri sa li te rele “chemen delivrans lan”. Li te deklare ke l te atenn Nirvana, yon eta oubli nan swen, doulè, oubyen reyalyte ekstèn yo. Li te vin enstriktè yon kominote mwann (moine).

Nòt

Confoncius: Li te fèt nan lane 551 A.K. Li te òfelen lè l te piti. Li te premye enstriktè pwofesyonèl nan peyi La Chin. Li te pi gran pansè moral epi sosyal La Chin. Li pa t pale anpil sou èt espirityèl ni pouvwa divin. Li te kwè ke syèl la te konfye li yon misyon sakre kòm chanpyon bagay ki bon epi ki vrè.

Mohammed: Li te fèt nan lane 570 A.K. nan Mecca. Li te òfelen lè l te piti. Li te viv yon lavi pòvrete. Li te akeri repitasyon yon fidèl patizan lapè. Li te marye nan laj 25kan. Nan lane 610 li te priye epi medite sou Montay Hira. Li di zanj Gabriel te parèt devan li epi te bal yon mesaj soti nan men Allah (Bondye). Li te deklare li te resevwa kominikasyon nan men Bondye atravè Gabriel soti 620 rive 632. Kominikasyon sa yo, ke li te resite bay disip li yo, te vin ekri nan apre nan Koran, liv sakre Islam nan.

Nòt

Plan Sali a



Objektif ou

Pandan w ap anseye, prepare envestigatè w yo pou yo reponn ak kalifikasyon pou batèm ki anseye nan Doktrin ak Alyans 20:37 yo ak nan kesyon entèvyou pou batèm yo. Sa pi byen fèt si ou envite envestigatè w yo pou yo fè epi kenbe angajman ki ekri anba a yo.

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm

- Èske w kwè ke Bondye se Papa Etènèl nou?
- Èske w kwè ke Jezikri se Pitit Gason Bondye, Sovè epi Redanmtè mond lan?
- Èske w pare pou sannktifye Jou Saba a, ladan pran Sentsèn chak semèn epi rann lòt manm sèvis?

Angajman

- Èske w ap priye pou w konnen ke sa nou anseye w yo vrè?
- Èske w ap repanti pou peche w yo?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske w ap suiv egzanzp Sovè a epi batize (dat)?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman ki nan leson 4 la ke ou chwazi ajoute.

Ede lòt moun aprann sou Jezikri

Misyonè yo dwe temwaye sou Jezikri epi envite tout moun pou vin jwenn ni pou yo ka sove. Bay ansèyman espesifik sou Sovè a enpòtan pou moun ki pa konn anpil bagay oubyen ki pa konn anyen sou li. Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri la pou ede tout moun konnen ke “Jezi se Kris la . . . ki manifeste tèt li devan tout nasyon” (paj tit Liv Mòmmon an). Youn nan fason ki pi efektif pou anseye epi temwaye sou Sovè a se li sa ki nan Liv Mòmmon an ansanm. Pasaj ki nan lòt materyèl debaz yo ka itil tou.

Konsidere sigjesyon sa yo ki anba a. Sa ka fèt kòm yon pati leson sa a oubyen lòt leson oubyen kòm yon leson poukont li. Lè sa itil, repete aktivite sa a plizyè fwa anvan epi apre batèm ak konfirmasyon.

Nòt

Paj tit la ak entwodiksyon an	Rann bi liv la klè.
1 Nefi 10–11	Leyi ak Nefi temwaye sou Sovè a.
1 Nefi 19	Nefi rakonte pwofesi ministè Sovè a ak Ekspyasyon li.
2 Nefi 2	Leyi temwaye sou Sovè a antanke Redanmtè
2 Nefi 9	Jakòb temwaye sou Ekspyasyon an.
2 Nefi 31–33	Nefi anseye doktrin Kris la.
Enòs	Enòs fè eksperyans pouvwa Ekspyasyon an.
Mozya 2–5	Wa Benjamin anseye sou Kris.
Mozya 12–16	Abinadi bay lavi li an temwayan Jezikri.
Alma 5, 7	Alma temwaye sou Sovè a.
Alma 17–22	Lamanit yo resevwa temwayaj sou Jezikri.
Alma 34	Amiek temwaye sou Ekspyasyon an.
Alma 36	Alma fè eksperyans pouvwa Ekspyasyon Jezikri a.
Alma 40–42	Alma temwaye sou Rezirèksyon an ak Ekspyasyon an.
Elaman 5	Nefi ak Leyi se enstriman nan men Bondye pou temwaye sou Sovè a.
3 Nefi 9–10	Sovè a envite moun pou vin jwenn ni.
3 Nefi 11–18	Sovè a anseye Nefit yo sou Papa a ak sou doktrin ni.
3 Nefi 27	Sovè a anseye levanjil li a.
Etè 3	Frè Jarèd la wè Sovè a.
Etè 12	Etè ak Mowoni temwaye sou Sovè a ak pouvwa Ekspyasyon an.
Mowoni 7–8	Mòmmon anseye amou pi Kris la ak Ekspyasyon li a.
Mowoni 10	Mowoni envite tout moun pou vin jwenn Kris epi vin pafè nan li.
“Kris Vivan an”	Pwofèt yo ak Apot yo temwaye sou Sovè a.

Lavi Premòtèl: Objektif Bondye ak Plan li pou nou

Anpil moun ap mande yo, “Ki kote nou soti? Poukisa nou la a? Ki kote nou prale?” Plan Sali a banou repons pou kesyon sa yo.

Bondye se Papa lespri nou. Nou se reyèlman pitit li, epi li renmen nou. Nou te viv antanke pitit lespri Papa nou ki nan Syèl la anvan ou te fèt sou tè sa a. Sepandan, nou pa t tankou Papa nou ki nan Syèl la, ni nou t ap janm ka vin menmjan avèk li epi jwi tout benediksyon li jwi san fè eksperyans vin viv nan mòtalite a avèk yon kò fizik.

Objektif total Bondye—travay li ak glwa li—se pèmèt nou chak jwi tout benediksyon l yo. Li prepare yon plan pafè pou akonpli objektif sa a. Nou te konprann epi nou te aksepte plan sa a anvan nou te vin sou tè a. Nan ekriti yo plan Bondye a rele yon plan mizèrikòd, plan bonè a, plan redanmsyon an, epi plan sali a.

Jezikri se pati santral plan an. Atravè Ekspyasyon li, Jezikri te akonpli bi papa li epi rann posib pou nou chak jwi imòtalite ak lavi etènèl. Satan, oubyen dyab la, se yon ennmi plan Bondye a.

Libabit, oubyen kapasite pou chwazi, se youn nan pi gwo kado Bondye bay pitit li. Pwogresyon etènèl nou depann sou fason nou itilize kado sa a. Nou dwe chwazi oubyen suiv Jezikri oubyen suiv Satan.

Nòt

Nou fizikman separe de Bondye pandan lavi sou tè a, men li vle chak pitit li jwenn lapè nan lavi sa a epi yon plenitud lajwa nan prezans li apre lavi sa a. Li vle nou vin menmjan avèk li.

Etid ekriti

Pitit Bondye

D&A 93:29
Travay 17:29

Ebre 12:9

Objektif Bondye

Moyiz 1:39 Jan 17:3

Lavi Premòtèl

D&A 138:53–56
Moyiz 3:5

Abraram 3:22–26
Jeremi 1:5

Guide des écritures
“La vie pré -mortelle”

Kreyasyon an

Sou direksyon Papa a, Jezikri te kreye tè a kòm yon kote pou nou viv epi akeri eksperyans. Pou nou pwogrese epi vin menmjan avèk li, nou chak dwe gen yon kò epi vin pase tès pandan yon tan pwobasyon sou tè a. Pandan nou sou tè a nou pa nan prezans fizik Bondye. Nou pa sonje lavi pre-terès la. Nou dwe mache pa lafwa olye pa sa nou wè.

Etid ekriti

1 Nefi 17:36
Alma 30:44
D&A 88:41–47

Moyiz 2:1
Moyiz 6:63
Abraram 3:24–25

JST, Jan 1:1–3
2 Korentyen 5:6–7

Libabit ak Chit Adan ak Èv la

Adan ak Èv sete premye pitit Bondye ki te vin sou tè a. Bondye te kreye Adan ak Èv epi li te mete yo nan Jaden Edèn nan. Adan ak Èv te kreye dapre imaj Bondye, avèk kò chè ak zo. Pandan yo te nan jaden an, yo te toujou nan prezans Bondye epi yo te ka viv nèt ale. Yo te viv nan inosans, epi Bondye te founi yo sa yo te bezwen.

Nan Jaden Edèn nan, Bondye te bay Adan ak Èv libabit yo. Li te kòmande yo pou yo pa t manje fwi defandi a, oubyen fwi pyebwa konesans byen ak mal la. Obeyi kòmandman sa a te vle di yo te ka rete nan jaden an, men yo pa t ka pwogrese nan fè eksperyans lopozisyon nan mòtalite a. Yo pa t ka konnen lajwa paske yo pa t ka fè eksperyans doulè ak lapenn.

Satan te tante Adan ak Èv pou yo te manje fwi defandi, epi yo te chwazi fè sa. Sete yon pati plan Bondye a. Akoz chwa sa a, yo te chase yo soti nan jaden an epi soti nan prezans fizik Bondye. Evenman sa a rele Chit la. Separasyon soti nan prezans Bondye a se lanmò espirityèl. Adan ak Èv te vin mòtèl—sijè a lanmò fizik, oubyen separasyon kò a avèk lespri a. Kounyeya yo te ka sibi maladi ak tout kalite soufrans. Yo te gen libète moral oubyen kapasite pou chwazi ant byen ak mal. Sa te pèmèt yo aprann epi pwogrese. Sa te rann posib tou pou yo fè move chwa epi peche. Anplis, yo te ka vin gen pitit kounyeya, konsa rès pitit lespri Bondye yo te ka vin sou tè a, pran kò fizik, epi pase tès. sèlman nan fason sa a pitit Bondye ta ka pwogrese epi vin menmjan avèk li.

Ansèyman sou Chit la

Lè ou fèk ap anseye doktrin sa a, pa anseye tout bagay ou konnen sou li. Eksplike trè senpleman ke Bondye te chwazi de nan pitit li yo, Adan ak Èv, pou te vin premye paran sou tè a. Apre transgresyon yo a yo te vin ka ni peche ni mouri. Poukont pa yo yo pa t ka retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Senyè a te pale avèk Adan epi li te anseye li plan sali a ak Redanmsyon an atravè Senyè a Jezikri. Si yo suiv plan sa a, Adan ak fanmi li te ka gen lajwa nan vi sa a epi retounen viv avèk Bondye (gade Alma 18:36; 22:12–14).

Etid ekriti**Nan Jaden an**

2 Nefi 2	Moyiz 3:15–17	Jenèz 1:26–31
Moyiz 2:26–31	Moyiz 5:11	Jenèz 2:15–17

Chit la

2 Nefi 2:25	Moyiz 4	Jenèz 3
Alma 12:22–34	Moyiz 5:10–12	

Nòt

Lavi nou sou tè a

Lavi sou tè a se yon opòtinite epi yon benediksyon. Objektif nou nan lavi sa a se gen lajwa epi prepare nou pou n retounen nan prezans Bondye. Nan mòtalite a nou viv nan yon kondisyon kote nou sijè avèk ni lanmò fizik ni lanmò espirityèl. Bondye gen yon kò lachè ak zo pafè, glorifye, imòtèl. Pou nou vin tankou Bondye epi retounen nan prezans li, noumenm tou nou dwe gen yon kò lachè ak zo pafè, imòtèl imòtèl. Sepandan, akoz Chit Adan ak Èv la, chak moun sou tè a gen yon kò ki pa pafè, ki mòtèl epi ki nòmalman ap mouri. Si se pa t Sovè a Jezikri, lanmò t ap fini tout espwa nou pou yon egzistans fiti avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Ansanm avèk lanmò fizik la, peche se yon gwo gwo obstak ki kenbe nou anpeche nou vin tankou Papa nou ki nan Syèl la epi retounen nan prezans li. Nan kondisyon motel nou nou souvan tonbe nan tantasyon, kraze kòmandman Bondye yo, epi peche. Pandan lavi nou sou tè a nou chak fè erè. Malgre pafwa sa parèt otreman, peche toujou mennen nan kè pa kontan. Peche lakoz santiman lawont ak remò. Akoz peche nou yo, nou pa kapab retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la amwenske nou toudabò jwenn padon padone epi pwòpte.

Pandan nou nan mòtalite a, nou fè eksperyans ki pote bonè pou nou. Nou fè eksperyans ki pote lapenn ak doulè tou, kèk nan yo koze pa zak pechè lòt moun. Eksperyans sa yo banou opòtinite pou n aprann epi grandi, pou n distenge byen ak mal, ap pou n fè chwa. Bondye enflyanse nou pou nou fè sa ki bon; Satan tante nou pou nou komèt peche. Menmjan avèk lanmò fizik la, nou pa ka simonte efè peche poukont nou. Nou enpuisan san Ekspyasyon Jezikri a.

Etid ekriti**Pwobasyon oubyen Peryòd tè**

2 Nefi 2:21	Alma 12:21–24	Abraram 3:25–26
2 Nefi 9:27	Alma 34:31–35	
Mozya 3:19	Alma 42:2–10	

Chwa

2 Nefi 2:26–29	Jozye 24:15
----------------	-------------

Pou fòs Jèn yo, “Libabit ak Responsablite”

Nòt

Byen ak Mal

Mowoni 7:12–19

Peche

Women 3:23

1 Jan 1:8–10

1 Jan 3:4

Moun ki pa pwòp pa kapab ansanm avèk Bondye

1 Nefi 10:20–21

3 Nefi 27:19

Moyiz 6:57

Alma 41:10–11

Ekspyasyon an

Anvan mond lan te òganize, Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezikri pou l te Sovè nou epi Redanmtè nou. Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a rann posib pou nou simonte efè Chit la. Tout pwofèt yo depi mond lan te kòmanse te temwaye sou Jezikri antanke Redanmtè nou.

Nou tout ap pase pa lanmò fizik, men Jezikri te simonte obstak lanmò fizik la pou nou. Lè l te mouri sou kwa a, espri li te separe avèk kò li. Nan twazyèm jou a, espri li ak kò li te reyini etènèlman, pou yo pa janm separe ankò. Li te parèt devan plizyè moun, li te montre yo ke li te gen yon kò chè ak zo ki imòtèl. Reyinyon kò a ak espri a rele Rezirèksyon epi se yon kado yo pwomèt nou chak. Gras ak Rezirèksyon Jezikri a, nou tout ap resisite ke nou te fè byen oubyen mal nan lavi sa a. Nou tout ap gen yon kò chè ak zo pafè, ki imòtèl ki pap janm sibi maladi, soufrans ak lanmò ankò. Rezirèksyon an pèmèt nou retounen nan prezans Bondye pou n al jije men li pa garanti ke n ap kapab viv nan prezans li. Pou n resevwa benediksyon sa a, nou dwe pwòpte soti nan peche nou yo.



Bondye te voye Pitit Gason Byeneme l la, Jezikri, pou simonte obstak peche anpli obstak lanmò fizik la. Nou pa responsab pou Chit Adan ak Èv la, men nou responsab pou pwòp peche pa nou yo. Bondye pa ka gade peche avèk okenn konsiderasyon, epi peche anpeche nou viv nan prezans li. Sèlman atravè gras ak mizèrikòd Sovè a nou ka vin pwòp soti nan peche nou yo pou nou ka viv avèk Bondye ankò. Sa posib atravè egzèsè lafwa nan Jezikri, repanti, batize, resevwa don Sentespri a, epi andire jiskalafen.

Pou akonpli plan Sali a, Kris la te peye pri pou peche nou yo. Se li menm sèlman ki te kapab fè sa. Li te aple epi prepare depi nan lavi pre-terès la. Li sete Pitit Gason literal Bondye nan lachè. Li te san peche epi li te konplètman obeyisan anvè Papa li. Malgre li te tante, li pa t janm tonbe nan tantasyon. Lè Papa a te mande Pitit Gason Byeneme l la pou l te peye pri peche mond lan yo, Jezi te prepare epi li te dakò. Ekspyasyon an gen ladan soufrans li nan Jaden Jetsemane a ak soufrans li ak lanmò li sou kwa a, epi li fini avèk Rezirèksyon an. Malgre li te soufri odela konpreyansyon—sitèlman ke li te senyen nan chak ti twou ki nan kò li epi li te mande si l te posib pou fado sa a pase lwen li—li te soumèt li bay volonte Papa a nan yon dènye ekspresyon lanmou pou Papa li epi pou nou. Triyonf Jezikri sa a sou lanmò espiyèl pa soufrans li epi sou lanmò fizik pa Rezirèksyon li rele Ekspyasyon an.

Kris pwomèt l ap padone peche nou yo a kondisyon ke nou aksepte li nan egzèsè lafwa nan li, repanti, resevwa batèm pa imèsyon, epi enpozisyon men pou don Sentespri a, epi eseye fidèlman kenbe kòmandman l yo jiskalafen lavi nou. Atravè repantans tout

tan, nou ka jwenn padon epi vin pwòp soti nan peche nou yo pa pouvwa Sentespri a. Nou soulaje anba fado lawont ak kilpabilite, epi atravè Jezikri nou vin diy pou retounen nan prezans Bondye.

Si nou konfye nou nan Ekspyasyon Jezikri a, li ka ede nou andire eprè, maladi, ak lapenn nou yo. Nou ka ranpli avèk lajwa, lapè, ak konsolasyon. Tout sa ki pa pa jis nan lavi ka vin dwat atravè Ekspyasyon Jezikri a.

Sepandan, nan peye pri pou peche nou yo, Jezi pa t elimine responsablite pèsònèl nou. Nou dwe montre nou aksepte li epi n ap suiv kòmandman l yo. Se sèlman atravè kado Ekspyasyon an nou ka retounen viv avèk Bondye.

Etid Ekriti

Rezireksyon

2 Nefi 9:6–7	D&A 88:27–32	Guide des écritures, “Mort, physique”
Alma 11:42–45	Lik 24:1–10, 36–39	“Mort, spirituelle” “Resurrection”
Alma 40:23	1 Korentyen 15:20–23	
Elaman 14:15–19	JST, 1 Korentyen 15:40–42	

Ekspyasyon

2 Nefi 2:6–8	D&A 19:15–19	1 Jan 1:7
Alma 7:11–13	D&A 45:3–5	Guide des écritures “Expier, Expiation”
Alma 34:8–10	Jan 3:16–17	

Levanjil la—Chemen an

2 Nefi 9:1–24	Alma 11:40	3 Nefi 27
2 Nefi 31	3 Nefi 11:31–41	Mowoni 7:27–28

Mond Lespri a

Malgre Kris te konkeri lanmò fizik, tout moun dwe mouri, paske lanmò se yon pati pwosesis pou nou transfòme soti nan mòtalite ale nan imòtalite a. Nan lanmò espri nou ale nan mond lespri a. Lanmò pa chanje pèsònalite ni ni dezi nou pou byen ak mal. Moun ki te chwazi obeyi Bondye nan lavi sa a viv nan yon eta bonè, lapè, epi yo repoze soti nan pwoblèm yo. Moun ki pa t chwazi obeyi nan lavi sa a epi ki pa t repanti ap viv nan yon eta malere. Nan mond lespri a levanjil la preche bay moun ki pa t obeyi levanjil la oubyen ki pa t gen opòtinite pou tande li pandan yo te sou tè a. Nou rete nan mond lespri a jiskaske nou resisite.

Etid ekriti

Yo preche moun ki mouri yo levanjil la

D&A 138	1 Pyè 3:19–20	1 Pyè 4:6
---------	---------------	-----------

Lanmò ak Mond Lespri a

Alma 34:34	Alma 40:11–14	Eklezias 12:7
------------	---------------	---------------

Rezireksyon, Jijman, ak Imòtalite

Lè kò nou ak espri nou reyini atravè Rezireksyon an, n ap vin nan prezans Bondye pou nou jije. N ap sonje pafètman fidelite nou ak kilpablite nou. Si nou te repanti, n ap resevwa mizèrikòd. N ap rekonpanse selon zèv nou ak dezi nou yo.

Nòt

Nòt

Atravè Rezirèksyon an tout moun ap vin imòtèl—y ap viv pou tout tan. Imòtalite se yon kado gratis pou tout moun, ke li jis ke li mechan. Sepandan, lavi etènèl la se pa menm bagay avèk imòtalite a. Lavi etènèl se yon kado Bondye bay moun ki obeyi levanjil li a sèlman. Se eta ki pi elve nou ka atenn. Se moun ki te libere yo soti nan peche ak soufrans atravè Ekspyasyon Kris la k ap jwenn ni. Li se egzaltasyon, ki vle di viv avèk Bondye pou tout tan nan fanmi etènèl. Se konnen Bondye ak Jezikri epi fè eksperyans lavi y ap viv la.

Rezirèksyon ak Reyenkanasyon

Gen kèk moun ki ka konfonn doktrin Rezirèksyon an avèk konsèp reyenkanasyon. Konsèp reyenkanasyon an siyifi fèt nan mond lan ankò nan yon fòm diferan epi li se yon fos doktrin. Doktrin Rezirèksyon an siyifi resevwa yon rekonpans etènèl yon kò chè ak zo imòtèl. Sa se vrè doktrin. Asire ou ke moun w ap anseye yo konprann doktrin Rezirèksyon an klèman.

Wayòm glwa yo

Pandan lavi mòtèl nou nou fè chwa konsènan byen ak mal. Bondye rekonpanse nou selon zèv nou ak dezi nou. Paske Bondye rekonpanse chak moun selon sa yo fè nan lachè a, gen plizyè wayòm glwa kote yo ka voye nou apre Jijman an. Moun ki te repanti pou peche yo epi te resevwa òdonans levanjil yo epi te respekte alyans yo ap pwòpte pa Ekspyasyon Kris la. Y ap resevwa egzaltasyon nan wayòm ki pi wo a, ke nou konnen kòm wayòm selès tou. Y ap viv nan prezans Bondye, y ap vin menmjan avèk li, epi y ap resevwa yon plenitud lajwa. Y ap viv ansanm pou letènite avèk moun nan fanmi yo ki kalifye. Nan ekriti yo wayòm sa a konpare avèk glwa oswa klate solèy la.

Moun ki pa aksepte plenitud levanjil Jezikri a men ki viv onorableman ap resevwa yon plas nan wayòm terès la. Wayòm sa a konpare avèk glwa lalin nan.

Moun ki te kontinye nan peche yo epi ki pa t repanti nan lavi sa a ap resevwa rekonpans yo nan wayòm ki pi ba a, ki rele wayòm telès. Wayòm sa a konpare avèk glwa zetwal yo.

Etid Ekriti

Rezirèksyon ak Retablisman

2 Nefi 9:14–15 Jakòb 6:8–9 Alma 42:13–15, 22–23

Jijman

2 Nefi 28:23 Alma 5:15–21 D&A 132:12; 137:9
Mozya 3:23–25 Alma 12:12–14 Jan 5:22

Wayòm glwa yo

3 Nefi 28:10 D&A 76 Matye 5:48
D&A 76: Entwodiksyon D&A 137 1 Korentyen 15:40–42

Lavi Etènèl

2 Nefi 31:17–21 D&A 45:8 Jan 3:16
D&A 14:7 D&A 93:19 Jan 17:3
D&A 29:43–44

Nòt

Ide pou ansèyman

Seksyon sa a gen ide pou itilize nan preparasyon pou leson sa a epi nan ansèyman li. Nan lapriyè, suiv Lespri a lè w ap deside kijan pou w itilize ide sa yo. Ajoute ide ou chwazi nan plan leson ou. Mete nan tèt ou ke ide sa yo se sigjesyon—yo pa kondisyon—pou ede ou reponn ak bezwen moun w ap anseye yo.

Plan pou yon ti leson kout (3–5 minit)

Plan sali a anseye nou ki kote nou soti, poukisa nou isit la sou tè a, epi ki kote nou pral apre lavi sa a. Li trase vwayaj etènèl nou atravè premòtalite, lavi mòtèl, lanmò, rezirèksyon, epi rive nan lavi nou nan letènite yo. Plan eksplike tou kisa Papa eman nou ki nan Syèl la fè pou ede nou rann vwayaj sa a gen siksè pou nou ka retounen nan prezans li epi vin menmjan avèk li. Plan an foke sou misyon ak Ekspyasyon Jezikri a nan simonte efè Chit la epi rann lavi etènèl posib pou nou. Nou envite ou pou w medite epi priye osijè mesaj sa a.

- Lavi Pre-terès: Objektif Bondye ak Plan li pou nou
- Kreyasyon an
- Libabit ak Chit Adan ak Èv la
- Lavi nou sou tè a
- Ekspyasyon an
- Mond Lespri a
- Rezirèksyon, Jijman, ak Imòtalite
- Wayòm Glwa yo

Angajman

- Èske w ap priye pou w konnen sa nou anseye a vrè?
- Èske w ap repanti pou peche ou yo?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske w ap suiv egzanzp Sovè a epi vin batize nan (dat)?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman nan leson 4 la ou ka chwazi pou ajoute.

Plan pou yon pi gwo leson (10–15 minit)

Mesaj nou ede nou konprann bi lavi a ak kiyès nou ye. Li banou espwa epi li ede nou jwenn lapè, lajwa, ak bonè. Li di nou ki kote nou soti, poukisa nou la a sou tè a, epi ki kote nou prale apre lavi sa a. Bondye se Papa nou, epi li renmen nou. Nou se pitit li. Nou fè pati fanmi li, epi nou te viv avèk li anvan nou te fèt sou tè sa a. Li gen yon plan bonè ki rann posib pou nou retounen nan prezans li apre lavi sa a. Pwogrè nou depann sou fason nou itilize libabit, oubyen kapasite pou chwazi Bondye banou an. Kòm pati plan sa a, Chit Adan an rann ni posib pou nou vin sou tè a, akeri yon kò fizik, fè eksperyans, epi gen pwòp fanmi pa nou. Men Chit la mennen lanmò fizik tou, ki se separasyon espri a avèk kò a, ak lanmò espiyèl, ki se separasyon avèk Bondye.

Jezikri se santral plan Bondye a. Sakrifis Ekspyatwa Kris la simonte efè ni lanmò fizik ni lanmò espiyèl. Nou tout ap resisite epi nou pral viv pou

Nòt

tout tan avèk kò fizik ki pap soufri ni malad ankò. Kris te rann posib pou nou simonte lanmò espiyèl tou. Si nou viv levanjil li l ap padone nou peche nou yo avèk mizèrikòd. L ap geri nou epi l ap ranplase lawont nou ak remò nou pa lapè ak bonè nan lavi sa a.

Kòm pati plan mizèrikòd Bondye a, nout tout ap pase pa lanmò fizik. Espri nou ap separe avèk kò nou epi n ap viv pou yon tan nan mond lespri a. Apre sa n ap resisite avèk yon kò imòtèl, yon inyon etènèl kò nou avèk lespri nou. Nou pral jije selon zèv nou ak dezi nou. Moun ki te viv levanjil la apr resevwa pi gwo kado Papa nou ki nan Syèl la, kado lavi etènèl nan prezans li.

Papa nou ki nan Syèl la lonje lamèn ankò bay pitit li yo nan lanmou pou l revele plan bonè l la. Nou aprann osijè plan mèveye sa a nan Liv Mòmòn an, ke nou ka li, medite, epi priye sou li. Nou envite ou pou w ale legliz epi adore avèk nou.

Angajman:

- Èske w ap priye pou konnen sa nou anseye a vrè?
- Èske w ap w ap repanti pou peche w yo?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske w ap suiv egzanp Sovè epi vin batize (dat)?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman ki nan leson 4 la ou chwazi pou ajoute.

Plan pou yon leson antye (30-45 minit)

- Lavi Premòtèl: Objektif Bondye ak Plan li pou nou
 - Bondye se Papa nou ki nan Syèl la, epi nou se pitit li (gade Travay 17:16–34; Ebre 12:9).
 - Bondye gen yon plan pou bonè nou. Jezikri se santral plan sa a.
 - Plan bonè Bondye a rann posib pou nou retounen nan prezans li (gade Moyiz 1:39).
 - Pwogresyon etènèl nou depann sou fason nou itilize libabit nou (gade 2 Nefi 2:27–29).
- Kreyasyon an
 - Sou direksyon Papa a, Jezikri te kreye tè a (gade Ebre 1:1–3).
- Libabit ak Chit Adan ak Èv la
 - Adan ak Èv te kreye dapre imaj Bondye (gade Jenèz 1:26–27).
 - Nan Jaden Edèn nan yo te inosan epi yo te viv nan prezans Bondye.
 - Paske yo te manje fwi defandi a, yo te chase soti nan jaden an (gade Moyiz 4:19–31). Sa rele Chit la.
 - Yo te vin mòtè, yo te vin kapab fè pitit, epi yo te vin sijè ak peche ak lanmò (gade 2 Nefi 2: 22-25; Moyiz 5:11).

Nòt

- Lavi nou sou tè a
 - Bi nou nan lavi se jwenn lapè, lajwa, ak bonè dirab antanke fanmi epi pou prepare pou nou retounen viv avèk Bondye.
 - Nou te vin sou tè a pou nou pase tès (gade Abraram 3:24–25).
 - Nou akeri yon kò chè ak zo, men nou sijè ak lanmò fizik.
 - Bondye bay kòmandman. Si nou obeyi, n ap beni. Si nou dezobeyi, nou peche epi n ap resevwa konsekans yo.
 - Tout peche dwe peye, oubyen pa nou menm oubyen pa Jezikri (gade D&A 19:15–20).
 - Nou fè chwa, epi nou tout komèt peche (gade Women 3:23).
 - Nou fè eksperyans ki pote bonè pou nou epi ki pote lapenn tou.
 - Nou pa ka simonte lanmò fizik ni lanmò espirityèl san Kris la.
- Ekspyasyon an
 - Paske Jezikri simonte lanmò fizik, nou tout ap resisite (gade Alma 11:41–43).
 - Gras ak Ekspyasyon Kris la nou ka vin pwòpte soti nan peche pou nou ka retounen viv nan prezans Bondye (gade 2 Nefi 9:8–9).
 - Kris ap padone peche nou yo si nou gen lafwa nan li, repanti, resevwa batèm ak don Sentespri a, epi pèsèvere jiskalafen.
- Mond Lespri a
 - Tout moun dwe mouri.
 - Lè n mouri espri nou ale nan mond lespri a.
 - Nou viv oubyen nan yon eta mizè oubyen nan yon eta lapè ak repo, selon jan nou te viv nan lavi sa a.
- Rezirèksyon, Jijman, ak Imòtalite
 - Espri nou ak kò nou ap reyini nan rezirèksyon an (gade Alma 11:42–45);
 - N ap retounen nan prezans Bondye pou nou jije selon zèv nou ak dezi nou yo.
 - Si nou te repanti, n ap resevwa mizèrikòd.
 - Lavi etènèl se yon don Bondye bay moun ki obeyi levanjil Jezikri a totalman (gade D&A 14:7).
- Wayòm glwa yo (gade D&A 76; 137; 1 Korentyen 15:40–42).
 - Nou resevwa rekonpans selon zèv nou ak dezi nou yo (gade D&A 137:9).
 - Moun ki resevwa levanjil la epi ki viv li fidèlman pandan tout lavi yo ap resevwa wayòm selès la (gade D&A 76:50–70).
 - Moun onorab ki “avegle pa riz lèzòm” epi ki “pa vanyan nan temwaj Jezikri” a ap resevwa wayòm terès la (gade D&A 76:76, 79).
 - Moun ki peche epi ki pa repanti ap resevwa wayòm telès apre yo fin souffri epi peye pou peche yo.

Nòt

Angajman

- Èske w ap priye pou konnen sa nou anseye a vrè?
- Èske w ap w ap repanti pou peche w yo?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske w ap suiv egzanp Sovè epi vin batize (dat)?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman ki nan leson 4 la ou chwazi pou ajoute.

Kesyon pou poze apre ou fin anseye

- Ki kesyon ou genyen sou sa nou anseye a?
- Kisa ou konpran sou plan Bondye a pou nou ak pou fanmi nou an?
- Nan sa nou anseye w la, kisa ou konprann apwopo wòl Jezikri a? Kisa sa vle di pou ou?

Definisyon kle

Men kèk tèm yo souvan pa konprann. Asire w ke ou eksplike yo klèman epi chèche konnen si moun w ap anseye yo konprann.

- **Chit (Adan ak Èv) la:** Lè Adan ak Èv te manje fwi defandi a, yo te vin mòtèl—sa vle di, sijè ak peche ak lanmò. Adan te vin “premye chè” sou tè a (Moyiz 3:7). Revelasyon dènye jou yo rann klè ke Chit la se yon benediksyon epi ke Adan ak Èv dwe onore antanke premye paran tout limanite.
- **Egzaltasyon:** Lavi etènèl nan prezans Bondye; vin menmjan avèk Papa nou ki nan Syèl la epi viv nan prezans li. Pi gwo nan tout don Bondye yo. Egzaltasyon vini atravè Ekspyasyon Kris la epi atravè obeyisans nan tout lwa ak òdonans levanjil yo.
- **Ekspyasyon:** Jan li itilize nan ekriti yo, ekspye se soufri pri pou yon peche, konsa li retire efè peche yo soti nan pechè repantan yo epi pèmèt yo rekonsilye avèk Bondye. Jezikri te soufri nan Jetsemane epi sou kwa a. Li sete sèl moun ki kapab fè yon Ekspyasyon pou tout limanite. Li te soufri pri pou peche nou yo nan Jetsemane epi li te mouri sou kwa a. Li te pran sou li lapenn, maladi, tantasyon, afliksyon, ak enfimite nou tout (gade Alma 7:11–12).
- **Imòtalite:** Kondisyon pou viv nèt ale nan yon eta resisite, ki pa sijè avèk lanmò fizik.
- **Jijman:** Bondye, atravè Jezikri, ap jije nou endividyèlman pou detèmine glwa etènèl n ap resevwa. Jijman sa a ap baze sou obeyisans nou anvè kòmandman Bondye yo, ladan akseptans Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a. N ap resevwa rekompans etènèl ki baze sou si zèv nou ak dezi nou yo te bon oubyen move.
- **Lanmò espirityèl:** Separasyon soti bò kot Bondye ak enfluyans li; mouri pa rapò avèk bagay ki anrapò avèk lajistis yo. Lanmò espirityèl te entwodui nan mond lan pa Chit Adan an (gade Alma 42:6–7). Moun mòtèl ki gen panse, pawòl, ak aksyon mekanste mouri espirityèlman pandan ke yo toujou vivan sou tè a (gade 2 Nefi 9:39). Atravè Ekspyasyon Jezikri a epi pa obeyisans anvè prensip ak òdonans levanjil yo, gason ak fi ka vin pwòpte soti nan peche epi simonte lanmò espirityèl.

Nòt

- **Lanmò fizik:** Separasyon avèk espri nou, ki viv pou tout tan epi ki pa ka mouri, soti nan kò fizik nou.
- **Lavi premòtèl (premòtalite; lavi pre-terès):** Antanke pitit lespri Papa nou ki nan Syèl la, nou te viv nan prezans li anvan nou te fèt sou tè sa a. Nan lavi premòtèl la nou pa t gen kò fizik.
- **Mòtalite:** Moman soti nan nesans rive nan lanmò fizik.
- **Redanmsyon:** Delivre, achte, oubyen bay ranson, tankou peye pou libere yon moun soti nan esklavaj. Redanmsyon fè referans avèk Ekspyasyon Jezikri a epi avèk delivrans soti nan peche. Ekspyasyon Jezi a rachte tout limanite soti nan lanmò fizik. Atravè Ekspyasyon li, moun ki gen lafwa nan li epi ki repanti yo ap rachte soti nan lanmò espirityèl tou.
- **Rezirèksyon:** Reyinyon kò lespri a avèk kò chè ak zo a apre lanmò. Apre Rezirèksyon an, lespri a ak kò a pap janm separe ankò, epi moun nan imòtèl. Chak moun ki fèt sou tè a ap resisite paske Jezikri te simonte lanmò.
- **Sali:** Sove soti nan lanmò fizik ak lanmò espirityèl. Tout moun ap sove soti nan lanmò fizik pa lagras Bondye, atravè lanmò ak Rezirèksyon Jezikri a. Chak moun ka sove soti nan lanmò espirityèl osibyen pa lagras Bondye tou, atravè lafwa nan Jezikri. Lafwa sa a manifeste nan yon lavi obeyisans anvé lwa yo ak òdonans levanjil yo ak sèvi Kris la.

Lòt tèm ou ka bezwen plis definisyon pou yo pou moun w ap anseye yo

- Batèm pa imèsyon
- Fwi defandi
- Jaden Edèn
- Kreyasyon
- Lafwa
- Lanmò fizik
- Lavi etènèl
- Mond Lespri
- Opozisyon
- Padon [pou peche]
- Peche
- Plan sali
- Pwobasyon
- Pwogresyon etènèl
- Pwòpte [soti nan peche]
- Pyebwa konesans byen ak mal la
- Repanti
- Selès
- Telès
- Terès
- Wayòm glwa yo

Levanjil Jezikri a

Nòt



Objektif ou

Pandan w ap anseye, prepare envestigatè w yo pou yo reponn avèk kalifikasyon yo anseye nan Doktrin ak Alyans 20:37 yo ak nan kesyon pou entèvyou pou batèm yo. Sa pi byen fèt lè ou envite envestigatè yo pou yo fè epi respekte angajman ki ekri anba la yo.

Kesyon pou Entèvyou pou batèm

- Èske w kwè ke Bondye se Papa Etènèl nou?
- Èske w kwè ke Jezikri se Pitit Gason Bondye, Sovè epi Redanmtè mond lan?
- Èske w kwè ke legliz la ak levanjil Jezikri a te retabli atravè Pwofèt Joseph Smith?

Angajman

- Èske w ap kontinye devlope lafwa nan Jezikri nan kontinye aprann sou levanjil li a?
- Èske w ap repanti epi priye pou padon peche w yo?
- Èske w ap batize kòm manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo (dat)? Èske w ap konfime epi resevwa don Sentespri a?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman nan leson 4 la ou chwazi ajoute.

Atravè Kris nou ka pwòpte soti nan peche

Bondye te voye Pitit Gason Byeneme l la, Jezikri, nan mond lan pou tout pitit Bondye yo ka gen posiblite pou retounen viv nan prezans li apre yo mouri. Se sèlman atravè gras ak mizèrikòd Sovè a nou ka vin pwòpte soti nan peche pou nou ka viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la ankò. Vin pwòp soti nan peche se geri espiyèlman (gade 3 Nefi 9:13; 18:32).

Gras ak Ekspyasyon ak Rezirèksyon Kris la, tout moun ap retounen nan prezans Senyè a pou yo jije selon aksyon yo ak dezi yo (gade 2 Nefi 9:10–16; Elaman 14:15–18; 3 Nefi 27:14–22; D&A 137:9). N ap jije selon lwa jistis ak mizèrikòd yo.

Jistis se lwa enchanjab ki Mennen konsekans pou aksyon—benediksyon pou obeyisans nan kòmandman Bondye yo epi pri pou dezobeyisans. Nou tout fè peche. Peche rann

Nòt

nou pa pwòp, epi okenn bagay ki pa pwòp pa ka viv nan prezans Bondye (gade 1 Nefi 10:21; 3 Nefi 27:19; Moyiz 6:57).

Sovè a te satisfè demann jistis yo pou moun ki repanti soti nan peche yo epi ki ap efòse yo pou yo kenbe tout kòmandman l yo lè l te kanpe nan plas nou epi soufri pri pou peche nou yo. Aksyon sa a rele Ekspyasyon. Gras ak aksyon dezenterese sa a, Kris ka plede avèk papa a an favè nou. Papa nou ki nan Syèl la ka itilize mizèrikòd li, retire pinisyon an pou nou epi akeyi nou nan prezans Li. Papa nou ki nan Syèl la montre mizèrikòd pou nou lè li padone nou peche nou yo epi ede nou retounen demere nan prezans li.

Sepandan, Jezi pa t elimine responsablite pèsònèl nou. Li padone peche nou lè nou aksepte li, repanti, epi obeyi kòmandman l yo. Atravè Ekspyasyon an ak viv levanjil la nou vin diy pou nou antre nan prezans Papa nou ki nan Syèl la etènèlman. Nou dwe montre ke nou aksepte Kris epi ke nou gen lafwa nan li nan respektè kòmandman l yo epi obeyi premye prensip ak òdonans levanjil yo.

Peche

Mo "peche" a vle di plizyè bagay nan diferan kilti. Nan kèk kilti li asosye kole kole avèk lide komèt krim. Nan lòt kilti li aplike sèlman si yo kenbe yon moun ap fè yon move bagay epi konsa pote lawont pou yon fanmi oswa yon kominote. Klarifye ke peche se dezobeyisans anvè kòmandman Bondye yo epi kòm rezilta li mennen nan separe avèk Bondye. Bondye konnen tout sa n ap fè ak tout sa nou panse, epi nou deplè li lè nou peche. Pa pale sou transgresyon pase w yo. Dekouraje obuyen mande envestigatè yo pou yo pa pale sou transgresyon yo.

Etid ekriti

Bondye te voye Pitit Gason l lan

Alma 11:40

Jan 3:16–17

Kris se Avoka nou

D&A 45:3–5

Sali atravè Kris la

2 Nefi 2:6–8

Alma 34:8–9, 14–16

Mizèrikòd ak Jistis

Mozya 15:9

Alma 42:22–25


2 Nefi 9:21–24

Lafwa nan Jezikri

Premye prensip levanjil la se lafwa nan Senyè Jezikri. Gen lafwa nan Kris gen ladan genyen yon fèm kwayans ke li se Sèl Pitit Gason Byeneme Bondye epi Sovè ak Redanmtè mond lan. Nou rekonèt ke nou ka retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la sèlman si nou konte sou gras ak mizèrikòd Pitit Gason l lan. Lè nou gen lafwa nan Kris la, nou aksepte epi nou aplike Ekspyasyon l la avèk ansèyman l yo. Nou kwè nan li ak nan sa li di. Nou konnen ke li gen pouvwa pou kenbe pwomès li. Papa nou ki nan Syèl la beni moun ki gen lafwa pou obeyi Pitit Gason l lan.

Lafwa nan Kris la mennen nan aksyon. Li mennen nan repantans sensè epi dirab. Gen lafwa lakoz nou eseye osi di nou kapab pou n aprann sou Sovè a epi vin plis menmjan avèk li. Nou vle aprann sa kòmandman l yo ye epi konsa obeyi yo. Menmsi n ap toujou komèt erè, nou montre amou nou pou li nan efòse kenbe kòmandman l yo epi evite peche.

Nou kwè nan Kris, epi nou kwè li vle nou kenbe tout kòmandman l yo. Nou vle montre lafwa nou nan obeyi li. Nou priye nan lafwa pou fòs pou simonte tantasyon.



Nou ka devlope lafwa nan yon prensip patikilye tou, tankou Pawòl Sajès la, oubyen Dim, nan premèman kwè nan Jezikri ase solidman pou obeyi kòmandman l yo. Pandan n ap viv yon kòmandman byen espesifik, nou aprann laverite sou li pa eksperyans (gade Jan 7:17). Nou grandi nan lafwa tou lè nou koute pawòl Bondye (gade Women 10:17) epi lè nou li pawòl Bondye (gade Elaman 15:7–8).

Lè nou obeyi Bondye, li beni nou. Li banou pouvwa pou n fè fas avèk pwoblèm lavi yo. Li ede nou chanje dezi kè nou yo. Atravè lafwa nou nan Jezikri, li ka geri nou, ni fizikman ni espirituelman.

Etid ekriti

Lafwa, pouvwa, ak Sali

1 Nefi 7:12 Mowoni 7:33–34
2 Nefi 9:23 Mowoni 10:7
2 Nefi 25:23

Doktrin Lafwa a

Alma 32 Guide des Ecritures,
Efezyen 2:8 “La Foi”

Egzanp Lafwa

Etè 12 Ebre 11

Zèv ak Obeyisans

1 Nefi 3:7 Jak 2:17–26
D&A 130:20–21

Lafwa ki mennen nan repantans

Alma 34

Repantans

Dezyèm prensip levanjil la se repantans. Lafwa nou nan Kris ak lanmou nou pou li mennen nou repanti, oubyen chanje panse nou, kwayans nou, ak konpòtman nou ki pa ann amoni avèk volonte li. Repantans gen ladan fòm yon nouvo konpreyansyon sou Bondye, sou tèt nou, ak mond lan. Lè nou repanti, nou santi bon remò, apre sa nou sispann fè sa ki pa bon epi nou kontinye fè sa ki bon. Mete lavi nou nan liy volonte Bondye atravè repantans se bi esansyèl lavi nou. Nou ka retounen viv avèk Bondye Papa a sèlman atravè mizèrikòd Kris la, epi nou resevwa mizèrikòd Kris la sèlman sou kondisyon repantans.

Pou nou repanti, nou rekonèt peche nou yo epi nou santi regrè, oubyen bon remò. Nou konfese peche nou bay Bondye. Nou konfese peche serye yo tou bay dirijan otorize legliz la, ki ka ede nou repanti. Nou mande Bondye nan lapriyè pou l padone nou. Nou fè tout sa nou kapab pou korije pwoblèm aksyon nou yo ka koze; sa rele restitasyon. Lè nou repanti, konsepsyon nou te gen sou tèt nou epi sou mond lan chanje. Pandan n ap chanje, nou rekonèt ke nou se pitit Bondye epi ke nou bezwen pa kontinye fè menm erè yo ankò. Si nou repanti sensèman, nou vire do bay peche nou yo epi nou pap fè yo ankò. Nou reziste anba tout dezi pou komèt peche. Dezi nou pou suiv Bondye grandi vin pi solid epi pi pwofon.

Repantans sensè mennen plizyè rezilta. Nou santi padon Bondye ak lapè li nan lavi nou. Kilpabilite nou ak remò nou ale lwen. Nou santi enfluyans Lespri a nan pi gran abondans. Epi lè nou ale kite lavi sa a, n ap pi byen prepare pou n viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason l lan.

Menm apre nou fin aksepte Kris epi repanti pou peche nou yo, nou ka tonbe epi peche ankò. Nou dwe toujou ap eseye korije transgresyon sa yo. Anplis, nou dwe toujou ap amelyore—pou devlope kalite kretyen, pou grandi nan konesans, epi pou sèvi pi efektivman. Pandan n ap aprann plis sou sa Sovè a ap atann nan men nou, n ap vle montre amou nou nan obeyi li. Konsa, amezi n ap repanti chak jou, n ap twouve ke lavi nou ap chanje epi

Nòt

Nòt

amelyore. Kè nou ak konpòtman nou ap vin pi kretyen. N ap vin santi pi gran lajwa nan repanti chak jou.

Etid ekriti

Nou tout peche

Women 3:23 1 Jan 1:7-8

Repantans

Alma 34:8-17 2 Korentyen 7:9-10
D&A 58:42-43 Guide des Ecritures,
D&A 61:2 "Repentir, Repentance"

Redanmsyon ak Padon

Elaman 5:10-11

Mizèrikòd reklame moun ki penitan

Alma 12:32-35 D&A 18:10-13
Alma 42:13, 21-24

Batèm, Premye alyans nou

Lafwa nan Jezikri ak repantans prepare nou pou òdonans batèm ak konfimasyon. Yon òdonans se yon seremoni oubyen rit ki sakre ki montre ke nou antre nan alyans avèk Bondye.

Bondye toujou mande pitit li pou yo fè alyans. Yon alyans se yon akò liyan epi solanèl ant Bondye ak lòm. Bondye pwomèt pou l beni nou, epi nou pwomèt pou n obeyi li. Bondye tabli tèm alyans levanjil yo, ke nou gen dwa aksepte oubyen rejte. Kenbe alyans yo mennen benediksyon nan lavi sa a ak egzaltasyon nan lavi k ap vini an.

Alyans plase nou anba yon gwo obligasyon pou n onore angajman nou anvè Bondye. Pou n kenbe alyans nou, nou dwe kite aktivite oubyen enterè ki anpeche nou onore alyans sa yo. Pa egzanp, nou kite achte ak chèche lwazi jou Dimanch pou nou ka kenbe Jou Saba a sen. Nou dwe anvi resevwa alyans Bondye ofri nou yo diyman epi apre sa efòse nou pou n kenbe yo. Alyans nou yo raple nou pou n repanti chak jou nan lavi nou. Lè nou respekte kòmandman yo epi sèvi lòt moun nou resevwa epi nou konsève remisyon pou peche nou yo.

Alyans yo abityèlman fèt pa mwayen òdonans sakre, tankou batèm. Òdonans sa yo administre pa otorite Prètriz la. Pa egzanp, atravè òdonans batèm nan, nou fè alyans pou n pran non Jezikri sou tèt nou, toujou sonje li, epi kenbe kòmandman l yo. Lè nou kenbe pati pa nou nan alyans la, Bondye pwomèt nou konpayi konstan Sentespri a, yon remisyon pou peche nou, epi nou fèt ankò.

Atravè òdonans sakre, tankou batèm ak konfimasyon, nou aprann sou pouvwa Bondye epi nou fè eksperyans pouvwa Bondye (gade D&A 84:20). Jezi te anseye ke nou dwe batize pa imèsyon pou remisyon, oswa padon peche nou yo. Batèm se yon òdonans pou sali ki esansyèl. Okenn moun pa ka antre nan wayòm Bondye a san batize. Kris te montre nou egzanp lan kote li te batize.

Batèm pa imèsyon se yon senbòl lanmò, antere, ak rezirèksyon Sovè a. Nan yon fason menmjan an, li reprezante fen ansyen lavi peche nou ak yon angajman pou viv yon nouvo lavi antanke disip Kris. Sovè a te anseye ke batèm se yon renesans. Lè nou batize nou kòmanse pwosesis vin fèt ankò a epi vin pitit gason ak pitit fi espirityèl Kris la (gade Mozya 5:7-8; Women 8:14-17).



Nou dwe batize pou nou vin manm legliz retabli a, Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, epi pou nou antre nan wayòm syèl la finalman. Òdonans sa a se yon lwa Bondye epi li dwe akonpli pa otorite li. Yon evèk oubyen yon Prezidan Misyon dwe bay yon detantè Prètriz pèmasyon pou l akonpli yon batèm oubyen yon konfimasyon.

Timoun piti yo pa bezwen batize epi yo rachte atravè mizèrikòd Jezikri (gade Mowoni 8:4–24). Yo pa batize pa anvan yo atenn laj responsablite a, ki se uitan (gade D&A 68:27).

Anvan batèm nou montre bòn volonte nou pou nou antre nan yon alyans pou n kenbe tout kòmandman yo pou rès lavi nou. Apre batèm nou montre lafwa nou nan kenbe alyans nou yo. Nou renouvle alyans nou te fè lè nou te batize yo regilyèman lè nou pran Sentsèn. Pran Sentsèn nan chak semèn se yon kòmandman. Li ede nou rete diy pou nou toujou gen Lespri a avèk nou. Se yon rapèl chak semèn konsènan alyans nou yo. Jezikri te entwodui òdonans sa a pou Apot li yo egzakteman anvan Ekspyasyon l lan. Li te retabli li atravè Pwofèt Joseph Smith. Sovè a te kòmande pou detantè Prètriz yo administre Sentsèn nan an souvni kò li ak san li, ke l te vèsè pou nou. Lè nou pran Sentsèn nan diyman nou pwomèt pou n toujou sonje sakrifis li a, nou renouvle pwomès nou yo, epi nou resevwa yon nouvo pwomès ke Lespri a ap toujou avèk nou.

Anvan batèm

Asire ou ke envestigatè yo devlope lafwa nan Kris la, repanti pou transgresyon yo, epi fè chanjman efikas nan lavi yo pou kalifye yo jan yo kòmande sa nan Doktrin ak Alyans 20:37 la. Envestigatè yo dwe viv prensip diyite moral yo, Pawòl Sajès la, epi angaje yo pou yo peye dim. Si misyonè yo santi yo bezwen plis preparasyon, yo dwe ranvwaye batèm nan jiskaske envestigatè a konprann prensip la.

Anvan batèm chak envestigatè dwe fè tout leson misyonè yo, renkontre avèk evèk la oubyen Prezidan Branch lan, epi asiste plizyè reyinyon Sentsèn (“Deklarasyon sou travay misyonè”, lèt Premye Prezidans lan, 11 Desanm 2002).

Etid ekriti

Egzanp Kris

2 Nefi 31:4–18 Matye 3:13–17

Alyans Batèm nan

Mozya 5:8–10 D&A 20:37
Mozya 18:8–10

Kalifikasyon pou batèm

2 Nefi 9:23 Mowoni 6:1–4
Mozyah 18:8–10 D&A 20:37
Alma 7:14–15 Travay 2:37–39
3 Nefi 11:23–27

Senyè a enstitiye Sentsèn nan

3 Nefi 18:1–18 Lik 22:15–20

Benediksyon pwomi Batèm yo

Mozya 4:11–12, 26 Jan 3:5
Mowoni 8:25–26 Women 6:4

Priyè Sentsèn yo

Mowoni 4 and 5 D&A 20:75–79

Pran Sentsèn

D&A 27:2 1 Korentyen 11:23–29

Nesesite pou gen Otorite

D&A 22 Ebre 5:4

Don Sentespri a

Jezi te anseye ke nou dwe batize nan dlo epi nan Sentespri a tou. Batèm nan dlo a dwe suiv pa batèm nan Sentespri a san sa li pa konplèt. Se sèlman lè nou resevwa batèm ak don Sentespri a ke nou resevwa yon remisyon pou peche nou epi vin konplètman fèt ankò espirityèlman. Lè sa a nou kòmanse yon nouvo lavi espirityèl antanke disp Kris la.

Nòt

Aprè yon moun fin batize nan dlo, youn oubyen plis detantè Prèttriz ki otorize mete men sou tèt moun sa a epi konfime li yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Lè sa a yo bali don Sentespri a.

Moun ki resevwa don Sentespri a epi ki rete diy ka jwi konpayi li pandan tout lavi yo. Sentespri a gen yon efè sannktifyan, yon efè pwòpte sou nou. Sentespri a temwaye Kris epi li ede nou rekonèt verite a. Li bay fòs espirityèl epi li ede nou fè sa ki byen. Li rekonfòte nou nan moman eprè oubyen chagren. Li avèti nou sou danje fizik oswa espirityèl. Sentespri a bay pouvwa pou nou anseye epi aprann. Don Sentespri a se youn nan don ki pi presye Papa nou ki nan Syèl la. Atravè pouvwa Sentespri a nou ka santi amou Bondye ak direksyon li pou nou. Don sa a se yon ti echantiyon lajwa etènèl epi yon pwomès lavi etènèl.

Otorite Prèttriz yo bezwen pou akonpli òdonans sa a, ki te pèdi pandan plizyè syèk pandan tout apostazi a, te retabli atravè Pwofèt Joseph Smith. Se sèlman atravè apatnans li nan legliz la yon moun ka resevwa don Sentespri a. Otorite sa a rann legliz la diferan de tout lòt reljyon nan mond lan. Selon pwòp deklarasyon Senyè a, li se “sèl vrè legliz vivan sou tou sifas tè a” (D&A 1:30).

Gidans nan men Sentespri a

Eksplike pou moun w ap anseye yo ke Satan opoze avèk Bondye epi li pouse moun komèt peche. Pou kenbe bon santiman yo genyen pandan rankont avèk misyonè yo, yo dwe li Liv Mòmmon an, priye, ale legliz, epi obeyi kòmandman yo. Eksplike ke gen gidans san rete Sentespri a se youn nan benefis vin batize epi konfime.

Etid ekriti

Nati Sentespri a

D&A 130:22–23
Jan 3:1–8

Galat 5:22–23

Guide des Ecritures, “Saint-Esprit”

Benediksyon ak Enfliyans Sentespri a

2 Nefi 32:1–5
2 Nefi 33:1–2

Moyiz 6:61
Jan 14:26

Guide des Ecritures, “Saint-Esprit”

Enpòtans Don Sentespri a

2 Nefi 31:11–12, 18, 21
3 Nefi 18:36–37
3 Nefi 19:13

3 Nefi 27:19–20
D&A 19:31

D&A 33:15
Travay 19:1–6

Pèsevere jiskalafen

Yon fwa nou antre nan chemen dwat epi etwat la pa lafwa nou nan Jezikri, repantans, ak òdonans batèm ak konfimasyon yo, nou dwe fè tout efò nou pou n rete sou chemen an. Nou fè sa lè nou toujou egzès lafwa nan Jezikri, toujou repanti, pran angajman, epi suiv Lespri a.

Yon fwa nou jwenn padon pou peche nou yo, nou dwe eseye chak jou pou nou rete lib san peche pou nou ka toujou gen Sentespri a avèk nou. Nan alyans batèm nan, nou pwomèt Papa nou ki nan Syèl la ke n ap obeyi kòmandman l yo pandan rès lavi nou. Si nou tonbe, nou dwe repanti pou nou ka kenbe benediksyon alyans lan yo. Nou pwomèt pou nou fè bon aksyon, sèvi lòt moun, epi suiv egzanp Sovè a. Nan ekriti yo angajman tout yon lavi sa a souvan rele “pèsevere jiskalafen.”

Lè n ap suiv chemen levanjil la, nou ka pwoche pi pre Bondye, simonte tantasyon ak peche, epi jwi don Sentespri a pi plis. Si nou pasyan, fidèl, epi suiv chemen sa a san fay pandan tout lavi nou, n ap kalifye pou lavi etènèl.

Lafwa nan Kris; repantans; fè, renouvle, epi kenbe alyans; epi vin pwòpte pa Lespri a vin yon modèl lavi. Aksyon nou nan lavi chak jou modle epi gouvène pa prensip sa yo. Lapè ak lajwa vini lè nou suiv chemen sa a, epi nou gradyèlman grandi nan kalite kretyen nou. Finalman, si nou siv chemen sa a epi nou “mache ann avan avèk fèmte nan Kris la . . . epi pèsevere jiskalafen”, yo pwomèt nou “n ap gen lavi etènèl” (2 Nefi 31:20).

Etid ekriti

Pèsevere jiskalafen

2 Nefi 9:24

3 Nefi 27:16–17

Matye 10:22

2 Nefi 31:14–20

Benediksyon pou moun ki pèsevere

1 Nefi 13:37

3 Nefi 15:9

D&A 14:7

Envitasyon pou vin batize

Envitasyon pou vin batize epi konfime dwe dirèk epi presi: “Èske w ap suiv egzanp Jezikri pou vin batize pa yon moun ki detni otorite Prètriz Bondye a? Nou pral gen yon sèvis batèm (dat). Èske w ap prepare ou pou w batize nan dat sa a?”

Nòt

Nòt

Ide pou ansèyman

Seksyon sa a gen ide pou itilize nan preparasyon pou leson sa a epi nan ansèyman li. Nan lapriyè, suiv Lespri a lè w ap deside kijan pou w itilize ide sa yo. Ajoute ide ou chwazi nan plan leson ou. Mete nan tèt ou ke ide sa yo se sigjesyon—yo pa kondisyon—pou ede ou reponn ak bezwen moun w ap anseye yo.

Plan pou yon ti kout leson (3–5 minit)

Levanjil Jezikri a se sèl chemen ki mennen nan lavi etènèl. Premye prensip ak òdonans levanjil la se lafwa nan Jezikri, repantans, batèm pa imèsyon pou remisyon peche, epi don Sentespri a. Apre sa nou dwe pèsevè jiskalafen. Lè nou aplike prensip sa yo pandan tout lavi nou, nou suiv egzanp Sovè a, aprann viv kòmandman I yo, epi devlope kalite kretyen. Nou ka jwenn padon pou peche nou yo, epi n ap kapab retounen viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la.

- Atravè Kris nou ka pwòpte soti nan peche
- Lafwa nan Jezikri
- Repantans
- Batèm, premye alyans nou
- Don Sentespri a
- Pèsevè jiskalafen

Angajman

- Èske w ap kontinye devlope lafwa nan Jezikri nan kontinye aprann sou levanjil li a?
- Èske w ap repanti epi priye pou padon peche w yo?
- Èske w ap batize kòm manm Legliz Jezikri pou Sen Dènne Jou yo (dat)? Èske w ap konfime epi resevwa don Sentespri a?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman nan leson 4 la ou chwazi ajoute.

Plan pou yon pi gwo leson (10–15 minit)

Mesaj nou se yon mesaj lafwa ek espwa. Nou renmen Jezikri epi nou adore li. Li se santral plan Bondye a pou bonè nou. Sakrifis Ekspyatwa Kris la rann posib pou nou gen lavi etènèl nan prezans Bondye. Si nou viv levanjil la, I ap padone peche nou yo avèk mizèrikòd. L ap geri nou epi ranplase kilpabilite nou ak lawont nou avèk lapè ak bonè nan lavi sa a.

Levanjil Jezikri a senp. Li kòmanse avèk lafwa nan Kris. Nou kwè nan li, nou gen konfyans nan li, epi nou depann sou li. Lafwa sa a mennen nou repanti—pou n sispann fè sa k pa bon epi kontinye fè sa ki bon. Lafwa nou nan li fè nou montre amoun nou nan respekte kòmandman I yo tou, ladan yo batèm. Apre batèm, li pwomèt pou I banou don Sentespri a. Sentespri a ap gide nou, rekonfòte nou, epi ede nou konnen laverite. Nou ka konnen nan kè nou ak nan lespri nou lè Sentespri a avèk nou. N ap gen santiman lapè, lanmou, ak lajwa. N ap vle sèvi lòt moun. N ap efòse tout lavi nou pou n fè Senyè a plezi.

Nòt

Jezikri te retabli levanjil li a atravè yon pwofèt nan dènye jou a. Nou aprann sou levanjil la nan Liv Mòmmon an, ke nou ka li, medite sou li, epi priye osijè li. Bondye ap di nou p pouvwa Sentespri a si se verite. Si nou vin konnen li se verite, n ap anvi repanti epi batize pou nou ka resevwa yon remiyon pou peche nou ak don Sentespri a.

Angajman

- Èske w ap kontinye devlope lafwa nan Jezikri nan kontinye aprann sou levanjil li a?
- Èske w ap repanti epi priye pou padon peche w yo?
- Èske w ap batize kòm manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo (dat)? Èske w ap konfime epi resevwa don Sentespri a?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman nan leson 4 la ou chwazi ajoute.

Plan pou yon leson annantye (30–45 minit)

- Atravè Kris nou ka pwòpte soti nan peche
 - Bondye te voye Pitit Gason Byeneme I la, Jezikri, nan mond lan (gade Jan 3:16–17).
 - Se sèlman atravè gras Kris ak mizèrikòd li nou ka vin pwòp siti nan peche (gade 2 Nefi 2 6–8).
 - Nou responsab pou n aksepte Kris, repanti, epi obeyi.
- Lafwa nan Jezikri
 - Nou dwe kwè nan Kris antanke Sovè mond lan.
 - Li vle nou aksepte epi suiv ansèyman I yo.
 - Nou jwenn benediksyon lè nou obeyi (gade D&A 130:20–21).
- Repantans
 - Lafwa nan Kris mennen nan repantans (gade Alma 34).
 - Nou santi regrè selon Bondye (gade 2 Korentyen 7:9–10).
 - Nou sispann fè bagay ki pa bon epi nou kontinye fè sa ki byen.
 - Nou konfese peche nou yo, epi nou konfese peche grav nou bay dirijan legliz yo, ki ka ede nou repanti (gade D&A 58:43).
 - Nou jwenn padon; lawont nou ak kilpabilite nou ranplase pa lapè (gade Alma 36:17–21).
- Batèm, premye alyans nou
 - Yon òdonans se yon rit sakre kote nou fè alyans avèk Bondye.
 - Yon alyans se yon akò solanèl ant Bondye avèk pitit li.
 - Alyans mennen benediksyon.

Nòt

- Nou batize pa imèsyon pou remisyon peche nou yo (gade Atik Lafwa 1:4).
- Lè nou batize nou kòmanse yon nouvo lavi angajman anvè Kris (gade Women 6:3–8).
- Batèm dwe fèt pa yon moun ki detni Otorite Prètriz la.
- Nou renouvle alyans nou yo lè nou pran Sentsèn chak semèn (D&A 20:77, 79).

• Don Sentespri a

- Batèm pa imèsyon suiv pa batèm Lespri a; yo toulède enseparab.
- Detantè Prètriz yo konfere don Sentespri a pa enpozisyon men.
- Sentespri a anseye nou, pwòpte nou, temwaye nou laverite, avèti nou, epi dirije nou (gade 2 Nefi 32:1–5; Mozya 5:1–6; Mowoni 10:5; D&A 36:2).

• Pèsevere jiskalafen

- Nou dwe kontinye sou chemen an lè nou fin batize epi konfime.
- Nou fè sa nou kapab pou nou rete lwen peche pou nou ka jwi don Sentespri a.
- Si nou fidèlman suiv chemen levanjil la ki se lafwa, repantans, fè epi kenbe alyans, epi resevwa don Sentespri a, nou ka kalifye pou lavi etènèl (gade 2 Nefi 31:14–20).
- Nou dwe toujou repanti pandan tout lavi nou (gade D&A 19:15–20).

Angajman

- Èske w ap kontinye devlope lafwa nan Jezikri nan kontinye aprann sou levanjil li a?
- Èske w ap repanti epi priye pou padon peche w yo?
- Èske w ap batize kòm manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo (dat)? Èske w ap konfime epi resevwa don Sentespri a?
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a?
- Èske nou ka fikse yon randevou pou pwochen vizit nou?
- Kòmandman nan leson 4 la ou chwazi ajoute.

Kesyon pou poze apre ou fin anseye

- Ki kesyon ou genyen osijè sa nou anseye a?
- Kisa repanti vle di?
- Poukisa don Sentespri a se yon pati esansyèl levanjil la?
- Poukisa li enpòtan pou ou batize epi resevwa don Sentespri a?
- Èske gen yon bagay osijè reyinyon legliz yo ou pa t konprann?
- Kisa ou te renmen nan reyinyon legliz nou yo?

Nòt

Definisyon kle

- **Alyans:** Yon akò ant Bondye avèk pitit li yo. Nou pa dwe aji antanke avèk egalite nan akò a. Bondye bay kondisyon alyans lan, epi nou dakò pou nou fè sa li mande nou. Lè sa a Bondye pwomèt nou kèk benediksyon pou obeyisans nou. Nou resevwa òdonans yo pa alyans. Lè nou fè alyans sa yo, nou pwomèt pou n onore yo. Pa egzanp, manm legliz yo fè alyans avèk Senyè a nan batèm epi yo renouvle alyans sa yo lè yo pran Sentsèn. Nou fè lòt alyans nan tanp. Pèp Senyè a se yon pèp alyans. Nou grandman beni lè nou kenbe alyans nou fè avèk Senyè a.
- **Gras:** Pouvw a nan men Jezikri ki pèmèt nou jwenn benediksyon nan lavi sa a epi jwenn lavi etènèl ak egzaltasyon apre nou fin egzèse lafwa, repanti, epi fè pi bon efò nou pou nou respekte kòmandman yo. Èd oswa fòs divin sa a bay gras avèk mizèrikòd ak lanmou Jezikri. Nou tou bezwen gras divin nan akòz Chit Adan an epi tou akòz feblès nou.
- **Konfimasyon:** Enpozisyon men pa moun ki detni Prèttriz Mèlkisedèk la pou ka vin yon manm legliz la epi pou bay don Sentespri a.
- **Lavi etènèl:** Viv pou tout tan aantanke fanmi nan prezans Bondye (gade D&A 132:19–20). Lavi etènèl se pi gwo don Bondye bay lòm.
- **Levanjil:** Plan Sali Bondye, rann posib atravè Ekspyasyon Jezikri a. Levanjil la gen ladan verite etènèl oubyen lwa yo, alyans, ak òdonans limanite bezwen pou retounen nan prezans Bondye.
- **Mizèrikòd:** Lespri konpasyon, tandrès, ak padon. Mizèrikòd se youn nan kalite Bondye. Jezikri ofri nou mizèrikòd atravè Sakrifis Ekspyatwa l la sou kondisyon repantans.
- **Pèsevere jiskalafen:** Rete vrè nan kòmandman Bondye yo malgre tantasyon, opozisyon, ak advèsite pandan tout lavi.
- **Restitasyon:** Retounen yon bagay nou te pran oubyen ki te pèdi. Pa egzanp, Retablisman levanjil la rele yon restitasyon (gade Travay 3:19–21). Mo Restorasyon an fè referans avèk rezirèksyon kò a tou (gade Alma 41:10–15).

Lòt tèm ki ka bezwen plis definisyon pou moun w ap anseye yo

- Chemen dwat kwense a
- Padon
- Sentsèn
- Konfesyon
- Pwòpte soti nan peche
- Tantasyon
- Lapriyè

Kòmandman yo

Prepare pou batèm ak konfimasyon



Ansèyman leson sa a

Gen plizyè fason pou w anseye kòmandman yo ki nan leson sa a. Pa egzanp, ou gen dwa anseye kèk kòmandman ki soti nan leson sa a kòm yon pati twa premye leson yo, oubyen ou gen dwa anseye plizyè kòmandman kòm yon leson poukont yo. Sa w ap fè dwe detèmine pa bezwen envestigatè yo epi pa direksyon nan men Lespri a.

Prepare pou w anseye

Bi ou nan anseye kòmandman yo se ede moun yo viv levanjil la nan egzèsè lafwa nan Jezikri epi repanti pandan y ap prepare yo pou batèm ak konfimasyon. Lè yo obeyi kòmandman yo, moun vin grandi nan temwayaj yo sou levanjil la, montre ke yo gen “kè brize ak lespri kontri” epi yo kòmanse repanti soti nan peche yo (gade Mowoni 6:1–4; D&A 20:37).

Leson sa a òganize diferaman de lòt twa premye leson yo. Twa premye leson yo eksplike fondasyon doktrinal levanjil Jezikri a. Leson sa a eksplike kòmandman espesifik Bondye banou pou ede nou aplike prensip levanjil yo nan lavi nou.

Gen anpil fason pou anseye elesn sa a. apwòch w ap fè dwe detèmine pa bezwen envestigatè yo ak direksyon Lespri a. Toujou panse epi priye sou fason pou w ede envestigatè yo viv levanjil la. Ide yo gen ladan yo:

- Anseye youn oubyen plis kòmandman kòm yon pati twa premye leson yo. Lè w ap fè sa, konsidere prensip ki anseye nan Alma 12:32 a: “Bondye te bayo kòmandman, *apre l te fin fè yo konnen plan redanmsyon an*” (italik ajoute). Gen kòmandman, tankou priye avèk li ekriti yo, ki ka anseye pi byen nan twa premye leson yo. Gen lòt ki ka pi byen anseye lè w fin prezante fondasyon doktrinal levanjil la ki nan twa premye leson yo.
- Anseye de oubyen twa kòmandman kòm yon leson poukont yo.
- Anseye yon kòmandman poukont li kòm yon leson.
- Anseye kòmandman yo nan kontèks levanjil la. Brèfman repase leson sou levanjil Jezikri a anvan w anseye youn oubyen plis kòmandman. Pandan w ap fè sa ou ka ede

investigatè yo wè kijan kòmandman yo antre nan gwo chema egzèsè lafwa nan Sovè a epi repanti nan preparasyon pou batèm ak konfimasyon. Lavi yo ka beni pandan y ap konsidere levanjil la kòm yon modèl pou yo viv.

Ou gen dwa anseye kèk investigatè nan detwa vizit; gen lòt ki mande plis vizit. Ou gen dwa pou w anseye lesou yo nan kèlkeswa fason ki ap pi byen ede moun yo byen prepare pou batèm ak konfimasyon yo. Bi ou se pa sèlman fini tout lesou an; se pou ede lòt yo vin jwenn Kris atravè lafwa nan Jezikri, repantans, batèm, resevwa don Sentespri a, epi pèsèvere jiskalafen.

Se raman pou w fè yon lesou depase 45 minit. Ou gen dwa twouve ke tan sa a pèmèt ou fè vizit ansèyman ki pi kout. Nan ka sa a, ou ka bezwen plizyè vizit ansèyman ki pi kout epi ki kouvri pi piti pati lesou yo.

Gen anpil fason ou ka anseye lesou sa a. Ki kòmandman w ap anseye, kilè w ap anseye li, ak konbyen tan w ap bali pi byen detèmine pa bezwen investigatè yo ak direksyon Lespri a.

Aprann sou Kòmandman ak Angajman

Pandan w ap etidye lesou sa a, suiv chema ki anba a:

- Etidye seksyon ki dekri kòmandman yo epi ekri yon senp plan lesou avèk twa oubyen kat pwèn prensipal.
- Anseye konpayon ou yon vèsyon de oubyen twa minit. Pratike fason w ap bay chak envitasyon pou angajman ak fason w ap rezoud pwoblèm yo.
- Diskite sou fason pou w fè suivi pou chak angajman investigatè yo aksepte.

Obeyisans

Bondye banou kòmandman pou benefis nou. Yo se enstriksyon ki soti nan men yon Papa eman ki nan Syèl la pou ede nou gen lavi kè kontan. Li banou libabit tou, oubyen kapasite ak opòtinite pou n chwazi ant byen ak mal. Lè nou obeyi Bondye, nou suiv enfluyans Lespri a epi nou chwazi konfòm nou avèk volonte li. Obeyisans nan kòmandman yo mennen lapè pou nou nan lavi sa a ak lavi etènèl nan mond k ap vini an. Obeyisans montre amou nou pou Bondye. Dezobeyisans mennen chagren.

Papa nou ki nan Syèl la konnen feblès nou epi li pasyan avèk nou. Li beni nou lè nou eseye obeyi kòmandman l yo. Li atann nan men nou pou n obeyi li pou li ka beni nou.

Etid ekriti

Libabit

2 Nefi 2:26–29
Alma 12:31

D&A 58:26–29
D&A 82:8–10

Guide des Ecritures, “Libre Arbitre”

Obeyisans

D&A 130:20–21

Jan 14:15, 21

Eklezyas 12:13

Angajman

- Èske w ap obeyi lwa Bondye yo?

Nòt

Nòt

Priye souvan

Bondye kòmande nou pou nou priye li. Nou ka priye nenpòt kilè nan nenpòt ki moman. Senyè a anseye nou pou n mete ajenou epi priye chak maten epi chak aswè, pèsònèlman epi avèk fanmi nou. Papa nou ki nan Syèl la koute priyè nou yo epi li reponn yo. Atravè priyè chak jou nou resevwa gidans divin ak benediksyon. Nou dwe toujou priye sensèman. Nou dwe priye avèk “entansyon reyèl” tou, sa ki vle di nou angaje nou pou n ajì selon repons nou resevwa.

Nou priye papa nou ki nan Syèl la avèk lafwa nan non Jezikri (gade Moyiz 5:8). Paske li se Papa nou epi nou se pitit li, l ap reponn priyè nou. Nou kòmanse priyè nou pa adrese nou avèk Papa nou ki nan Syèl la. Nou fini priyè nou konsa: “nan non Jezikri, amèn”

Nan priyè nou pale ouvètman epi onètman avèk Papa eman nou ki nan Syèl la. Nou eksprime gratitud nou ak remèsiman nou pou benediksyon nou yo. Nou gen dwa di li amou nou pou li. Nou mande èd, pwoteksyon, ak direksyon tou, selon bezwen nou yo.

Pandan n ap priye avèk lafwa, senterite, ak entansyon reyèl, n ap wè enfliyans Bondye nan lavi nou. L ap gide nou nan lavi chak jou nou epi ede nou pran bon desizyon. L ap beni nou avèk santiman rekonfò ak lapè. L ap avèti nou lè danje epi l ap fòtifye nou pou n reziste anba tantasyon. L ap padone peche nou. N ap santi nou pi pre li. Nou dwe aprann rekonèt enfliyans li nan lavi nou. Nou dwe aprann koute ti vwa dous piti Lespri a.

Nou ka rekonèt lè Sentespri a anseye nou verite a. Lespri nou ap ranpli avèk panse enspiran epi elvan. N ap eklere, oubyen n ap gen nouvo konesans. Kè nou ap ranpli avèk santi lapè, lajwa, ak lanmou. N ap vle fè bon bagay epi ede lòt moun. Santiman sa yo difisil pou dekri men nou ka rekonèt yo lè n ap fè eksperyans avèk yo.

Etid ekriti

2 Nefi 32:8–9

D&A 6:22–23

D&A 19:28

Enòs 1:1–12

D&A 8:2–3

1 Wa 19:11–12

Alma 34:17–28

D&A 9:7–9

Guide des Ecritures, “Prière”

Mowoni 10:3–5

Angajman

- Èske w ap mete w ajenou epi priye chak jou endividyèlman epi antanke fanmi?

Etidye ekriti yo

Ekriti yo ekri resi rapò Bondye avèk pitit li yo jan yo rapòte pa pwofèt yo sou enfliyans Sentespri a. Nou montre lafwa nou nan etidye, kwè, epi obeyi pawòl Bondye revele yo. Nou fouye ekriti yo avèk dilijans pou nou ka konprann verite a. Nou fè yon festen avèk yo paske yo louvri pòt pou revelasyon epi yo montre nou sa nou bezwen fè ak sa nou dwe devni. Nou fouye ekriti yo pou n aprann sou Jezikri ak levanjil li a. Lafwa nan Jezikri se yon don Bondye bay epi ki vini atravè etidye epi viv pawòl li yo ak levanjil li a. Ekriti apwouve legliz la, ki rele Liv kanonik, se Sent Bib la, Liv Mòmòn an, Doktrin ak Alyans yo, ak Pèl Gran Pri a. nou dwe etidye liv sakre sa yo chak jou.

Etid ekriti

1 Nefi 19:22–23	2 Nefi 31:19–20	Jan 20:31
2 Nefi 9:50–51	2 Nefi 32:3–5	2 Timote 3:14–17
2 Nefi 25:26	Alma 32:28–30	2 Pyè 1:20–21
2 Nefi 29:1–13	Jan 5:39	

Angajman

- Èske w ap li ekriti yo chak jou endividlyèlman epi an fanmi?

Sannktifye Jou Saba a

Konpòtman nou Jou Saba a se yon reflè sou angajman nou pou n onore epi adore Bondye. Lè nou sannktifye Jou Saba a, nou montre Bondye bòn volonte nou pou n kenbe alyans nou yo. Chak jou Saba nou ale nan kay Senyè a pou adore li. Lè nou ale nou pran Sentsèn pou n sonje Jezikri avèk Ekspyasyon I lan. Nou renouvle alyans nou yo epi nou montre nou gen dezi pou n repanti soti nan peche nou yo ak erè nou yo.

Nan jou sa a, nou jwi yon repon nan travay nou. Pandan n aprale nan sèvis legliz yo epi adore ansanm, nou youn fòtifye lòt. Nou renouvle pa asosiyasyon nou avèk zanmi nou ak fanmi nou. Lafwa nou fòtifye pandan n ap etidye ekriti yo epi aprann plis sou levanjil retabli a.

Lè yon kominote oubyen yon peyi ap grandi nan neglijanans nan aktivite li jou Saba a, lavi relijye li tonbe epi tout aspè lavi li afekte negativman. Benediksyon ki asosye avèk sannktifye Jou Saba yo pèdi. Nan Jou Saba a nou dwe sispann achte ak patisipe nan lòt aktivite komèsyal epi espòtif ki souvan pwofane Saba a kounyeya.

Sen Dènnye Jou yo dwe mete jou sen sa a apa nan aktivite monden yo kote y ap antre nan yon espri adorasyon, remèsiman, sèvis, ak aktivite ki santre sou fanmi ki apwopriye avèk Jou Saba a. Pandan manm legliz yo ap fè efò pou yo rann aktivite yo nan Jou Saba a konpatib avèk entansyon ak Lespri Senyè a, lavi yo ap ranpli avèk jwa ak lapè.

Etid ekriti

3 Nefi 18:1–25	Egzòd 20:8–11	Ezayi 58:13–14
D&A 59:9–15	Egzòd 31:12–17	

Chita avèk investigatè yo oubyen avèk manm legliz yo

Lè nou ale nan reyinyon Sentsèn yo oubyen nan konferans Pye yo, konpayon misyonè yo dwe chita avèk investigatè yo, nouvo konvèti yo, oubyen manm yo. Yo pa dwe chita avèk lòt misyonè yo.

Angajman

- Èske w ap sannktifye Jou Saba a?
- Èske w ap prepare tèt ou pou w pran Sentsèn nan diyman?

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm ki aplike

- Kisa ou konprann sou Jou Saba a, ladan pran Sentsèn nan chak semèn epi rann lòt moun sèvis? Èske ou prè pou w obeyi lwa sa a [anvan batèm ou]?

Nòt

Nòt

Batèm ak Konfimasyon

Fason nou montre dezi nou pou n suiv chemen Bondye se atravè batèm ak konfimasyon. Lè nou batize epi nou konfime, nou antre nan yon alyans avèk Bondye ke n ap pran non Jezikri sou nou epi n ap toujou sonje li epi kenbe kòmandman l yo. Nou pwomèt ke n ap kanpe kòm temwen Bondye nan tout tan tou epi pou n ede moun ki nan bezwen yo (gade Mozya 18:8–9). Anretou, Bondye pwomèt nou konpayi konstan Sentespri a, yon remisyon pou peche nou, epi n ap fèt ankò.

Angajman

- Èske w ap batize epi konfime?
- Èske w ap envite investigatè pou vin nan yon sèvis batèm?
- Si posib, envite investigatè yo nan yon reyinyon Sentsèn kote yon moun ap konfime.

Kesyon pou entèvyou pou batèm ki aplikab

- Tout kesyon pou entèvyou pou batèm yo.

Envitasyon pou vin batize

Envitasyon pou vin batize epi konfime dwe dirèk epi presi: “Èske w ap suiv egzanp Jezikri pou vin batize pa yon moun ki detni otorite Prèttriz Bondye a? Nou pral gen yon sèvis batèm (dat). Èske w ap prepare ou pou w batize nan dat sa a?”

Suiv pwofèt la

Verite se yon konesans sou bagay yo jan yo reyèlman ye, jan yo te ye, epi jan yo ap vin ye. Sa pa chanje avè kondisyon ni avèk letan. Verite se menm nan nan tout epòk epi nan tout kilti. Bondye se sous tout verite. Nou ka gen lafwa nan li paske nou konnen l ap anseye sèlman laverite. Bondye vle tout pitit li konnen verite a. Konsa, li revele verite ki nesesè pou sali yo atravè Pwofèt ak Apot. Li revele verite banou pèsònèlman atravè ekriti yo ak revelasyon pèsònèl.

Yon pwofèt aple epi li chwazi pa Bondye epi li se yon moun ki fidèl avèk gran lafwa. Senyè a revele verite li bali atravè Sentespri a. Li kòmande pwofèt li a pou anseye verite a bay tout moun. Moun ki kwè nan pawòl Bondye yo jan li revele atravè pwofèt li a yo beni.

Legliz Kris la bati sou fondasyon Apot ak Pwofèt, ki dirije legliz la pa revelasyon. Senyè a te aple Joseph Smith kòm premye Pwofèt ak tèt dènye dispansasyon sa a. Siksesè l yo ki ap dirije Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo jodi a se Pwofèt ak Apot tou. Prezidan legliz la jodi a se yon pwofèt vivan. Nou dwe gen lafwa nan pwofèt ki chwazi pa Bondye a, akeri konviksyon sou apèl divin ni, epi suiv ansèyman l yo.

Nou souvan gen opòtinite pou n soutni dirijan legliz yo piblikman. *Soutni* vle di sipòte. Nou dwe prepare tèt nou pou n lè Pwofèt yo ak Apot yo ap pale, Sentespri a ka konfime nou verite y ap anseye yo, epi nou ka detèmine lè sa a pou n suiv konsèy yo banou.

Moun ki koute epi ki suiv konsèy Pwofèt ak Apot vivan yo pap egare. Ansèyman pwofèt vivan yo bay yon ank verite etènèl nan yon mond kote valè yo chanjan epi yo ede nou evite soufrans ak lapenn. Konfizyon ak konfli mond lan pap kraze nou, epi n ap kapab jwi asirans rete ann amoni avèk volonte Bondye.

Etid ekriti

Mozya 15:11–12	D&A 21:1–7	Efezyen 2:19–20
Alma 13:1–16	D&A 136:37–38	Efezyen 4:11–14
3 Nefi 12:1–2	Jan 15:16	Ebre 5:4
D&A 1:37–38	Travay 10:34–44	Amòs 3:7

Angajman

- Èske w ap rankontre Evèk la?
- Èske w ap soutni epi suiv konsèy dirijan legliz yo

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm ki aplikab

- Èske ou kwè ke [Prezidan aktyèl legliz la] se yon pwofèt Bondye? Kisa sa vle di pou ou?

Nòt

Respekte Dis Kòmandman yo

Papa nou ki nan Syèl la banou kòmandman pou nou ka konnen sa pou n fè ak sa pou n evite pou nou ka resevwa benediksyon li vle banou yo (lajwa, lapè konsyans, bonè dirab). Bondye te revele Moyiz Dis Kòmandman pou gide pèp li a:

- “Pinga nou gen lòt Bondye devan fas mwen” (Egzòd 20:3). Lòt “bondye” a ka gen ladan byen terès, pouvwa, oubyen pozisyon sosyal.
- “Pinga nou fè okenn imaj taye bay tèt nou” (Egzòd 20:4).
- “Pinga nou itilize non Senyè a Bondye nou pou gran mesi” (Egzòd 20:7).
- “Sonje Jou Saba a, pou sannktifye li” (Egzòd 20: 8).
- “Onore manman nou ak papa nou” (Egzòd 20: 12).
- “Pa touye moun” (Egzòd 20: 13).
- “Pa fè adiltè” (Egzòd 20: 14).
- “Pa vòlè” (Egzòd 20:15).
- “Pinga nou bay manti sou pwochen nou” (Egzòd 20: 16).
- “Pinga nou konvwate” (Egzòd 20: 17).

Dis Kòmandman yo toujou demere jodi a. Yo anseye nou pou n adore epi pou n montre reverans pou Bondye. Yo anseye nou kijan pou nou youn trete lòt tou.

Okenn lòt Bondye

Moun nan plizyè kilti posede oubyen adore bagay ki raple yo Divinite oubyen zansèt yo. Pafwa bagay sa yo, tankou estati, anblèm relijiye, oubyen ti lòt bagay, konn santral adorasyon yo tou. Ede yo konprann ke Senyè a kòmande nou pou nou pa adore idòl. Ankouraje yo pou yo retire lakay yo tout bagay yo adore oubyen ke yo priye. Ede yo konsantre sou lafwa yo ak adorasyon yo pou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Anseye yo ke levanjil retabli Jezikri a fokis sou Kris Vivan an.

Nan levanjil retabli a Senyè a anseye nou kijan pou n sonje li. Nou sonje li atravè priyè, Sentsèn, ak adorasyon nan tanp. Prezidan misyon ou ap ba ou gidans nan kèk domèn.

Etid ekriti

Mozya 13	Matye 22:36–40	Detewonòm 5:6–21
D&A 59:5–6	Egzòd 20:1–17	

Angajman

- Èske w ap respekte Dis Kòmandman yo?

Viv lwa chastete a

Bondye pran plezi nan chastete epi li rayi peche seksyèl. Chastete gen ladan abstinans estrik pou relasyon seksyèl anvan maryaj ak fidelite ak lwayote total anvè konjwen an apre maryaj. Moun ki viv lwa chastete a jwi fòs ki vini nan gen kontwòl tèt yo. Yo jwi konfyans nan relasyon familyal yo. Yo ka jwi enfliyans Sentespri a pi totalman nan lavi yo. Moun ki kraze lwa sa a gen yon santiman lawont ak remò dirab ki rann lavi yo lou.

Chastete mande fidelite nan panse ak aksyon. Nou dwe kenbe panse nou pwòp epi gen pidè nan abiye, nan pawòl, epi nan aksyon. Nou dwe evite pònografi sou kèlkeswa fòm nan. Nou dwe trete pouvwa pwokreyatif Bondye banou an ak kò nou sakre. Kandida pou batèm yo dwe viv lwa chastete a, ki entèdi relasyon seksyèl andeyò yon maryaj legal ant yon gason avèk yon fi. Yo pa dwe patisipe nan avòtman ni relasyon omoseksyèl (gason avèk gason) ni lesbyèn (fi avèk fi). Moun ki komèt peche seksyèl ka repanti epi jwenn padon.

Koup k ap viv ansanm

Gason ak fi ki ap viv ansanm men ki pa marye yo pa ka batize san yo pa toudabò marye oubyen separe. Moun ki marye avèk plis pase yon moun an menm tan pa dwe batize. Mande konsèy Prezidan Misyon ou, ki ap ba ou direksyon espesifik nan chak ka.

Etid ekriti

Jakòb 2:28	3 Nefi 12:27–30	Matye 5:27–28
Mozya 13:22	D&A 42:22–24	Women 1:26–32
Alma 39:3–5	D&A 63:16	Efezyen 5:3–5

Angajman

- Èske w ap viv lwa chastete a?

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm ki aplikab

- Kisa ou konprann sou lwa chastete a, ki entèdi tout relasyon seksyèl andeyò lyen yon maryaj legal ant yon gason avèk yon fi? Èske ou pare pou w obeyi lwa sa a [anvan batèm ou]?
- Èske ou janm fè avòtman? Gen yon relasyon omoseksyèl (gason avèk gason oubyen fi avèk fi)? [Nòt: Yon moun ki reponn wi pou youn nan kesyon sa yo dwe entèvyouve pa Prezidan Misyon an anvan l batize.]

Obeyi Pawòl Sajès la

Senyè a te revele bay Pwofèt Joseph Smith yon lwa sante ki rele Pawòl Sajès. Lwa sa a anseye nou ki manje ak sibstans nou dwe oubyen nou pa dwe itilize pou kenbe sante kò nou epi kenbe nou lwen enfliyans mal yo. Senyè a pwomèt benediksyon nan sante, fòs, pwoteksyon kont mal, ak pi gran reseptivite nan verite espiyèl yo.

Sonje ke kò nou sakre. Nou dwe trete yo avèk respè ak reverans. Pawòl Sajès la anseye ke nou dwe manje manje ki bay sante. Li anseye trè klè ke nou dwe evite sibstans nuizib, ladan yo alkòl, sigarèt, te, ak kafe. Nou dwe evite pran dwòg nuizib sou tout fòm. Pou

batize epi konfime, moun w ap anseye yo dwe kite pran sibstans sa yo. Moun ki obeyi Pawòl Sajès la yo pi resepfif ak verite espiritiyèl yo.

Prezidan Misyon ou va reponn kesyon sou ki lòt sibstans nan kilti ou ki enkli nan Pawòl Sajès la.

Simonte depandans

Ou ka pi byen ede moun ki ap lite pou simonte fimen, alkòl, ak lòt abitud nan suiv prensip sa yo. Sijasyon sa yo aplikab patikilyèman pou Pawòl Sajès la men yo ka adapte pou lòt depandans tou.

1. Ede moun yo fikse bi tankou kilè ak kijan y ap viv Pawòl Sajès la.
2. Priye pou yo nan priyè pèsònèl ou epi lè ou avèk yo.
3. Rete pozitif epi bay sipò—menmsi yo retonbe ladan yo.
4. Kontinye anseye yo levanjil la. Anseye yo kijan pou itilize priyè ak lafwa kòm sous fòs.
5. Ede yo ale legliz regilyèman epi devlope amitye avèk moun k ap viv Pawòl Sajès la epi ki te simonte menm depandans lan.
6. Si sa apwopriye, ofri pou w bayo benediksyon Prètriz la.
7. Ankouraje yo pou yo retire sibstans nuizib yo lakay yo.

Gade chapit 10 la pou plis enstriksyon sou ede moun simonte depandans.

Etid ekriti

D&A 89

1 Korentyen 3:16–17

1 Korentyen 6:19–20

Angajman

- Èske w ap viv Pawòl Sajès la?

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm ki aplikab

- Kisa ou konprann sou Pawòl Sajès la? Èske ou pare pou w obeyi lwa sa a [anvan batèm ou]?

Respekte lwa dim nan

Youn nan gran benediksyon vin manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se privilèj pou patisipe nan kwasans wayòm Bondye a atravè peye dim. Dim se yon lwa divin ki ansyen. Pa egzanp, Abraram, Pwofèt Ansyen Testaman an, te peye dim sou tout sa l te posede (gade Alma 13:15).

Senyè a pwomèt moun ki peye dim yo ke l ap “louvri . . . fenèt syèl yo epi, vide . . . benediksyon, ke w pap gen plas ase pou w resevwa yo” (Malachi 3:10). Benediksyon sa yo ka tanporèl oubyen espiritiyèl, men y ap vini pou moun ki obeyi lwa divin sa a.

Dim vle di yon dizyèm, epi Senyè a kòmande nou pou nou bay yon dizyèm sou antre nou, ki vle di revni nou, pou nou ka beni. Lwa dim nan banou opòtinite pou ede bati wayòm li a. Dim nou sen pou Senyè a, epi nou onore li lè nou peye dim. Bondye pwomèt l ap beni moun ki peye yon dim onèt an abondans. Moun ki pa peye dim yo vòlè Bondye (gade Malachi 3:8). Yo kenbe pou yo yon bagay ki nòmalmman apatni a Bondye. Nou dwe chèche wayòm Bondye a anpremye, epi dim se yon mwayen enpòtan nan fè sa. Peye dim se yon ekspresyon lafwa nou. Se yon siy eksteryèl kwayans nou nan Bondye ak travay li a.

Fon dim yo itilize pou ede aktivite depans legliz yo, tankou bati epi pran swen tanp ak chapèl, pote levanjil la nan tout mond lan, fè travat tanp ak istwa famiyal, avèk anpil lòt

Nòt

Nòt

aktivite mondyal. Dim pa peye dirijan lokal Legliz yo, ki ap sèvi san yo pa resevwa okenn kalite pèman.

Dirijan lokal legliz yo voye dim yo resevwa chak semèn dirèkteman bay katye jeneral legliz la. Yon konsèy ki gen ladan Premye Prezidans lan, Kolèj Douz Apot yo, ak Episkopa Prezidan an detèmine ki fason espesifik pou itilize fon sakre dim yo.

Etid ekriti

Dim

D&A 119

Ebre 7:1–2

Levitik 27:30–33

D&A 120

Jenèz 14:18–20

Malachi 3:7–12

Lafwa

3 Nefi 13:33

Etè 12:6

Angajman

- Èske w ap viv lwa dim nan lè ou batize?

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm ki aplikab

- Kisa ou konprann sou lwa dim nan? Èske ou pare pou obeyi lwa sa a?

Obsève lwa Jèn nan

Gwo benediksyon disponib pou moun ki obeyi kòmandman Bondye pou jene a. Jene vle di rete san manje ni bwè pandan yon tan detèmine. Abityèlman Premye Dimanch chak mwa mete apa kòm yon jou espesyal pou jene pandan de repa suivi, pou priye, epi pou rann temwayaj. Jene ak priye mache ansanm. Lè nou jene epi priye avèk lafwa, nou pi reseptif pou resevwa repons priye nou yo ak benediksyon nan men Senyè a. Li pwomèt nou l ap gide nou tout tan. Nou dwe jene epi priye pou bi espesifik. Jene se yon bagay ki espiyèl epi prive, epi nou pa dwe atire atansyon sou lefèt ke n ap jene.

Vrè relijyon gen ladan pran swen pòv yo. Nou dwe ede yo reponn avèk bezwen fizik ak espiyèl yo. Lè nou jene, nou bay legliz la kòb la pou pran swen moun pòv yo ak sa ki nan bezwen yo. Nou rele sa yon ofrann jèn. Nou bay omwen kantite kòb sa t ap koute pou de repa yo. Sepandan, nou pa dwe limite patisipasyon nou nan pri de repa yo. Yo ankouraje nou pou nou gen plis jenewozite nou kapab selon mwayen nou pèmèt nou. Lè nou pran swen pòv yo, nou ede ranpli alyans batèm nou yo epi kenbe yon remisyon pou peche nou.

Etid ekriti

Jene

Omni 1:26

Alma 17:2–3

D&A 88:76

Alma 5:45–46

Mowoni 6:5

Matye 6:1–4, 16–18

Alma 6:6

D&A 59:12–16

Ezayi 58:6–11

Pran swen pòv yo

Mozya 4:16–27

Alma 4:12–13

Jak 1:27

Mozya 18:8–10

Matye 25:34–46

Ezayi 58:3–12

Angajman

- Èske w ap jene epi priye pou yon bezwen espesyal nan pwochen Dimanch jèn nan?
- Èske w ap bay yon ofrann jèn jenera [apre ou fin batize]?

Kijan pou w bay Dim ak Ofrann

Dim ak ofrann peye volontèman epi an prive. Manm yo ka peye dim yo ak ofrann yo nenpòt kilè, men li pi bon pou peye dim sou antre nou jan nou resevwa li epi ofrann jèn nan nan jou jèn nan. Manm ranpli yon fòm don pou yo bay don an, ke y ap jwenn nan episkopa a. Manm nan kenbe kopi jonn nan epi li gèmen kopi blan an avèk don an nan yon anvlòp yo bali. Yo bay yon manm episkopa a anvlòp la. Don sa yo konsidere kòm bagay ki sakre epi yo apatni ak Senyè a. yon manm episkopa a ansanm avèk yon grefye kenbe yon rapò konfidansyèl avèk swen sou tout don.

Manm ki ale nan règleman dim avèk evèk yo nan fen chak ane deklare fidelite yo nan dim. Nan reyinyon prive sa a, manm yo resevwa yon rapò ennan sou tout sa yo te bay. Tout enfòmasyon sou finans rete estrikteman konfidansyèl.

Anseye kijan pou peye Dim ak Ofrann

Montre yon fòm pou peye epi eksplike kijan pou itilize li. Apre moun nan fin batize, ou gen dwa bezwen ede l ranpli fòm nan.

Obeyi epi onore lwa a

Sen Dènnye Jou yo toupatou kwè nan obeyi lwa peyi kote y ap viv la. Yo konseye manm legliz yo pou yo bon sitwayen, pou yo patisipe nan gouvènman sivil ak pwosesis politik la, epi pou yo rann kominote yo sèvis. Sepandan, yo dwe fè sa, antanke sitwayen ki konsène, non pa antanke reprezantan legliz la.

Etid ekriti

D&A 58:21
D&A 98:5

D&A 130:20–21
D&A 134

Atik lafwa 1:12

Angajman

- Èske w ap obeyi lwa peyi kote ou rete a?

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm ki aplikab

- Èske ou janm komèt yon krim serye? Si wi, èske ou sou pwobasyon oubyen sou pawòl? [Nòt: Yon moun ki reponn wi pou youn nan kesyon sa yo dwe entèvyouve pa Prezidan Misyon an anvan li batize.]

Aktivite

Pou chak kòmandman nan leson sa a, fè lis pwomès bibliik Senyè a fè moun ki respekte kòmandman yo. Ekri pwomès ki reyalize nan lavi w yo nan jounal etid ou.

Nòt

Lwa ak òdonans

Aprè batèm ak konfimasyon



© 1988 Dei Parsons, Pa kepye.

Prepare pou anseye

Aprè konvèti yo vin batize epi konfime, dirijan pawas detèmine si se misyonè pawas yo oubyen misyonè aplentan yo anseye yo epi pou konbyen tan misyonè aplentan yo enplike. Leson sa a dwe anseye pou nouvo manm yo toutsuit aprè yo fin batize epi konfime. Ou ka kòmanse ansèyman sou lwa ak òdonans sa yo ant moman batèm nan ak konfimasyon an oubyen menm anvan batèm nan. Kandida pou batèm yo dwe omwen okouran lwa ak òdonans sa yo anvan batèm.

Leson sa a mache menmjan avèk leson 4 la. Apwòch w ap fè dwe detèmine pa bezwen nouvo konvèti yo epi selon direksyon Lespri. Toujou panse epi priye sou fason pou w ede nouvo konvèti yo viv levanjil la. Ide sa yo gen ladan yo:

- Anseye nouvo manm lan chak lwa ak òdonans nan leson sa a lè w ap repase leson sou “Mesaj Retablisman an”, “Plan Sali a”, ak “Levanjil Jezikri a”. Pa egzanp, pandan w ap repase mesaj Retablisman an ou ka anseye sou Prètriz ak travay misyonè; pandan w ap repase Plan Sali a ou ka anseye sou maryaj etènèl, travay tanp ak istwa familial, ak anseye epi aprann nan legliz la. Lè w ap repase levanjil Jezikri a ou ka anseye sou chemen etwat epi kwense a ak sèvi nan legliz la.
- Anseye de oubyen twa lwa ak òdonans nan yon sèl leson.
- Anseye yon sèl lwa ak òdonans kòm yon leson.

Travay avèk manm yo pou ede nouvo manm yo aksepte epi kòmanse viv lwa ak òdonans sa yo. Ede nouvo manm yo rekonèt ke lè yo respekte lwa Bondye yo, y ap jwen yon remisyon pou peche yo epi y ap rete sou chemen ki mennen nan lavi etènèl la. Y ap fè eksperyans yon pi gran lapè ak lajwa. Y ap jwenn repons sou kesyon lavi yo ak sekirite nan konesans ke yo apatni a vrè legliz Jezikri a. Lwa ak òdonans yo sèvi kòm direksyon pou viv avèk lajwa, avèk lafwa nan Jezikri ak yon espwa fèm sou resevwa lavi etènèl avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Aprann sou lwa, ak òdonans, ak angajman

Pandan w ap etidye “Lwa ak Òdonans” yo, li te bon si w suiv chema sa a.

- Etidye seksyon ki dekri doktrin nan, epi ekri yon senp plan leson avèk twa oubyen kat pwèn prensipal.

- Anseye yon vèsyon de oubyen twa minit bay konpayon ou. Fè pratik sou fason w ap prezante envitasyon pou chak angajman ak sou fason w ap rezoud pwoblèm yo.
- Diskite sou fason ki pi efektif pou suiv atravè chak angajman nou vo konvèti yo aksepte pran.

Prètriz la ak Oksilyè yo

Prètriz la se pouvwa ak otorite yo bay gason pou aji nan non Bondye pou sali piti li yo. Atravè Prètriz la nou ka resevwa òdonans sali yo, osibyen benediksyon pou gerizon, rekonfò, ak konsèy.

Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo dirije pa Jezikri atravè Apot ak Pwofèt. Moun sa yo se gason fidèl ki aple pa Bondye epi ke yo bay Prètriz la. Nan tan lontan Kris te òdone Apot li yo epi li te bayo Prètriz la. Otorite sa a te pèdi lè moun yo te rejte levanjil la epi touye Kris la ak Apot yo.

Orotire Prètriz la te retabli nan lane 1829 lè Jan Batis te parèt devan Pwofèt Joseph Smith ak Oliver Cowdery. Li te mete men sou tèt yo epi li te konfere Prètriz Aawon an sou yo (gade D&A 13). Yon ti bout tan apre, Pyè, Jak, ak Jan, nan pami Preme Douz Apot yo te mete men sou tèt Joseph Smith ak Oliver Cowdery epi te konfere yo Prètriz Mèlkisedèk la, ke yo menm (Pyè, Jak, ak Jan) yo te resevwa nan men Jezikri (gade D&A 27:12–13).

Yon gason ka resevwa otorite Prètriz la sèlman pa veritab òdinasyon an pa enpozisyon men pa yon moun ki gen otorite a. Yon gason ki resevwa Prètriz la jwenn yon opòtinite ki mèveye. Li antre nan yon alyans pou ranpli devwa sakre, sèvi lòt moun, epi ede bati legliz la. Li dwe gen yon dezi pou sèvi Bobndye epi li dwe òdone a pouvwa sa a (gade D&A 4:3; 63:57). Li nesese tou pou detantè Prètriz yo akonpli òdonans sakre yo, tankou batèm ak konfimasyon. Lè otorite Prètriz la itilize diyman, pouvwa Bondye manifeste. Pouvwa Prètriz la ka itilize sèlman nan jistis, lanmou, ak pasyans.

Tout Prètriz soti nan men Bondye. Gen de Prètriz nan legliz la: Prètriz Aawon an ak Prètriz Mèlkisedèk la. Prètriz Aawon an administre òdonans tankou batèm ak Sentsèn. Gason ki diy ki nan laj 12zan epi plis resevwa Prètriz Aawon an osito yo fin batize epi konfime.

Gason grandèt ki diy yo ap finalman resevwa Prètriz Mèlkisedèk la, oubyen Prètriz ki pi wo a. Manm legliz yo resevwa anpil benediksyon espiryèl ak tanporèl atravè pouvwa Prètriz sa a. Detantè diy Prètriz Mèlkisedèk yo ka bay don Sentespri a, òdone lòt moun nan Prètriz la si yo bayo tach la, fè onksyon pou malad avèk luil konsakre, epi bay benediksyon pou gerizon ak rekonfò. Mari ak papa ki diy yo ki detantè Prètriz Mèlkisedèk la ka bay madanm yo, pitit yo, ak lòt manm fanmi yo benediksyon espesyal. Enstriktè nan fwaye yo vizite manm legliz yo epi pran swen moun yo endividyèlman ak fanmi. Evèk yo ak Prezidan Pye yo se jij nan legliz la. Yo gen otorite pou ede Sen ki peche yo pou yo repanti epi jwi tout benediksyon kalite manm legliz la. Yo fè entèvyou avèk moun yo pou asire diyite yo pou yo antre nan tanp.

Sou direksyon Prètriz la, òganizasyon oksilyè yo ede pou fòtifye manm yo. Yo se yon gwo sous nan travay misyonè a pandan y ap ede nan jwenn epi anseye investigatè yo epi nan fè zanmi avèk nouvo konvèti yo. Fi ki gen laj 18tan ak sa ki pi gran yo se manm Sosyete Sekou, ki devwe nan sèvi fanmi, endividi, ak kominote. Jènfi ki nan laj 12zan rive 18tan yo se manm pwogram Jènfi a. Ti gason menm laj yo patisipe nan pwogram pou gason yo. Tout timoun nan laj 3zan rive 11zan fè pati òganizasyon yo rele Primè a. Tout manm ki nan laj 12zan epi plis asiste nan klas Lekòldidiman.

Nòt

Nòt

Etid ekriti

Mozya 18:17	D&A 84:19–20	Lik 9:1–6
Alma 13:1–19	D&A 107	Jan 15:16
D&A 20:38–65	D&A 121:34–46	Jak 5:14–15

Angajman

- Èske w ap prepare ou pou resevwa Prètriz Aawon an (gason nanlaj 12zan epi plis ki elijib epi diy)?
- Èske w ap prepare ou pou resevwa Prètriz Mèlkisedèk la (gason grandèt ki diy epi elijib)?
- Èske w ap patisipe aktivman nan òganizasyon oksilyè ki apwopriye a?

Travay misyonè

Manm ki pataje levanjil la fè eksperyans lajwa epi yo gen Lespri Senyè a avèk plis abondans. Lè nou pataje levanjil la, nou apresye jan li presye epi siyifikan pou nou, epi nou santi yon pi gran lanmou pou Bondye ak pou lòt moun. Senyè a te kòmande disip li yo pou yo preche levanjil la nan tout mond lan, pou bay chak moun opòtinite pou aksepte oubyen rejte li. Lè moun yo batize, yo fè yon alyans pou yo toujou kanpe kòm temwen Bondye. Yo kòmande yo pou yo pataje levanjil la avèk moun ki pa ko resevwa l yo. Si yo viv levanjil la fidèlman, y ap tabli yon egzanp, ki ap montre manm fanmi yo ak zanmi yo gwo benediksyon ki vini nan viv levanjil la. Yo dwe pwofite opòtinite pou reponn kesyon yo tou, pataje materyèl odyovizyèl oubyen ekri yo, epi envite lòt moun pou aprann plis sou mesaj levanjil retabli a. Manm yo dwe priye pou moun ki pa manm legliz yo. Yo dwe priye pou jwenn opòtinite misyonè—pou sèvi moun ki pa menm fwa avèk nou yo epi pataje sa yo kwè. Senyè a pwomèt l ap ede manm yo konnen sa pou yo di ak sa pou yo fè lè y ap pataje levanjil la.

Etid ekriti

Jakòb 5:70–75	D&A 19:29	D&A 84:74–76, 88
Mosiah 28:3	D&A 33:8–11	D&A 88:81
D&A 18:10–16	D&A 38:40–42	D&A 100:5–8

Angajman

- Èske w ap prepare pou w envite zanmi ou ak relasyon ou ki pa apatni a legliz la pou yo rankontre avèk misyonè yo pou yo anseye yo levanjil la?
- Èske w ap priye pou misyonè yo epi pou opòtinite pou pataje levanjil la?
- Èske w ap prepare ou pou sèvi yon misyon?

Maryaj etènèl

Inite debaz legliz la se fanmi. Andedan fanmi an, moun fè eksperyans anpil nan pi gwo jwa ak pi gwo lapenn lavi yo. Maryaj ant yon gason ak yon fi òdone pa Bondye epi se pwen santral nan plan Bondye pou sali pitit li yo. Fason lavi motel la kreye divinman etabli epi li pwoteje pa maryaj. Plan diven bonè a pèmèt relasyon famiyal yo demere odela tonbo a. Sepandan, maryaj ka etènèl sèlman lè detantè Prètriz ki otorize akonpli òdonans sèlman nan tanp sakre yo epi lè mari ak madanm ki sele ansanm yo respekte alyans yo fè yo. Mari ak

madanm dwe youn renmen lòt. Pandan y ap respekte kòmandman yo epi viv prensip levanjil yo, yo dwe respekte angajman marital yo avèk fidelite total (gade "Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan," *Ensign*, Nov. 1995, 102; gade D&A 42:22 tou).

Bonè nan lavi famiyal kapab akonpli pi souvan lè l fonde sou ansèyman Jezikri yo epi lè paran yo fè fanmi yo vin pi gran priyorite yo. "Dapre plan diven an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis epi yo responsab pou yo bay fanmi you tout sa yo bezwen nan lavi a ak pwoteksyon. Manman yo responsab prensipalman pou nourri pitit yo. Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal." (*Ensign*, Nov. 1995, 102). Ansanm, paran yo dwe anseye pitit yo levanjil Jezikri a epi ede yo viv li.

Satan ap fè yon atak ki konsantre sou fanmi yo. Sa gen anpil ane dirijan legliz yo te mete jou Lendi swa apa kòm jou sware famiyal. Paran yo dwe itilize tan sa a pou anseye pitit yo levanjil la, fòtifye relasyon yo avèk yo, epi fè amizman ansanm. Lòt fason pou fòtifye fanmi an se priyè famiyal ak etid ekriti chak jou, adorasyon legliz an fanmi, epi sèvi lòt moun. Syèl la se yon kontinyasyon fwaye ideyal la. Atravè òdonans Prètriz yo ak viv fidèl, nou ka viv an fanmi nan prezans Bondye etènèlman.

Etid ekriti

Maryaj

D&A 42:22	D&A 132:7	"Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan"
D&A 49:15	Jenèz 2:24	
D&A 131:1–4	Efezyen 5:25	

Fanmi

Mozya 4:14–15	D&A 130:2	"Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan"
3 Nefi 18:21	1 Timote 5:8	

Anseye timoun yo

Alma 56:47	D&A 68:25–30	Efezyen 6:4
Alma 57:21	Moyiz 6:55–62	Pwovèb 22:6

Angajman

- Èske w ap fè sware famiyal chak semèn, priyè famiyal chak jou, etid ekriti an fanmi chak jou, ak lòt aktivite famiyal?
- Èske w ap prepare pou w antre nan tanp pou (1) resevwa dotasyon ou? (2) marye pou letan ak letènite? (3) si marye, sele pou letènite kòm mari ak madanm? Epi (4) sele timoun yo avèk ou?
- Èske w ap adore jou Saba a an fanmi?
- Èske w ap sèvi lòt moun?

Tanp ak istwa famiyal

Bondye kòmande pèp li a pou yo bati tanp. Nan tanp nou fè alyans sakre epi nou dote avèk, oubyen yo banou, yon don pouvwa ak konesans soti anwo. Pouvwa sa a ede nou nan lavi chak jou nou epi pèmèt nou bati wayòm Bondye a. Nan tanp lan nou ka marye pou letan ak letènite tou, sa ki rann posib pou fanmi yo viv ansanm pou tout tan nan prezans Bondye. Apre omwen ennan kòm manm, grandèt ki diy yo ka elijib pou resevwa nan men evèk yo yon rekòmandasyon pou resevwa dotasyon yo. Lè yo fin resevwa dotasyon yo, koup marye yo ka sele oubyen marye pou letènite.

Nòt

Sovè a renmen tout moun epi li vle Sali yo. Men gen milyon moun ki mouri san yo pa t jwenn opòtinite pou tande mesaj levanjil retabli Jezikri a ni resevwa òdonans sali yo. Atravè gras plen lanmou li ak mizèrikòd li Senyè a rann sali posib pou chak moun ki pa t gen opòtinite resevwa, konprann, epi obeyi levanjil la pandan lavi mòtèl yo. Levanjil la preche pou moun ki mouri sa yo nan mond lespri a. Manm legliz la sou tè a akonpli òdonans sali nan non zansèt ki mouri yo ak lòt moun. Moun ki mouri k ap viv nan mond lespri a gen opòtinite pou aksepte oubyen rejte levanjil la ak òdonans yo fè pou yo yo.

Pou rezon sa a, manm legliz yo chèche enfòmasyon sou zansèt yo. Yo ranpli yon fèy asandans avèk yon fèy gwoupman famiyal epi yo soumèt non paran ki mouri yo ke yo bezwen fè òdonans pou yo nan tanp sakre yo. Sa se travay istwa famiyal. Manm ki diy ki nan laj 12zan epi plis, ladan yo nouvo manm yo, ka resevwa yon rekòmandasyon pou yo fè batèm pou mò yo nan men evèk yo.

Istwa famiyal

Envite nouvo manm yo pou yo rankontre avèk yon manm oubyen pou ale nan yon sant istwa famiyal nan kote yo ye a (kote genyen ki disponib) pou yon entwodiksyon nan travay istwa famiyal epi nan resous ki disponib pou yo yo. Bayo yon kopy dokiman pou istwa famiyal

Etid ekriti

D&A 43:16	D&A 128	D&A 138	1 Pyè 3:18–21
D&A 95:8–9	D&A 131	Som 65:4	1 Korentyen 15:29
D&A 124:22–42	D&A 132	Brochure, <i>Welcome to the Family History Center</i>	

Angajman

- Èske ou prepare pou resevwa òdonans tanp yo? (Toutsuit apre batèm ak konfimasyon, manm ki diy ki depase laj 12zan ka resevwa yon rekòmandasyon pou ale nan tanp epi patisipe nan batèm pou mò yo.)
- Èske w ap patisipe nan travay istwa famiyal epi soumèt non zansèt ou yo pou resevwa òdonans tanp pa pwokirasyon?

Sèvis

Youn nan pi gwo benediksyon fè pati legliz la se opòtinite pou sèvi. Lè nou rann lòt moun sèvis eman, n ap sèvi Bondye. Lè nou batize, nou fè alyans pou nou rann kalite sèvis sa a (gade Mozya 18:8–10). Nou dwe vin konsyan de bezwen fizik ak espirityèl lòt moun yo. Lè sa a nou bay tan nou, talan nou, ak mwayen nou pou ede moun ki nan bezwen yo. Nou suiv egzanp Sovè a, ki te vini pou sèvi lòt moun. Nou dwe fè sa Jezi te fè epi vin menmjan avèk li.

Toutsuit apre batèm nouvo manm yo resevwa nan men dirijan Prètriz yo benediksyon yon responsablite pou ede nan legliz la. Sa rele yon apèl. Tout travay nan legliz la se travay volontè. Yo pa peye okenn moun pou sèvis yo. Lè nou aksepte yon apèl, yo soutni nou piblikman nan yon reyinyon legliz pou lòt manm yo ka konnen apèl nou epi banou sipò. Yo mete nou apa tou pa yon dirijan Prètriz epi yo banou benediksyon espesyal pou ede nou ranpli apèl nou. Legliz la bezwen talan ak abiltè chak manm pou ranpli yon pakèt kalite apèl. Tout apèl enpòtan epi yo ede bati wayòm Bondye a. Nou dwe aksepte apèl yo epi travay avèk dilijans pou aprann epi ranpli devwa nou. Lè nou fè sa, nou grandi nan lafwa, nou devlope nouvo talan ak yon pi gran kapasite pou sèvi, epi nou resevwa anpil lòt benediksyon.

Etid ekriti

Charite

Mowoni 7:43–48 D&A 88:125 Matye 22:36–40 1 Korentyen 13:1–8

Pran swen pòv yo

Mozya 4:26 Alma 34:28–29 D&A 52:40 Matye 25:40

Nou dwe sèvi

Mozya 2:17 Mozya 18:8–10 D&A 42:29 D&A 107:99–100

Angajman

- Èske w ap aksepte epi ranpli devwa yon apèl (ladan yon tach kòm enstriktè nan fwaye)?
- Èske w ap bay lòt moun sipò nan apèl yo?

Ansèyman ak Aprann nan legliz la

Legliz la òganize pou pèfeksyone epi beni lavi manm yo. Li banou opòtinite pou nou youn anseye lòt levanjil la, pou nou fratènize epi youn sèvi lòt, epi pou youn bay lòt sipò nan rechèch sali nou. Nan fanmi epi nan legliz la, yo anseye chak manm dotrin levanjil yo. Lè manm yo aple nan tach ansèyman, yo bayo materyèl ak èd ki kapab ede yo gen siksè.

Etid ekriti

D&A 88:77–79 Efezyen 4:11–14

Angajman

- Èske ou pral legliz?

Pèsevere jiskalafen

Pandan n ap kontinye viv levanjil la, n ap grandi vin pi pre Papa nou ki nan Syèl la. N ap plis jwi epi plis apresye Ekspyasyon Sovè a. Fanmi nou ap vin pi pre youn ak lòt. N ap fè eksperyans pi gwo santiman lanmou, lajwa, ak lapè ki vini atravè Ekspyasyon an. Kè nou ap chanje, epi n ap jwenn sekirite nan viv levanjil retabli a.

Pandan n ap kontinye egzèse lafwa nan Kris la, epi renouvle alyans nou yo, n ap jwi gidans san rete nan men Sentespri a. Si nou pèsevere jiskalafen lavi nou nan rete vrè nan alyans nou yo, n ap resevwa lavi etènèl.

Gen kèk manm ki pa pèsevere ni rete totalman aktif. Sepandan, pèsevere jiskalafen se youn responsablite pèsònèl. Nou “travay pou pwòp sali nou” (Filipyen 2:12), epi nou sèvi epi renmen moun ki gen lafwa ki febli rive nan inaktivite.

Etid ekriti

2 Nefi 31:20–21 D&A 20:37 Jan 14:15, 21 Pilipyen 2:12
Mowoni 6:4 Atik Lafwa 1:3 Efezyen 4:11–14

Angajman

- Èske w ap kontinye viv levanjil la nan respekte alyans batèm yo pandan tout lavi ou?

Nòt



Kijan m ka rekonèt epi konprann Lespri a?

Nòt

Konsidere bagay sa yo

- Poukisa mwen bezwen resevwa revelasyon pèsònèl?
- Kiyès Sentespri a ye epi kijan li fonksyone?
- Poukisa mwen dwe priye avèk lafwa?
- Ki wòl Lespri a nan travay misyonè?
- Kijan mwen ka rekonèt chichotman Lespri yo?

Revelasyon pèsònèl

Joseph Smith te di, “Sali pa ka vini san revelasyon; li initil pou yon moun ministre san li” (*History of the Church*, 3:389). W ap gen siksè nan travay ou si ou aprann epi suiv revelasyon pèsònèl. Joseph Smith te anseye tou ke revelasyon sa a esansyèl pou travay chak jou ou: “Sa se prensip ki dirije gouvènman syèl la—pa revelasyon adapte avèk sikonstans pitit wayòm yo plase yo” (*History of the Church*, 5:135).

Bondye renmen ou ak tout pitit li yo. Li sousye pou ede ou nan pwoblèm pratik epi espesifik ou yo. Yo pwomèt ou enspirasyon pou w ka konnen sa pou w fè epi yo ba ou pouvwa pou w fè li (gade D&A 43:15–16). L ap ede ou pandan w ap eseye rekonèt epi konprann Lespri a atravè etid ekriti dilijan. L ap gide ou mennen vè moun ki ap resevwa mesaj Retablisman an. L ap ba ou pouvwa pou w delivre mesaj la epi pou w temwaye sou Kris la ak levanjil li a. L ap vide benediksyon sou ou atravè don Sentespri a. li mande pou ou rete diy pou don sa a epi pou ou mande, chèche, epi frape (gade D&A 4:7; Matye 7:7–8).

N ap viv nan epòk pwofèt Liv Mòmmon yo te pwofetize a—yon epòk kote moun yo ap “ap goumen youn avèk lòt, epi y ap preche avèk konesans pa yo, epi y ap nye Sentespri a, ki bay enspirasyon” (2 Nefi 28:4; gade 3 Nephi 29:6 tou; Mòmmon 9:7–8). Men gen anpil

moun ki ta renmen jwenn bagay espiyèl yo tou. Pandan w ap aprann resevwa revelasyon pèsònèl, w ap anseye avèk pouvwa ak otorite (gade Alma 17:3) paske Sentespri a baou pouvwa pou pale (gade 1 Nefi 10:22).

Ou bezwen chèche epi resevwa revelasyon pèsònèl atravè Sentespri a pandan w ap ede moun vin batize epi konfime. Gen lafwa ke w ap resevwa revelasyon pèsònèl pou gide ou chak jou. Sentespri a ap ede ou nan chak aspè travay ou.

Aktivite: Etid pèsònèl

Nan temwayaj final Mowoni an, li te ekri “kèk pawòl egzòtasyon” (Mowoni 10:2). Li Mowoni 10 epi ekri nan pwòp mo pa ou sa Mowoni egzòte moun k ap li Liv Mòmmon yo pou yo fè. (*Egzòte* vle di ankouraje yon moun grandman oubyen siplye li pou l fè yon bagay.)

Limyè Kris la

Yon moun kapab resevwa gidans espiyèl anvan li batize epi konfime. Enfliyans espiyèl sa a kòmanse avèk Limyè Kris la, ke “yo bay chak moun, pou l ka konnen byen ak mal” (Mowoni 7: 16; gade vèsè 14-19 tou).

Limyè Kris la se “enèji, pouvwa, oubyen enfliyans divin ki aji soti kot Bondye atravè Kris epi ki bay lavi ak limyè nan tout bagay. Li se lwa ki gouvène tout bagay nan syèl la ak sou latè a. Li ede moun konprann verite levanjil yo tou epi li ede mete yo sou chemen levanjil ki mennen nan sali a.

“Limyè Kris la pa dwe konfonn avèk Sentespri a. Limyè Kris la se pa yon moun. Li se yon enfliyans ki soti nan men Bondye epi ki prepare yon moun pou l resevwa Sentespri a. Li se yon enfliyans pou bon bagay nan lavi tout moun.

“Youn nan manifestasyon limyè Kris la se konsyans, ki ede yon moun chwazi ant sa ki bon ak sa ki pa bon. Pandan moun yo ap aprann plis sou levanjil la, konsyans yo ap vin pi sansib. Moun ki koute limyè Kris la ap dirije nan levanjil Jezikri a” (The Guide to the Scriptures, “Light, Light of Christ;” gade D&A 84:46–47 tou).

Prezidan Boyd K. Paker te di, “Li enpòtan pou yon . . . misyonè . . . konnen ke Sentespri a ka travay atravè Limyè Kris la. Yon enstriktè verite levanjil pap plante yon bagay etranje ni nouvo nan yon grandèt oswa yon timoun. Men, misyonè a oubyen enstriktè a ap fè kontak avèk Lespri Kris la ki deja la. Levanjil la ap gen yon ‘son’ familye pou yo” (“Limyè Kris la,” diskou ki te bay nan seminè pou nouvo Prezidan Misyon yo, 22 Jen 2004, 2).

Sentespri a

Pèsònaj Sentespri a. Sentespri a se twazyèm manm Divinite a. Li se yon pèsònaj lespri epi li pa gen yon kò chè ak zo (gade D&A 130:22). Li se Rekonfòtè, ke Sovè a te pwomèt ki t ap anseye disp li yo tout bagay la epi fè yo sonje tout bagay li te anseye yo (gade Jan 14:26).

Pouvwa Sentespri a. Temwayaj ke investigatè sensè yo resevwa anvan batèm yo vini atravè Sentespri a. “Pouvwa Sentespri a ka vini sou yon moun anvan batèm ni epi temwaye li ke levanjil la vrè” (Gid ekriti yo, “Sentespri a”). Li bay moun yon temwayaj konsènan Jezikri ak travay li a ak travay sèvitè l yo sou tè a. Sentespri a temwaye sou verite. Tout moun ka konnen verasite Liv Mòmmon an pa pouvwa Sentespri a. “Pa pouvwa Sentespri a ou kapab konnen si nenpòt bagay se verite” (Mowoni 10:5).

Don Sentespri a. Envestigatè ki resevwa yon temwayaj pa ko gen pwomès konpayi nèt ale Sentespri a. Joseph Smith te di, “Gen yon diferans ant Sentespri a ak don Sentespri a. Corneille te resevwa Sentespri a anvan li te batize, ki sete pouvwa konvenkan Bondye te ba li sou verite levanjil la, men li pa t ka resevwa don Sentespri a pazavan li te batize. Si li pa t pran siy sa a oubyen òdonans sa a sou li, Sentespri a ki te konvenk li sou verite Bondye a, t ap kite li” (*History of the Church*, 4:555).

“ . . . dwa pou gen konpayi konstan Sentespri a, kèlkeswa lè yon moun diy, se yon don ki ka resevwa pa enpozisyon men pa yon detantè Prètriz Mèlkisedèk apre batèm otorize li nan vrè Legliz Jezikri a (Gid ekriti yo, “Sentespri a”).

Antanke yon manm legliz la, ou te resevwa don Sentespri a pa otorite Prètriz la. Don sa a pèmèt ou gen konpayi konstan Sentespri a si ou rete diy pou sa. Priye pou w jwenn gidans Lespri a, epi avèk vanyans, suiv chichotman ou resevwa yo.

Sentespri Pwomès la. Yo fè referans avèk Sentespri a kòm Sentespri Pwomès la tou (gade D&A 88:3). Sele pa Sentespri Pwomès la vle di ke Sentespri a konfime ke aksyon ki jis yo, òdonans, ak alyans yo akseptab pou Bondye. Sentespri Pwomès la temwaye bay Papa a ke òdonans pou sove yo te byen akonpli epi alyans ki asosye avèk yo yo respekte. Moun ki sele pa Sentespri Pwomès la resevwa tout sa Papa a genyen (gade D&A 76:51–60; Efezyen 1:13–14). Tout alyans yo ak reprezantasyon yo dwe sele pa Sentespri Pwomès la pou yo ka valid apre lavi sa a (gade D&A 132:7, 18–19, 26). Kraze alyans yo ka retire sèlman an.

Don Sentespri a. Don Sentespri yo se benediksyon espirityèl espesyal Senyè a bay moun ki diy pou pwòp benefis pa yo epi pou yo itilize pou beni lòt moun. Pa egzanp, misyonè ki dwe aprann yon nouvo lang yo ka resevwa don lang pou bayo èd divin nan aprann yon lang. Gen plizyè don Lespri ki dekri nan Mowoni 10:8–18; Doktrin ak Alyans 46:11–33; ak 1 Korentyen 12:1–12. Yo se sèlman kèk egzanp nan anpil don Lespri yo. Senyè a ka beni ou nan lòt fason depanndan de fidelite ou, bezwen ou, ak bezwen moun w ap sèvi yo. Ou dwe anvi don espirityèl yo epi chèche yo avèk tout kè ou (D&A 46:8; 1 Korentyen 12:31; 14:1, 12). Don sa yo vini pa lapriyè, pa lafwa, ak pa travay, selon volonte Bondye (gade D&A 63:9–12; 84:64–73).

“Don Sentespri a vini apre yon moun fin repanti epi vin diy. . . . Sentespri a rann temwayaj sou laverite epi li enprime nan nanm nan reyelite Bondye Papa a ak Pitit Gason an, Jezikri, si pwofondeman ke pa gen okenn pouvwa oubyen otorite sou tè a ki ka separe moun sa a de konesans sa a.”

—PREZIDAN JAMES E. FAUST
“THE GIFT OF THE HOLY GHOST—A SURE COMPASS,”
ENSIGN, AVR. 1996, 4”

Aktivite: Etid pèsònèl ak etid avèk konpayon

Li referans sa yo:

- Guide des Ecritures, “Saint-Esprit,” “Lumière du Christ,” ak “L’Esprit.”
- *Our Search for Happiness*, 84–86, 91–92.
- *True to the Faith*, 81–84, 165–67.

Ekri yon deskripsyon sou nati ak wòl Sentespri a.

Li Travay 4:23–33.

- Kijan Pyè ak Jan te chèche don espirityèl yo?

- Kijan Senyè a te reponn priyè yo?
- Kisa ou ka aprann nan eksperyans sa a sou pwòp travay ou?

Pouvwa Lespri a nan konvèsyon

Pouvwa Sentespri a se santral konvèsyon. Eseye konprann doktrin konvèsyon an ak eksperyans sou konvèsyon tou. Èldè Boyd K. Packer te eksplike wòl Lespri a nan konvèsyon:

“Lè konvèsyon fèt, se pa pouvwa Lespri a. Pou ou gen siksè nan travay misyonè ou, twa bagay sa yo dwe rive:

“Nou dwe konprann jan yon envestigatè dwe santi li pou l resevwa konvèsyon.

“Nou dwe konprann kijan yon misyonè dwe santi li pou l anseye avèk pouvwa Lespri a pou konvèti a.

“Epi apre sa nou dwe konprann kijan yon manm dwe santi li pou l gen siksè nan patisipe nan eksperyans konvèsyon an. (konferans pou Prezidan Misyon yo, 3 Avr 1985).

Pi byen ou konprann kijan envestigatè yo, misyonè yo, ak manm yo santi yo lè yo resevwa temwayaj Lespri a, se pi byen w ap konprann wòl pa ou, ki se:

- Edifye epi gen lespri ou eklere pandan w ap fouye ekriti yo epi anseye doktrin nan.
- Kreye yon klima lè w ap anseye kote Sentespri a ka rann temwayaj. Ou fè sa lè ou anseye epi temwaye sou mesaj Retablisman an. Anseye jan Lespri a dirije ou, epi temwaye ke ou konnen pa pouvwa Sentespri a ke sa w ap anseye a se verite.
- Suiv gidans Lespri a nan adapte mesaj la avèk bezwen chak moun.
- Envite moun yo pou yo aji. Lafwa yo ap ogmante lè yo repanti, obeyi kòmandman yo, epi fè epi respekte alyans.



Èldè M. Russel Ballard te pale sou pouvwa Lespri a: “Vrè konvèsyon vini atravè pouvwa Lespri a. Lè Lespri a touche kè a, kè a chanje. Lè moun . . . Santi Lespri a ap travay avèk yo, oubyen lè yo wè evidans amou Senyè a ak mizèrikòd li nan lavi yo, yo edifye epi yo fòtifye esprityèlman epi lafwa yo nan li ogmante. Eksperyans sa yo avèk Lespri a vini natirèlman apre ke yon moun fin gen volonte pou fè eksperyans avèk pawòl la. Se konsa nou vin *santi* ke levanjil la vrè” (“Now Is the Time,” *Ensign*, Nov. 2000, 75).

Sentespri a travay nan kè moun pou pote chanjman sa yo. Pandan moun yo ap chwazi kenbe angajman yo, y ap santi pouvwa Sentespri a pi fò epi y ap devlope lafwa nan obeyi Kris. Konsa, ou dwe ede moun w ap travay avèk yo yo pou yo grandi nan lafwa pandan w ap envite yo pou yo repanti epi pran epi kenbe angajman.

Aktivite: Etid pèsònèl

- Li youn oubyen de pasaj sa yo, epi medite sou kijan yon investigatè dwe santi li pou l konvèti. Ekri sa w santi ak sa w panse nan journal etid ou. Pale sou ide yo avèk lòt misyonè yo ak manm yo.
2 Nefi 4:16–35; Enòs 1; Mozya 4–5; 18:7–14; 27–28; Alma 5; 17–22; 32; 36; 38
- Li youn oubyen de nan pasaj sa yo epi medite sou sa ou menm antanke yon misyonè epi antanke manm dwe santi pou anseye avèk pouvwa pou konvèti a. Ekri sa ou santi ak sa ou panse nan journal etid ou. Pale sou ide w yo avèk lòt misyonè yo ak manm yo.
1 Nefi 8:11–12; Mozya 28:1–4; Alma 26; 29; 31:26–38; 32; Mowoni 7:43–48; D&A 4; 18:10–16; 50:21–22

Etid ekriti**Kisa ekriti sa yo anseye sou pouvwa Lespri a nan travay ou?**

2 Nefi 33:1–2
D&A 42:11–17

D&A 50:13–22
Travay 2:37–38

1 Korentyen 2:11–14
Guide des Ecritures, “Conversion,
Converti”

Kisa ou ka fè pou w jwi pouvwa Lespri a nan travay ou?

Alma 32:27–28

D&A 42:14

Jan 7:17

Poukisa li enpòtan pou w anseye sa ou konnen ak sa ou kwè?

Alma 5:43–47

D&A 52:9

D&A 80:4

Priye avèk lafwa

Ou ka anseye nan fason Senyè a sèlman pa pouvwa Lespri a, epi ou resevwa Lespri a atravè lapriyè lafwa. Senyè a te di, “Epi w ap resevwa Lespri mwen pa lapriyè lafwa; epi si ou pa resevwa Lespri a ou pa dwe anseye” (D&A 42:14). Pandan w ap priye pou w jwenn èd nan ansèyman ou, pouvwa Sentespri a ap pote ansèyman w yo “nan kè pitit lèzòm” yo (2 Nefi 33:1).

Prezidan Gordon B. Hinckley te bien ilistre prensip sa a lè l te rakonte yon eksperyans li te fè nan misyon li:

“Mwen toujou sonje de jènjan ki te sèvi nan misyon mwen. Youn sete yon vedèt. Li te edike. Li te entelijan. Li te vit. Li te yon tijan awogan. Nou te gen yon lòt ki te yon pent. Li te soti nan yon boutik k ap penn pano avèk ti kal fòmasyon, men li te konnen mank konpetans li epi li te repoze sou Senyè a. Lè li te priye, nou te santi li t ap pale avèk Senyè a. Se pa t yon bagay pakè, sete yon konvèsasyon epi jènjan sa a te akonpli mèvèy pandan lòt jènjan an te machinalman fè sa yo te mande li. Pouvwa ki te nan youn nan ak absans pouvwa ki te nan lòt la te aparann anpil. Mande Senyè a. Li bay envitasyon an, epi l ap reponn.” (*Teachings of Gordon B. Hinckley* [1997], 469).



Nòt

Fè efò pou w priye sensèman, avèk entansyon reyèl, epi avèk “tout enèji kè” ou (Mowoni 7:48). Priyè efikas mande gwo efò (gade Mowoni 10:3–4; D&A 8:10; 9:7). Panse seryezman sou atitud ou epi sou pawòl w ap itilize yo. Konsidere bagay sa yo lè w ap priye:

- Itilize langaj lapriyè, ki montre ke ou renmen Papa nou ki nan Syèl la epi ou respekte li. Itilize bon langaj ki plen respè nan kèlkeswa lang w ap priye.
- Toujou eksprime gratitud ou pou benediksyon w yo. Yon efò konsyan pou ou rekonesan ap ede ou rekonèt konbyen Senyè a gen mizèrikòd pou ou nan lavi ou.
- Priye espesyalman pou gidans ak èd Sentespri a. Montre ke ou bay benediksyon sa a valè nan rete sansib epi konsyan ak chichotman espiyèl yo. Apre suiv chichotman sa yo avèk tout kouraj ou.
- Priye avèk amou ak charite. Priye pou moun pa non yo. Mande enspirasyon pou ede ou konprann epi reponn ak bezwen yo. Priye pou byennèt kontak yo, envestigatè yo, nouvo konvèti yo, ak manm inaktif yo. Priye pou manm yo ak dirijan Prètriz yo ak Oksilyè yo nan zòn nou an. Priye pou fanmi ou lakay ou. Priye pou konpayon ou, pou lòt misyonè yo, epi pou Prezidan Misyon ou. Priye pou w konnen nan ki fason ou ka ede lòt moun, epi apre sa gen volonte pou w fè sakrifis pou yo.
- Priye pou yo ka montre ou ki kote pou w ale ak kisa pou w fè. Priye pou ou ka dirije vè moun ki prepare pou yo resevwa mesaj Retablisman an. Priye pou ou ka rekonèt yo.
- Rekonèt ke Papa nou ki nan Syèl la konnen bezwen ou pi byen pase ou. Konte sou Lespri a pou w konnen poukisa pou w priye (gade 3 Nefi 19:24; D&A 46:28, 30).
- Nan priyè ou aswè, bay Senyè a yon rapò aktivite ou pou jounen an. Epi repase plan ou pou jou apre a avèk li. Koute chichotman Lespri yo.
- Priye pou w simonte tantasyon. Sede anba tantasyon anpeche gou gen Lespri a.
- Priye pou benediksyon espesyal epi, lè sa apwopriye, jene pou sa.
- Priye sou ekriti yo epi medite sou yo. Ekriti yo louvri pòt pou revelasyon.
- Kwè ke Bondye ap reponn priyè w yo. Rekonèt ke panse Bondye pa panse pa ou (gade Ezayi 55:8–9), epi gen konfyans ke Bondye ap reponn priyè w yo nan fason pa li epi nan tan pa li.

“Chak maten . . . , misyonè yo dwe mete yo ajenou epi sipliyè Senyè a pou l delye lang yo epi pale atravè yo pou benefis moun y ap anseye yo. Si yo fè sa, yon nouvo limyè ap vin nan lavi yo. Ap gen pi gwo antouzyas pou travay la. Y ap vin konnen nan yon sans vrèman reyèl ke yo se sèvitè Senyè a k ap pale nan non li. Y ap vin wè yon lòt reyaksyon kay moun y ap anseye yo. Pandan y ap fè sa pa Lespri, envestigatè yo ap reyaji sou enfliyans menm Lespri a.”

—PREZIDAN GORDON B. HINCKLEY
 “SÈVIS MISIONÈ,” *PREMYE REYINYON FOMASYON ENTENASYONAL POU DIRIJAN YO*, 11 JAN. 2003, 20.


Aktivite: Etid pèsònèl

Medite sou deklarasyon sa yo konsènan priyè sensè:

“Pwoblèm pifò nan priyè nou sèke nou fè yo menmjan nou pran yon telefòn pou n kòmande epis—nou plase kòmand lan epi nou rakwoche. Nou bezwen medite, kontanple, panse sou sa n ap priye a epi apresa pale avèk Senyè a tankou yon moun pale avèk yon lòt” (Gordon B. Hinckley, *Teachings of Gordon B. Hinckley*, 469).

“Si priyè se sèlman yon bagay nou fè sèlman nan moman pwoblèm, lè sa a li totalman egoyis, epi nou vin panse avèk Bondye tankou yon teknisyen pou repare oubyen yon ajans pou ede nou sèlman nan ka ijan nou yo. Nou dwe panse avèk Toupisan an lajounen tankou lannuit —tout tan—pa sèlman nan moman lòt èd yo echwe epi nou dezespereman bezwen èd” (Howard W. Hunter, *The Teachings of Howard W. Hunter*, ed. Clyde J. Williams [1997], 39).

Alenteryè ou, itilize chema sa a pou w evalye priyè w yo. Nan jounal etid ou, ekri repons kesyon tankou: Ki kote ou ta plase tèt ou nan chema sa a? Ki kote ou ta renmen ye nan chema sa a? Kijan ou pral chanje?

**Etid ekriti****Poukisa ou dwe priye pou w gen Lespri?**

2 Nefi 32:8–9

D&A 42:14

D&A 50:13–22

Poukisa ou dwe priye?

Alma 6:6

Alma 37:36–37

D&A 50:29–30

Alma 13:28

3 Nefi 18:20

Guide des Ecritures, “Prière”

Alma 34:17–27

3 Nefi 19:9

Aprann rekonèt chichotman Lespri yo

Lespri a toujou disponib pou gide ou epi dirije ou. Sepandan, Lespri pale dousman, atravè santiman ou osibyen atravè lespri ou. Youn nan pi gwo defi pou ou ak pou moun w ap travay avèk yo yo se rekonèt chichotman dou, sibtil Sentespri a.

Èldè Boyd K. Packer te anseye: “Vwa Lespri a dekri nan ekriti yo tankou yon vwa ki pa ni ‘fò’ ni ‘rèd’. Se ‘pa yon vwa loray, ni . . . vwa yon gwo bri fò.’ Men olyesa, se ‘yon ti vwa ba, totalman trankil, kòm si sete yon chichotman,’ epi li ka ‘pèsè menm nanm yo’ epi

'li chofo kè a.' (3 Ne. 11:3; El. 5:30; D&A 85:6–7.) Sonje, Eli te wè ke vwa Senyè a pa t nan van an, ni tranbleman tè a, ni nan dife a, men sete yon 'ti vwa piti.' (1 Wa 19:12).

"Lespri a pa kapte atansyon nou nan kriye fò ni nan sekwe nou fò. Olyesa li chichote. Li karese si dousman ke si nou preyokipe nou gen dwa pa santi l ditou. (Se pa etonan ke yo revele nou Pawòl Sajès la, paske kijan moun k ap bwè oubyen moun ki pran dwòg ka fè santi yon vwa konsa?)

"Pafwa l ap peze ase fèm pou nou ka pote atansyon. Men pou pifò, si nou pa pote atansyon avèk santiman dou sa a, Lespri a ap prale epi l ap tann jiskaske nou vin chèche epi koute epi pale nan fason pa nou ak nan mo pa nou, tankou Samyèl nan epòk lontan an, 'Pale Senyè, paske sèvitè w la ap koute.' (1 Sam. 3:10.)" ("The Candle of the Lord," *Ensign*, Jan. 1983, 53).

Anpil vwa nan mond lan ap fè konpetisyon pou yo atire atansyon nou, epi yo ka fasilman kouvri enpresyon espiyèl nou yo si nou pa fè atansyon.

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Etidye tablo nou bay la a. Panse sou lè ou konn fè eksperyans nenpòt santiman, panse, oubyen enpresyon yo dekrè nan pasaj sa yo. Amezi w ap etidye epi akeri eksperyans, ajoute lòt pasaj nan lis sa a. Panse sou fason ou ka itilize prensip sa yo pou ede lòt moun santi epi rekonèt Lespri a.

D&A 6:23; 11:12–14; Women 15:13; Galat 5:22–23	Bay santiman amou, lajwa, lapè, pasyans, bonte, jantiyès, lafwa, ak lespwa.
D&A 8:2–3	Bay ide nan lespri, santiman nan kè.
D&A 128:1	Okiye lespri a epi peze sou santiman yo.
Joseph Smith—Histoire 1:11–12	Ede ekriti yo gen gwo efè.
D&A 9:8–9	Bay bon santiman pou anseye si yon bagay vre.
Alma 32:28; D&A 6:14–15; 1 Korentyen 2:9–11	Eklere lespri.
Alma 19:6	Ranplase fènwa pa limyè.
Mozya 5:2–5	Ranfòse dezi pou evite mal epi pou obeyi kòmandman yo.
Jan 14:26	Anseye verite a epi fè sonje li
Jan 14:27	Bay santiman lapè ak rekonfò.
Jan 16:13	Gide mennen nan verite epi montre bagay ki gen pou vini yo.
Mowoni 10:5	Revele verite.
D&A 45:57	Gide epi pwoteje kont desepsyon.
2 Nefi 31:18; D&A 20:27; Jan 16:14	Glorifye epi rann temwayaj sou Bondye Papa a avèk Jezikri.
D&A 42:16; 84:85; 100:5–8; Lik 12:11–12	Gide pawòl enstriktè enb yo.
Jan 16:8	Rekonèt epi korije peche.
Mowoni 10:8–17; D&A 46:8–26; 1 Korentyen 12	Bay don Lespri yo.
Alma 10:17; 12:3; 18:16, 20, 32, 35; D&A 63:41	Ede pèsevwa oubyen disène panse lòt moun yo.
D&A 46:30; 50:29–30	Di poukisa pou n priye.
2 Nefi 32:1–5; D&A 28:15	Di kisa pou n fè.
1 Nefi 10:22; Alma 18:35	Ede moun ki jis la pale avèk pouvwa ak otorite.
D&A 21:9; 100:8; Jan 15:26	Temwaye sou verite a.
2 Nefi 31:17; Alma 13:12; 3 Nefi 27:20	Sannktifye epi bay remisyon peche.
1 Nefi 2:16–17; 2 Nefi 33:1; Alma 24:8	Pote verite a nan kè moun k ap koute.

1 Nefi 1:1–3; Egzòd 31:3–5	Amelyore talan ak kapasite.
1 Nefi 7:15; 2 Nefi 28:1; 32:7; Alma 14:11; Mòmòn 3:16; Etè 12:2	Kontrenn (fè avanse) oubyen frennen (fè rete).
D&A 50:13–22	Edifye ni enstriktè a ni etidyan yo.
D&A 88:3; Jan 14:26	Bay rekonfò.

Kòm repons pou kesyon, “Kijan mwen ka rekonèt chichotman Lespri yo?” Prezidan Gordon B. Hinckley te li Mowoni 7:13, 16–17 epi li te di: “Sa se tès la, lè tout bagay fin di epi fin fèt. Èske sa pèsyade yon moun pou fè byen, pou leve, pou kanpe fèm, pou fè bagay egzak la, pou gen bonte, pou gen jenewozite? Lè sa a se Lespri Bondye. . . .

“Si li envite pou fè sa ki byen, li soti de Bondye. Si li envite pou fè sa ki mal, li soti kot dyab la. . . . Epi si ou fè sa ki byen epi si ou viv bon fason an, w ap konnen nan kè ou sa Lespri a di ou.

“Ou rekonèt chichotman Lespri yo pa fwi Lespri a—sa ki ilimine, ki konstwi, ki pozitif epi afimatif epi elvan epi sa ki mennen nou nan pi bon panse ak pi bon pawòl ak pi bon aksyon se Lespri Bondye a” (*Teachings of Gordon B. Hinckley*, 260–61).

Bondye reponn priyè ou atravè enspirasyon ak revelasyon pèsònèl. Atravè Sentespri a l ap gide ou nan efò ou pou jwenn moun pou w anseye, pandan w ap anseye levanjil retabli a, epi pandan w ap fòtifeye manm mwens aktif yo ak nouvo konvèti yo. Tach ou se viv diy, priye avèk fèvè, epi aprann rekonèt epi suiv gidans Lespri a avèk tout ou menm.

Apiye sou Lespri a

Antanke sèvitè Senyè a, ou dwe fè travay li nan fason pa li epi pa pouvwa li. Gen kèk misyonè ki gen konfyans ke yo konnen kijan pou yo gen siksè. Gen lòt ki manke kalite konfyans sa a. Sepandan, sonje ke konfyans ou ak lafwa ou dwe nan Kris, non pa nan ou menm. Apiye sou Lespri a olye sou pwòp talan ak kapasite pa ou. Apiye sou Lespri a pou gide ou nan chak aspè travay ou. Pwofèt Joseph Smith te anseye ke Lespri a se baz anseye ak preche:

“Okenn moun pa ka preche Levanjil la san Sentespri a” (*History of the Church*, 2:477).

“Gen kèk moun ki te ap le epi òdone pa Lespri revelasyon ak pwofesi, epi ki te kòmanse preche pandan Lespri a t ap bayo pawòl, epi malgre yo te fèb, yo te fòtifeye pa pouvwa Bondye” (*History of the Church*, 4:538).

Joseph Smith te kontinye bay Èldè yo enstriksyon konsènan preche levanjil la, epi li te fè yo wè nesite pou gen Lespri a, pou yo ka preche avèk Sentespri a ki desann soti nan syèl” (*History of the Church* 4, 13).

Pandan sesyon planifikasyon ou chak semèn epi chak jou yo, w ap bezwen poze kèk kesyon debaz chak jou—menm plizyè fwa pa jou (gade kare Etid ekriti yo ki suiv la a pou egzanp pou kesyon yo). Chèche enspirasyon pou reponn kesyon sa yo nan yon fason ki reponn ak chak sityasyon. Lè sa a ou dwe pran repons yo epi itilize yo nan plan ou. Men ou dwe pare pou w suiv Lespri a tou epi chanje plan ou lè okasyon sanzatann prezante.

Nòt

Etidye ekriti sa yo epi konsidere kijan yo reponn kesyon enpòtan sa yo ke ou dwe poze chak jou yo. Konsidere sa pasaj sa yo vle di pou efò ou pou jwenn moun, pou planifikasyon sesyon yo, epi pou etid pèsònèl epi avèk konpayon. Konsidere sans yo tou lè w ap anseye leson yo, lè w ap envite moun pou yo pran angajman, fè suivi angajman yo, fòtifye nouvo manm yo ak manm ki mwens aktif yo, epi travay avèk manm yo.

Etid ekriti

Ki kote pou m ale?

Elaman 10:17 D&A 75:26–27
D&A 31:11 D&A 79:1–2

Kisa pou m fè?

1 Nefi 4:6 D&A 28:15
2 Nefi 32:2–5 D&A 52:3–4

Kisa pou m di?

2 Nefi 33:1	D&A 33:8–10	Matye 10:19–20
Alma 5:43–46	D&A 50:13–22	Mak 13:11
Alma 11:22	D&A 68:1–4	1 Korentyen 2:4–5, 12–13
Elaman 5:18	D&A 75:3–11	Egzòd 4:10–12
Elaman 13:3–5	D&A 100:5–8	

Kijan m ka adapte ansèyman mwen avèk bezwen envestigatè m yo?

Alma 12:7	3 Nefi 17:2–3	D&A 84:85
Alma 41:1	D&A 71:1	

Ki ekriti m dwe itilize epi kijan m dwe itilize yo?

Mozya 18:19–20	D&A 32:4	D&A 71:1
Mozya 27:35	D&A 42:11–17	D&A 80:4
D&A 18:32–36	D&A 68:1–4	Lik 24:13–32

Yon mo avètisman

Pandan w ap priye pou enspirasyon, ou dwe konfime santiman ou tou. Pa egzanp, konpare desizyon ou avèk ekriti yo ak ansèyman pwofèt vivan yo. Asire ou ke santiman yo konsistan avèk tach ou genyen; pa egzanp, ou pap resevwa revelasyon pou w di yon evèk kijan li dwe aji nan apèl li. Pale sou desizyon ou ak konklizyon ou avèk konpayon ou, dirijan distri ou, oubyen Prezidan Misyon ou lè sa apwopriye.

Prezidan Harold W. Hunter te bay konsèy sa a: “Kite m bay yon mo avètisman. . . . Mwen panse si nou pa pran prekosyon. . . ., nou ka kòmanse defòme vrè enfluyans Lespri Senyè a pa fason ki pa diy epi ki manipilatif. Mwen kòmanse gen pwoblèm lè sanble ke gwo emosyon dlo k ap koule nan je san rete konpare avèk prezans Lespri a. Sètènman Lespri Senyè a ka mennen gwo santiman emosyon, ladan kriye, men manifestasyon eksteryè sa a pa dwe konfonn avèk prezans Lespri a li menm” (*The Teachings of Howard W. Hunter*, 184). Lespri Senyè a toujou edifye.

“Si nou diy, nou gen dwa resevwa revelasyon pou tèt pa nou, paran yo pou pitit yo, epi manm legliz yo nan apèl yo. Men dwa revelasyon pou lòt moun pa depann de nou.”

– PREZIDAN JAMES E. FAUST
“COMMUNION WITH THE HOLY SPIRIT,”
ENSIGN, MAS. 2002, 4

Revelasyon ak eksperyans espirityèl se bagay sakre. Yo dwe rete prive epi diskite sèlman nan sityasyon apwopriye. Antanke misyonè, ou ka vin pi konsyan de eksperyans espirityèl pase ou te ye anvan nan lavi ou. Reziste anba tantasyon pou pale san kontwòl sou eksperyans sa yo.

Èldè Boyd K. Packer te konseye: “Mwen aprann ke eksperyans espirityèl fò, enpresyonan sa a nou pa jwenn ni trè souvan. Epi lè yo vini, se jeneralman pou pwòp edifikasyon nou, enstriksyon nou, oubyen pou koreksyon. Amwenske nou aple pa bon otorite a pou fè sa, yo pa dwe mete nou nan pozisyon pou nou konseye ni korije lòt moun.

“Mwen fini pa kwè tou ke li pa saj pou n toujou pale sou eksperyans espirityèl ki pa abityèl yo. Nou dwe kenbe yo avèk swen epi pataje yo sèlman lè Lespri a li menm pouse nou pou n itilize yo pou benefis lòt moun” (*Ensign*, Jan. 1983, 53).

Etid ekriti

Apiye sou Lespri a si enpòtan ke Senyè a avèti nou trè fò pou n pa renye ni toufe Lespri a. Kisa ou aprann nan pasaj ekriti sa yo?

Jakòb 6:8–9

Mòmòn 9:7–9

D&A 11:25–26

3 Nefi 29:5–6

Mowoni 10:7–8

1 Tesalonisyen 5:19–20

Sonje sa

- Priye avèk lafwa pou priye w yo jwenn repons.
- Aprann konprann, rekonèt, epi suiv chichotman Lespri yo.
- Aprann konte sou Lespri a pou montre ou ki kote pou w ale, kisa pou w fè, ak sa pou w di.
- Anseye lòt moun yo kijan pou yo rekonèt Lespri a.

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsonèl

- Ekri eksperyans espiyèl ou nan jounal ou. Pa egzanp, reponn kesyon tankou: Èske m te konprann yon bagay pi byen pandan m t ap etidye ekriti yo? Èske m te gen opòtinite ki pa abityèl pou m te rankontre moun pou te ka pataje yon mesaj? Èske m te resevwa pawòl pou m te di nan moman mwen te bezwen yo a? Èske m te gen pwofon santiman lanmou pou moun mwen te rankontre? Nan ki fason priyè m yo te jwenn repons?
- Divize yon paj an de kolòn. Rele yon kolòn “Sa Senyè a te fè” epi rele lòt kolòn nan “Sa Leyi oswa Nefi te fè.” Li istwa Lyawona a ak fistibal kase a (1 Nefi 16:9–30) oubyen istwa Nefi k ap konstwi yon bato a (1 Nefi 17:7–16; 18:1–6). Pandan w ap li, fè lis evenman ki nan istwa yo nan kolòn ki apwopriye a. Konsidere sa istwa a ka anseye ou sou nati enspirasyon.
- Chèche nan jounal ou pou w jwenn okazyon kote ou te dirije pa Lespri a oubyen ou te fè eksperyans revelasyon oswa yon lòt don Lespri a. Panse sou kilè, ki kote, epi poukisa eksperyans sa yo te rive. Èske ou te fè yon bagay an patikilye pou prepare tèt ou pou yon eksperyans konsa? Nan ki fason men Senyè a te manifeste nan eksperyans sa a? Kijan ou te santi ou? Kisa ou ka fè pou w fèk eksperyans konsa ankò? Sonje eksperyans sa yo ka ede ou rekonèt epi resevwa Lespri a ankò.
- Liv Travay (Actes) la nan Bib la rele “Liv Aksyon Sentespri a atravè Apot yo.” Li antèt chapit yo nan liv sa a epi eksplike poukisa tit ka a ka apwopriye. Chèche evidans pou jistifye eksplikasyon ou.
- Etidye epi medite sou konsèy sa a. Nan ki fason li anrapò avèk aktivite preche levanjil chak jou ou?

“Di frè yo pou yo enb epi fidèl epi asire pou yo kenbe Lespri Senyè a, pou l ka dirije yo kòrèkteman. Fè atansyon epi pa vire do bay ti vwa dous, piti a; l ap anseye yo sa pou yo fè ak ki kote pou yo ale; l ap pwodui fwi wayòm nan yo. Di frè yo pou yo kenbe kè yo louvri pou konviksyon, pou ke lè Sentespri a vini jwenn yo kè yo ka pare pou resevwa li. Yo ka diferansye Lespri Senyè a de tout lòt lespri—I ap chichote lapè ak lajwa nan nanm yo; l ap retire mechanste, rayiman, chire pit ak tout mal soti nan kè yo, epi tout dezi yo ap pou fè bon bagay” (site nan *Juvenile Instructor*, 19 Jiyè 1873, 114)

Pwofèt Joseph Smith te bay Brigham Young konsèy sa a nan yon rèv prèske twa mwa apre lanmò li. Si ou te nan plas Brigham Young epi ou te resevwa konsèy sa a, kisa w t ap fè?

- Etidye Alma 33: 1–12; 34:17–29, 38. Ki kesyon Alma t ap reponn? (Repase Alma 33:1–2). Kijan Alma te reponn kesyon sa yo? Ki asirans li te bay ke Bondye tande epi reponn priyè yo?
- Senyè a pwomèt ke Lespri a ap gide nou nan anpil fason enpòtan. Pandan w ap li pasaj sa yo, idantifye aspè nan travay ou ki mande gidans Lespri a. Kisa kòmandman ak pwomès ki nan ekriti sa yo vle di pou etid pèsonèl ou ak etid avèk konpayon ou? Pou reyinyon distri, konferans zòn, sèvis batèm, ak lòt reyinyon yo?

Priye

3 Nefi 19:24
D&A 46:30

D&A 50:30
Women 8:26

Reyinyon pou dirije

Mowoni 6:9

D&A 20:45

D&A 46:2

Ekri

D&A 9:9 D&A 47:4 D&A 124:4
 D&A 24:6 D&A 104:81 Moyiz 6:6

- Li pasaj ekriti sa yo (ladan yo antèt seksyon sa yo).

D&A 60:1–5 D&A 61:1–4, 21–22 D&A 62:4–8

Nan resi sa a, kisa ki te trè enpòtan pou Senyè a?

Kisa ki pa t pwoblèm pou Senyè a?

Konsidere deklarasyon sa a ki te fèt pa Èldè Dallin H. Oaks:

“[Yon moun ka gen] yon gwo dezi pou l dirije pa Lespri Senyè a men . . . pa mank sajès etann dezi sa a nan pwèn ke l vle dirije nan *tout* bagay. Yon dezi pou dirije pa Senyè a se yon fòs, men li bezwen akonpaye pa yon konpreyansyon ke Papa nou ki nan Syèl la kite desizyon nou yo sou kont chwa pèsonèl nou. Desizyon pèsonèl ki pran se youn nan sous kwasans nou dwe fè eksperyans nan mòtalite a. Moun k ap eseye chanje tout desizyon Senyè a pran epi k ap priye pou jwenn revelasyon nan chak chwa yo ap vin twouve yo nan sikonstans kote y ap priye pou gidans epi yo pap resevwa li. Pa egzanp, sa sitou rive nan plizyè sikonstans kote chwa yo pa enpòtan oubyen chwa a pa akseptab.

“Nou dwe etidye bagay yo nan lespri nou, itilize pouvwa rezonman Kreyatè nou an mete nan nou menm nan. Apre sa nou dwe priye pou n jwenn gidans epi aji selon gidans lan si nou resevwa li. Si nou pa resevwa gidans, nou dwe aji sou pi bon jijman nou genyen. Moun ki pèsiste nan chèche revelasyon pou gidans sou sijè Senyè a pa chwazi dirije nou ka jwenn yon repons selon pwòp fantezi yo oubyen selon tandans yo, oubyen yo ka menm resevwa yon repons atravè kanal fo revelasyon” (“Our Strengths Can Become Our Downfall,” *Ensign*, Okt. 1994, 13–14).

Ki relasyon ki genyen ant suiv pwòp jijman pa ou ak apiye sou Lespri a?

Etid avèk konpayon

- Pale sou priyè nou fè avèk konpayon ou. Èske yo gide pa Sentespri a? Èske ou resevwa repons priyè w yo? Lè nou priye ansanm, ou menm avèk konpayon ou, èske nou:

- Kwè ke Bondye ap banou sa nou mande nan lajistis?
- Rekonèt repons priyè nou yo epi di mèsè pou yo?
- Priye pou moun pa non yo epi konsidere bezwen yo?
- Priye youn pou lòt epi pou Lespri a gide nou?
- Resevwa repons priyè nou yo?

Diskite avèk konpayon ou sou fason n ap chèche Lespri a avèk plis fèvè.

- Pale sou diferan fason moun yo dekri enfluyans Sentespri a. Ekri kòmantè envestigatè yo fè osijè eksperyans yo avèk Lespri a nan aprann levanjil la epi nan eseye kenbe angajman yo. Kijan ou ka ede lòt moun rekonèt enfluyans sakre sa a? Kijan ou ka evite vin gen kontwòl pandan w ap fè sa?
- Konsidere epi diskite sou fason konsèy sa a aplike a ou menm: “Ou paka fòse bagay espirityèl yo. Mo tankou *kontrent*, *fòse*, *oblige*, *bay presyon*, *egzije*, pa dekri privilèj nou avèk Lespri a. Ou pa ka fòse Lespri a reponn, menmjan ou pa ka fòse yon pwa pou l jèmen, ni yon ze kouve pou l pete anvan lè li. Ou ka kreye yon klima pou w ankouraje kwasans, nourri, epi pwoteje; men ou pa ka fòse ni

Nòt

kontenn: ou dwe tann kwasans lan” (Boyd K. Packer, “The Candle of the Lord,” *Ensign*, Jan. 1983, 53).

- Pale sou deklarasyon sa a apre a ak sou fason prensip sa yo ka chanje ni priyè w yo ni travay ou. Nan ki fason priyè ou ka enfluyans planifikasyon ou, fikse bi ou, travay ou, ak aktivite ou chak jou?

“Aksyon nou yo, an gran pati, se pitit priyè nou yo. Lè nou fin priye, nou aji; bon demann nou yo gen efè trase tablo yon wout konduit ki jis pou nou” (Bruce R. McConkie, “Why the Lord Ordained Prayer,” *Ensign*, Jan. 1976, 12).

“Priye sensè enplike ke lè nou mande yon benediksyon oubyen yon vèti nou dwe travay pou benediksyon an epi nourri vèti a” (David O. McKay, *Secrets of a Happy Life*, 114–15).

“Mande Bondye pou l mete nou egzaktman kote li vle nou ye, epi pou l di nou sa li vle nou fè, epi santi ke nou nan plas pou nou fè li” (Brigham Young, *Discourses of Brigham Young*, sel. John A. Widtsoe [1954], 46).

Reyinyon distri ak Konferans zòn

- Prezante yon leson sou itilize bon langaj ki gen respè nan lapriyè.
- Si sa apwopriye, fè misyonè yo pataje yon istwa oubyen yon eksperyans yo te fè nan yon reyinyon temwayaj ki fèk sot fèt, kote y ap anseye eksperyans yo, oubyen lòt bagay. Istwa ak eksperyans espirityèl lòt moun pataje ka ede ou devlope lafwa epi rekonèt ke enfluyans Lespri a grandman epi souvan manifeste.
- Eksprime gratitud ou pou manifestasyon men Senyè a nan travay ou (gade D&A 59:21). Pale sou kijan eksprime gratitud ede ou wè nan ki ti fason piti men siyifikan Senyè a beni ou (gade Etè 5).
- Mande misyonè yo pou yo bay diskou sou misyon an ak pouvwa Sentespri a.
- Mande yon nouvo konvèti pou l pale sou fason li te enfluyans pa Lespri a lè l te investigatè.

Prezidan Misyon

- Pafwa mande misyonè yo pou yo mete eksperyans espirityèl ki apwopriye yo nan lèt y ap voye ba ou chak semèn yo.
- Nan entèvyou, pafwa, poze misyonè yo kesyon sou priyè maten ak aswè yo. Mande yo si yo santi priyè yo gen sans.
- Mande misyonè yo kijan yo ede investigatè yo santi epi rekonèt Lespri a.
- Si sa apwopriye, rakonte misyonè yo kijan ou resevwa revelasyon pou transfè yo, pou misyonè ki dezobeyisan yo oubyen ki bezwen èd yo, ak doktrin pou anseye yo.



Ki wòl Liv Mòmmon an?

Konsidere sa


- Nan ki fason Liv Mòmmon an se fondman relijyon nou?
- Nan ki fason Liv Mòmmon an reponn gwo kesyon nanm nou yo?
- Poukisa Liv Mòmmon an si puisan nan pwosesis konvèsyon an konsa?
- Kijan m ta dwe itilize Liv Mòmmon an pou m bati lafwa epi ede lòt moun pwoche pi pre Bondye?
- Poukisa pwomès ki nan Mowoni 10:3–5 la santral nan travay misyonè a?

Liv Mòmmon an se evidans puisan sou divinite Kris la. Li se prèv Retablisman an tou atravè Pwofèt Joseph Smith. Yon pati esansyèl nan konvèsyon se resevwa yon temwayaj nan men Sentespri a ke Liv Mòmmon an vrè. Antanke misyonè, ou dwe premyeman gen yon temwayaj pèsònèl ke Liv Mòmmon an vrè. Temwayaj sa a ka mennen nan yon lafwa pwofon epi dirab nan pouvwa Liv Mòmmon an pandan pwosesis konvèsyon an. Gen konfyans ke Sentespri a ap temwaye bay chak moun ki li epi medite Liv Mòmmon an epi mande Bondye si li vre avèk yon kè sensè, yon entansyon reyèl, epi avèk fwa nan Kris. Temwayaj Sentespri a dwe yon bi santral nan ansèyman ou.

Liv Mòmmon an se fondman relijyon nou

Pwofèt Joseph Smith te anseye ke Liv Mòmmon an se “fondman relijyon nou” (entwodiksyon Liv Mòmmon an). Nan yon lòt okazyon li te declare: “Retire Liv Mòmmon an ak revelasyon an, epi kote relijyon nou? Nou pa gen anyen” (*History of the Church*, 2:52).

Yon (lach) bato se yon estrikti achitekti solid ki fèt avèk pyès ki gen fòm kwen ki apiye youn kont lòt. Pyès nan mitan an, oubyen fondman an, abityèlman pi laj pase lòt kwen yo epi li kenbe lòt pyès yo ansanm. Lè Joseph Smith te rele Liv Mòmmon an “fondman relijyon nou an”, li te anseye ke Liv Mòmmon an kenbe relijyon nou an ansanm. Prezidan Ezra Taft Benson te di ke Liv Mòmmon an se fondman an nan twa fason omwen:



Nòt

Nòt

Temwen Kris la. “Liv Mòmon an se fondman nan temwayaj nou konsènan Jezikri, ki li menm se wòch santral tout bagay nou fè. Li renn temwayaj sou realite li avèk pouvw ak klète.

Plenitid doktrin nan. “Senyè a li menm te deklare ke Liv Mòmon an gen ‘plenitid levanjil Jezikri a.’ (D&A 20:9) . . . Nan Liv Mòmon an nou jwenn plenitid doktrin yo mande pou sali nou yo. Epi yo anseye byen epi senpleman pou menm timoun piti ka aprann chemen sali ak egzaltasyon yo.”



Fondasyon temwayaj. “Menmjan bato a kraze si yo retire wòch santral la, se konsa tou tout legliz la kanpe oubyen tonbe avèk verasite Liv Mòmon an. Lennmi legliz yo konprann sa klèman. Se poutèt sa yo rive si lwen nan eseye pwouve Liv Mòmon an fo, paske si yo ka diskredite li, Joseph Smith diskredite tou. Ansanm avèk deklarasyon nou ke nou gen kle Prètriz yo, ak revelasyon, ak legliz retabli a. Men menmjan tou, si Liv Mòmon an vre—epi milyon moun kounyeya ap temwaye ke yo gen temwayaj Lespri a ki li vre tout bon—konsa, yo dwe aksepte Retablisman an ak tout sa ki akonpaye l yo” (*A Witness and a Warning* [1988], 18–19).

Liv Mòmon an, konbine avèk Lespri a, se resous ki pi puisan nou nan konvèsyon. Li se liv ki pi kòrèk pase tout lòt liv sou tè a (gade entwodiksyon Liv Mòmon an). Li anseye doktrin Kris la plènman, espesyalman nan leson w ap anseye investigatè yo. Itilize li kòm sous prensipal pou anseye levanjil retabli a. Men kèk egzanzp verite ki anseye plènman nan Liv Mòmon an pou ou anseye investigatè yo.

Leson Misyonè	Doktrin	Referans
Mesaj Retablisman Levanjil Jezikri a	Apostazi, Retablisman, Joseph Smith, otorite Prètriz	1 Nefi 12–14; 2 Nefi 3; 26–29; Mozya 18
Plan Sali a	“Gran plan Bondye etènèl la,” ladan Chit Adan an, Ekspyasyon an, Rezirèksyon an, ak Jijman an.	2 Nefi 2; 9 Mozya 3; 15 Alma 12; 40–42
Levanjil Jezikri a	Lafwa nan Kris, repantans, batèm, don Sentespri a, ak pèsèvere jiskalafen	2 Nefi 31–32 3 Nefi 11; 27
Kòmandman yo; Lwa yo ak Òdonans yo	Òdonans tankou batèm, konfimasyon, òdinasyon nan Prètriz la, ak Sentsèn nan	3 Nefi 11:22–28; 18 Mowoni 2–6

Aktivite: Etid pèsònèl

Ekri kesyon sa yo nan journal etid ou:

- Nan ki fason etid ou nan Liv Mòmon an enfliyanse temwayaj ou sou Jezikri?
- Kijan ou ka itilize Liv Mòmon an pou w ede fòtifye temwayaj lòt moun?

Etid ekriti

Kisa Sovè a di konsènan Liv Mòmòn an?

D&A 1:29	D&A 19:26–27	D&A 42:12
D&A 3:19–20	D&A 20:5–16	Moyiz 7:62
D&A 17:6	D&A 33:16	



Foto koutwazi C. Harrison Conroy Co., Inc. Pa kopye.

Liv Mòmòn an temwaye konsènan Jezikri

Yon bi santral Liv Mòmòn an se pou konvenk tout moun ke Jezi se Kris la (gade paj tit Liv Mòmòn an). Li temwaye de Kris nan afime reyalite lavi li, misyon li, ak pouvwa li. Li anseye vrè doktrin konsènan Ekspyasyon an—fondasyon pou plan sali a. Plizyè nan moun ekri yo prezève nan Liv Mòmòn an te wè Kris pèsònèlman. Frè Jarèd la, Nefi, ak Jakòb te wè Kris premòtèl la. Mòmòn ak Mowoni te wè Kris resisite a. Anplis, anpil militid moun te prezan pandan ministè brèf, men puisan, Sovè a nan pami Nefit yo (gade 3 Nefi 11–28). Moun ki pa konn anpil bagay oubyen ki pa konn anyen sou Sovè a ap vin konnen li nan li, medite, epi priye apwopo Liv Mòmòn an.

Temwayaj Liv Mòmòn an konfime temwayaj Bib la ke Jezi se Sèl Pitit Literal Bondye epi Sovè mond

lan. Pandan w ap anseye plenitid levanjil Jezikri a, w ap temwaye souvan apwopo Sovè ak Redanmtè mond lan. Pa pouvwa Sentespri a, w ap ajoute temwayaj vivan pa ou konsènan verasite mesaj sa a.

Etid ekriti

Ki rezon pwofèt Liv Mòmòn yo te bay pou ekri anal yo?

1 Nefi 6:4–6	2 Nefi 33:13–15	Pawòl Mòmòn yo 1:3–8
1 Nefi 9:3–5	Jakòb 1:4–7	Alma 37:2, 14
2 Nefi 4:15–16	Jakòb 4:1–6, 12	3 Nefi 5:14–15
2 Nefi 25:23–29	Enòs 1:13	Mòmòn 8:35
2 Nefi 26:15–16	Jawòm 1:2	D&A 3:16–20
2 Nefi 29:11–14	Omni 1:25–26	D&A 10:46–48

Liv Mòmòn an ak Bib la youn kore lòt

Kwayans moun sou Bib la varye anpil. Gen moun ki kwè ke Bib la absoliman pafè, san erè, epi li gen tout sa nou bezwen pou nou sove. Gen lòt moun ki panse ke Bib la se literati ki merite pou etidye li, men yo renye ke li se evidans divinite Kris la ak mirak yo oubyen revelasyon ki soti nan men Bondye yo. Gen moun ki chwazi inyore Bib la, epi genyen ki pa janm wè yon Bib ni gen chans pou li li.

Sen Dènye Jou yo“ Nou kwè Bib la se pawòl Bondye depi l tradui kòrèkteman.” (Atik lafwa 1:8). San konpetisyon avèk Bib la, Liv Mòmòn an kore li, egzòte nou li li, epi

Nòt

temwaye sou verasite mesaj li a. Ou dwe itilize Liv Mòmmon an ansanm avèk Bib la pou youn kore lòt la.

Liv Mòmmon an pale sou ansyen alyans Bondye te fè avèk pitit li yo; Bib la pale sou gran pwofèt ki te resevwa alyans sa yo tou pa lafwa. Liv Mòmmon an temwaye sou Kris ek Ekspyasyon li; Bib la bay yon resi sou nesans li, ministè li, lanmò li, Ekspyasyon li, ak Rezirèksyon li. Konsa, Bib la ak Liv Mòmmon an youn konplete epi anrichi lòt la.

Edisyon anglè Vèsyon Sen Dènne Jou Wa Jak sou Bib la ak Liv Mòmmon an gen referans kwaze ak èd pou etid ki fè bwa Jida a (Bib la) ak bwa Joseph la (Liv Mòmmon an) vin fè youn nan men nou (gade Ezekyèl 37:15–17; gade 1 Nefi 13:34–41; 2 Nefi 3:12; 29:8 tou). Bay pasaj Liv Mòmmon yo priorite lè w ap anseye, men montre kijan Liv Mòmmon an ak Bib la anseye menm prensip yo tou

Itilize Liv Mòmmon an pou klarifye epi eksplike pasaj Bib la. Pa egzanp, Nouvo Testaman an declare ke Kris te batize pou “akonpli tout jistis” (Matye 3:14–15). Liv Mòmmon an eksplike sa sa vle di akonpli tout jistis (gade 2 Nefi 31:5–9).

Pandan w ap itilize Liv Mòmmon an ak Bib la kòm volim ekriti ki konpayon, y ap retire kontansyon epi korije fos doktrin (gade 2 Nefi 3:12).

Bib la anseye bagay sa a apwopo lwa temwayaj la: “ Chak pawòl ap etabli pa bouch de oubyen twa temwen” (2 Korentyen 13:1). Ann amoni avèk lwa sa a, ni Liv Mòmmon an ni Bib la temwaye de Jezikri.

Aktivite: etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Chèche referans kwaze sou sijè sa yo nan Liv Mòmmon an ak Bib la. Gen egzanp ki bay apre chak sijè nan parantèz yo. Ajoute pasaj ak sijè pa ou.

- Pwofèt (Amòs 3:7 ak Jakòb 4:4–6)
- Apostazi (2 Timote 4:3–4 ak 2 Nefi 28)
- Retablisman (Travay 3:19–21 ak 1 Nefi 13:34–42)
- Pitit Bondye (Travay 17:29 ak 1 Nefi 17:36)

Etid ekriti

Kisa Bib la di konsènan Liv Mòmmon an?

Jan 10:16	Ezekyèl 37:15–17	Guide des Ecritures, “Ephraim,” soutit: <i>Le bois d’Ephraim oubyen de Joseph</i>
Ezayi 29:4, 11–18		

Kisa Liv Mòmmon an di konsènan Bib la?

1 Nefi 13:20–29, 40–41	3 Nefi 23:1	Mòmmon 7:8–9
2 Nefi 29:3–14		

Nan ki fason toulède liv sa yo sèvi kòm temwayaj sou Kris la?

2 Nefi 29:8	Jan 20:31	Travay 10:43
-------------	-----------	--------------

Liv Mòmmon an reponn kesyon nanm yo

Prezidan Ezra Taft Benson te di ke misyonè yo “bezwen montre kijan “Liv Mòmmon an reponn gran kesyon nanm nan yo” (“Flooding the Earth with the Book of Mormon,” *Ensign*, Nov. 1988, 5).

“Gran kesyon nanm nan yo” gen ladan yo kèk kesyon tankou sa yo: èske reyèlman gen yon Bondye? Èske mwen te egziste anvan m te fèt? Èske m ap viv apre m fin mouri? Ki bi lavi a? Èske Jezi se reyèlman Sovè a?

Gen lòt kesyon ki plis santre sou bezwen tanporèl: Kijan mwen ka amelyore relasyon mwen avèk konjwen mwen? Kijan mwen ka ede adolesan m yo evite dwòg ak imoralite? Kijan mwen ka jwenn travay pou m okipe fanmi mwen?

Levanjil Jezikri a ede nou reponn toulède kalite kesyon yo. Pandan n ap akèri lafwa ke Liv Mòmmon an vre, nou ka kòmansè reponn kesyon sou bi lavi a ak espwa lavi etènèl la. Liv Mòmmon an dekri plan bonè a, ki bay lavi a sans ak pèspektiv. Repons pou kesyon tankou sa nou pral bay la yo anseye klèman nan Liv Mòmmon an.



- Èske gen yon Bondye? (Alma 22)
- Kisa Jezikri ap atann nan men mwen? (2 Nefi 9)
- Nan ki fason yon kwayans nan Jezikri ede mwen? (Alma 36)
- Èske gen lavi apre lanmò? (Alma 40)
- Ki bi lavi a? (Alma 34)
- Poukisa Bondye pèmèt mal ak soufrans rive? (2 Nefi 2; Alma 14:9–11; 60:13)
- Èske ti pitit mwen an bezwen batize? (Mowoni 8)
- Èske Bondye konnen mwen? (Alma 5:38, 58)
- Èske Bondye reponn priyè? (Enòs 1)
- Kijan mwen ka jwenn lapè ak lajwa? (Mozya 2, 4)
- Kijan fanmi mwen ka gen plis kè kontan epi ka pi ini? (Mozya 2)
- Kijan pou m balanse karyè mwen ak fanmi mwen? (3 Nefi 13)
- Kijan mwen ka ranfòse relasyon mwen avèk konjwen mwen? (3 Nefi 14)
- Kijan m ka evite mal ki menase fanmi m yo? (Alma 39)
- Kijan m ka evite peche? (Elaman 5)

Pandan n ap li Liv Mòmmon an avèk gidans Lespri a, l ap ede nou reponn kesyon pèsònèl yo. Li anseye ke lapriyè ak revelasyon se kle pou rezoud pwoblèm patikilye. Li ede nou gen lafwa ke Bondye ap reponn priyè nou yo.

Liv Mòmmon an ede nou konprann tou ke kòmmandman Bondye yo pa yon lis entèdiksyon bagay pou fè ak bagay pou pa fè men se potò endikatè pou yon lavi abondan, ki gen kè kontan. Lè nou kòmansè konprann ke premye prensip ak òdonans levanjil yo se fason pou lavi abondan, n ap apresye ke prensip sa yo ede reponn tout kesyon epi ranpli tout bezwen. Pa egzanp, nou konprann ke repantans, padon, ak alyans pou sèvi lòt moun yo esansyèl nan amelyore relasyon avèk konjwen nou. Nou wè ke lafwa nan Kris, aksepte epi kenbe alyans, ak suiv chichotman Lespri yo ka ede adolesan yo evite tantasyon puisan ki anviwonnen yo yo.

“Nan yon mond ki vin pi danjere . . . Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri gen pouwva nourisan pou geri lespri grangou mond lan yo.”

– PRZIDAN BOYD K. PACKER
“LIV MÒMOM AN: YON Lòt TEMWAYAJ KONSENAN
JEZIKRI” *EN SIGN*, NOV. 2001, 64

Levanjil la ka rezoud prèske tout kesyon oswa bezwen. Se poutèt ou dwe “anseye prensip levanjil mwen yo, ki nan Bib la ak Liv Mòmmon an, ki gen plenitid levanjil mwen an” (D&A 42:12).

Aktivite: etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Fè yon lis kèk “gwo kesyon nanm nan” ke envestigatè yo mande. Chèche vèsè nan Liv Mòmmon an ki reponn kesyon sa yo. Ekri repons yo nan jounal etid ou, epi itilize yo lè w ap anseye.

Liv Mòmmon an mennen moun pi pre Bondye

Konsènan Liv Mòmmon an, Pwofèt Joseph Smith te di ke “yon moun ka vin pi pre Bondye pase si l suiv presèp nenpòt lòt liv” (entwodiksyon Liv Mòmmon an. Liv Mòmmon an se yon tranplèn pou temwyaj ak revelasyon pèsònèl. Itilize Liv Mòmmon an pou ede moun yo gen eksperyans espiyèl, espesyalman yon temwayaj nan men Sentespri a ke liv la li menm se verite. Nan toujou ap envite moun viv prensip ki nan Liv Mòmmon yo, ou ede yo devlope lafwa nan Jezikri epi pwoche vin pi pre Bondye.

Prezidan Gordon B. Hinckley te deklare: “Moun ki li [Liv Mòmmon an] nan espri lapriyè, ke yo rich oubyen pòv, ke yo save oubyen pa save, y ap grandi anba pouvwa li. . . . San rezèv mwen pwomèt ou ke si w ap li Liv Mòmmon an nan lapriyè, san gade sou konbyen fwa ou deja li li, Lespri Senyè a . . . ap vini nan kè ou. Ap vin gen yon rezolisyon ranfòse pou mache nan obeyisans anvè kòmandman l yo, epi ap vin gen yon temwayaj pi solid sou reyalyte vivan Pitit Gason Bondye a” (“The Power of the Book of Mormon,” *Ensign*, Jen 1988, 6).

Itilize Liv Mòmmon an pou reponn objeksyon

Anpil moun pap kwè tout bagay w ap anseye. Prezidan Ezra Taft Benson te anseye kijan Liv Mòmmon an ka resous santral nan fè fas avèk kalite sityasyon sa yo:

“Nou dwe itilize Liv Mòmmon an pou reponn objeksyon kont legliz la. . . .

“. . . Tout objeksyon, keseswa sou avòtman, maryaj pliral, adorasyon setyèm jou, elatriye., pratikman souzantann èske Joseph Smith ak siksesè l yo sete epi se pwofèt Bondye k ap resevwa revelasyon divin. . . .

“. . . Sèl pwoblèm objektè a dwe rezoud pou tèt pa li se si Liv Mòmmon an vre. Paske si Liv Mòmmon an vre, enben Jezi se Kris la, Joseph Smith sete pwofèt li, Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo vre, epi li dirije jodi a pa yon pwofèt k ap resevwa revelasyon.

“Tach prensipal nou se deklare levanjil la epi fè sa avèk efikasite. Nou pa oblije gen repons pou chak objeksyon. Chak moun finalman retounen nan mi lafwa a, epi rive la li dwe pran pozisyon li” (*A Witness and a Warning*, 4–5).

Pa egzanp, envestigatè ki sensè yo ka gen objeksyon avèk sa ou anseye apwopo Pawòl Sajès la. Ede yo wè ke kesyon reyèl yo se èske Joseph Smith t ap pale antanke pwofèt Bondye lè kòmandman sa a te renouvle nan dispansasyon sa a. Ou ka di: “Gen lafwa pou aksepte



My Sovereign, Joseph © 2004 Liz Lemon Swindle. Imaj sa a repwodui avèk pèmisyon Foundation Arts, American Fork, Utah 84003.

ansèyman sa a ap mande asirans ke kòmandman sa a vini jwenn nou pa revelasyon soti nan men Bondye ke li bay Pwofèt Joseph Smith. Fason pou konnen ke Joseph Smith se yon pwofèt Bondye se nan li epi priye osijè Liv Mòmòn an.”

Investigatè yo dwe rezoud pwoblèm yo ak objeksyon yo yo menm. Ou ka ede pandan w ap foki yo sou sa k ap fòtifye lafwa yo nan Jezikri—ki se li epi priye osijè Liv Mòmòn an. Lè yo fòtifye temwayaj yo sou Retablistman an, y ap gen fòs pou yo simonte objeksyon yo ak sousi yo.

Pandan w ap reponn pwoblèm yo, sonje ke konpreyasyon nou vini soti nan pwofèt modèn yo—Joseph Smith avèk siksesè l yo—ki resevwa revelasyon dirèk nan men Bondye. Konsa, premye kesyon pou yon investigatè reponn se èske Joseph Smith sete yon pwofèt, epi li ka reponn kesyon sa a lè li li epi priye osijè Liv Mòmòn an.

Joseph Smith ak Liv Mòmòn an

Yon fason pou konnen si Joseph Smith se yon pwofèt Bondye se li epi priye osijè Liv Mòmòn an.

Aktivite: Etid pèsònèl

Nan journal etid ou, ekri kijan w ap fè referans avèk Joseph Smith ak Liv Mòmòn an pou w reponn objeksyon oubyen pwoblèm sa yo:

- “Mwen pa kwè Bondye pale avèk moun ankò.”
- “Mwen kwè ke mwen ka adore Bondye nan pwòp fason pa mwen olye nan kèk relijyon òganize.”
- “Poukisa mwen oblije kite bwè diven lè m ap manje si m antre nan legliz la?”
- “Poukisa mwen bezwen relijyon?”

Kijan ou dwe itilize Liv Mòmòn an?

Anpil investigatè swa pa li Liv Mòmòn an swa yo pa konprann sa yo li a. moun ki pa li yo oubyen ki pa konprann Liv Mòmòn an ap gen difikilte pou l resevwa yon temwayaj ke li vre.

Li Liv Mòmòn an avèk investigatè w yo

Lè nou ap li ansanm, priye pou Sentespri a temwaye bay investigatè yo ke Liv Mòmòn an vre.



Ou ka ede investigatè yo nan li Liv Mòmòn an avèk yo. Priye pou w jwenn èd pandan w ap chwazi pasaj ki adrese avèk sousi yo ak pwoblèm yo. Ou ka li avèk yo kòm yon pati randevou ansèyman ou oubyen pandan yon vizit pou suivi. Ou ka fè aranjman pou manm yo li avèk investigatè yo tou.

Pami kèk pasaj patikilyèman enpòtan yo gen paj tit la, entwodiksyon an (espesyalman de dènye paragraph yo), ak Mowoni 10:3–5.

Pasaj sa yo ap ede investigatè yo konprann kijan pou yo akeri yon temwayaj sou Liv Mòmmon an. Ankouraje yo pou yo li Liv Mòmmon an depi nan kòmansman, kòmansman nan temwayaj twa ak uit temwen yo ak temwayaj Pwofèt Prophet Joseph Smith la.

Li epi diskite ti bout pasaj yo (tankou 1 Nefi 3:7 oubyen Mozya 2:17) ak pasaj ki pi long yo oubyen chapit toutantye (tankou 2 Nefi 31, Alma 7, oubyen 3 Nefi 18).

Lè w ap li ansanm avèk investigatè yo, fè ti rete pafwa epi diskite sou sa ou li a. Fè parèt mesaj kle yo oubyen doktrin enpòtan pou yo chèche pandan w ap li avèk yo. Pataje ide, santiman, temwayaj, ak eksperyans pèsònèl apwopriye. Ede lòt moun yo santi pouvwa espiritiyèl Liv Mòmmon an. Nan fason sa a ou ka anseye yo vrè doktrin dirèkteman soti nan Liv Mòmmon an. Kontinye pratik sa a nan kèk lòt vizit pou moun w ap anseye yo ka devlope kapasite pou yo li epi priye poukont pa yo.

Anseye prensip yo ak doktrin yo pandan w ap itilize pawòl ak fraz pwofèt Liv Mòmmon yo. Eksplike fon ak kontèks yon pasaj. Eksplike yo mo ak fraz yo pa abitye yo.

“Konpare” sa w ap li a avèk ou menm epi avèk investigatè w yo kote w ap jwenn aplikasyon ki aplikab a ou menm epi a investigatè w yo (gade 1 Nefi 19:23). “Konpare” se kreye yon koneksyon mantal ant konprann doktrin nan ak viv doktrin nan. Pou li sensèman, avèk yon entansyon reyèl, ou menm avèk moun w ap anseye yo dwe gen dezi pou aji selon doktrin nan, pou enkòpore li nan lavi chak jou nou, epi, si nesèsè, repanti. Nan viv doktrin nan, w ap akeri yon asirans ke li vre. Pa egzanp, ou ka di yon investigatè:

- “Nefi, menmjan avèk ou, te fè fas avèk yon pwoblèm difisil. Men lè li te egzèse lafwa pou l te ‘ale epi fè’ sa Senyè a te kòmande li, li te kapab gen siksè. (Li 1 Nefi 3:7.) Mwen konnen Bondye yon mwayen pou ou pou w kapab viv Pawòl Sajès la.”
- “Jan, li bon ke ou vle libere ou de santiman koupab ou santi a. Menmjan Sovè a te pwomèt Nefit yo, si ou repanti, epi batize, epi resevwa Sentespri a, w ap vin ‘inosan devan Papa a.’” (Li 3 Nefi 27:16.)

Konte sou pwomès ki nan Mowoni 10:3–5 la. Tout moun ki li liv sa a sensèman epi ki priye osijè li ka konnen avèk sètitud verite sou li pa pouvwa Sentespri a. Fè tout sa ou kapab pou ede investigatè yo:

- Li Liv Mòmmon an epi medite mesaj li konsènan Jezikri.
- Priye Bondye avèk lafwa nan Jezikri pou w resevwa yon temwayaj ke Liv Mòmmon an vre epi ke Joseph Smith se pwofèt Retablistman an.
- Priye sensèman epi gen entansyon reyèl, ki vle di ke yo gen entansyon pou aji selon repons yo resevwa nan men Bondye.

Ou menm tou ou dwe aplike pwomès sa a regilyèman pou w fòtifike epi renouvle pwòp temwayaj pa ou sou Liv Mòmmon an. Temwayaj renouvle sa a ap ede ou kenbe yon konfyans fèm ke tout moun ki aplike pwomès sa ap resevwa repons lan.

“Tanpri pa pran Liv Mòmmon an kòm yon bagay tou natirèl. Priye pou w gen yon vizyon sou fason ou ka itilize Liv Mòmmon an pi efikasan nan misyon ou. Mwen pwomèt ou si ou fè sa, lespri ou ap eklere sou direksyon ou dwe pran.”

– ÈLDÈ JOSEPH B. WIRTHLIN
SEMINÈ POU NOUVO PREZIDAN MISION YO, 23 JEN 1999

Itilize Liv Mòmòn an nan chak aspè nan travay ou

Liv Mòmòn an se yon zouti pisan nan konvèsyon. Itilize li kòm sous prensipal pou w anseye verite retabli a.

Sonje sa:

- Liv Mòmòn an se fondman temwayaj nou sou Kris, fondman doktrin nou, ak temwayaj nou.
- Liv Mòmòn an anseye doktrin ki nan leson misyonè yo totalman.
- Itilize Liv Mòmòn an pou reponn kesyon nanm yo epi pou reponn objeksyon anvè legliz la.
- Toujou li Liv Mòmòn an avèk envestigatè w yo ak nouvo konvèti w yo. Fè tout sa ou kapab pou ede yo li poukont yo chak jou epi aplike sa yo aprann yo nan lavi yo.
- Gen konfyans nan pwomès Senyè a ke tout moun ki li sensèman epi ki priye sensèman osijè Liv Mòmòn an ap konnen si li vre pa pouvwa Sentespri a.

Nòt

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsònèl

- Li 2 Nefi 2, 9, 30, 31, 32, epi souliyen chak referans konsènan Jezikri. Fè yon lis non ak tit diferan yo itilize pou Kris la nan chapit sa yo. Souliyen pawòl Kris la te pale yo. Souliyen karaktè l ak aksyon li. Ou gen dwa kontinye pratik sa a amezi w ap li tout Liv Mòmmon an.
- Ekri sa ou te santi lè ou te fèk akeri yon temwayaj espirityèl ke Liv Mòmmon an vre nan jounal etid ou.
- D&A 20:17 itilize fraz “pa bagay sa yo nou konnen” pou entwodui doktrin ki anseye epi ki klarifye pa Liv Mòmmon yo. Li D&A 20:15–35 epi fè yon lis doktrin yo mansyone yo. Chwazi youn nan doktrin sa yo epi itilize Gid Ekriti yo pou konpare lis ou a avèk sa Bib la anseye osijè doktrin sa yo.
- Konpare Diskou sou Mòn nan ki nan Matye 5–7 la avèk diskou Kris la nan tanp lan ki nan 3 Nefi 12–14 la. Fè yon lis bagay klè, enpòtan nan verite konplè epi presye yo ki retabli atravè Liv Mòmmon yo.
- Fè yon lis kesyon investigatè yo konn poze. Chèche pasaj nan Liv Mòmmon an ki reponn kesyon sa yo, epi itilize yo si bezwen nan ansèyman chak jou ou.
- Chèche yon ekriti nan Liv Mòmmon an ki te chanje lavi ou. Ekri santiman ou osijè ekriti sa a nan jounal etid ou.
- Chèche jwenn nan Liv Mòmmon an chak kote yo ekri pawòl priyè yon moun. Nan jounal etid ou, ekri eleman ki komen nan priyè sa yo.
- Li 2 Nefi 33:10–15 ak Mowoni 10:27–29, 34. Kisa ou pral di Nefi ak Mowoni nan ba jijman an sou jan ou itilize Liv Mòmmon an? Ekri repons ou epi fikse bi pou ou amelyore.
- Apati antèt chapit Mozya 11–16 la, ekri yon rezime sou sa Abinadi te anseye. Li chapit sa yo epi agrandi rezime w la.
- Apati antèt chapit Mozya 2–5 la, ekri yon rezime sou sa Wa Benjamn te anseye. Li chapit sa yo epi agrandi rezime w la.
- Lè w ap li Liv Mòmmon an chak jou, ekri pasaj ki enpresyone w yo nan jounal etid ou. Ekri kijan ou pral aplike yo nan lavi ou.

Etid avèk konpayon

- Li pasaj Liv Mòmmon yo ansanm. Pataje sa nou aprann epi santi. Epiou rann temwayaj youn bay lòt.
- Tankou ki pwofèt oubyen misyonè nan Liv Mòmmon an ou ta renmen vin ye epi poukisa? Pataje repons ou avèk konpayon ou.
- Li Alma 26 ak 29 ansanm avèk konpayon ou. Pataje sa ou santi sou misyon ou. Ekri sa ou santi yo nan jounal etid ou.
- Li Alma 37:9 epi diskite kijan ekriti yo te enpòtan pou Amon avèk frè misyonè l yo. Chèche referans ki dekri fason yo te itilize ekriti yo.
- Li Alma 11–14 avèk konpayon ou, youn ap jwe wòl Alma oubyen Amilèk epi lòt la ap jwe wòl akizatè yo. Note kijan misyonè sa yo te reponn kesyon difisil yo.

- Li vrè resi sa a nou pral bay la a epi diskite sou sa ou aprann konsènan enpòtans ak pouvwa Liv Mòmmon an (non yo chanje).

“Lè nou te envite fanmi Sinder pou yo te batize epi konfime, Sè Snider te pare, men Frè Snider te di, ‘Pa mete twòp espwa, Èldè. Mwen pa konnen si m ap janm fè sa!’ Malgre Frè Snider te aksepte sa nou te ansey eyo epi li te toujou amikal epi janti, li te pwofondeman ap panse kijan fanmi li t ap reyaji si li antre nan yon lòt legliz.

“Aprè plizyè semen ap gade Frè Snider k ap lite, konpayon mwen avèk mwen nou te santi enpresyon pou nou te li 3 Nefi 11 ankò avèk fanmi Snider. Mwen pap janm bliye sa ki te rive jou swa sa a. Pandan nou te louvri Liv Mòmmon an, konpayon mwen te eksplike, ‘chapid sa a, si nou sonje, rakonte vizit Sovè a te fè pèp nan Liv Mòmmon an. Ladan l nou li sou amou Sovè a pou moun sa yo epi sa li te anseye yo.’ Nou chak te pran tou pa nou pou n te li youn oubyen de vèsè. Lè nou te fin li vèsè 5 la, konpayon mwen te sispann epi li te di, ‘Mwen toujou enpresyone pa deskripsyon yo bay la a konsènan vwa yo te tande a. Vwa a pa t yon vwa ki te rach, li pa t fò, men, sete yon ti vwa piti, li te gen yon efò puisan pou l te pèse yo. Se pa avèk zòrey sèlman yo te tande vwa sa a, men, li te pale nan kè yo.’ Mwen t ap gade fanmi Snider pandan yo t ap koute konpayon mwen avèk anpil atansyon.

“Aprè kèk diskisyon osijè priyè ak koute vwa Lespri a, sete tou pa Frè Snider pou l te li: ‘Epi, reyèlman, twazyèm fwa a yo te konprann vwa yo te tande a; epi li te di yo konsa: Men Pitit Gason Byeneme m nan ki fè m plezi a, epi mwen glorifye non m nan li a—koute li.’ Frè Snider te rete, li t ap gade Liv Mòmmon an avèk anpil entansite. Aprè sa li te gade mwen epi li te di, ‘Papa nou ki nan Syèl la te reyèlman fyè pou Pitit Gason l lan, pa vre?’ Mwen te di ‘Wi.’ Frè Snider te retounen gade nan liv li a ankò epi li te fikse paj louvri yo pandan l t ap reflechi seryezman. Finalman li te di, ‘Mwen ta renmen Papa nou ki nan Syèl la fyè pou mwen tou. M ap mande m kijan li t ap prezante mwen. M panse, si m . . . bon, si m vle li fyè pou mwen mwen oblije fè sa li mande pou m fè.’ Mwen te reponn, ‘Wi, mwen panse sa t ap enpòtan.’ Frè Snider te kontinye ‘Mwen panse mwen sousye m twòp de sa tout lòt moun t ap panse men pa ase de sa Bondye panse.’ Pre yon ti poz Frè Snider te souke tèt li epi avèk yon ton detèmine li te di, ‘Mwen panse pito m batize’. Repons li te si sanzatann ke konpayon m avèk mwen nou te gade li avèk sezisman. Finalman, konpayon m te di, ‘Wi, li t ap yon bon bagay si w ta fè sa. Anfèt, pi devan nan chapit sa a Sovè a anseye . . .’ Pandan konpayon m t ap pale mwen te santi yon boule andedan kè mwen ak gratitud pou pouvwa Liv Mòmmon an.”

Kijan misyonè sa yo te itilize Liv Mòmmon an? Kijan ou menm avèk konpayon ou itilize l pi efikasman nan efò misyonè nou?

Reyinyon Distri ak Konferans Zòn

- Fè pratik itilize Liv Mòmmon an nan chak nan fason yo mansyone nan antèt prensipal chapit sa a.
- Fè lis objeksyon oubyen kesyon ki soulve pa investigatè yo. Youn eksplike lòt kijan nou ta reponn kesyon sa yo pandan w ap itilize Liv Mòmmon an.
- Li pasaj Liv Mòmmon yo ansanm. Pataje konnesan, santiman, ak temwayaj.
- Fè pratik itilize Liv Mòmmon an pou konfime mesaj Retablisman an.
- Chwazi youn nan gran misyonè Liv Mòmmon yo. Pale sou yo epi fè misyonè yo fè lis karakteristik misyonè sa yo. Envite chak misyonè pou fikse yon bi pou aplike youn nan karakteristik sa yo. Refè aktivite sa a regilyèman pandan w ap itilize Liv Mòmmon an.

Nòt

- Envite misyonè yo pou yo pataje eksperyans kote Liv Mòmon an te ede investigatè yo nan pwosesis konvèsyon yo.
- Fè misyonè yo pataje pi bon repons yo nan Liv Mòmon an konsènan yon kesyon nanm.

Prezidan Misyon

- Anseye misyonè yo kijan pou yo itilize Liv Mòmon an pou konfime verasite mesaj Retablisman an.
- Li 1 Nephi 1 avèk misyonè yo epi konpare li avèk eksperyans Joseph Smith la.
- Bay misyonè yo edisyon pwòp Liv Mòmon an. Fè yo souliyen an plizyè koulè:
 - Chak referans konsènan Jezikri (tout non oubyen pwonon yo fè referans sou li).
 - Pawòl li (pale pa li menm oubyen pa pwofèt li yo lè yo di, “Men sa Senyè a di”).
 - Kalite li.
 - Doktrin ak prensip ki nan Liv Mòmon yo.

Anba chak paj mande misyonè yo pou yo konte kantite total sijè yo jwen referans. Nan entèvou epi nan reyinyon distri yo pandan yon period de oubyen twa mwa pou aktivite sa a, fè misyonè yo pataje sa yo aprann youn ak lòt. Ou gen dwa fè yon aktivite konsa avèk tout misyon an pandan w ap souliyen referans sou lafwa nan Jezikri, repantans, batèm, don Sentespri a, oubyen nenpòt nan prensip fondamantal levanjil yo.

- Pandan entèvyou yo, envite misyonè yo pou yo pataje avèk ou ekriti nan Liv Mòmon an ki te chanje lavi yo.
- Ede misyonè yo wè kijan Liv Mòmon an anseye doktrin ki nan leson misyonè yo. Pa egzanp, si sijè a se Ekspyasyon an, fè misyonè yo ekri chak eleman majè yo anseye nan Liv Mòmon an sou li nan yon kolòn, ansanm avèk referans la. Apre sa, nan yon dezyèm kolòn, fè yo fè lis menm eleman sa yo youn akote lòt jan yo anseye nan Bib la. Fè yo kite plas la vid pou eleman ki manke yo oubyen ki pa anseye nan Bib la. Sa ap vin evidan pou misyonè a kijan Liv Mòmon an se fondman doktrin nou an. Menm aktivite sa a ka fèt avèk lòt doktrin misyonè yo ap anseye yo.
- Idantifye kesyon pètinan nanm yo pou moun nan misyon ou. Envite yo pou yo chèche repons yo nan Liv Mòmon an.



Kijan mwen ka devlope karaktè kreyen?

Konsidere sa

- Kijan mwen ka devlope karaktè ki ap fè m vin yon ministè pi puisan epi pi efikas nan levanjil Jezikri a?
- Nan ki fason develop karaktè kreyen ap ede mwen ranpli objektif mwen kòm misyonè?
- Ki karaktè mwen pi bezwen devlope?

Nan kòmansman ministè motèl li, Jezikri te mache bò rivaj lanmè Galile a epi li te aple de pechè pwason, Pyè avèk Andre. Li te di yo “Suiv mwen epi m ap fè nou vin pechè moun” (Matye 4:19; gade Mak 1:17 tou.) Senyè a aple ou tou nan travay sa a, epi li envite ou pou w suiv li. Envitasyon pou suiv Kris la se yon envitasyon pou suiv egzanp li epi vin menmjan avèk li.

Gen kèk chapit nan manyèl “*Preche levanjil mwen an*” ki santre sou sa ou bezwen fè pou w yon bon misyonè—kijan pou w etidye, kijan pou w anseye, kijan pou w jere tan ou avèk sajès. Sepandan, sa ou ye osi esansyèl ke sa w ap fè.

Levanjil retabli a pèmèt ou vini menmjan avèk Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri. Sovè a montre chemen an. Li tabli egzanp pafè a, epi li kòmande nou pou nou vin menmjan avèk li (gade 3 Nefi 27:27). Aprann de li epi chèche antre karaktè li nan lavi ou. Atravè pouvwa Ekspyasyon I lan, ou ka atenn bi sa a epi mennen lòt moun atenn ni tou.

Ekriti yo dekri karaktè kreyen ki esansyèl pou nou pou ou finalman devlope antanke misyonè epi atravè tout lavi ou. Etidye pasaj ekriti yo nan chapit sa a epi chèche lòt egzanp karaktè kreyen pandan w ap etidye lòt pasaj yo.

Karakètè kreyen yo se don ki soti nan men Bondye. Yo vini lè ou itilize libabit ou nan ladwati. Mande Papa nou ki nan Syèl la pou l beni ou avèk karaktè kreyen; ou pa ka devlope yo san èd li. Avèk yon dezi pou fè Bondye plezi, rekonèt feblès ou epi gen volonte pou w amelyore.

Nòt

Etid ekriti

Kisa ekriti sa yo di sou suiv egzanp Jezikri?

3 Nefi 12:48

Jan 13:1–16

1 Pyè 2:21

3 Nefi 27:21, 27

Ki relasyon ki genyen ant premye prensip levanjil yo ak karaktè kretyen?

Mowoni 8:25–26

Ide pou etidye chapit sa a

Gen plizyè metòd pou etidye chapit sa a. Eseye youn nan ide sa yo:

- Lè w ap konplete “Aktivite karaktè” a nan fen chapit sa a, chèche karaktè ou pi bezwen oubyen ou pi anvi devlope. Etidye seksyon sou karaktè sa a, epi fikse bi pou w devlope li.
- Li nan tout chapit sa a san etidye ekriti yo, epi detèmine ki karaktè ou bezwen plis etidye. Apresa etidye ekriti kle ki asosye avèk karaktè sa a. Chèche ekriti adisyonèl ki pa nan chapit la ki anseye sou karaktè a. Ekri ide pou devlope karaktè a nan jounal ou.
- Chèche jwenn yon karaktè ou anvi etidye. Suiv model ki anba tit “Devlope karaktè kretyen” an ki nan fen chapit la.

Lafwa nan Jezikri

Lè ou gen lafwa nan Kris la, ou kwè nan li antanke Pitit Gason Bondye, Sèl Pitit Literal Papa a nan lachè a. ou aksepte li kòm Sovè ou epi Redanmtè ou epi ou suiv ansèyman l yo. Ou kwè ke peche ou yo ka padone atravè Ekspyasyon li a. Lafwa nan li vle di ke ou kwè nan li epi ou gen konfyans ke li renmen ou.

Lafwa mennen nan aksyon, ladan repantans, obeyisans, ak sèvis devwe. Lè ou gen lafwa nan Jezikri, ou gen konfyans nan Senyè a ase pou w suiv kòmandman l yo — menm lè ou pa totalman konprann rezon yo. Ou akonpli sa Senyè a vle ou akonpli. Ou ede pote bon bagay nan lavi ou ak nan lavi lòt moun. Ou kapab fè mirak selon volonte Senyè a. Lafwa ou ap manifeste atravè dilijans ak travay.

Lafwa se yon prensip pouvwa. Bondye travay pa pouvwa, men pouvwa li abityèlman egzèsè an repons pou lafwa (gade Mowoni 10:7). Li travay selon lafwa pitit li yo. Dout ak laperèz se opoze lafwa.

Lafwa ou ap grandi atravè etid dilijan, lapriyè, sèvis devwe, ak obeyisans nan chichotman Sentespri yo ak kòmandman yo.

Lafwa ou nan Jezikri ap grandi amezi w ap vin konnen li epi konnen ansèyman l yo. Pandan w ap eksplore ekriti yo epi fouye yo, w ap aprann fason li, lanmou li pou tout moun, ak kòmandman l yo.

Lafwa gen ladan konfyans nan misyon ak nan pouvwa Sentespri a. Atravè lafwa w ap resevwa repons priyè w yo ak enspirasyon pèsònèl pou gide ou nan travay Senyè a.



© 1989 Conspiraions Unlimited Investments, Inc. Pa kopye.

Etid ekriti

Kisa lafwa ye?

Alma 32:21
Etè 12:6

Ebre 11:1; gade nòt b anba a
Guide des Ecritures, "Foi"

True to the Faith, "Lafwa," 52–54

Nan ki fason ou akeri lafwa, epi kisa ou ka fè gras avèk lafwa?

2 Nefi 25:29
2 Nefi 26:13
Mozya 4:6–12

Alma 32
Elaman 15:7–8
Etè 12:7–22

Mowoni 7:33
Women 10:17
Ebre 11

Ki benediksyon ki vini atrav lafwa?

Mozya 3:17
Mozya 5:1–15

Elaman 5:9–12

Jan 14:6

Lesperans

Lesperans se yon verite inbranlab ke Senyè a ap akonpli pwomès li fè w yo. Li manifeste nan konfyans, optimis, antouzyas, ak pèsèverans ak pasyans. Li kwè epi li espere ke yon bagay ap rive. Lè ou gen lesperans, ou travay atravè eprèv yo ak difikilte yo avèk konfyans ak asirans ke tout bagay ap travay ansanm pou byen ou. Lesperans ede ou simonte dekourajman. Ekriti yo souvan dekri lesperans nan Jezikri tankou yon asirans ke w ap jwenn lavi etènèl nan wayòm selès la.

Prezidan James E. Faust te anseye:

"Lesperans se ank nanm nou. . . .

"Lesperans se konfyans nan pwomès Bondye yo, lafwa ke si nou aji kounyeya, benediksyon nou vle yo ap vini nan demen. . . .

"Sous san fay lesperans sèke nou se pitit gason ak pitit fi Bondye epi Pitit Gason li a, Senyè Jezikri, te souve nou soti nan lanmò" ("Hope, an Anchor of the Soul," *Ensign*, Nov. 1999, 59–60).

*"Etan beni avèk lesperans,
annou, antanke disip, lonje
lamen bay tout moun ki, pou
kèlkeswa rezon an 'elwaye yo de
verite levanjil la' (Kol. 1:23).
Annou lonje lamèn pou elve
men ki pandye san zespwa yo."*

– ÈLDÈ NEAL A. MAXWELL
"BRIGHTNESS OF HOPE," *ENSIGN*, NOV. 1994, 36

Etid ekriti

Kisa lesperans ye epi kisa nou espere?

2 Nefi 31:20
Alma 58:10–11
Etè 12:4, 32

Mowoni 7:40–48
D&A 59:23
D&A 138:14

Women 8:24–25
Ebre 6:10–20
Guide des Ecritures, "Espérance"

Charite ak amou

Yon mesye te mande Jezi, “Kisa ki gran kòmandman nan lwa a?” Jezi te reponn: “Se pou ou renmen Senyè a Bondye ou avèk tout kè ou, avèk tout nanm ou, epi avèk tout fòs ou. Sa se premye epi pi gran kòmandman an. Epi men dezyèm nan ki menmjan avèk li, Se pou ou renmen pwochen ou menmjan ou renmen tèt ou” (Matye 22:36–39).

Charite se “amou pi Kris la” (Mowoni 7:47). Li gen ladan amou etènèl Bondye pou tout pitit li yo. Nou dwe chèche devlope kalite amou sa a. Lè nou ranpli avèk charite, nou obeyi kòmandman Bondye yo epi nou fè tout sa nou kapab pou sèvi lòt moun epi ede yo resevwa levanjil retabli a.

Charite se yon don ki soti nan men Bondye. Pwofèt Mowoni te di nou dwe “priye Papa a avèk tout enèji kè nou, pou [nou] ka chaje avèk amou sa a” (Mowoni 7:48). Si ou suiv konsèy sa a epi ou fè efò pou w fè sa ki dwat, amou ou pou tout moun ap ogmante, espesyalman nan pami moun w ap travay yo. W ap vin santi yon sousi sense pou byennèt etènèl ak bone lòt moun. W ap vin wè yo antanke pitit Bondye avèk potansyèl pou yo vin menmjan avèk Papa nou ki nan Syèl la, epi w ap travay an favè yo. W ap evite santiman negatif tankou kòlè, lanvi, move dezi, ak konvwatiz. W ap evite jije lòt moun, kritike yo, oubyen di bagay negatif sou yo. W ap eseye konprann yo epi konprann pwendvi yo. W ap vin pasyan avèk yo epi eseye ede yo lè y ap lite oubyen lè yo dekouraje. Charite, menmjan avèk lafwa, mennen nan aksyon. W ap vin devlope charite si ou chèche okazyon pou w sèvi lòt moun epi devwe tèt ou.



© 2001 Simon Dewey, Pa kopye.

Etid ekriti

Kisa charite ye?

Mowoni 7:45–48

1 Korentyen 13

Guide des Écritures, “Charite”

Nan ki fason Jezikri te montre charite?

1 Nefi 19:9

Etè 12:33–34

Lik 7:12–15

Alma 7:11–13

Kisa vèsè sa yo anseye sou charite?

2 Nefi 26:30

Alma 7:24

1 Timote 4:12

Mozya 2:17

Etè 12:28

1 Pyè 4:8; gade nòt a anba a

Mozya 28:3

D&A 88:125

Lavèti

Lavèti chita nan panse ak dezi ki entim nou. Se yon chema panse ak konpòtman ki baze sou prensip moral ki wo. Paske Sentespri a pa demere nan tabènak ki pa pwòp, lavèti se kondisyon pou resevwa gidans Sentespri a. Sa ou chwazi panse epi fè lè ou poukont ou epi ou kwè pèsonn pap gade se yon gwo mezi lavèti ou.

Moun ki gen lavèti yo pwòp epi pi espiyèlman. Yo fokis sou panse ki dwat epi elvan, epi yo mete panse ki pa diy yo ki mennen nan aksyon ki pa apwopriye yo deyò nan lespri yo. Yo obeyi kòmandman Bondye yo epi yo suiv konsèy dirijan Legliz yo. Yo priye pou yo jwenn fòs pou yo reziste anba tantasyon epi pou yo fè sa ki bon. Yo vit repanti pou tout peche ak move bagay yo fè. Yo viv diy pou yo ka gen yon rekòmandasyon pou tanp.

Lespri ou se tankou yon sèn teyat; sepandan, nan teyat lespri ou a, se sèlman yon aktè ki ka sou sèn nan. Si sèn nan dekouvri, vye panse ak peche souvan antre sou sèn nan pou tante. Men panse sa yo pa gen pouvwa si sèn lespri ou okipe pa panse ki pwòp, tankou yon kantik ou aprann pakè oubyen yon ekriti ou ka fè apèl nan yon moman tantasyon. Lè ou kontwòle sèn panse lespri ou, ou ka reziste avèk siksè anba presyon pèsistan pou w tonbe nan tantasyon yo epi lage nan peche yo. Ou ka vin pi epi plen vèti.

Etid ekriti

Kisa sa vle di pou yon moun gen lavèti?

D&A 4:6

D&A 46:33

2 Pyè 1:3–8

D&A 25:2

D&A 121:45–46

Guide des Écritures, “Vertu”

D&A 38:24

Atik lafwa 1:13

Konesans

Senyè a te kòmande, “Chèche aprann, pa letid epitou pa lafwa” (D&A 88:118). Li te avèti tou, “Li enposib pou yon moun sove nan linyorans” (D&A 131:6). Chèche konesans, espèyalman konesans espiyèl. Etidye ekriti yo chak jou, epi tou etidye pawòl pwofèt vivan yo. Atravè letid ak lapriyè, chèche èd pou kesyon, pwoblèm, ak okazyon patikilyè ou jwenn yo. Pote atansyon espesyal ak pasaj ekriti ke w ka itilize pou anseye yo epi pou w reponn kesyon apwopo levanjil retabli a.

Panse sou fason ou ka aplike prensip levanjil yo nan lavi ou. Pandan w ap etidye avèk dilijans, epi avèk bon entansyon, Sentespri a ap liminen lespri ou, anseye ou, epi ede ou konprann sans ekriti yo ak ansèyman pwofèt vivan yo. Ou ka akeri konesans nan gade epi koute lòt moun tou, espesyalman dirijan legliz yo. Menmjan avèk Nefi, ou ka di: “Nanm mwen pran plezi nan ekriti yo, epi kè mwen medite sou yo. . . . Reyèlman, nanm mwen pran plezi nan bagay bagay Senyè a yo; epi kè mwen medite tout tan sou bagay mwen mwen te tande epi m te wè” (2 Nefi 4:15–16).

Etid ekriti

Nan ki fason konesans ede pou fè travay Senyè a?

Alma 17:2–3

D&A 88:77–80

Kijan ou ka akeri konesans?

2 Nefi 32:1–5

D&A 42:61

D&A 88:118

Mowoni 10:5

D&A 76:5–10

Guide des Écritures, “Connaissance”

Nòt

Pasyans

Pasyans se kapasite pou andire reta, twoub, lopoziyon, oubyen soufrans san ou pa vin an kòlè, gen fristrasyon, oubyen gen aksyete. Se kapasite pou fè volonte Bondye epi aksepte planifikasyon tan li. Lè ou gen pasyans, ou reziste anba presyon epi ou kapab fè fas avèk advèsite trankilman epi avèk lespwa. Pasyans anrapò avèk lesperans ak lafwa—ou dwe tann benediksyon Senyè a pwomèt yo akonpli.

Ou bezwen pasyans nan eksperyans w ap fè chak jou yo epi nan relasyon ou, espesyalman avèk konpayon ou. Ou dwe pasyan avèk tout moun, ou menm ladan tou, pandan w ap travay pou simonte fot yo ak feblès yo.

“Lavi plen difikilte, genyen ki piti genyen ki yon ti jan pi serye. Se kòm si gen yon pwovizyon pwoblèm pou chak moun. Pwoblèm nou sèke nou souvan atann solisyon toutsuit pou pwoblèm yo, pandan ke nou souvan bliye ke nou dwe gen vèti selès ki rele pasyans lan.”

– PREZIDAN THOMAS S. MONSON
“PASYANS—YON VÈTI SELÈS,” *ENSIGN*, NOV. 1995, 59

Aktivite: Etid pèsònèl

- Etidye Mozya 28:1–9. Kisa ki te dezi pitit gason Mozya yo?
- Ki konsèy Senyè a te bay misyonè sa yo? (Gade Alma 17:10–11 ak 26:27.)
- Ki kèk rezilta pasyans yo ak dilijans yo? (Gade Alma 26.)
- Ekri repons ou nan jounal etid ou.

Etid ekriti

Poukisa pasyans enpòtan? Nan ki fason pasyans ak lafwa gen rapò?

Mozya 23:21

Alma 34:40–41

2 Korentyen 6:1–10

Mozya 24:9–16

D&A 101:38

Jak 5:10–11

Alma 31:31

Women 5:3–5

Som 46:10

Alma 32:41–43

Women 8:24–25

Guide des Écritures, “Patience”

Imilite

Imilite se volonte pou soumèt anba volonte Senyè a epi bay Senyè a onè pou tout sa ki akonpli. Li gen ladan gratitud pou benediksyon l yo ak rekonèt bezwen konstan èd divin ni. Imilite se pa yon siy feblès; se yon siy fòs esprityèl. Lè ou enbleman gen konfyans nan li epi rekonèt pouvwa li ak mizèrikòd li, ou ka gen asirans ke kòmandman l yo se pou byen ou. Ou gen konfyans ke ou ka fè kèlkeswa sa Senyè a mande ou fè si ou repoze sou li. Ou gen volonte pou w fè sèvitè li chwazi yo konfyans tou epi suiv konsèy yo. Imilite ap ede ou pandan w ap eseye rete obeyisan, travay di, epi sèvi san egoyis.

Lopozè imilite se lògèy, ke yo kondane nan ekriti yo. Gen lògèy vle di mete konfyans nan tèt ou pase



nan Bondye ak sèvitè l yo. Li vle di mete bagay mond la anlè bagay Bondye yo tou. Moun ki ògeye pran onè pou tèt yo olye yo bay Bondye glwa. Lògèy se bagay ki gen konpetisyon; moun ki ògeye chèche gen plis epi yo panse yo pibon pase lòt moun. Lògèy abityèlman soti nan santiman kòlè ak rayisans, epi li se yon gwo andikap.

Etid ekriti

Sa sa vle di gen imilite?

2 Nefi 9:28–29

Alma 5:26–29

Matye 26:39

Mozya 4:11–12

Alma 26:12

Guide des Écritures, “Humilite”

Ki benediksyon ou resevwa lè ou imilye tèt ou?

Alma 32:1–16

D&A 67:10

Matye 23:12

Etè 12:27

D&A 112:10

D&A 12:8

D&A 136:32–33

Kijan ou rekonèt lògèy nan ou menm?

1 Nefi 15:7–11

2 Timote 3:1–4

Pwovèb 15:10

1 Nefi 16:1–3

Pwovèb 13:10

Pwovèb 28:25

Dilijans

Dilijans se efò konstan, konsistan, onèt, epi enèjik nan fè travay Senyè a. Senyè a atann w ap travay avèk dilijans—avèk pèsistans epi avèk gwo efò ak swen. Yon misyonè dilijan travay avèk efikasite ak konpetans. Dilijans nan travay misyonè se yon ekspresyon lanmou ou pou Senyè a epi pou travay li. Lè ou dilijan, ou jwen lajwa ak satisfaksyon nan travay ou.

Fè anpil bon bagay pa pwòp volonte ou (gade D&A 58:27). Pa tann pou dirijan ou di ou sa pou w fè. Kontinye jiskaske ou fè tout sa ou kapab, menm lè ou fatige. Fokis sou bagay ki pi enpòtan yo epi evite pèdi tan. Priye pou w jwenn gidans ak fòs. Planifye regilyèman epi efikasman. Evite tout bagay ki distrè panse ou ak aksyon ou.

“Mwen souvan di ke youn nan pi gwo sekre travay misyonè se travay! Si yon misyonè travay, l ap gen Lespri a; si li gen Lespri a, l ap anseye pa Lespri; epi si li anseye pa Lespri, l ap touche kè moun yo epi y ap gen kè kontan. Pap gen nostalji lakay, ni pwoblèm osijè fanmi, paske tout tan li epi tout talan ak enterè li ap santre sou travay ministè a. Travay, travay, travay—pa gen okenn lòt ranplasan satisfèzan nan travay misyonè.”

— PREZIDAN EZRA TAFT BENSON
THE TEACHINGS OF EZRA TAFT BENSON (1988), 200

Etid ekriti

Kisa sa vle di pou yon moun dilijan?

Mowoni 9:6

D&A 107:99–100

Guide des Écritures, “Diligence”

D&A 10:4

Nòt

Poukisa Senyè a atann ke nou dilijan?D&A 75:2–5
D&A 123:12–14

D&A 127:4

D&A 130:20–21

Nan ki fason dilijans an rapò avèk libabit?

Mozya 4:26–27

D&A 58:26–29

Obeisans

Antanke misyonè, y ap atann ke ou respekte kòmandman yo pa pwòp volonte ou, obeyi règ yo misyon yo, epi suiv konsèy dirijan yo. Obeisans se premye lwa syèl la. Se yon zak lafwa. Yo gen dwa mande ou pafwa pou w fè kèk bagay ou pa totalman konprann. Si ou obeyi, w ap grandi nan lafwa, konesans, sajès, temwayaj, pwoteksyon, ak libète. Eseye obeyisan anvè Senyè a, anvè pwofèt vivan an, epi anvè Prezidan Misyon ou.

“Disiplin ki gen nan obeisans chak jou ak nan viv pwòp ak nan lavi ki sen bati yon pwoteksyon toutotou ou ak sekirite kont tantasyon k ap vide sou ou yo pandan w ap avanse nan imòtalite a.”

– ÈLDÈ L. TOM PERRY
“CALLED TO SERVE,” *ENSIGN*, ME 1991, 39

Etid ekriti**Kisa sa vle di obeisan?**

1 Nefi 2:3

D&A 82:8–10

Jan 14:15

Mozya 5:8

Matye 7:24–27

Guide des Écritures, “Obéissance, Obéissant, Obéir”

Mozya 15:7

Jan 7:17

Kisa ou ka aprann osijè obeisans nan ekriti sa yo?

1 Nefi 3:7

D&A 105:6

2 Wa 5:1–14

Poukisa jèn gèye lame Elaman yo te obeyi avèk egzaktitid?**Kijan yo te beni?**

Alma 56:45–48

Alma 57:21–27

Devlope karaktè kretyen

Pandan w ap etidye epi chèche devlope karaktè yo dekri nan chapit sa a ak lòt karaktè ou jwenn nan ekriti yo, chema sa a ka itil:

- Idantifye karaktè ou anvi devlope a.
- Ekri yon definisyon ak yon deskripsyon karaktè a.
- Ekri kesyon pou w reponn pandan w ap etidye.
- Fè lis pasaj ekriti ki anseye sou karaktè sa a epi etidye yo konplètman.
- Ekri santiman ou ak enpresyon ou.
- Fikse bi epi fè plan pou aplike karaktè a nan lavi ou.
- Priye pou Senyè a ede ou devlope karaktè a.
- Evalye pwogrè ou tanzantan nan devlope karaktè chak karaktè.

Aktivite: Etid pèsònèl

Idantifye yon karaktè nan chapit sa a oubyen nan ekriti yo. Suiv chema ki anlè a pou w konprann pi byen epi pou w planifye pou devlope karaktè a.

Gade imaj sou badj ki gen non w lan. Nan ki fason etikèt non pa w la gen diferans avèk pa yon anplwaye nan yon konpayi? Note ke de pati ki pi frapan yo se non pa ou ak non Sovè a. Kijan ou ka asire ou ke ou reprezante Sovè a antanke youn nan disip li yo? Poukisa li enpòtan pou moun yo pou yo asosye non yo avèk non Sovè a nan yon fason pozitif? Ekri panse ou nan journal etid ou.

**Etid ekriti****Ki kèk karaktè ki ekri nan ekriti yo?**

Mozya 3:19
Alma 7:23
D&A 4

D&A 121:41–45
Atik lafwa 1:13

Filipyen 4:8
2 Pyè 1:5–8

Sonje bagay sa yo

- Ou bezwen se yon misyonè ki gen karaktè kreyen, non pa senpleman fè travay misyonè a.
- Aprann vin tankou Kris se yon rechèch tout yon lavi.
- Ou suiv egzanp Kris la—devlope karaktè li—yon aksyon ak yon desizyon alafwa.
- Chanje vin tankou Kris mande egzès lafwa, repanti, kenbe alyans yo, resevwa yon dòz ogmante Sentespri a, epi pèsèvere jiskalafen.

Nòt

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsònèl

- Prepare yon diskou senk minit sou youn nan karaktè yo pale nan chapit sa a.
- Itilize Guide des Écritures la, chèche fason Sovè a te bay egzanp karaktè yo dekri nan chapit sa a. Ekri sa ou aprann nan journal etid ou.
- Tanzantan fè “Aktivite Karaktè” ki nan fen chapit sa a.
- Idantifye yon karaktè nan chapit sa a. Mande tèt ou:
 - Kijan m ka devlope karaktè sa a?
 - Kisa ki dwe chanje nan kè mwen, nan lespri mwen, nan aksyon mwen pou m devlope karaktè sa a?
 - Nan ki fason kenbe alyans yo ede m devlope karaktè sa a?
 - Nan ki fason devlope karaktè sa a ede m kalifye mwen pou Sentespri a epi pou m vin yon pi pisan minis levanjil Jezikri a?
- Chèche egzanp karaktè kretyen nan lavi gason ak fi nan ekriti yo. Ekri enpresyon ou nan journal etid ou.

Etid avèk konpayon

- Etidye referans pou karaktè kretyen yo nan bibliyotèk misyon an.
- Pale sou relasyon ki genyen nan mitan plizyè karaktè diferan. Pa egzanp:
 - Kijan lafwa anrapò avèk dilijans?
 - Nan ki fason imilite ak lanmou gen rapò?
 - Nan ki fason konesans fòtifye pasyans?

Reyinyon Distri ak Konferans Zòn

- Plizyè jou anvan reyinyon distri a oubyen konferans zòn nan, mande chak misyonè pou yo seleksyone karaktè yo nan chapit sa a oubyen nan ekriti yo epi prepare yon diskou de minit sou karaktè sa a, enkli ekriti ki te ede li.

Kite tan nan reyinyon an pou kèk misyonè pataje diskou yo.

- Divize misyonè yo an twa gwoup, epi bayo tach sa a:

Gwoup 1: Li 1 Nefi 17:7–16 epi reponn kesyon sa yo:

 - Kijan Nefi te egzèse lafwa li?
 - Kisa Nefi te fè ki te kretyen?
 - Ki pwomès Senyè a te fè Nefi si li te fidèl epi kenbe kòmandman yo?
 - Nan ki fason resi sa a aplike nan travay misyonè?

Gwoup 2: Li Jakòb 7:1–15 epi reponn kesyon sa yo:

 - Poukisa lafwa Jakòb te ase solid pou l te reziste anba atak Cherèm yo?
 - Nan ki fason Jakòb te egzèse lafwa lè li te pale avèk Cherèm nan?
 - Nan ki fason aksyon Jakòb yo te kretyen?
 - Kisa nou ka fè pou devlope lafwa menmjan avèk Jakòb?

Gwoup 3: Li Joseph Smith—Histoire 1:8–18, epi reponn kesyon sa yo:

 - Nan ki fason Joseph Smith te egzèse lafwa nan Jezikri?
 - Nan ki fason lafwa li te teste?
 - Kisa li te fè ki te kretyen?
 - Kisa nou ka fè pou n suiv egzanp Joseph Smith?

Nòt

Aprè gwoup yo fini, mete misyonè yo ansanm epi mande yo pou yo pataje sa yo te diskite.

- Pataje yon eksperyans sou kote ou te beni oubyen enspire pa lafwa yon lòt moun.
- Fè misyonè yo bay referans sou “Aktivite Karaktè.” Bay chak misyonè yon moso papye pou l ekri repons li yo.

Lè yo fini travay sou papye a, envite yo pou yo fikse bi pèsònèl.

Mande kèk misyonè pou yo pataje sa yo te aprann epi santi pandan yo t ap fè travay sou papye a.

Pataje temwayaj ou konsènan enpòtans pou devlope karaktè kretyen.

Prezidan Misyon

- Mande misyonè yo pou yo li youn nan kat Levanjil nan Nouvo Testaman yo oubyen 3 Nefi 11–28. Mande yo pou souliyen sa Sovè a te fè ke yo ka fè tou.
- Itilize fikse bi ak planifikasyon pou w anseye misyonè yo sou dilijans. Montre kijan dilijans nan fokis sou moun se yon ekspresyon lanmou.
- Pandan entèvyou yo, mande misyonè yo pou yo pale sou yon karaktè y ap eseye devlope.
- Nan yon konferans zòn, envite misyonè yo pou yo pale sou karaktè kretyen yo admire kay konpayon.

AKTIVITE KARAKTÈ

Li chak bagay anba yo avèk swen. Deside kijan deklarasyon sa a vrè osijè ou menm, epi chwazi repons ki pi apwopriye yo nan mitan repons kle yo. Ekri repons ou pou chak bagay nan journal etid ou. Kwasans espiyèl se yon pwosesis gradyèl, epi okenn moun pa pafè. Konsa ou dwe atann pou w fè pi bon nòt nan kèk sijè pase nan kèk lòt.

Repons kle 1 = jamè 2 = pafwa 3 = souvan 4 = prèske toujou 5 = toujou

Lafwa

- _____ 1. Mwen kwè nan Kris epi mwen aksepte Li kòm Sovè mwen. (2 Nefi 25:29)
- _____ 2. Mwen santi m gen konfyans ke Bondye renmen mwen. (1 Nefi 11:17)
- _____ 3. Mwen gen ase konfyans nan Sovè a pou m aksepte volonte li epi pou m fè tout sa li mande. (1 Nefi 3:7)
- _____ 4. Mwen kwè fèm ke gras avèk Ekspyasyon Jezikri a mwen ka jwenn padon pou tout peche m yo. (Enòs 1:5–8)
- _____ 5. Mwen gen lafwa ase nan Kris la pou m jwenn repons pou priyè m yo. (Mozya 27:14)
- _____ 6. Mwen panse avèk Sovè a pandan jounen an epi mwen sonje sa li fè pou mwen. (D&A 20:77, 79)
- _____ 7. Mwen gen lafwa ki nesese pou ede m fè bon bagay rive nan lavi mwen ak nan lavi lòt moun. (Etè 12:12)
- _____ 8. Mwen konnen pa pouvwva Sentespri a ke Liv Mòmou an vre. (Mowoni 10:3–5)
- _____ 9. Mwen gen ase lafwa nan Kris pou m akonpli tout sa li vle mwen fè—menm mirak, si sa nesese. (Mowoni 7:33)

Lesperans

- _____ 10. Youn nan pi gran dezi mwen se eritye lavi etènèl nan wayòm selès Bondye a. (Mowoni 7:41)
- _____ 11. Mwen gen konfyans ke m ap fè yon bèl misyon ki gen siksè. (D&A 31:3–5)
- _____ 12. Mwen santi lapè ak bon lespwa sou demen mwen. (D&A 59:23)
- _____ 13. Mwen kwè fèm ke youn jou m ap abite avèk Bondye epi m ap vin menmjan avèk li. (Etè 12:4)

Charite ak lanmou

- _____ 14. Mwen santi yon dezi sensè pou byennèt etènèl ak bonè lòt moun. (Mozya 28:3)
- _____ 15. Lè m priye, mwen mande charite—amou pi Kris la. (Mowoni 7:47–48)
- _____ 16. Mwen eseye konprann santiman lòt moun epi wè pwendvi yo. (Jid 1:22)
- _____ 17. Mwen padone lòt moun ki ofanse mwen oubyen ki fè m enjistis. (Efezyen 4:32)
- _____ 18. Mwen eseye ede lòt moun lè y ap lite oubyen lè yo dekouraje. (Mozya 18:9)
- _____ 19. Lè sa apwopriye, mwen di lòt moun ke mwen renmen yo epi mwen sousye pou yo. (Lik 7:12–15)

- _____ 20. M chèche opòtinite pou m sèvi lòt moun. (Mozya 2:17)
- _____ 21. M di bagay ki pozitif sou lòt moun. (D&A 42:27)
- _____ 22. Mwen janti epi pasyan avèk lòt moun, menm lè yo difisil pou viv. (Mowoni 7:45)
- _____ 23. Mwen jwenn lajwa nan akonplisman lòt moun. (Alma 17:2–4)

Lavèti

- _____ 24. Mwen ka pwòp epi pi nan kè. (Som 24:3–4)
- _____ 25. Mwen pa gen okenn dezi pou fè sa ki mal men pou fè sa ki byen. (Mozya 5:2)
- _____ 26. Moun ka konte sou mwen—Mwen fè sa m di m ap fè. (Alma 53:20)
- _____ 27. Mwen fokis sou ladwatè, sou panse ki elvan, epi mwen mete panse ki pa sen yo deyò nan lespri mwen. (D&A 121:45)
- _____ 28. Mwen repanti pou peche m yo epi mwen eseye simonte feblès mwen yo. (D&A 49:26–28)
- _____ 29. Mwen santi enfliyan Sentespri a nan lavi mwen. (D&A 11:12–13)

Konesans

- _____ 30. Mwen santi mwen gen konfyans nan konpreyansyon mwen sou doktrin ak prensip levanjil yo. (Etè 3:19–20)
- _____ 31. Mwen etidye ekriti yo chak jou. (Jan 5:39)
- _____ 32. Mwen onètman chèche konprann verite a epi mwen jwenn repons pou kesyon m yo. (D&A 6:7)
- _____ 33. Mwen resevwa konesans ak gidans atravè Lespri a. (1 Nefi 4:6)
- _____ 34. Mwen renmen epi mwen cheri doktrin ak prensip levanjil yo. (2 Nefi 4:15)

Pasyans

- _____ 35. M ap tann benediksyon ak pwomès Senyè yo akonpli avèk pasyans. (2 Nefi 10:17)
- _____ 36. Mwen kapab tann bagay yo san m pa kontratrye ni gen fristrasyon. (Women 8:25)
- _____ 37. Mwen pasyan epi mwen gen andirans nan pwoblèm mwen antanke misyonè. (Alma 17:11)
- _____ 38. Mwen pasyan avèk fot ak feblès lòt moun yo. (Women 15:1)
- _____ 39. Mwen gen pasyans avèk tèt mwen epi mwen konte sou Senyè a pou m travay pou m simote feblès mwen yo. (Etè 12:27)

- _____ 40. Mwen fè fas avèk advèsite ak afliksyon trankilman epi avèk espwa. (Alma 34:40–41)

Imilite

- _____ 41. Mwen enb epi modès nan kè mwen. (Matye 11:29)
- _____ 42. Mwen konte sou Senyè a pou ede mwen. (Alma 26:12)
- _____ 43. Mwen sensèman rekonesan pou benediksyon mwen resevwa nan men Senyè a. (Alma 7:23)
- _____ 44. Priyè m yo onèt epi sensè. (Enòs 1:4)
- _____ 45. Mwen apresye direksyon nan men dirijan m yo ak enstriktè m yo. (2 Nefi 9:28)
- _____ 46. Mwen eseye soumèt mwen bay volonte Senyè a, nan kèlkeswa sa li ye. (Mozya 24:15)

Dilijans

- _____ 47. Mwen travay avèk efikasite, menm lè mwen anba presyon oubyen sou sipèvizyon. (D&A 58:26–27)
- _____ 48. Mwen santre efò mwen sou bagay ki pi enpòtan yo. (Matye 23:23)
- _____ 49. Mwen fè yon priyè pèsonel omwen defwa pa jou. (Alma 34:18–27)
- _____ 50. Mwen santre panse mwen sou apèl mwen antanke misyonè. (D&A 4:2, 5)
- _____ 51. Mwen fikse bi epi mwen planifye regilyèman. (D&A 88:119)
- _____ 52. Mwen travay di jiskaske travay mwen akonpli avèk siksè. (D&A 10:4)
- _____ 53. Mwen jwenn lajwa ak satisfaksyon nan travay mwen. (Alma 36:24–25)

Obeyisans

- _____ 54. Lè m priye, mwen mande fòs pou m reziste anba tantasyon epi pou m fè sa ki byen. (3 Nefi 18:15)
- _____ 55. Mwen respekte kòmandman yo bay pou m diy pou yon rekòmandasyon pou tanp lan. (D&A 97:8)
- _____ 56. Mwen obeyi règ misyon yo epi mwen suiv konsèy dirijan m yo san yo pa fòse mwen. (Ebre 13:17)
- _____ 57. Mwen eseye viv annakò avèk lwa ak prensip levanjil yo. (D&A 41:5)



Kijan m ka pi byen aprann lang misyon mwen?

Konsidere sa

- Poukisa mwen dwe toujou amelyore aptitud mwen pou lang?
- Kijan m ka amelyore kapasite mwen pou m pale epi anseye nan lang misyon mwen?
- Kijan m ka gen don lang?

Prepare tèt ou esprityèlman

Senyè a te deklare, “Chak moun ap tande plenitud levanjil la nan pwòp lang ni epi nan pwòp langaj li, pa moun ki òdone nan pouvwa sa a” (D&A 90:11). Fòtifye temwayaj pèsonèl ou pou pote pouvwa pou konvèti a nan pawòl ou. Premyeman etidye doktrin yo ak leson yo nan lang natif natal ou. Konpreyansyon sa a ap fòtifye temwayaj ou ak kapasite ou pou w anseye epi temwaye avèk konviksyon. Apre sa, ou ka aprann eksprime mesaj Retablisman an nan lang misyon ou sou gidans Lespri a.

Men kèk fason ou ka fòtifye lafwa ou ke Senyè a ap ede ou anseye epi temwaye nan lang misyon ou:

- Rekonèt ke se Bondye ki aple ou pa mwayen yon pwofèt.
- Viv diy pou w gen konpayi Sentespri a.
- Rete obeyisan anvè kòmandman yo ak prensip misyonè yo.
- Priye sensèman pou w jwenn èd divin.
- Etidye, pratike, epi itilize lang misyon an chak jou.

Nòt

Se pou ou devwe epi dilijan

Aprann anseye efikasman nan lang misyon ou mande efò dilijan. Pa etone si tach la parèt difisil toudabò. Aprann yon lang pran tan. Se pou ou gen pasyans avèk tèt ou. Chèche èd konpayon ou, manm yo, investigatè yo, ak lòt misyonè yo.

Pa sispann amelyore talan ou nan lang lè moun kòmanse konprann ou. Amezi abilte ou pou pale lang nan ap grandi, moun ap koute sa w ap di yo plis pase jan ou di yo. W ap vin mwens sousye pou fason w ap kominike sa ou santi ki nan kè ou. W ap vin kapab reponn bezwen investigatè yo ak chichotman Lespri yo pi byen.

Efòse pou w metrize lang lan pandan tout misyon ou epi apre ou retounen lakay ou. Senyè a envesti anpil nan ou, epi Li ka gen plan pou itilize abilte lang ou apre nan lavi ou. Èldè Jeffrey R. Holland te eksplike: “Nou ta . . . espere ke chak misyonè k ap aprann yon nouvo lang pou preche levanjil ta metrize li nan tout sans posib. . . . Epi si ou fè sa, talan ou pou preche levanjil epi pou w temwaye ap amelyore. W ap vin pi byen resevwa pa investigatè yo epi y ap fè yon pi gwo enpresyon sou yo esprityèlman . . . Pa rete satisfè avèk sa nou rele yon vokabilè misyonè sèlman. Envesti tout ou menm nan lang nan, epi w ap vin gen pi bon aksè nan kè moun yo” (emisyon pa satelit pou misyonè, Out. 1998).

Ou pa poukont ou nan aprann lang misyon ou. Kèlkeswa lè Senyè a bay yon kòmandman, li founi yon mwayen pou akonpli li (gade 1 Nefi 3:7). Chèche èd li. Se pou ou devwe nan etid ou. Lè lè a rive w ap akeri talan pou lang ki nesèsè pou w atenn objektif ou antanke misyonè.

Aprann Anglè

Si ou pa pale Anglè, ou dwe etidye li antanke yon misyonè. Sa ap beni ou pandan misyon ou epi pandan tout lavi ou. Aprann Anglè ap pèmèt ou ede bati wayòm Senyè a nan plis fason epi se ap yon benediksyon pou ou menm ak fanmi ou. Anpil nan sigjesyon ki nan chapit sa a ap ede ou. Santre patikilyèman sou sa yo:

- Fikse bi pou w pale Anglè avèk konpayon ou. Si konpayon ou deja pale Anglè epi l ap eseye aprann lang pa w la, nou ka chwazi pou nou pale Anglè nan kay la epi lang misyon an lè nou deyò.
- Avèk konpayon ou, li nan Liv Mòmmon an ann Anglè. Ou gen dwa chwazi pou w chanje tanzantan. Ou li yon vèsè ann Anglè, epi apresya konpayon ou li yon vèsè nan lang misyon an. Se pou youn korije pwononsyasyon ak aksan lòt la.
- Mande Prezidan Misyon ou sigjesyon sou yon senp tèks gramè ann Anglè si w pa ko gen youn.

Prensip ou aprann lang

Seksyon sa a dekri prensip pou ede ou etidye epi aprann lang nan avèk plis efikasite.

- **Pran responsablite.** Kreye oubyen ajiste bi pou aprann lang ou regilyèman epi etidye plan an. Fè efò pou w itilize lang nan nan chak okazyon.
- **Fè etid ou serye.** Mande tèt ou: Poukisa m ap etidye sa a? Kijan l ap ede mwen kominike pi byen? Asosye sa w ap etidye a nan sityasyon reyèl lavi yo ak nan aktivite ou chak jou. Etidye pati lang nan ki ap ede ou di sa ou bezwen di. Pa egzanp, si gen yon istwa nan yon ekriti ou ta renmen antre nan ansèyman ou, aprann vokabilè ak gramè nesèsè ki an rapò avèk li.

- **Chèche kominike.** Chèche jwenn yon balans apwopriye ant etidye gramè a ak estrikti lang nan epi aprann atravè aktivite chak jou w yo. Pa gen okenn ranplasman pou pale avèk moun natif natal yon lang.
- **Aprann nouvo lide yo afon.** W ap kapab raple epi pi efikasman itilize prensip lang yo si ou repase sa ou etidye yo regilyèman epi si ou pratikè ankò nan nouvel sityasyon.

Kreye yon plan pou etid lang nan

Yon plan pou etidye lang nan ap ede ni nouvo misyonè ni misyonè ki deja gen ekspe-ryans, santrè sou sa yo ka fè chak jou pou yo amelyore kapasite yo pou pale lang misyon an. Plan w lan ap gen ladan sa w ap fè pandan tan w ap etidye lang nan ak sa w ap fè pandan tout jounen an.

Si ou bezwen, itilize enpe nan tan etid lang ou an pou w kreye oubyen ajiste plan etid ou. Apresa chak maten pandan tan w ap etidye lang nan, aprann langaj w ap bezwen pou aktivite jounen an. Men kèk direksyon k ap ede ou nan kreye pwòp plan pa ou pou aprann lang nan:

1. Fikse bi. Chak semèn epi chak jou fikse bi k ap ede ou aprann lang misyon w nan. Santrè sou bi ou sou amelyore kapasite ou pou kominike epi anseye pandan aktivite w ap genyen yo, tankou randevou pou anseye, rechèch opòtinite, ak reyinyon konsèy pawas yo. Repase pwogrè ou nan akonpli bi ou pou lang nan. Mande tèt ou kisa ou ka fè pou w kominike avèk pi plis klète ak pi gran pouvwa pandan aktivite ou genyen yo.

2. Chwazi materyèl pou w itilize. Repase materyèl pou lang sa yo epi detèmine kiyès nan yo ou ka itilize pou w atenn bi ou:

- Manyèl ki apwouve nan lang misyon w nan.
- Leson misyonè yo nan lang misyon ou.
- Yon ti diksyonè ki ka al nan pòch.
- Yon ti liv gramè.
- Materyèl pou lang nan Sant Fòmasyon pou Misyonè a.
- Kat pou w pran nòt.
- Yon ti kanè pou pòch.
- Lòt materyèl legliz la ki nan lang misyon ou.



3. Aprann vokabilè yo ak fraz yo pakè. Idantifye vokabilè ak fraz ki ap ede ou atenn objektif ou. Plan pou lang ou an ka gen ide sa yo:

- Idantifye vokabilè ak fraz nan leson yo, bwochi yo, ekriti yo, ak lòt piblikasyon legliz la ou ka itilize nan ansèyman.
- Ekri mo ak fraz ou pa konnen yo nan yon kaye. Mache avèk yon ti diksyonè piti nan pòch ou epi gade mo sa yo.
- Mache avèk kat pou w pran nòt yo tout jounen. Ekri yon mo oubyen yon fraz sou yon bò ak definisyon an sou lòt bò a. Klase mo ou aprann yo. Travay sou sa ki rete yo jiskaske w vin konnen yo tout.

- Itilize nouvo mo ak nouvèl fraz nan liy yo pandan etid pèsònèl ou, pandan ansèyman ou, epi pandan tout jounen an.
- Fè pratik pwononsyasyon pandan w ap repete mo yo ak fraz yo fò.
- Aprann ekriti kle yo pa kè nan lang misyon ou.
- Aprann deklarasyon senp ki konsène prensip kle levanjil yo nan leson yo oubyen nan bwochi yo. Chèche lòt fason pou w eksprime ide sa yo.

4. Aprann gramè. Itilize materyèl lang yo pou idantifye prensip gramè ki ap ede ou atenn bi ou. Si ou bezwen, mande konpayon ou, yon misyonè ki deja gen eksperyans, oubyen yon manm èd. Panse pou w entegre kèk nan ide sa yo:

- Itilize tèks gramè ou te resevwa nan Sant Fòmasyon Misyonè a oubyen yon tèks ki apwouve pa Prezidan Misyon ou pou ede ou konprann gramè a ak modèl fraz ki nan leson yo, nan bwochi yo, epi nan ekriti yo.
- Prepare fraz ki aplike prensip gramè sa yo pou w itilize nan aktivite ou pwograme yo. Fè pratik pale epi ekri fraz sa yo.
- Fè atansyon avèk lòd mo yo nan lang nan epi avèk mo yo ak pati pa yo.
- Chèche okazyon pou w pratike epi aplike gramè w ap etidye chak jou a.

5. Byen koute. Konsidere pou w entegre bagay sa yo:

- Koute moun natif natal yo avèk atansyon lè y ap pale. Imite sa ou tande.
- Lè ou tande yon bagay ou pa konprann, ekri li epi chèche konnen sa l vle di. Fè pratik itilize vokabilè oubyen modèl fraz.
- Lè w ap koute, chèche vokabilè ak modèl ou fèk sot aprann.
- Lè w tande yo di yon fraz yon fason diferan de jan ou konn di li, ekri li epi pratike li. Sepandan, antanke sèvitè Senyè a, toujou itilize langaj ki apwopriye, pa itilize jagon.
- Fè yon lis sa moun ka di ou nan aktivite ou pwograme yo. Chèche mo ak fraz ki anrapò avèk repons sa yo. Planifye epi fè pratik sa ou ka reponn.

6. Amelyore kapasite ou pou w li epi ekri. Li Liv Mòmmon an nan lang misyon ou pou w ka aprann vokabilè a ak fraz yo epi pou w pratike gramè a, pwononsyasyon an, ak ezans lan. Gen gwo pouvwa nan itilize ekriti yo nan lang w ap etidye a. Konsidere ide sa yo tou:

- Aprann li epi ekri alfabè, ekriti, oswa karaktè lang nan. Pou sistèm ekri ki baze sou karaktè, santre sou talan pou li yo, tankou li ekriti yo, ki ap ede ou lè w ap anseye.
- Li fò nan Liv Mòmmon an, nan lòt ekriti yo, oubyen nan magazin legliz yo nan lang misyon ou. Pote atansyon ak vokabilè, fraz, ak gramè ki pa familye yo. Si ou pa konprann yon mo, eseye konprann sans li nan kontèks pasaj la anvan ou chèche li. Ajoute li nan kat pou w pran nòt la. Itilize ekriti nan lang natif natal ou ak lang misyon an kòtakòt si sa nesèsè.
- Fè yon moun antrene ou nan pwononsyasyon an, aksan an, ak poz yo lè w ap li.
- Fè pratik ekri nan lang misyon ou—pa egzanp, nòt pèsònèl ak rapèl, lèt, nòt remèsiman, ak nòt ankourajman. Ekri temwayaj ou nan Liv Mòmmon w ap bay yo.

7. Mande lòt moun pou ede ou. Konsidere pou w entegre ede sa yo:

- Si konpayon ou se yon moun natif natal, pwofite gran opòtinite sa a pandan w ap poze li kesyon souvan epi chèche rezilta.
- Mande konpayon ou ak oratè natif natal yo pou yo korije ou epi pou sigjere ou fason ou ka amelyore. Si yo itilize yon mo ou pa konprann, mande yo pou yo ba ou definisyon li. Timoun yo ak granparan yo souvan prèt pou ede.
- Envite moun w ap anseye yo pou yo ede ou. Eksplike konsa, "M ap aprann lang ou an. Tanpri, ede mwen. Si m pa konprann yon mo, tanpri, ede mwen avèk li."
- Pa ezite mande pou w jwenn èd byen presi: "Kijan ou di _____?" "Kijan ou pwononse _____?" "Kisa _____ vle di?" "Èske ou ka repete pou mwen, silvouplè?" Ekri repons yo epi etidye yo.
- Mande manm yo pou yo poze w kesyon nan kat pou w pran nòt yo oubyen nan lis vokabilè w yo epi pou ede ou nan li ekriti yo fò.



8. Evalye epi repase plan etid ou. Repase plan etid ou chak semèn pou w evalye si sa mache. Envite konpayon ou ak dirijan misyon ou pou yo sigjere ou kote pou w amelyore.

Itilize lang misyon ou nan chak okazyon. Pale lang nan avèk konpayon ou otan sa posib pandan jounen an. Priye nan lang nan an prive epi an piblik pou w aprann langaj apwopriye pou priye a epi pou w aprann di sa ki nan kè ou.

Pa pè fè erè. Tout moun ki ap aprann yon nouvo lang konn fè erè. Moun yo ap konprann, epi y ap apresye efò ou pou w aprann lang yo a. Aprann fraz ak ekriti pa kè ap ede ou evite erè yo pa kè, men ou pa dwe itilize ekriti byen long ou aprann pa kè ni ekriti tou prepare ou aprann pa kè kòm yon mwayen pou w evite erè.

Aktivite: Etid pèsònèl

Itilize direksyon yo dekri anlè la yo pou w kreye yon plan etid. Repase plan an avèk konpayon ou oubyen avèk yon dirijan misyon an.

Aprann avèk konpayon w yo

Ede konpayon w yo jwenn siksè epi akeri konfyans nan aprann lang nan osi rapidman sa posib. Fè konpayon w yo oubyen lòt misyonè yo konpliman sensèman epi souvan sou pwogrè yo. Se pou ou veye pou w pa di oubyen fè yon bagay ki ka fè yo febli nan konfyans yo, men pa pwoteje yo twòp pou yo pwofite pa aprann. Pa neglije ede lè sa nesèsè. Bayo anpil opòtinite pou yo anseye epi temwaye avèk siksè. Konsidere ide sa yo pou w aprann avèk konpayon ou:

- Youn anseye lòt gramè ak vokabilè li aprann.
- Fè pratik anseye nan lang misyon an. Premyeman, nouvo misyonè yo ka anseye trè senp, pataje yon senp temwayaj, epi resite ekriti yo aprann pakè yo. Amezi konfyans yo ak abilte yo ap grandi, y ap kapab patisipe pi totalman nan anseye investigatè yo.

Nòt

- Fè pratik itilize lang nan pou kominike nan sityasyon misyonè òdinè yo.
- Youn bay lòt kontrandi senp epi pratik avèk jantiyès. Li enpòtan tou pou ou resevwa kontrandi a san ou pa santi w ofanse.

Note kijan yon misyonè ki te gen plis eksperyans ka ede konpayon li nan resi ki suiv la a.

Mwen te fèk rive nan dezyèm zòn mwen lè konpayon mwen te di m sete tou pa mwen pou m te pote panse espirityèl nan yon randevou pou dine. Mwen te pè anpil. Premye konpayon mwen te toujou kontan pou l fè ansèyman an, epi mwen te toujou abitye fè yon ti pati nan leson an epi apresya koute pandan li te konn eksplike epi reponn tout kesyon.

Mwen te eseye konvenk konpayon mwen ke l ta dwe bay panse espirityèl la, men li te ankouraje mwen pou m pran tach la. Mwen te fè li avèk èd li.

Lè moman an te rive, mwen te louvri ekriti mwen nan 3 Nefi 5 ak 7. Mwen te goumen men mwen te debwouye mwen eksplike poukisa mwen te santi pasaj mwen te chwazi yo te sijifyikan, epi lè m te fini mwen te santi m soulaje. Lè yo te poze yon kesyon, mwen te gade konpayon mwen pou l bay repons lan, men li pa t louvri bouch li. Sete nan moman sa a ke mwen te etone anpil paske m te bay repons lan nan yon Fransè konpreyansib. Mwen te menm pi etone ke manm lan pa t menm parèt te santi ke mwen pa t konfòtab osijè fason pou m kominike. Mwen te vin gen konfyans epi mwen te reyalize ke Fransè mwen te pi bon pase m tepanse.

Semèn te pase, epi konpayon mwen te kontinye kite m anseye—menm lè mwen pa tpanse mwen te ka fè li, menm lè li te siman ap mande si m ta ka fè li. Epi paske li te ankouraje mwen pale, koute, epi anseye, talan mwen nan lang nan te kòmanse pwogrese pi vit, epi mwen te santi ke mwen te vin yon zouti nan men Papa nou ki nan Syèl la olye mwen te senpleman yon lòt konpayon pezib yon lòt èldè.

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

- Si w ap travay avèk yon nouvo misyonè, kijan ou k api byen ede konpayon ou aprann lang nan?
- Si ou se yon nouvo misyonè, ki kalite èd ou ka mande senyò konpayon ou?

Kilti avèk aprann lang

Kilti ak lang se bagay ki mache tou pre. Konprann kilti a ap ede ou eksplike poukisa lang nan itilize nan fason l itilize a. Eseye konprann kilti moun yo pou ou ka kominike aspè mesaj Retablisman an nan yon fason ki ap klè pou yo.

Youn nan pi gwo bagay ou ka fè pou gen konfyans moun yo ak lanmou yo se anbrase kilti yo nan fason ki apwopriye. Anpil gran misyonè te fè sa (gade 1 Korentyen 9:20–23). Chèche fè moun yo santi yo konfòtab avè ou epi avèk langaj ou.

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

- Imajine w ap sèvi yon misyon ann Azi. W ap prepare ou pou w anseye yon moun osijè rezirèksyon an, epi ou konnen ke Boudis yo kwè nan reyenkanasyon. Kijan w ap anseye sou rezirèksyon an nan yon fason pou envestigatè a konprann ke doktrin sa a totalman diferan avèk reyenkanasyon? Ki mo ak fraz ou ka bezwen aprann pou w akonpli tach sa a?
- Panse sou antesedan kiltirèl ak relijye moun w ap anseye yo. Idantifye yon aspè nan antesedan yo ki ka fè yo konprann doktrin levanjil yo. Planifye fason pou w anseye doktrin sa yo klèman.

Don lang nan

Chèche don Lespri yo, ladan yo don lang ak don entèpretasyon lang. Plis pase tout lòt bagay, sa ap ede ou pale epi konprann lang moun yo nan misyon ou. Ou pap gen don sa a san ou pa fè efò bò kote pa ou; ou bezwen chèche li aktivman. Yon pati nan chèche gen don lang se travay epi lite epi fè tout sa ou kapab pou w aprann lang nan. Gen konfyans ke Lespri a ap ede ou si w ap viv fason ou ta dwe epi si ou fè sa ou kapab. Gen lafwa ke ou ka gen don lang nan nan vrè sans li ak nan sans pi konpreyansif li.

Lè w santi w ap lite pou w eksprime ou osi klè ou ta renmen, sonje ke Lespri a kapab pale nan kè tout pitit Bondye. Prezidan Thomas S. Monson te anseye “Gen yon sèl lang . . . ki komen pou chak misyonè—lang Lespri a. Yo pa aprann ni nan liv ki ekri pa moun save, ni yo pa akeri li atravè li ak aprann pakè. Lang Lespri a vini jwenn moun k ap chèche avèk tout kè li pou l konnen Bondye epi kenbe kòmandman diven l yo. Konpetans nan lang sa a pèmèt yon moun kraze baryè, simonte obstak, epi touche kè lòm” (“The Spirit Giveth Life,” *Ensign*, Jen 1997, 2).

Sonje sa

- Etidye doktrin ak leson w ap anseye yo nan lang natif natal ou toudabò.
- Aprann eksprime doktrin sa yo ak santiman ou sou yo nan lang misyon ou.
- Kreye yon plan pou w etidye lang nan epi regilyèman eseye nouvo ide pandan w ap chèche amelyore nan lang misyon ou.
- Chèche gidans Lespri a pou ede ou konprann epi kominike avèk moun yo nan misyon ou.

Nòt

Nòt

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsònèl

- Repase sigjesyon yo nan chapit sa a. Idantifye yon sigjesyon ou pa ko eseye, epi fikse bi pou w eseye li pandan pwochen jou yo.
- Nan pwochen reyinyon distri ou, mande yon misyonè ki deja gen eksperyans avèk bon abilite lang sa li te fè pou l te aprann lang nan.
- Li epi diskite sou deklarasyon sa a ki te fèt pa Èldè Richard G. Scott: “Kote . . . tradisyon nasyonal yo oubyen koutim yo an konfli avèk ansèyman Bondye yo, pa suiv yo. Kote tradisyon yo ak koutim yo ann amoni avèk ansèyman l yo, yo dwe apresye yo” (“Removing Barriers to Happiness,” *Ensign*, Me 1998, 87). Panse sou fason kilti nan zòn ou ye a diferan de kilti pa ou. Fè yon lis diferans yo. Apresa elimine tout sa ki an konfli avèk ansèyman levanjil yo. Konsidere chak nan sa ki rete yo, epi panse sou fason ou ka rann koutim sa yo vin pa ou.
- Fè yon plan etid pou prepare ou pou w fè youn nan bagay sa yo nan lang misyon ou:
 - Rakonte istwa Joseph Smith la.
 - Rezime 3 Nefi 11.
 - Rezime Alma 32.
 - Rakonte istwa Nefi avèk plak eren yo (gade 1 Nefi 3–5).
 - Eksplike dispansasyon.
 - Pataje yon eksperyans pèsònèl.
- Ekri nòt sou kat pou w pran nòt yo pou mo ou pa konnen yo nan leson an. Pote yo avèk ou jiskaske ou aprann yo tout.

Etid avèk konpayon

- Fè pratik youn anseye lòt leson misyonè yo nan lang misyon ou.
- Mande konpayon ou pou l koute pwononsyasyon ou epi ede ou amelyore li.
- Chwazi istwa oubyen pasaj nan ekriti yo ou ta renmen itilize nan ansèyman ou. Rezime yo nan pwòp mo pa ou.
- Repase ide yo nan chapit sa a. Diskite ki sigjesyon ou ka itilize nan etid ou avèk konpayon ou pandan semèn apre a.
- Si w ap antrene yon nouvo misyonè, note sityasyon kote yo pa konprann konpayon ou pa konprann yo. Fè yon lis mo, fraz, oubyen règ gramè apwopriye enpòtan yo ki ap ede konpayon ou nan. Eksplike epi fè pratik fason pou itilize sa ki nan lis la nan aktivite ki planifye ki gen pou vini yo.

Reyinyon Distri ak Konferans Zòn

- Envite moun ki pale lang natif natal la nan reyinyon an. Fè aranjman pou misyonè yo anseye yo an ti gwoup piti. Mande moun sa yo pou yo pran nòt epi bay rapò sou langaj misyonè yo.
- Bay youn oubyen de misyonè tach alavans pou yo pale sou siksè yo te genyen nan etidye lang nan. Fè yo pataje ide yo.
- Bay yon misyonè ki deja gen eksperyans tach pou l prezante brèfman kèk pati lang nan ki abityèlman difisil pou misyonè yo. Bay egzanp sou bon fason yo ka itilize lang nan, epi fè misyonè yo fè pratik yo.
- Fè misyonè ki natif natal nan kilti a pataje ide ki ap ede.

Nòt

Prezidan Misyon

- Tanzantan fè entèvyou avèk misyonè yo nan lang y ap aprann nan.
- Mande dirijan Prètriz nan zòn yo ide sou fason misyonè yo ka amelyore langaj yo.
- Idantifye erè ki pi kouran misyonè yo fè nan aprann lang misyon an. Bay enstriksyon nan konferans zòn nan pou korije erè sa yo.
- Anseye misyonè yo doktrin don espiyèl la.
- Obsève misyonè w yo lè y ap anseye nan lang nan.
- Chèche opòtinite pou itilize lang nan avèk misyonè yo.



Kijan ou ka itilize tan ou sajman?

Nòt

Konsidere sa

- Nan ki fason bi yo ede mwen vin yon misyonè ki pi efikas ?
- Sou kisa m dwe santre bi mwen?
- Ki zouti ak resous planifikasyon mwen genyen, epi kijan pou m itilize yo?
- Poukisa liv zòn nan enpòtan?
- Kijan pou m dirije sesyon planifikasyon chak jou ak chak semèn yo?
- Kijan m ka konnen si bi m yo ak plan m yo ap ede m pi byen fè travay Senyè a?

Yo ba ou tach pou w fè travay Senyè a nan yon zòn byen detèmine. Li vle ou veye sou zòn ou an avèk amou ak gran swen. Objektif ou se ede lòt moun vin jwenn ni atravè batèm ak konfimasyon.

Fè tout sa ou kapab pou w kite zòn ou an pi solid pase jan ou te jwenn ni an. Objektif siyifikan ak bon planifikasyon ap ede ou akonpli sa Senyè a mande w yo. Pandan w ap sousye pou moun ki nan zòn ou yo, w ap responsab devan li epi devan dirijan misyon w yo.

Lèt apèl misyonè ou di: “Yo espere tou ke w ap dedye tout tan ou ak tout atansyon ou pou w sèvi Senyè a tou, kite tout bagay pèsònèl dèyè. Si w fè bagay sa yo Senyè a ap beni ou epi w ap vin yon avoka efikas epi yon mesajè laverite. Nou mete konfyans nan ou epi nou priye pou Senyè a ede ou ranpli responsablite ou nan akonpli tach sakre sa a.” Chapit sa a ap ede ou konnen kijan fikse bi, planifikasyon, ak bay rapò ka ede anpil moun resevwa levanjil retabli a.

Aktivite: Etid Pèsònèl ak etid konpayon

Li Jakòb 5:11–13, 61–64, 74–75, epi reponn kesyon sa yo:

- Kijan Senyè a santi l konsènan pitit li yo?
- Ki kalite efò Senyè a mande sèvitè l yo pou yo fè?

Kle endikatè pou konvèsyon

Petèt w ap mande ou kiyès nan tout tach ou yo ki pi enpòtan. Pou w kapab reponn kesyon sa a, ou dwe byen konprann objektif ou epi konnen kijan itilize tan an efikasman ka ede ou atenn objektif sa a.

Objektif ou se envite lòt moun pou yo vin jwenn Kris nan ede yo resevwa levanjil retabli a atravè lafwa nan Jezikri ak Ekspyasyon l lan, repantans, batèm, resevwa don Sentespri a, epi pèsevera jiskalafen. Kle pou bay endikasyon yo te idantifye pa dirijan legliz yo pou ede ou fikse sou objektif sa a. Pandan w ap fikse sou endikasyon sa yo, w ap ede moun yo pwogrese rive nan batèm, konfimasyon, aktivite suivi nan legliz la, epi konvèsyon final.

Kle endikatè pou Rejis ak Rapò

- Konvèti batize epi konfime.
- Envestigatè ki gen yon dat batèm
- Envestigatè ki asiste reyinyon Sentsèn
- Leson yo te anseye investigatè yo avèk yon manm ki te prezan
- Lòt leson ki te anseye
- Envestigatè k ap pwogrese
- Referans ou resevwa epi kontakte
- Nouvo investigatè
- Leson yo te anseye nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo

Endikatè sa yo idantifye evenman ak kondisyon ki montre pwogrè yon moun rive nan vrè konvèsyon. Men yon brèf deskripsyon chak kle endikatè:

Konvèti batize epi konfime: Tout konvèti ki resevwa òdonans batèm ak konfimasyon yo.

Envestigatè ki gen yon dat batèm: Tout investigatè ki dakò pou yo batize epi konfime nan dat espesifik.

Envestigatè ki asiste reyinyon Sentsèn: Tout investigatè ki asiste reyinyon Sentsèn.

Leson yo te anseye investigatè yo avèk yon manm ki te prezan: Kantite total leson yo te anseye tout investigatè pandan yon manm te prezan. Yon leson nòmalman gen ladan ansèyman youn oubyen plizyè prensip levanjil ki nan leson yo, yon priyè pou kòmanse ak yon priyè pou fini, ak envitasyon pou pran angajman. Li nesèsè pou anseye tout prensip yon leson anvan li konsidere kòm yon leson konplè. Efikasite ansèyman ou ka mezire pa fason investigatè yo ap grandi nan lafwa yo nan Sovè a, repanti pou transgresyon yo, epi onètman prepare yo pou yo resevwa òdonans batèm ak konfimasyon yo.

Lòt leson ki te anseye: Kantite total leson ou anseye investigatè yo san pa gen yon manm ki prezan. Endikatè sa a nòmalman fè referans avèk opòtinite ki prezante nan jwenn randevou.

Envestigatè k ap pwogrese: Kantite total investigatè yo anseye de oubyen plis leson epi ki ap kenbe angajman tankou pou priye, li Liv Mòmmon an, ale legliz, epi prepare pou batèm ak konfimasyon. Envestigatè ki dakò pou kontinye aprann levanjil la men ki ap lite pou kenbe angajman yo pa investigatè k ap pwogrese jan li defini la a. yo klase oubyen nan kategori nouvo investigatè oubyen kòm lòt investigatè.

Referans ou resevwa epi kontakte: Kantite total referans ou kontakte epi ke ou anseye oswa mande yon lòt randevou. Yon fwa ou fin kontakte yon referans, referans sa a soti nan kategori referans epi li vin oubyen yon nouvo investigatè, oubyen kalifye pou suivi, oubyen lese tonbe. Yo konsidere ou kontakte yon referans si apre plizyè tantativ ou pa ka jwenn moun nan oubyen ou wè adrès la pa kòrèk. Referans sa yo dwe retounen nan biwo misyon an avèk yon nòt ki di poukisa kontak la pa t ka fèt.

Total referans ki resevwa fè referans avèk tout referans ou resevwa men ki pa ko kontakte (referans nan men manm legliz yo, investigatè yo, katye jeneral legliz la, elatriye.)

Nouvo investigatè: Kantite total moun ki resevwa yon leson epi ki aksepte randevou apre pou lòt.

Leson yo te anseye nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo: Kantite total leson ou anseye konvèti ki manm depi mwens pase ennan ak manm mwens aktif yo.

Pandan w ap fikse bi epi fè planifikasyon, evalue sa ou fè nan fason efò ou ap ajoute nan kantite moun ki reprezante nan chak nan kle endikatè sa yo. Objektif ou dwe se gen kantite k ap ogmante pou chak kle endikatè.

W ap gen pou fè plizyè bagay ki pa dekri nan kle endikatè yo, tankou kontak nan lari oubyen etid pèsònèl oswa etid avèk konpayon ou. Aktivite enpòtan sa yo kontribye nan youn oubyen plis kle endikatè. Pa egzanp, lè ou anseye moun ou jwenn pa pwòp efò pa w yo, ou ajoute nouvo investigatè nan gwoup ansèyman w nan. Epitou, kalite etid pèsònèl ou ak etid avèk konpayon ou ap amelyore kapasite ou pou anseye pa Lespri, sa ki ap beni nouvo investigatè k ap pwogrese w la. Pouvwa pou jwenn epi anseye a ap enflyanse chak kle endikatè. Evalue tout sa ou fè baze sou si sa ki ajoute nan kantite moun nan kategori sa yo. Si ou menm avèk konpayon ou nou pa ka wè kijan yon aktivite pwozèlitis ka ede ogmante kantite moun nan youn oubyen plis kle endikatè, ou bezwen mande si aktivite a diy pou w pèdi tan ladan.

Aktivite: Etid avèk konpayon


Nan jounal etid ou, fè lis chak aktivite pwozèlitis ou te fè pandan twa jou ki sot pase yo. Pou chak aktivite, detèmine si li te enflyanse youn nan kle endikatè yo. Si wi, ekri *wi* bò kote li. Si se non, ekri *non*. Pou chak aktivite ki gen yon *wi*, dekri kijan li te fè enpak. Pou chak aktivite ki gen yon *non*, deside poukisa ou te fè li ak si w ap kontinye fè li nan apre. Pale sou lis ou a avèk konpayon ou, epi eksplike poukisa ou make *wi* pou kèk aktivite epi *non* pou kèk lòt. Pale sou kèk aktivite ou bezwen sispann fè.

Liv Zòn nan ak zouti pou Planifikasyon ak Bay rapò

Konsènan moun ki antre nan legliz la pa batèm ak konfimasyon nan epòk pa l yo, Mowoni te anseye, “non yo te enskri, pou yo te kapab sonje yo epi nourri yo avèk bon pawòl Bondye a, pou kenbe yo nan bon chemen an” (Mowoni 6:4).

Yo ba ou zouti pou ede ou ekri enfòmasyon enpòtan sou moun w ap anseye yo. Zouti sa yo pèmèt ou pataje enfòmasyon egzak avèk moun ki bezwen, jan yo di ou nan ilustrasyon sa a.

Nòt



Zouti sa yo ak tout enfòmasyon ou bezwen pou w fè travay ou sere nan Liv Zòn nan ak nan Planè Misyonè yo pou chak jou. Liv Zòn nan òganize konsa:

- **Kat Zòn**
 - Kat zòn nan avèk yon chema limit yo
- **Rapò pwogrè**
 - Fòm pou Rapò Pwogrè
- **Investigatè ki gen yon dat batèm ak konfimasyon**
 - Fòm pou Rapò Ansèyman
- **Investigatè k ap pwogrese**
 - Fòm pou Rapò Ansèyman
- **Nouvo investigatè ak lòt investigatè**
 - Fòm pou Rapò Ansèyman
- **Investigatè potansyèl**
 - Fòm pou Investigatè Potansyèl
 - Referans medya ak lòt rapò referans
- **Ansyen Investigatè**
 - Fòm pou Rapò Ansèyman
- **Moun ki fèk konvèti ak Manm mwens aktif**
 - Fòm pou Rapò Ansèyman
 - Fòm pou Lis Aksyon Konvèti
- **Enfòmasyon Pawas ak Misyon**
 - Repètwa Pawas
 - Lis pozisyon nan pawas
 - Orè reyinyon pawas ak reyinyon misyonè
 - Lis fanmi ki yon pati manm
 - Repètwa misyonè ki nan distri ou oubyen nan zòn ou
- **Dirijan**
 - Rapò pa telefòn
- **Enfòmasyon sou zòn nan**
 - Enfòmasyon sou kay misyonè yo rete a
 - Transpò piblik
 - Kote pou fè bab
 - Kote pou lave
 - Kote pou achte
 - Kote pou evite
 - Kontak

Liz Zòn nan

Chak zòn pwozèlitis gen yon liv zòn, ki vin rapò final efò jou apre jou ou. Mete enfòmasyon kle yo ajou, chak jou, epi refere avèk li chak semèn pandan orè planifikasyon chak semèn ou. Kenbe li pwòp, ajou, epi klè pou nenpòt lòt misyonè ki vini apre ou ka bati sou sèvis enspire ou te bay. Si yo mande ou, pote liv zòn ou a pou entèvyou yo oubyen pou konferans zòn yo, kote dirijan misyon yo ka repase li epi ede ou konnen kijan pou w itilize li pi efikasan.

Ou ka fè referans avèk kèk pati nan liv zòn nan chak jou amezi w ap mete l ajou epi ajiste plan w yo. Pote li nan konferans zòn yo epi nan entèvyou yo pou dirijan misyon yo ka revize li. Liv sa a dwe rete nan apatman ou lè ou transfere pou lòt misyonè k ap vini apre w yo ka itilize enfòmasyon yo.

Nan liv zòn ou an, kenbe rapò kouran, konplè, epi ki klè sou tout moun ou travay avèk yo. Men yon eksplikasyon sou sa ou ka mete ladan l.

Rapò Anseyman: Fòm sa a ede ou ekri enfòmasyon detaye konsènan pwogrè investigatè, nouvo konvèti, ak manm mwens aktif w ap anseye yo.

- Enfòmasyon pèsònèl.
- Dat batèm ak konfimasyon.

Rapò Anseyman.

LEGLIX
JEZIKRI
ROU SEN
DÈNYE JOU YO

Zòn Travay Misyonè _____ Pawas oubyen branch _____ Pye oubyen distri _____

Enfòmasyon pèsònèl (Gade manm do a pou enfòmasyon pèsònèl anplis.)

Non moun nan oubyen koup la	*Koupe	Laj	Dat batèm ki te pwogramè	Dat batèm aktyèl	Dat Konfimasyon	Non timoun yo (non anplis yo kapab ekri nan seksyon Enfòmasyon an ki nan do a.)	Laj	Laj
Adres	Nimewo telefòn		Misyonè ki te kòmanse anseyman an					
Non zanmi ak enstriktè nan lwaye	Nimewo telefòn		Adres					

Kategori: E = Envestigatè; NK = Nouvo konvèti; MAA = Manm mwens aktif; M = Manm; PFM = Yon pati fanmi an manm

Dat Leson yo ak Prensip yo anseye (ansèkle si te gen yon manm prezan.)	Anvan Batèm		Aprè Batèm		Eta angajman oubyen aktivite pou Envestigatè a oubyen Chèf Kay la		
	Mesaj Retablisman an	Kòmandman yo	Sa ki bay	Sa li respèkte			
Bondye se Papa eman nou ki nan Syèl la		Obeisans					Li Liv Mòmòn an
Levanjil la beni fanmi		Priye souvan					Preye konsènan Joseph Smith ak Liv Mòmòn an
Dispansasyon Levanjil yo		Elidye ekriti yo					Ale nan reyinyon Sentesàn ak lòt reyinyon yo
Ministè teras Sovè a		Sanmkiyè jou Saba a					Timoun ki ale nan Primè, Jènan, oubyen Jènti
Gran Apostazi a		Batèm ak konfimasyon					Prezante fanmi ak zanmi bay misyonè yo
Retablisman an: Joseph Smith		Suiv pwofèt la					Ale nan yon sèvis batèm
Liv Mòmòn an		Respekte Dis Kòmandman yo					Ranontre evèk la ak manm konsèy pawas yo
Lapriye, Sentespri		Viv lwa chastete a					Devote amilye avèk manm pawas yo
Plan Sali a		Opeyi Pawòl Saje la					Respekte Dis Kòmandman yo
Lavi Premotèl		Respekte lwa dim nan					Viv lwa chastete a
Kreyasyon an		Obyè lwa jèn nan					Viv Pawòl Saje la
Libabit ak Chit la		Kijak pou bay dim ak ofran jèn					Viv lwa dim nan
Lavi nou sou tè a		Obeye epi onore la lwa					Viv lwa jèn nan
Sakrifis Ekspiyalwa a		Lwa ak Odonans					Viv lwa peyi a
Mond Lespri a		Prètza ak Oksilyè yo					Entèvyou pou batèm ak konfimasyon
Rezirèksyon, Jijman, ak Inòbitè		Travay misyonè					Envite zanmi ak fanmi yo ale nan batèm yo ak konfimasyon yo
Wayòm plwa yo		Maryaj etènel					Batize epi konfime
Levanjil Jezikri a		Tamp ak fwa famiyal					Fè priye pèsònèl ak etid ekriti yo chak jou
Pwòpte soti nan peche		Sèvis					Fè sware famiyal chak semèn
Lafwa nan Jezikri		Anseye ak jwenn					Resewa Prètza la Fè sware famiyal chak semèn
Repantans		Pèsèvere jiskalafèn					Resewa yon apèl nan Legliz la
Batèm, premye alyans nou		Repase Kasyon Entèvyou Batèm yo					Patisipe nan yon batèm pa pwokirasyon
Don Sentespri a							
Pèsèvere jiskalafèn							

(Gade do fòm nan pou enfòmasyon pèsònèl anplis.)

©2004 BR 7104, 7104, Ekipman nan Egliz Jezikri Demoni, 30987-000

(Devan)

- Yon rapò sou lè ou te anseye prensip nan chak nan senk leson yo epi si gen yon manm ki te prezan. Seksyon sa a ba ou maj pou w retrace sa ou sa anseye, kèlkeswa lòd ou anseye prensip yo.
- Ou ka retrace leson ki anseye anvan batèm yo ak leson ki anseye apre batèm yo.
- Ou dwe kenbe yon rapò sou eta angajman investigatè yo. Nan seksyon sa a ou ekri dat ou te bay envitasyon an epi ou make si yo konsistan nan kenbe angajman an.

Nòt

Planè Misyonè (pou chak jou): Zouti sa a gen bagay sa yo ladan:

- Orè pou chak jou pou sis semèn, avèk yon setyèm semèn nan yon paj referans pou jete yon koudèy.
- Paj pou bi fikse chak semèn yo.
- Yon rezime direksyon pou planifikasyon yo; yon lis evenman ki mennen nan batèm, konfimasyon, ak aktivite nan legliz la; plan leson pou leson misyonè yo; ede pou jwenn moun pou anseye; ak kesyon pou entèvyou pou batèm yo.
- Yon seksyon pou enfòmasyon sou kontak epi pou adrès ak nimewo telefòn envestigatè yo ak manm yo.
- Yon kopi Rapò pa telefòn pou fè suivi rezilta chak semèn yo.

Pandan sesyon planifikasyon chak semèn nan, ekri bi ou fikse pou chak semèn nan paj 'Bi pou Semèn' nan nan Planè Misyonè a jan yo ilistre l anba la a.

- Bi chak semèn pou chak kle endikatè.
- Rezilta aktyèl pou semèn nan. Rezilta chak jou yo nan orè chak jou a. Total pou chak semèn repòte la a.

Nòt / Lis bagay pou fè

Bi chak semèn			
Semèn sot	rive		
Kle endikatè		Bi chak semèn	Aktyalite chak semèn
Envestigatè batize epi konfime	Batèm		
	Konfimasyon		
Envestigatè avèk yon dat batèm			
Envestigatè ki asiste reyinyon Sentsèn			
Leson yo te anseye envestigatè yo avèk yon manm prezan			
Lòt leson ki te anseye			
*Envestigatè k ap pwogrese			
Referans	Resevwa		
	Kontakte		
Nouvo envestigatè			
Leson yo te anseye nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo			
Moun pou w santre sou yo		Bi oubyen aksyon	
Lòt bi pèsònèl oubyen avèk konpayon			

*Envestigatè k ap pwogrese: Envestigatè yo te anseye de fwa oubyen plis fwa epi ki kenbe angajman yo.

- Non moun ki plis kapab ede ou atenn objektif ou yo (envestigatè k ap pwogrese, nouvo envestigatè). Fikse bi pou sa ou espere k ap rive avèk moun sa yo (ale legliz, li Liv Mòmou an, fikse dat batèm, elatriye).
- Espas blanch yo pou ekri bi pèsònèl ou oubyen bi ou menm avèk konpayon ou.

Kijan pou fikse bi

Bi reflete dezi kè nou ak vizyon nou sou sa nou ka akonpli. Atravè bi yo ak plan yo, espwa nou ap transfòme ann aksyon. Bi ki fikse epi planifye se aksyon lafwa. Nan lapriyè, fikse bi ki ann amoni avèk kòmandman Sovè a pou ou “anseye tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a” (Matye 28:19).

Fikse bi pou chak kle endikatè yo. Ou gen dwa fikse bi pou devlopman pèsònèl ou tou. Fè tout sa ki nan pouvwa ou pou w atenn bi w yo pandan w ap respekte libabit lòt moun. Mezi final siksè a se pa atenn bi yo sèlman men se nan sèvis ou rann ak pwogrè kòt yo tou. Bi yo se yon mwayen pou ede ou pote plis bon bagay nan mitan Pitit Papa a yo. Yo pa pou w itilize pou w ka resevwa rekonpans.

Konsidere bi yo avèk atansyon ap ba ou direksyon klè epi ap ede ou ranpli jounen ou avèk aitivite ki ap ede moun fòtifye lafwa yo nan Sovè a epi pwogrese ale nan batèm, konfimasyon, ak tout aktivite nan legliz la. Bi difisil yo ap ede ou travay avèk efikasite epi ap ede ou devlope epi grandi. Suiv direksyon anba la yo lè w ap fikse bi:

- Suiv Lespri a.
- Santre sou kle endikatè yo.
- Santre sou moun. Menmsi w ap itilize nimewo, se pou ou kapab apiye nimewo yo avèk non moun yo kote li posib.
- Se pou ou presi epi reyalis, men fikse bi k ap fè ou devlope.
- Fikse bi chak jou epi chak semèn.
- Fikse bi pou etid pèsònèl ak etid avèk konpayon ou, ladan etid lang si w ap aprann yon lòt lang.
- Kontwòle pwogrè ou chak jou, chak semèn, epi apre chak period sis mwa. Lè ou echwe nan yon bi, evalye efò ou epi chèche mwayen pou w atenn bi a. Si se nesèsè, rektifye espwa ou yo.

Amezi tan ap pase, dirijan yo gen dwa etabli prensip ekselans ki pou elaji vizyon ou epi ogmante lafwa ou. Prensip distri, zòn, ak misyon yo ap ede ou devlope, travay pi efikasan, epi atenn pi wo nivo pèfòmans. Yo pa dwe itilize kòm dikta ki enpoze bi espesifik sou ou menm ak konpayon ou.

Aktivite: Etid avèk konpayon

Fikse bi chak semèn pou chak kle endikatè. Pou chak bi, mande tèt ou:

- Èske non sa yo asosye avèk nimewo yo?
- Èske bi a presi?
- Èske bi a reyalizab?

“Mwen totalman konvenki ke si nou pa fikse bi nan lavi nou epi si nou pa aprann kijan pou n metrize teknik lavi a pou n atenn bi nou yo, nou ka atenn yo lè nou rive nan granmoun nou epi lè nou vire gade dèyè n ap wè ke nou te atenn sèlman yon ti pati nan tout potansyèl nou. Lè yon moun aprann metrize prensip fikse yon bi, lè sa a l ap kapab fè yon gran diferans nan rezilta li atenn nan lavi sa a.”

– ÈLDÈ M. RUSSELL BALLARD
DISKOU KI TE FÈ POU JEN ADILT ZÒN SALT LAKE YO, 18 OKT 1981

- Èske bi a ap fè nou amelyore?
- Èske nou angaje avèk bi sa a?

Diskite sou chak bi. Si sa nesèsè, detèmine kijan ou ka modifye li epi poukisa.

Sesyon Planifikasyon chak Semèn

Yon fwa ou fin fikse bi yo, deside kijan w ap atenn yo. Ou menm avèk konpayon ou nou dwe fè yon sesyon planifikasyon chak semèn nan yon jou epi nan yon lè ki mwens favorab pou pwozèlitis, tankou Jedi oubyen Vandredi maten. Prezidan misyon ou ap fikse jou ak lè sesyon planifikasyon chak semèn nan. Planifikasyon chak semèn sa a ka pran de oubyen twazèdtan pou l fèt.

Diskisyon ou dwe santre sou bezwen moun yo epi sou fason pou w ede yo pwogrese. Pandan sesyon planifikasyon sa a, repase bi ki pase yo epi fikse nouvo bi pou semèn k ap vini an. Etidye chak aspè pwozèlitis ou.

Dimanch swa se moman ki rekòmande pou rapò pa telefòn chak semèn nan. Yon rapò Dimanch swa bay sityasyon ki pi presi epi ki pi byen tonbe sou misyon an paske pifò batèm ak konfimasyon yo fèt jou Samdi oubyen Dimanch.

Paske jou w ap fè sesyon planifikasyon pou semèn dwe sètènman diferan de jou w ap bay rapò a, fè planifikasyon chak semèn avèk 10 jou nan tèt ou. Pa egzanzp, si sesyon planifikasyon pou semèn ou an ap fèt Jedi, w ap repase pwogrè sou bi w yo semèn sa a, epi w ap planifye sa w vle fè pou w atenn bi sa yo rive Dimanch. Apresa, fikse bi epi fè plan pou semèn apre a apati Lendi rive Dimanch. Nan Dimanch swa w ap fè total epi bay rapò rezilta semèn anvan an, epi w ap gen plan ou prepare pou semèn k ap vini an. Men yon deskripsyon sou fason direksyon pou planifikasyon yo aplike pou yon sesyon planifikasyon chak semèn.

1. Priye epi chèche jwenn enspirasyon. Anvan ou kòmanse, mete Planè ou ak Liv Zòn nan tou pre. Kòmanse sesyon planifikasyon an avèk yon priyè. Chèche jwenn espirasyon pandan w ap diskite sou bezwen moun yo epi planifye kijan pou w sèvi yo epi ede yo pwogrese nan levanjil la. Priye espyalman pou envestigatè w yo. Gen lafwa pou w mande Papa nou ki nan Syèl la pou l beni yo avèk repons pou priyè yo, avèk yon dezi pou yo ale legliz, elatriye.


2. Fikse bi epi fè plan pou envestigatè yo batize epi konfime nan semèn k ap vini an. Repase Rapò Ansèyman pou chak moun ki angaje pou batize oubyen konfime nan semèn k ap vini an. Pale sou aranjanman ou bezwen fè pou entèvyou batèm, sèvis batèm, ak konfimasyon. Itilize Rapò Ansèyman, pale sou tout angajman moun sa yo ka ap goumen pou yo respekte epi sou fason ou ka ede yo. Planifye pou w fè kontak chak jou avèk yo. Pale sou fason ou ka ede dirijan misyon Pawas la kowòdone avèk evèk la pou konfimasyon yo nan reyinyon Sentsèn nan.

3. Fikse bi epi fè plan pou envestigatè avèk yon dat batèm yo. Repase Rapò Ansèyman an pou chak moun ki pral batize nan semèn k ap vini yo. Pale sou leson ou bezwen anseye yo. Etidye kijan ou ka ede yo prepare pou batèm ak konfimasyon. Pale sou envestigatè ki pa t batize nan jou ki te planifye a. Avèk swen, egzamine pwoblèm yo epi pale sou sa. Fikse nouvo bi epi fè plan ki ap ede yo pwogrese rive nan yon jou ak yon lè byen presi kote yo ka antre nan alyans batèm nan epi resevwa òdonans konfimasyon an. Make prensip ou planifye pou anseye yo ak angajman w ap ede yo kenbe yo avèk kreyon nan Rapò Ansèyman ou. Chèche wè sa ou ka fè pou ede yo resevwa leson sa yo epi kenbe angajman sa yo.

4. Fikse bi epi fè planifikasyon pou ede investigatè

yo ale nan reyinyon Sentsèn. Repase Rapò Ansèyman pou chak investigatè, epi diskite sou asistans nan reyinyon Sentsèn. Pou investigatè ki ale nan reyinyon Sentsèn regilyèman yo, diskite sa ou bezwen fè pou ede yo kontinye gen yon eksperyans espiyèl elvan. Pou sa ki pa janm ale nan reyinyon Sentsèn yo, ki ale sèlman yon fwa, oubyen ki ale pafwa, diskite sou sa ki petèt ka anpeche yo vini. Pa egzanp, yo ka bezwen èd pou transpò, yo ka pè oubyen yo pa abitye avèk reyinyon Sen Dènye Jou yo, oubyen yo ka te fè yon eksperyans negatif anvan. Pale sou sa ou ka fè pou ede yo simonte baryè sa yo.

Fikse bi pou kantite investigatè ou planifye genyen nan pwochen reyinyon Sentsèn nan. Planifye kimoun k ap mennen investigatè sa yo legliz, kimoun k ap akeyi yo, ak kimoun k ap chita bò kote yo pandan reyinyon yo. Planifye pou w kontakte dirijan kowòm yo ak oksilyè yo ak tout enstriktè ki responsab klas investigatè yo. Planifye pou w enfòmè evèk la. Sou Rapò Pwogrè a, fè lis fason konsèy pawas la ka ede ou. Fè planifikasyon pou sa ou bezwen fè chak jou nan semèn nan pou prepare moun sa yo pou yo vini.

**5. Fikse bi epi fè plan pou leson k ap anseye pou investigatè k ap pwogrese yo.**

Repase Rapò Ansèyman pou chak investigatè k ap pwogrese ki te anseye pandan yon manm te prezan. Pale sou kijan ou santi lè y ap resevwa mesaj la. Repase angajman yo ak evenman nan Rapò Ansèyman an ki y ap lite pou yo respekte oubyen konplete. Pale sou fason pou w ede manm pawas yo ak konsèy pawas la rete enplike nan pwogrè yo. Fikse bi pou leson w ap anseye yo; angajman ou pral mande yo pou yo pran, espesyalman ale legliz; ak eksperyans enpòtan w ap ede yo fè pandan plizyè semèn k ap vini yo.

Repase Rapò Ansèyman pou chak investigatè k ap pwogrese ki te anseye san pa t gen yon manm prezan. Investigatè sa yo ka moun ou jwenn pa pwòp efò pa ou. Konsidere ki dirijan Prètriz oubyen oksilyè ou ka envite pou fè zanmi avèk yo. Repase leson w ap anseye yo ak angajman w ap ede yo pran yo. Fikse bi pou leson ou pral anseye yo, kijan ou pral angaje manm yo, ak kijan ou pral ede investigatè sa yo ale nan reyinyon Sentsèn. Ekri bi sa yo nan Rapò Ansèyman an, epi fè planifikasyon ki nesèsè.

6. Fikse bi epi fè plan pou leson pou w anseye tout lòt investigatè yo.

Repase Rapò Ansèyman chak investigatè ki pa pwogrese. Diskite poukisa chak investigatè pa kenbe angajman yo. Pale sou fason w ap angaje dirijan Prètriz yo ak Oksilyè yo pou yo fè zanmi avèk investigatè sa yo. Pale sou plizyè nan bagay ki sigjere nan etap 5 la. Fikse bi epi fè plan pou w ede moun sa yo pwogrese. Ekri bi sa yo nan Rapò Ansèyman an.

7. Fikse bi epi fè plan pou kontakte epi anseye referans ou resevwa nan menm manm yo, investigatè

yo, non manm yo, ak katye jeneral Legliz la. Repase fòm Envestigatè Potansyèl yo. Repase tout referans ou te resevwa. Repase referans ou pa ko kontakte yo. Fikse bi epi fè plan pou w kontakte otan referans ou kapab pandan semèn nan—preferabman tout referans yo. Referans Katye Jeneral Legliz la bay yo ou dwe kontakte yo nan 24trè apre yo bay yo a, si li posib. Pale sou fason ou ka apwoche chak moun oubyen chak fanmi ak sou mesaj ou dwe anseye yo. Si se Katye Jeneral Legliz la ki ba ou referans lan, pale sou fason ou ka

anseye li yon mesaj levanjil kote w ap itilize videyo, liv, oubyen lòt materyèl yo mande. Asire ou ke ou gen sa yo mande yo. Si sa apwopriye, kontakte referans lan pa telefòn epi fikse yon randevou. Pale sou suivi ou dwe fè.

8. Fikse bi epi fè plan pou w chèche plis referans nan men manm yo, investigatè yo, ak moun ki pa manm yo. Nan lapriye, idantifye lòt manm ak investigatè ou ka vizite. Planifye kijan ou pral ede yo envite zanmi yo ak manm fanmi yo aprann levanjil retabli a. Diskite sou fason w ap envite yo patisipe nan travay misyonè a. Pran randevou epi fè plan ki nesèsè.

9. Fise bi epi fè plan pou lesou ou pral anseye moun ki fèk konvèti yo ak manm ki mwens aktif yo. Repase Rapò Ansèyman chak nouvo konvèti ak chak manm mwens aktif w ap anseye. Fikse bi epi fè plan pou lesou ou pral anseye yo. Detèmine ki fason ou pral ede moun sa yo ale nan reyinyon Sentsèn epi kenbe lòt angajman yo.

10. Fikse bi epi fè plan pou w jwenn nouvo investigatè. Repase efò semen anvan yo pou jwenn nouvo investigatè atravè referans, okazyon sèvis, ak aktivite pou jwenn moun. Refere ou nan enfòmasyon nan seksyon "Investigatè Potansyèl" Liv Zòn ou an. Diskite poukisa kèk moun te vin nouvo investigatè epi poukisa kèk lòt moun pa. Fikse bi sou ki kantite nouvo investigatè ou pral jwenn semèn sa a. Idantifye moun ou ta renmen vin investigatè. Idantifye manm ak fanmi ki an pati manm ou vle vizite tou, avèk referans pou w vizite, ak opòtinite sèvis w ap chèche. Planifye ki zouti ou pral itilize, tankou kat pou di alo yo, videyokasèt, dvd, ekriti, oubyen bwochi. Pale sou kote ou pral jwenn moun pou w kontakte tou, ki kantite moun w ap kontakte chak jou, investigatè ou pral mande referans, ansyen investigatè w ap vizite, fason konsèy pawas la ka ede, elatriye. Fè plan presi pou jou apre a. Itilize tout tan ou rete pou w jwenn aktivite ki ap ede ou atenn bi w yo. Fikse bi epi planifye pou w pale avèk otan moun Senyè a mete sou chemen ou. Toujou eseye jwenn moun pou w anseye.

11. Planifye fason pou w travay avèk konsèy pawas la. Evèk la se otorite k ap prezide a. Respekte epi onore otorite li. Sou direksyon li, repase Rapò Pwogrè ki te itilize nan reyinyon kowòdinasyon oubyen nan reyinyon pawas avèk misyonè yo anvan yo. Pale sou tach ou te resevwa nan men evèk la oubyen dirijan Misyon pawas la, epi bay rapò sou fason ou te konplete yo. Pale sou fason pou w angaje lòt moun ki ka ede yo, tankou dirijan Misyon pawas la, dirijan Prètriz yo ak Oksilyè yo, ak lòt manm yo. Avèk swen, prepare yon Rapò Pwogrè pou reyinyon konsèy pawas, reyinyon komite ekgzekitif, oubyen reyinyon kowòdinasyon ki gen pou vini yo. Asire ou ke li byen ekri epi li klè. Fikse bi epi fè plan pou w travay ann amoni avèk dirijan pawas yo. Lè sa posib, fè kopi Rapò Pwogrè a pou dirijan pawas k ap asiste yo.

12. Fè orè reyinyon ki fèt regilyèman yo. Nan Planè ou, pran orè reyinyon ki fèt regilyèman yo, tankou reyinyon distri, konferans zòn, entèvyou, ak reyinyon legliz yo. Diskite sou sa w ap bezwen fè an premye pou nenpòt nan reyinyon sa yo, epi ajoute yo nan 'Lis Nòt ak Bagay pou w fè' a.

13. Fè evalyasyon konpayi ou menm avèk konpayon ou. Nan fen sesyon planifikasyon pou chak semèn ou an, pataje bi apwopriye yo avèk konpayon ou, epi mande li èd li pou w akonpli yo. Pale sou fòs relasyon ou avèk konpayon ou. Pale sou tout pwoblèm ki ka anpeche relasyon nou ansanm fonksyone nan inite oubyen ki ka anpeche nou rete obeyisan. Rezoud konfli yo. Pataje sa w panse sou sa fòs konpayon ou ye avèk konpayon ou. Mande sigjesyon sou fasou ou ka amelyore. Si w bezwen, fikse bi ki ap amelyore relasyon nou. Fini avèk yon priye.

Sesyon planifikasyon pou chak jou

Fè yon sesyon planifikasyon nan fen chak jou. Si w ap anseye yon leson, ou gen dwe deyò jiska 9:30 aswè. Otreman, retounen nan kay ou vè 9:00 aswè epi fè yon sesyon planifikasyon soti 9:00 rive 9:30 aswè. (Prezidan Misyon yo ka ajiste orè a selon sikonstans yo.) Aplike menm prensip ak direksyon sa yo nan yon sesyon planifikasyon chak jou ke w ap suiv nan yon sesyon chak semèn men nan yon fason pi senp. Lapriyè pandan w ap diskite sou leson oubyen sijè ou ka etidye nan lè etid pèsònèl ou ak etid ou avèk konpayon ou ki ap ede ou nan plan w nan. Ekri sijè sa yo nan espas yo bay nan orè chak jou a. Repase orè chak jou ou. Gen yon aktivite planifye pou chak èdtan nan jounen an. Nan sesyon planifikasyon Dimanch swa yo, fè total epi soumè Rapò pa telefòn ou an pou semen nan, ekri lèt chak semèn ou dwe voye bay Prezidan Misyon an, epi finalize bi ou pou semèn k ap vini an.

Anvan ou soti lakay ou nan demen, repase bi, plan, ak orè w yo. Fè rektifikasyon si sa nesesè. Toujou priye anvan w soti kite lakay ou. Ou ka di kijan plan chak jou w yo efikas lè ou pa oblije mande lòt moun, "Kounyeya kisa m dwe fè?"

Bay rapò (rann kont)

Prensip bay rapò a se yon prensip fondamantal nan plan etènèl Bondye a. Nou tout ap gen pou kanpe devan Senyè a nan dènye jijman an epi bay yon rapò sou sa nou te fè avèk opòtinite li banou yo. (gade Alma 5:15–19; D&A 137:9). Gen anpil bagay ou ka aprann osijè bay rapò nan misyon ou ke w ap benefisyè pandan tout lavi ou. Prensip bay rapò a ap beni ou si ou:

- Apwoche bi ou fikse yo ak planifikasyon w yo avèk ide ke w ap gen pou rann kont pou efò ou bay dirijan misyon ou epi bay Senyè a atravè lapriyè.
- Santi responsablite pèsònèl pou konfyans sakre Senyè a fè w la.
- Fikse bi ki siyifikan.
- Chwazi pou ou pran inisyativ nan rann Senyèa ak dirijan misyon ou kont pou travay ou. Pa tann yo mande ou. Pa mande moun pou yo toujou ap kontakte ou pou yo jwenn enfòmasyon. Se pou ou gen yon dezi pou w rann kont sou travay ou.
- Aksepte responsablite total efò w yo. Pa janm blame lòt moun pou sikonstans difisil yo oubyen mank pwogrè yo.
- Chèche aprann nan men dirijan yo, epi envite yo pou yo sigjere ou fason ou ka amelyore.
- Toujou motive pou w fè pi bon travay ou kapab.

Rann kont pa sèlman vini nan fen misyon ou. Se yon prensip ki enfliyanse fason ou kòmanse, fason ou panse epi santi sou responsablite Senyè a ba ou a, fason ou apwoche travay ou, ak si ou byen pèsèvere. Atitud ou genyen anvwèksperyans misyon ou se yon reflè lanmou ou pou Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason l lan ak respè ou pou Prèttriz la.

*"Lè pèfòmans rekonèt,
pèfòmans amelyore.
Lè pèfòmans rekonèt
epi rapòte, nivo
amelyorasyon akselere."*

– ÈLDÈ THOMAS S. MONSON
"THOU ART A TEACHER COME FROM GOD,"
IMPROVEMENT ERA, DES. 1970, 101

Lè w ap priye pèsònèlman epi avèk konpayon ou, chèche enspirasyon sou sa nou dwe fè chak jou. Amezi w ap suiv plan w yo, priye epi mande Senyè a gidans. Se pou ou gen yon priyè nan kè ou pandan tout jounen ap pou Sentespri a ede ou konnen ki kote pou w ale, kisa pou w fè, ak kisa pou w di. Mande tèt ou, “Ki sa m ka fè anplis?” Nan priyè ou nan fen jounen an, bay yon rapò sou travay ou.

W ap gen pou w bay dirijan misyon yo yon rapò chak semèn kote w ap itilize Rapò pa telefòn chak semèn nan. Si ou se yon dirijan misyon, w ap resevwa enfòmasyon sa a nan men lòt misyonè yo. Montre yon enterè nan lavi yo ak nan lavi moun y ap anseye yo olye ou montre yon enterè senpleman pou nimewo yo. Pa itilize rapò sa yo ni enfòmasyon ou resevwa yo kòm mwayen pou w kontwole oswa manipile. Enfòmasyon ou resevwa atravè zouti sa yo ap baou opòtinite pou w konplimante misyonè yo pou devouman yo epi pou w chèche opòtinite pou fòmasyon w ap fè apre yo.

Etid ekriti

Kisa sa vle di responsab?

D&A 58:26–33

D&A 101:78

Ezekyèl 33:1–6

Poukisa libabit enpòtan nan responsablite?

2 Nefi 2:26–29

Elaman 14:30–31

Kijan yon misyonè ak yon dirijan misyon dwe travay ansanm?

D&A 38:23–25

Ebre 13:17–18

Sonje sa

- Santre efò ou sou bi w yo.
- Fikse bi selon kle endikatè yo.
- Priye avèk vigè sou bi ou ak plan w yo.
- Itilize Liv Zòn nan ak Planè Misyonè pou chak jou a pou w ede moun devlope lafwa, repanti, batize, resevwa don Sentespri a, epi pèsevere jiskalafen.
- Pou chak kle endikatè, fikse bi ki ap ede ou amelyore, egzèse lafwa, epi travay efikasman.
- Fè sesyon planifikasyon chak jou epi chak semèn ki santre sou ede lòt moun pwogrese nan levanjil la.
- Bay Senyè a ak dirijan misyon yo rapò sou efò ou.

Ide pou Etid ak Aplikasyon

Etid Pèsonèl

- Nan jounal etid ou, ekri yon repons yon fraz pou chak kesyon ki nan seksyon “Konsidere sa” a.
- Pran yon ti moman epi panse sou dènye jou ou nan chan misyon an. Lè jou sa a rive:
 - Kisa ou vle di ou te fè kòm misyonè?
 - Kisa ou ta renmen devni?
 - Ki diferans ou ta renmen lòt moun wè nan ou?

Nan jounal etid ou, ekri yon repons pou chak nan kesyon sa yo. Detèmine sa ou bezwen fè pou w reyalize bi sa yo. Ekri plan ki vini nan lespri ou.

Etid avèk konpayon

- Reponn kesyon ki anba la yo, pandan w ap itilize Liv Zòn nan:
 - Èske tout rapò sa yo ajou, klè, epi fasil pou li?
 - Èske yon misyonè ki nouvo nan zòn nan ap kapab li Liv Zòn nan epi konnen ki kote moun yo ye nan pwogresyon espirityèl yo ak kisa ki bezwen fèt anplis pou ede yo.?
 - Èske yon misyonè ki nouvo nan zòn nan ap benefisye efò ou pou jwenn nouvo investigatè?
 - Imajine ou menm k ap prezante Liv Zòn nan bay Senyè a pandan w ap ba li yon rapò sou fason ou te pran swen moun ki te nan zòn ou yo. Èske Senyè a t ap kontan avèk efò w yo?
- Pale sou youn nan nouvo investigatè w yo. Nan Planè ou, chèche paj ki make “Evenman ki Mennen nan Batèm, konfimasyon, ak aktivite nan legliz la.” Chwazi youn nan evenman yo, epi fè yon lis tout sa ou bezwen fè pou evenman sa a rive. Pale sou fason ou ka planifye tach sa yo pou evenman a ka rive pi bonè posib.
- Pale sou analogi sa a avèk konpayon ou. Evalye konbyen tan “liy” ou pase nan dlo chak jou.

“Okenn nan nou menm pa ta renmen tankou pechè pwason ki panse li te peche tout jounen an alòske an reyalyte li te pase pifò tan li ap antre epi soti nan dlo a, manje, epi ajite ekipman li. Siksè peche pwason an rapò avèk ki kantite tan liy ou rete nan dlo a, no pa konbyen tan ou pase lwen lakay ou. Gen kè pechè pwason ki lwen lakay yo depi douzèdtan epi ki gen liy yo nan dlo depi dizèdtan. Gen lòt ki lwen lakay yo depi douzèdtan epi ki kite liy yo nan dlo pandan dezèdtan sèlman. Dènye kalite sa yo ka mande poukisa yo pa gen menm siksè avèk lòt yo.

“Menm prensip la aplike pou misyonè yo, ke Mèt la aple pou yo vin ‘pechè moun’ yo. Yon liy yon misyonè dwe andedan dlo pou peche pwason an depi nan moman li kite lakay li a.” (Dallin H. Oaks, semèn pou nouvo Prezidan Misyon yo, 20 Jen 2000).

Reyinyon Distri ak Konferans Zòn

- Li youn nan sityasyon sa yo pou misyonè yo. An ti gwoup, fè yo diskite sou bi ak planifikasyon k ap ede moun nan egzans sa yo mache rive nan batèm ak konfimasyon. Fè chak gwoup pataje ide yo.

Sityasyon en: Ou rankontre Larry ak Beth pandan yo t ap rann sèvis nan yon kote ki bay pòv ak moun ki san kay manje. Ou anseye yo yon lesou, epi kounyeya yo anvè konnen plis bagay. Yo pa okenn manm legliz la. Beth se kretyen, epi

Larry di li pa fè pati okenn relijyon. Yo pa marye men y ap viv ansanm. Larry travay soti 4:00 apre midi rive minui. Beth travay lajounen.

Sityasyon de: Steve pran tout leson yo epi li ale legliz la omwen defwa nan yon mwa. Li kwè ke Joseph Smith se yon pwofèt epi ke Liv Mòmòn an vre. Manm fanmi li se Katolik fèvan epi yo pa apwouve rankont li yo avèk misyonè yo.

Sityasyon twa: Jill se yon etidyan nan Lekòl Segondè. Li gen yon zanmi ki se manm legliz la. Zanmi li ki manm lan envite li pou l rankontre avèk ou. Ou anseye li de leson. Zanmi an te prezan nan toulède. Li po ko al legliz epi li sitèlman okipe avèk devwa li gen pou l fè ke l difisil pou li pou l li Liv Mòmòn an.

- Envite misyonè yo pou yo pataje eksperyans kote, atravè bi yo fikse ak planifikasyon yo fè, yo vin kapab ede moun:
 - Devlope pi gwo lafwa nan Sovè a.
 - Repanti epi fè chanjman ki mennen yo pi pre Bondye.
 - Resevwa alyans batèm ak konfimasyon.
 - Tounen legliz epi renouvle alyans batèm yo.
- Divize misyonè yo an twa gwoup. Eksplike ke chak gwoup ap resevwa yon tach enpòtan. Apresa bay chak gwoup youn nan tach sa yo:
 - Louvri yon nouvo zòn pou preche levanjil.
 - Prepare yon sesyon fòmasyon pou yon konferans zòn sou entwodui Liv Mòmòn an bay investigatè yo.
 - Entege yon fanmi investigatè nan pawas la. Fanmi an gen twa timoun: yon ti fi ki geh uitan, yon ti fi ki gen douzan, ak yon ti gason ki gen 16zan.

Di misyonè yo yo gen uit minit pou devlope yon plan. Youn nan yo dwe ekri plan an, enklè aktivite chak jou yo.

Fè chak gwoup prezante plan li. Apre chak prezantasyon, mande:

- Kisa misyonè yo te bezwen konnen nan chak sityasyon?
- Kisa rezilta a te ka ye si ou pa t planifye aktivite ki siyifikan oubyen si ou pa t planifye ditou?

Apre tout prezantasyon yo, mande:

- Nan ki sans planifikasyon ak fikse bi se zak lanmou? Zak lafwa?

Prezidan Misyon

- Mande misyonè yo pou yo pote Liv Zòn yo a nan konferans zòn nan oubyen pou entèvyou. Anplis repase Liv Zòn yo ou menm, panse fè dirijan misyon yo oubyen madanm ou repase yo.
- Tanzantan kontwole sesyon planifikasyon pou chak semèn ak pou chak jou misyonè yo fè yo.
- Tanzantan fè entèvyou yo nan kay misyonè yo. Lè w ap fè sa, fè madanm ou oubyen asistan Prezidan yo repase Liv Zòn ak Planè misyonè yo pou chak jou yo.
- Toujou repase Planè misyonè yo.
- Tanzantan asiste yon reyinyon konsèy pawas.



Kijan m ka jwenn moun pou m anseye?

Konsidere sa

- Kisa sa vle di “jwenn moun ki vle resevwa ou” (D&C 42:8)?
- Kijan m ka ogmante lafwa mwen nan jwenn moun pou m anseye?
- Poukisa mwen dwe angaje manm yo nan efò mwen pou jwenn moun?
- Ki wòl medya ak referans katye jeneral legliz yo?
- Ki relasyon ki genyen ant jwenn ak anseye?
- Ki wòl sèvis nan jwenn moun pou anseye?
- Ki kèk ide pou jwenn moun pou anseye mwen pa ko eseye?

Devlope lafwa nan jwenn

Doktrin ak prensip ki nan chapit sa a ap fòtifye lafwa ou ke Senyè a prepare moun pou resevwa ou menm ak levanjil retabli a. L ap dirije ou vè yo oubyen l ap dirije yo vè ou menm. Jwenn moun diferan nan diferan pati nan mond lan. Misyonè yo ak Prezidan Misyon yo bezwen adapte avèk sikonstans yo. Sepandan, malgre diferans yo, prensip pou jwenn moun yo inivèsèl.

Fanmi Bondye. Tout moun sou tè a te manm fanmi Bondye nan lavi premòtèl la (gade Travay 17:26–29; Ebre12:9). Nou fè pati fanmi Bondye nan lavi sa a epi nou ka jwi menm pi gwo benediksyon antanke manm fanmi li nan lavi k ap vini an. Nou tout se frè ak sè nan fanmi Bondye a. Konesans sa a banou yon sans idantite ak apatnans. Li banou rezon pou nou espere lavi etènèl nan prezans Bondye. Nou konprann verite debaz sa yo gras avèk Retablisman an. Anseye frè yo ak sè w yo verite retabli yo se responsablite ak pa ou ak benediksyon pa ou. Menmjan Alma t ap chèche ede Zoramit aposta yo, ou ka priye: “O Lesenyè, banou siksè pou nou kapab mennen yo ba ou ak Kris la. O Lesenyè, nanm yo gen valè . . . ; se poutèt sa, O Lesenyè, ban nou pouvwa ak sajès pou nou kapab mennen moun sa yo, frè nou yo, ba ou ankò” (Alma 31:34–35).

Nòt

Nòt

“Jwenn moun ki vle resevwa ou.” Ou dwe ede legliz la grandi nan jwenn “moun ki vle resevwa ou” yo (D&A 42:8). Moun sa yo ap rekonèt ke ou se sèvitè Senyè a. Y ap anvi aji selon mesaj ou a. Anpil nan moun sa yo “kenbe lwen verite a [sèlman] paske yo pa konn ki kote pou yo jwenn ni” (D&A 123:12).

Abityèlman ou pa konnen kiyès moun sa yo ye. Yo gen dwa pa rekonèt ou se sèvitè Senyè a imedyatman. You gen dwa pa konprann ke pi gwo lapè, direksyon, ak objektif nan lavi a vini atravè levanjil retabli a pase atravè tout lòt bagay. Yo souvan pa reyalize ke y ap chèche levanjil retabli a jiskaske yo jwenn ni. Pa egzanp, gen yon yon konvèti ki te di, “Lè m te tande levanjil la, li te ranpli yon vid nan kè mwen ke m pa t konnen ki te la.” Gen yon lòt ki te di, “Mwen fini rechèch mwen pa t menm konnen mwen t ap fè a.”

Kèlkeswa kote yo ba w tach pou w sèvi, sonje ke Senyè a te “vle ou vini nan kote sa a; paske sa te itil pou [Li] pou sali nanm yo.” Travay efikasan pou w “leve vwa ou devan pèp sa a; eksprime panse [Senyè a] ap mete nan kè ou.” Si w fè sa, w ap resevwa pwomès ke “ou pap konfonn devan lèzòm,” epi “sa pou w di a . . . y ap ba ou li nan moman menm w ap bezwen di li” (D&A 100:4–6). Jwenn pa Lespri a osi enpòtan ke anseye pa Lespri a. Menmjan nan ansèyman ou, efò ou pou jwenn ap efikas si ou gide pa Lespri a. Gen lafwa ke w ap konnen sa pou w anseye ak sa pou w fè pou w jwenn moun ki ap vle resevwa ou.

Aktivite: Etid avèk konpayon

Anpil manm w ap vizite ka se moun ki konvèti nan legliz la. Planifye yon tan pou w mande yo kijan yo te vin an kontak avèk legliz la ak kijan yo te vin rekonèt ke sa misyonè yo te anseye yo a sete laverite. Fè rezime eksperyans yo nan jounal etid ou.

Etid ekriti

Nan ki fason pitit Bondye yo prepare epi dirije vè levanjil retabli a?

Alma 13:24

D&A 29:7

D&A 84:45–47, 88

Alma 16:16–17

D&A 33:6

D&A 136:32–33

Pale avèk tout moun

Pandan Pwofèt Joseph Smith t ap vwayaje avèk yon gwoup misyonè sou Rivyè Missouri a, Senyè a te revele li ke, “Li pa nesèsè pou. . . . Ansyen l yo deplase rapidman . . . pandan ke abitan chak kote yo ap peri nan enkredilite” (D&A 61:3). Pandan w ap deplase rapidman pou planifye aktivite yo, priye pou kapasite pou w wè opòtinite ki pa planifye pou w sèvi epi anseye moun ki ka ap “peri nan enkredilite.” Priye pou sansiblite espirityèl pou w ka rekonèt opòtinite yo. W ap vin wè ke Bondye mete sou chemen ou pitit li yo ki ap prepare pou resevwa levanjil retabli a.



Pa gen anyen ki fèt nan travay misyonè tout tan ou pa jwenn yon moun pou w anseye. Pale avèk otan moun ou kapab chak jou. Se nòmal pou w yon ti jan pè pale avèk moun,

men ou ka priye pou lafwa ak fòs pou w pi fèm nan louvri bouch ou pou pwoklame levanjil retabli a. Eseye aplike ide sa yo lè w ap chèche pale avèk chak moun ou rankontre:

- Pale avèk moun yo osijè fanmi yo. Ede yo wè kijan levanjil retabli a ka yon benediksyon pou fanmi yo.
- Chèche endis—tankou bagay ki nan kay yo oubyen nan lakou yo, desen ki sou rad, oubyen endikasyon timoun yo—pou ede ou konnen kijan pou w kòmanse pale avèk moun.
- Koute sa moun ap di ou sensèman.
- Se pou ou plen chalè, amikal, epi ge. Ofri èd ou.
- Gen konfyans ke Lespri a ap mete sa pou w anseye nan kè ou ak nan lespri ou.
- Envite yon moun pou l aprann osijè levanjil retabli a.
- Bay ti kat ki gen enfòmasyon sou legliz la.
- Mande non relasyon moun yo ki ka enterese nan mesaj ou a.

Pandan w ap li istwa sa a, chèche kijan mesye a te prepare pou resevwa misyonè yo ak fason misyonè yo te itilize yon opòtinite ki pa t planifye pou yo te anseye li levanjil la.

Lè m te piti, yo pa t janm te anseye m pou m te li Bib la. Mwen te konn ale legliz jou Dimanch, men mwen pa t pote okenn patisipasyon epi mwen pa t santi anyen an retou. Mwen te desi pa relijyon mwen. . . . Mwen te chèche . . . Bondye, mwen te vle konnen si li te egziste vrèman. Mwen te swaf pou m konnen Li menm ak patwòl Li. Men se kòm mwen pa t ka jwenn sa m t ap chèche a.

Te gen moman kote mwen te santi m tou pre apeze swaf mwen. Lè m te kenbe premye pitit mwen, yon ti fi, nan bra mwen premye fwa, mwen te gen yon santiman ke Bondye te reyèlman egziste. Anpil ane apre, lè sè li te fèt, mwen te fè menm eksperyans lan. . . . Sepandan, nan pifò tan yo, yon fatig ineksplikab te konn peze sou nanm mwen. Mwen te esprityèlman swaf epi mwen pa t ka jwenn okenn kote pou m te bwè.

Ann Avril 1994 mwen t ap viv nan vil Monterrey, nan Meksik, kote mwen t ap travay kòm choftè taksì. Yon jou, lapli a te tonbe lontan, ap voye dlo tonbe desann soti nan mòn yo. Apre m te fin kondui nan lapli a pandan anpil tan, mwen te twouve mwen nan yon ti vil ki te apeprè uit kilomèt soti Monterrey. Li te prèske . . . lè pou m te retounen lakay. Toudenkou, mwen te wè de jènjan apye. Yo te gen pantalon nwaak chemiz blanch sou yo, epi yo te tranpe soti nan tèt rive nan pye.

Lè m te rive kote yo, mwen te louvri pòt taksì a epi mwen te di yo, “Monte! Mwen pral Monterrey.”

Sa k te pi wo a, ki te klè anpil, te reponn, “Nou pa gen kòb.”

Mwen te di, “Nou pap bezwen peye.”

Yo te vit monte nan taksì a.

Pandan mwen t ap kondui, nou t ap pale. Yo te mande m si yo te ka pataje yon mesaj osijè Jezikri avèk mwen. Mwen te dakò epi mwen te bayo adrès mwen.

Lè m te rive lakay, mwen te reveye madanm mwen epi mwen te pale li apwopo de jènjan yo. Mwen te di “Ala yon koyensidans. Youn nan yo se Meksiken epi lòt la se Ameriken, epi yo toulède rele Èldè.”

Madanm mwen, ki te konnen yon ti kras bagay sou legliz la, te reponn “Èldè vle di misyonè”.

Byen fon anedan mwen, mwen te santi yon bagay t ap reveye. Jènjan sa yo te kite yon sansasyon mèvèy ekstradòdinè nan kè mwen. Mwen te santi mwen te tou pre pou m jwenn dlo ki t ap apeze swaf mwen an, ke li te disponib pou mwen.

Misyonè yo te vin lakay nou jou ki te 5 Jen, epi mwen te kontan tande yo. De semèn apre, jou ki te 19 Jen, mwen te batize. Madanm mwen te batize kat mwa apre, ann Oktòb. Pi gran pitit fi nou an te konn resevwa fòmasyon relijye nan lekòl li. Lè li te ale legliz la premye fwa, li te di, “Papa, sa pi bon anpil anpil pase sa m ap aprann lekòl mwen an!” Li menm tou li te batize nan mwa Oktòb.

Nòt

An Desanm 1995 nou te sele kòm fanmi nan Tanp Meksiko nan vil Meksik pou letan ak letènite. Kounyeya nou se yon fanmi ki ap jwi amoni, lapè, ak bonè. Nou konnen kimoun nou adore. Nou konnen ki kote nou soti ak ki kote nou prale. Nou renmen pawòl Bondye a, espesyalman Liv Mòmmon an, epi nou renmen legliz li a, Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Atravè don sa yo nou jwenn pi dlo lavi Sovè a t ap pale a lè l te di fanm Samari a konsa: “Moun ki va bwè nan dlo m ap ba li a, li pap janm swaf ankò. Paske dlo m ap ba li a ap tounen yon sous dlo nan li k ap ba li lavi ki pap janm fini an” (Jan 4:14). [Victor Manuel Cabrera, “Thirsting for the Living Water,” *Ensign*, Out 2001, 60–61]



© 2001 Simon Dewey, Pa kopye.

Aktivite: Etid Pèsonèl ak etid avèk konpayon

- Nan ki fason mesye sa a te prepare pou levanjil retabli a?
- Kisa ki t ap rive si Èldè yo pa t louvri bouch yo pou pataje yon mesaj levanjil?
- Repase sa ou te fè ayè. Èske ou te pale avèk otan moun sa te posib? Si non, fè plan epi fikse bi pou w fè sa jodi a.

Etid ekriti

Kisa Senyè a di apwopo louvri bouch ou? Kisa ou dwe anseye? Kisa yo pwomèt ou?

D&A 24:12
D&A 28:16

D&A 33:7–15

D&A 60:2–3, 7–8

Anseye lè ou jwenn, Jwenn lè ou anseye

Jwenn epi anseye se bagay ki an rapò, yo se aktivite ki konekte ansanm. Lè w rankontre moun, prepare pou w anseye kèk brèf rezime sou verite retabli a pou Sentespri a ka rann temwayaj ke sou se sèvitè Senyè a. Nan plizyè sityasyon, w ap bezwen kapab prezante yon mesaj nan yon minit oswa mwens. Moun yo abitye avèk deklarasyon ki kout, ki puisan. Pa egzanp, ou ka temwaye sou mesaj Retablisman an nan sèlman de oubyen twa fraz:

Aprè plizyè syèk yo te pèdi, verite Bondye yo ki te la anvan yo (levanjil Jezikri a) retabli pa yon Bondye eman atravè yon pwofèt vivan. Nou gen prèv bagay sa a ke ou ka kenbe nan men ou, li, medite nan kè ou, epi priye osijè sa pou w aprann verite li pa ou menm. Èske w ap pèmèt nou . . .

Si yon ti kras plis tan disponib, ou gen dwa di plis:

Mesaj nou senp. Bondye se Papa nou. Nou se pitit li. Nou fè pati fanmi li. Li renmen nou. Depi nan kòmansman mond lan, li ap suiv yon chema lanmou ak sousi. Anpil fwa li lonje lamèn banou nan amou li pou l revele levanjil Jezikri a pou pitit li yo ka konnen kijan pou yo retounen al jwenn ni. Li te revele li bay pwofèt tankou Adan, Nowe, Abraram, ak Moyiz. Men gen kèk moun ki te toujou chwazi rejte levanjil sa a. Sa gen de mil an, Jezikri li menm te anseye levanjil li a. Sa enkwayab, men moun yo te menm rejte Jezi. Kèlkeswa lè moun meprize oubyen defòme vrè doktrin yo ak òdonans yo, Bondye toujou retire otorite pou administre legliz la.

Envitasyon nou pou ou se ajoute nan verite ou deja ap cheri yo. Konsidere evidans ke Papa nou ki nan Syèl la lonje lamèn ankò nan lanmou bay pitit li yo epi li revele vrè doktrin yo ak òdonans yo bay yon pwofèt. Non pwofèt sa a se Joseph Smith. Evidans verite gloriye sa w ap jwenn ni nan yon liv— Liv Mòmmon an. Ou ke kenbe li nan men ou, li li, epi medite sou verite l yo nan kè ou ak nan lespri ou.

Evite tandans pou w di bagay tankou, “Èske ou gen yon ti moman pou nou ka anseye ou yon mesaj osojè . . .” Olye sa, devlope abitud kòm anseye epi temwaye imedyatman lè w rankontre moun. W ap jwenn plis moun pou w anseye si ou temwaye epi pèmèt yo santi pouvwa Sentespri a.

Kèlkeswa premye apwòch ou, bay referans rapid epi senp sou Retablisman levanjil la, paske se sèl mesaj nou pou mond lan. Moun w ap anseye yo souvan gen zanmi oubyen relasyon ki prepare pou resevwa levanjil retabli a. Nan tout sityasyon ansèyman—tankou jwenn moun, anseye envestigatè, travay avèk manm—mande, “Kimoun ou konnen ki ta ka enterese nan mesaj sa a epi benefisyè nan li?” Lè yo fin ba ou yon referans, mande, “Ki lòt moun ki ka benefisyè mesaj sa a?” Pa ezite toujou fè sa ankò epi ankò nan rankont apre yo. Pandan moun w ap anseye yo ap fè eksperyans benediksyon levanjil yo, dezi yo pou pataje li ap ogmante (gade 1 Nefi 8:12). Y ap souvan fè nouvo zanmi pandan y ap aprann levanjil la. Misyonè ki aplike prensip sa a toujou gen anpil moun pou yo anseye.

Aktivite: Etid avèk konpayon

- Prepare yon mesaj yon minit ki baze sou youn nan leson yo. Panse sou fason pou w anseye leson sa a nan yon aranjanman pou w jwenn moun.
 - Detèmine kijan ou ka vit konekte mesaj sa a avèk Retablisman an.
 - Pataje mesaj la avèk konpayon ou.
 - Fikse yon bi pou w anseye mesaj sa a nan yon moman apwopriye jodi a pou w ajoute yon nouvo envestigatè nan gwoup moun w ap anseye yo.
-
- Repase yon lis moun w ap anseye aktyèlman. Fè yon lis moun ou mande referans ak moun ou pa mande. Fè pratik sou fason ou pral lanse yon envitasyon pou ba ou referans bay moun nan chak gwoup yo. Nan plane ou, ekri yon nòt fason ou pral bay envitasyon sa a nan pwochen vizit ou yo.

Pale sou enpòtans fanmi

Retablisman levanjil Jezikri a beni fanmi. Nan viv prensip levanjil retabli a, fanmi yo fòtifye epi yo ka fè eksperyans lapè, lajwa, ak yon santiman apatnans ak idantite.

Pale sou enpòtans fanmi avèk moun ou rankontre chak jou yo ap ede ou jwenn moun pou w anseye. Pifò moun gen yon panchan natirèl nan fanmi. Nan plizyè sityasyon ou jwenn, ou ka byen vit rakonte sa pifò moun konnen osijè fanmi nan mesaj Retablisman an. Lè w jwenn, ou ka di bagay tankou:



Pa gen anyen ki pi enpòtan pou nou pase fanmi nou. Fanmi nou soude nou youn ak lòt, banou yon non, epi ede nou santi yo bezwen nou epi yo renmen nou. Nan men fanmi nou nou eritye trè pèsònèl, kalite, ak karaktè fizik, ki banou yon idantite pwòp a nou menm.

Nòt

Gen yon fanmi solid, ki gen kontan se pi gwo priyorite pou anpil moun nan tout mond lan. Reyalize bi sa a souvan difisil. Elve timoun epi gen yon maryaj solid nan mond jodi a ka parèt prèske enposib pafwa avèk tout mal ki anviwonnen nou yo.

Lè sa a ou ka fè yon tranzisyon ale nan mesaj Retablisman an:

Santiman lanmou ak sousi ke nou gen pou fanmi nou yo etènèl epi yo anrasinen byen fon andedan nanm nou. Yo santre sou relasyon nou avèk Bondye. Nou fè pati fanmi Bondye depi anvan menm nou te fèt. Li se Papa nou. Paske li se Papa nou, nou se frè ak sè. Papa nou ki nan Syèl la vle nou retounen al viv avèk li antanke manm fanmi li. Fanmi yo isit sou tè a se yon kòdon fanmi Bondye. Fanmi ka viv ansanm apre vi sa a. Nou konnen sa paske apre plizyè syèk yo te pèdi, vrè doktrin ak òdonans yo tankou batèm pa imèyon te retabli sou tè ap pa Papa eman nou ki nan Syèl la atravè yon pwofèt vivan. Verite retabli sa yo pa sèlman ede nou konprann plas nou nan fanmi Bondye a, men, yo se pi gwo espwa nou genyen pou yon fanmi solid, ki gen kè kontan nan lavi sa a. Èske m ka anseye ou plis osijè . . .

Menm bagay la ka fèt avèk lòt sijè yo, tankou bonè, advèsite, bi lavi a, oubyen lanmò. Kèlkeswa apwòch ou pou jwenn, sonje pou ou byen vit konekte li ak sèl mesaj nou an pou mond lan.

Enpòtans manm yo

Travay avèk manm legliz yo pou w jwenn moun pou w anseye. Sityasyon ideyal la se lè manm yo envite lòt moun pou yo vin anseye epi yo la pandan ansèyman an. Lè yo fè sa, plis moun batize epi yo rete aktif nan legliz la. Asosyasyon avèk manm yo enpòtan paske li adousi kè moun yo epi li souvan mennen yo vin investige sou levanjil retabli a. sa souvan vle di ke yo antre nan sèk zanmi legliz la, ladan enkli manm aktif ak manm mwens aktif, nouvo konvèti, ak fanmi ki an pati manm yo.

Prezidan Gordon B. Hinckley te anseye: “Gen anpil nan nou ki konsidere travay misyonè a kòm senpleman distribye bwochi. Tout moun ki fanmi avèk travay sa a konnen gen yon pi bon fason. Fason sa a se atravè manm legliz yo. Kèlkeswa lè gen yon manm ki entwodui yon investigatè, gen yon system sipò imedyat. Manm nan rann temwayaj sou verite travay la. Li sousye pou bone zanmi investigatè l la. Li vin eksite amezi zanmi sa a ap fè pwogrè nan aprann levanjil la.

“Misyone aplentan yo ka fè ansèyman aktyèl la, men manm nan, kèlkeswa kote sa posib, ap kore ansèyman sa a avèk òf l ap fè pou bay lakay li pou fè sèvis misyonè sa a mache. L ap rann temwayaj sensè sou divinite travay la. L ap la pou reponn kesyon lè misyonè yo pa la. L ap yon zanmi pou konvèti a ki ap fè yon gran chanjman ki souvan difisil . . . Pwosesis Mennen nouvo moun nan legliz la se pa responsablite misyonè yo sèlman. Yo gen pi bon siksè lè manm yo vin sous ki ap fè jwenn nouvo investigatè” (Ensign, Me 1999, 105–6).

Pwen pou derape nan bati relasyon solid avèk manm yo se evèk la. Ofri pou w ede epi sèvi nan tout fason dwat li mande. Toujou mande tèt ou, “Èske m se yon benediksyon oubyen yon fado pou evèk la?” Devlope yon atitud “Kijan m ka ede?” Si w ap chèche okazyon pou w renmen, sèvi, epi anseye, evèk la ak manm pawas yo ap nòmman pi fè w konfyans avèk manm fanmi yo ak zanmi yo.

Konsidere ekstrè sa a soti nan yon lèt ki te ekri pa yon misyonè voye bay Prezidan Misyon li:

*“Lè tout bagay fin di,
devwa ki pi gran an epi
ki pi enpòtan an se
preche levanjil la.”*

– PWOFEÈ JOSEPH SMITH
ENSEIGNEMENTS DU PROPHÈTE JOSEPH SMITH, 113

Chè Prezidan,

Asistan yo te rele m jodi a pou yo di m mwens transfere. Mwen te santi mwens ta dwe ekri ou epi di w mèsi paske ou voye mwens nan zòn sa a. Se kòm si sete yè ou t ap pale m sou pwoblèm ki ap tann yo.

Premye Dimanch nou te konfime mwens sa w te di m yo. Nou te resevwa yon byenveni antouzyas nan pawas la. Sèl reyon limyè premye jou Dimanch sa a sete Scott, nouvo dirijan misyon pawas la. Li te transfere nan baz militè a sa gen yon mwa epi l ap sèvi kòm dirijan misyon pawas la depi de semen. Scott te envite nou lakay li pou nou manje premye jou Dimanch nou pou nou te pale sou sa ki ka fèt pou fè travay la avanse. Apre nou te fin manje, nou te mete ajenou pou n te priye epi mande Papa nou ki nan Syèl la direksyon li. Pandan nou t ap priye, nou te santi yon santiman lapè ak detèminasyon. Nou te detèmine ke pi bon fason pou n fè travay la avanse sete akeri konfyans manm yo. Nou te deside suiv egzanp Amon epi sèvi yo.

Nou te kòmanse avèk evèk la. Akoz mank batèm nan zòn nan ak mank efò misyonè ki te la anvan yo, li te natirèlman mwens eksite pou demann nou pou te rankontre avèk li. Men li te finalman envite nou pou n te vin manje lakay li. Nou te aprann ke evèk la t ap prepare pou l te retire kapèt nan salon li a epi pou l repare planche anbwat ki te anba li a. Nou te mande pou nou ede epi li te aksepte. Nan fen travay la, evèk la te mande nou pou n pale nan yon reyinyon Sentsèn. Nou te pran sa kòm prèv ke li te kòmanse gen konfyans nan nou.

Nou te suiv menm chema sèvis la amezi nou te rankontre avèk lòt manm yo. Nou te jwenn opòtinite pou n te ede nan anpil fason senp. Lè nou pa t avèk manm yo, nou t al frappe nan pòt moun epi pale avèk otan moun nou te kapab sou levanjil retabli a. nou te beni paske nou te jwenn moun pou n te anseye, epi manm yo te vin wè n ap mennen moun legliz la ke nou te jwenn pa pwòp efò pa nou. Atitud tout pawas la te kòmanse chanje. Te vin gen yon eksitasyon ki t ap grandi osijè travay misyonè a. Yon fwa manm yo te vin gen konfyans nan nou, travay la te aktive. Anpil batèm te suiv.

Plizyè manm legliz la gen krent konsènan travay misyonè. Anpil pa sèten ki kote pou yo kòmanse ni kisa pou yo di. Anpil krent pou yo pa pèdi bon zanmi yo si yo eseye pataje levanjil la avèk yo. Gen anpil fason pou ede manm yo. Pa egzanp, ede bati lafwa yo nan eseye yo mesaj Retablisman an ak lòt doktrin ki nan leson yo. Ede yo santi Lespri ak pouvwa mesaj nou an. Fòtifye konpreyansyon yo sou doktrin Kris la ap fè plis bagay pou ogmante konfyans yo nan nou epi pou bati eksitasyon yo pou yo fè travay misyonè pase tout lòt bagay yo ka fè. Ede yo konprann ke ofri levanjil retabli a ap soti pi natirèlman nan relasyon kote y ap chèche pou renmen epi sèvi manm fanmi yo ak zanmi yo. Anseye yo prensip ki nan seksyon “Mache ap fè byen” a ki nan chapit sa a. Ankouraje yo pou yo “fè jèn avèk anpil priyè pou byen moun ki pa [konnen] Bondye yo” (Alma 6:6). Nan tout sa w ap fè avèk manm yo, chèche elve epi bati lafwa yo pou ede yo fè travay misyonè.



Anplis travay avèk manm aktif yo, chèche jwenn moun pou w anseye atravè fiti èldè yo, manm mwens aktif yo, ak nouvo manm yo. Manm sa yo dwe nòmalmman gen anpil zanmi lòt fwa epi beni pandan y ap pataje levanjil retabli a avèk manm fanmi yo ak zanmi yo.

Nan chak vizit avèk manm yo, fè tout sa ou kapab pou ankouraje yo pou yo:

- Priye epi suiv Lespri a.
- Rann sèvis.
- Fè zanmi.
- Louvri bouch yo pou pataje levanjil retabli a.
- Envite lòt moun pou fè bagay k ap ogmante lafwa yo nan Kris la.

Chak referans ou resevwa nan men yon manm dwe trete tankou yon bagay ki presye. Lè yon manm ba w non yon zanmi pou w rele oubyen vizite, reponn tousuit epi bay manm nan rapò sou rezilta yo.

Ide pou ede manm yo

Gen anpil fason pou ankouraje manm yo vin fè yo pi angaje nan travay misyonè a. Konsidere ide sa yo:

- Chèche gidans evèk la avèk lòt dirijan yo nan pawas la. Gade chapit 13 la pou èd anplis nan sans sa a.
- Anseye dirijan legliz yo ak manm yo mesaj Retablisman an ak lòt leson yo.
- Anseye yo pou yo renmen pwochen yo ak zanmi yo epi sèvi yo.
- Ankouraje yo pou yo jene epi priye pou yo jwenn opòtinite misyonè.
- Ankouraje yo pou yo vizite moun yo konnen ki fèk fè eksperyans yon chanjman nan lavi yo (tankou nesans, lanmò nan fanmi an, maryaj, oubyen ki fèk demenaje.).
- Envite yo pou yo ede ou anseye. Sityasyon ideyal la se genyen avèk ou yon manm legliz la ki te apatni ak manm legliz ke envestigatè a.
- Ede yo fikse dat y ap envite zanmi yo pou aprann mesaj Retablisman an.
- Montre yo bagay yo ka bay lòt moun, tankou Liv Mòmmon an, videyo, ak kat pou di alo yo.
- Ankouraje yo pou yo envite zanmi yo vin legliz la oubyen nan sware famiyal, pou gade yon videyo legliz la, oubyen pou patisipe nan yon konvèsasyon sou levanjil la.
- Ede yo pratike sa yo ka di zanmi yo.
- Anseye yo poukisa li valab pou yo pataje levanjil la san gade rezilta a.

Gen anpil lòt fason pou ede manm yo vin angaje. Chèche ajoute nan lis sa a pandan tout misyon ou. Pataje ide yo avèk lòt misyonè yo.

Aktivite: Etid avèk konpayon

Ansanm avèk konpayon ou, repase sa ou te fè pou w sèvi epi ede evèk la ak lòt dirijan yo ak manm yo pandan mwa k sot pase a. Diskite epi planifye sa ou ka fè pandan mwa k ap vini an pou devlope yon relasyon ki pi solid avèk yo.

Repase ide ki nan lis nan seksyon “Ide pou ede manm yo” a. Chèche kèk ide ou pa t ko eseye. Itilize plane ou, fè plan epi eseye kèk nan ide sa yo nan semèn apre a.

Referans Medya ak referans katye jeneral legliz la

Referans se yon lòt resous nan jwenn moun k ap prepare pou levanjil retabli a. Anplis referans manm yo, legliz la ap chèche tann lamèn bay pitit Bondye yo aktivman. Li kreye enterè atravè efò tankou piblisite nan medya, sant pou vizitè, sit istorik, antrèd ak èd imanité, ak Entènèt (www.mormon.org, www.lds.org, www.familysearch.org). Referan ou resevwa nan men medya yo ak katye jeneral legliz la reprezante moun ki dakò pou reprezantan legliz la vizite yo pou delivre yon bagay bayo (tankou Bib la oubyen Liv Mòmmon an) epi pou yo anseye yo plis sou legliz la. Misyonè yo dwe konsidere opòtinite pou anseye sa yo kòm yon responsablite sakre.

Anvan ou vizite yon referans, asire ou ke ou konnen sa li mande a. Planifye yon ti leson pou fè yon tranzisyon soti nan sijè a pou w anseye mesaj Retablisman an. Nan kèk ka referans konn mennen ou vè lòt moun ke Bondye ap prepare. Si moun ou kontakte yo pa enterese, mande yo si yo konnen yon moun ki ka enterese. Epi tou, pale avèk lòt manm yo nan kay la ak vwazen yo. Mande yo chak ki lòt moun ki ka enterese nan mesaj

ou a. Petèt y ap dirije ou jwenn moun sa a paske gen yon lòt moun nan kay la oubyen nan vwazinaj la ki pare pou levanjil la.

Lè w ap travay avèk referans yo, sonje pou:

- Kontakte yo 24trè alavans.
- Si sa posib, rele anvan pou w pran randevou pou vizit la. Si yo pa lakay yo, eseye nan yon lòt lè pandan jounen an.
- Delivre sa yo mande a, epi fè yo sonje ke yo te mande vizit ou. Rasanble tout moun nan kay la pou yo koute.
- Anseye mesaj Retablisman an.
- Bay envitasyon ki ap bati lafwa yo nan Kris la.
- Mande yo referans.
- Arange pou w retounen vizite yo.
- Planifye pou w travay nan vwazinaj la lè randevou w la fini.
- Si moun nan pa lakay li, pale avèk vwazen yo.

Aktivite: Etid avèk konpayon

Chèche lokalize tout referans ou te resevwa nan zòn ou yo pandan mwa pase a. Chèche konnen tout moun ki pa t kontakte, epi vizite yo. Deside kiyès nan sa ki te deja kontakte yo ou dwe vizite ankò.

Istwa famiyal

Istwa famiyal oubyen jeneyaloji founi yon lòt mwayen ou ka jwenn moun pou w anseye. Istwa famiyal se youn nan pastan ki pi repann nan mond lan kounyeya. Lespri Eli a ap enfliyanse anpil milyon moun nan tout mond lan pou yo chèche zansèt yo. Anpil anvi gen yon koneksyon solid avèk fanmi lwen yo. Sa ka mennen yon dezi pou jwenn yon koneksyon ak yon idantite avèk fanmi Bondye a.

Chèche wè ki kalite resous istwa famiyal ki disponib nan zòn ou an. Pa egzanp, ou gen dwa envite moun yo nan sant lokal istwa famiyal la oubyen prezante yo bay manm ki ka ede yo derape rechèch yo sou liye zansèt yo. Ou pa bezwen konnen anpil bagay sou istwa famiyal pou w ofri sèvis sa a si ou gen èd manm legliz yo. Nan pifò kote nan mond lan, gen manm ki ka ede lòt moun chèche rasin famiyal yo. Angaje manm yo pou envestigatè potansyèl yo ka rankontre moun ki ka zanmi yo. Eksplike ke itilize sant istwa famiyal yo se yon sèvis ki gratis.

Lè w ap chèche, ou gen dwa bay moun yo yon ti kat legliz la sou istwa famiyal avèk nimewo telefòn sant istwa famiyal lokal la sou li, pandan w ap ofri yon premye rechèch gratis sou rasin famiyal yo. Fè suivi nan demen oubyen nan apre demen nan kay kote ou te kite kat yo. Pataje kat sa yo avèk envestigatè ki ka pase yo bay zanmi yo avèk relasyon yo. Se yon bon ide pou w pote tablo kat jenerasyon pèsònèl pa ou montre yo kòm egzanp epi pou w pataje li avèk moun ki gen dwa gen menm siyati avèk ou yo.

*“Mwen espere wè nou
fonn fwontyè atifisyèl nou
si souvan plase ant travay
misyonè a ak travay tanp
ak jeneyaloji a, paske se
menm gwo travay
redanmsyon an!”*

– PREZIDAN SPENCER W. KIMBALL
“THE THINGS OF ETERNITY—STAND WE IN
JEOPARDY?” *ENSIGN*, JAN. 1977, 3

Nòt

Nòt

Pou w kòmanse, konsidere bagay sa yo:

- Vizite yon sant istwa familyal si gen youn nan zòn ou an.
- Pale avèk evèk la ak konsèy pawas la sou dezi ou pou ofri moun w ap rankontre chak jou yo èd nan istwa familyal.
- Pale avèk dirijan pawas yo sou fason pou pi byen kowòdone efò sa a:
 - Èske evèk la konfòtab avèk òf ou pou ede manm pawas yo?
 - Ki manm nan pawas la ki ap sèvi nan sant istwa familyal la oubyen ki gen eksperyans nan travay istwa familyal?
 - Kijan ou ka pi byen mande manm sa yo pou ede ou?
 - Kimoun ki ka akonpaye ou lè w apral bay tablo jeneyaloji w la oubyen anal gwoup familyal yo?

Li istwa sa a ke yon ansyen misyonè te rakonte. Note ki wòl istwa familyal te jwe nan konvèsyon koup sa a.

Mildred Schultz sete yon manm devwe nan legliz li. Se pa t yon sipriz ke lè misyonè yo te frape nan pòt lakay li, li pa t pèdi tan pou l te envite yo anre pou l te ka anseye yo “laverite.” Pandan misyonè yo t ap anseye, li te touché pa verite levanjil retabli yo epi li te batize. Atravè tout pwosesis ansèyman li, mari li, Frank, te chwazi pou l pa t koute.

Se la mwèn te vin anre nan kesyon an. Èldè yo te prezante m bay Sè Schultz. Nou te ede li kòmanse jeneyaloji fanmi li epi apre sa nou te envite li pou lte vin jwenn nou nan sant istwa familial la. Jou reyinyon an te rive, epi Frank te mande si li te ka vini tou pou l te ka fè rechèch sou zansèt li yo tou. Natirèlman, li te anchanse, epi yo te ale ansanm nan biwo istwa familyal la.

Èldè yo te planifye pou yo te rankontre nou nan apre nan jounen an. Anvan yo te rive, nou te montre Frank ak Mildred libreri a epi nou te prezante yo bay Sè Wright. Sè Wright sete espesyalis istwa familyal la, epi li te orei yo pou l te ede yo jwenn enfòmasyon sou papa Frank. Li te jwenn non li nan yon liv epi li te kapab bay Frank yon kat Almay ki te montre kote papa li te fèt la. Li te sitèlman eksite pou dekouvèt sa yo ke lè èldè yo te rive, li te envite yo manje pou l te ka montre yo imaj yo epi pataje istwa familyal li. Lespri Eli a te touche kè li epi te adousi li epi te louvri yon pòt pou levanjil la te anre nan lavi li.

Jou swa sa a, Mildred te medite sou sa li ta dwe di pou ede Frank vin pi enterese nan levanjil la. Yon kesyon te vin nan lespri li. Li te mande “Frank, èske w vle rete avèk mwèn pou tout tan, menm apre lavi sa a fini? Èske w vle gen yon fanmi etènèl?” Li te reponn byen vit, “O, Mildred, natirèlman mwèn vle. Kijan m ka fè sa?” Se pou kesyon sa a menm li t ap priye. Li te reponn “Tande sa misyonè yo ap di yo.” Li te dakò. Lè èldè yo te vin anseye, chalè mesaj Retablisman an te fonn tout dout li ak laperèz li. Li te pare pou l te aksepte sa misyonè yo t ap pataje a. Li te aksepte envitasyon pou l te batize a. Frank ak Mildred solid epi aktif nan legliz la depi lè sa a.

Frank ak Mildred te travay di pou yo te fini travay la pou yo te ka fè òdonans Sali yo pou fanmi yo. Sete yon gwo jou sa te ye lè yo te batize pou manm fanmi yo yo. Nan pwosesis pou l t ap fè travay tanp yo, Frè Schultz te fè yon rèv sou papa li. Li te wè papa l nan ranch ki te kay yo a lè l te piti. Papa l te kanpe bò dodin ni an, abiye an blan epi li t ap lonje men bay pitit gason l lan. Frank te reveye ap kriye. Li te konnen papa l te aksepte travay li te fè a.

Aktivite: Etid avèk konpayon

- Kisa k te enfluyans Frank ki fè l te deside fè misyonè yo anseye li?
- Nan ki fason ou ka pi byen liye travay istwa familyal la avèk plan Bondye pou fanmi yo?
- Èske w itilize istwa familyal kòm yon zouti pou w jwenn moun? Nan ki fason ou ka bay moun w ap rankontre chak jou yo enfòmasyon sou istwa familyal? Fè plan pou w kòmanse itilize istwa familyal kòm yon zouti pisan nan efò ou pou jwenn moun.

Istwa familial se yon resous pisan pou w itilize pou jwenn moun Senyè a ap prepare pou resevwa levanjil retabli a. Priye pou w rekonèt opòtinite pou w itilize istwa familial nan efò ou pou w jwenn moun yo. Moun nòmalmman gen santiman espartyèl lè y ap pale apwopo fanmi. Yo santi Lespri tou lè y ap anseye yo doktrin konsènan rezon ki fè nou fè travay istwa familial la. Epi tou, kenbe konvèti yo ka fèt pi byen lè nouvo manm yo kapab fè rechèch rasin fanmi yo epi akonpli òdonans sakre yo pou zansèt yo.

Etid ekriti

Kisa Senyè a te retabli sou tè a atravè Eli?

D&A 110:14–16
D&A 128:16–18

D&A 138:32–34

Malachi 4:5–6

Aktivite: Etid pèsonèl ak Etid avèk konpayon

Ranje pou w vizite yon sant istwa familial kote ou ye a avèk yon manm ki gen eksperyans nan fè istwa familial. Pandan w ap vizite sant lan, chèche konnen ki kalite sèvis ki disponib. Chèche enfòmasyon tankou kilè sant lan louvri, kimoun ki sèvi ladan li, epi ki sa pou w ofri moun w ap kontakte chak jou yo.

Pratike fason ou pral ofri moun w ap rankontre yo èd nan istwa familial. Planifye pou w ofri istwa familial nan efò w yo pou w jwenn moun.

Li epi diskite sou “Travay Istwa Familial ak Jeneyaloji” a nan manyèl *Vrè nan lafwa* a pou w akeri yon konpreyansyon ki pi solid sou travay istwa familial la. Ekri sa ou aprann nan journal etid ou.

Ansyeen investigatè yo

Ansyeen investigatè yo se yon sous enpòtan pou w jwenn moun pou w anseye. Gen anpil rezon ki fè moun sispann envestige sou legliz la. Ladan yo genyen misyonè ki transfere, investigatè ki ale nan vakans, misyonè ki sispann vizite malgre investigatè yo toujou ap espere vizit, ak investigatè ki kwè ke misyonè yo pa gen anyen nouvo pou anseye yo. Anpil ansyeen investigatè di yo ta renmen rankontre avèk misyonè yo ankò.

Repanse liv zòn nan souvan pou w idantifye ansyeen investigatè yo. Nan lapriyè, reflechi sou enfòmasyon ki nan liv la konsènan fason envestigatè yo te antre an kontak avèk legliz la premye fwa a, sa yo te anseye yo, kijan yo te reyaji, ak poukisa yo te sispann envestige sou levanjil la. Si te gen manm ki te enplike nan anseye epi fè zanmi avèk ansyeen investigatè yo, mande yo sa yo sonje sou eksperyans lan. Baze sou enfòmasyon sa a, planifye pou w kontakte envestigatè yo ankò.

Si yon moun w ap anseye chwazi pou l sispann envestige sou levanjil la, ekri enfòmasyon konsènan li ki ap itil pou misyonè k ap gen pou antre nan kontak avèk li nan apre yo nan liv zòn nan.

Pandan w ap li eksperyans sa a, gade pouvwa ki genyen nan kontakte ansyeen investigatè yo.

Mwen te sezi anpil lè yo te aple mwen pou m te sèvi nan menm misyon gran sè m nan te sèvi sa gen ennan an. Apre kèk mwa nan chan misyon an, mwen te transfere nan youn nan zòn kote sè m nan te



© 2001 Dei Parson. Pa kopye.

Nòt

sèvi yo. Lè l te aprann transfè mwèn, li te ekri mwèn epi li te mande m pou m te vizite yon fanmi ke li menm ak konpay li t ap anseye. Li te di lanmou li pou fanmi Norman ak jan li te pwòch yo epi li te di konbyen li te desi lè fanmi Norman te sispann envestige sou legliz la.

Konpay mwèn avèk mwèn nou te chèche konn kote fanmi Norman te abite epi yo te resevwa nou avèk anpil chalè. Yo te aksepte envitasyon nou pou yo te tandè levanjil retabli a ankò. Mwèn pa t konnen ki diferans ki te genyen fwa sa a, men yo te reyèlman pare pou aksepte mesaj nou an. Tout fanmi an te batize epi konfime.

Aprè eksperyans sa a, mwèn t ap panse sou kèk lòt ansyen envestigatè sè m nan te an kontak yo. Mwèn te panse, “Si sa mache pou fanmi Norman, petèt sa ap mache pou lòt moun li te anseye yo tou.” Mwèn te deside ekri sè m nan sou ide pou m kontakte lòt moun li te anseye. Li te ale nan jounal li epi li te voye non lòt ansyen envestigatè yo nan zòn nan.

Konpayon m avèk mwèn nou te pase semèn apre a ap kontakte moun sa yo. Sa k te fè nou kontan sèke prèske mwatye nan moun sa yo te aksepte yon envitasyon pou tandè levanjil retabli a ankò. Gen menm plizyè nan gwoup la ki te batize epi konfime. Pandan nou t ap rankontre avèk ansyen envestigatè sa yo, nou te mande yo referans zanmi yo ak relasyon yo tou ki ka entere nan mesaj nou an. Kòm rezilta, nou te jwenn moun anplis pou n te anseye. Sete epòk mwèn te pi okipe nan misyon mwèn.

Aktivite: Etid avèk konpayon

- Chèche idantifye tout ansyen envestigatè ki nan liv zòn ou yo.
- Planifye pou w kontakte otan sa posib nan 24trè.

Jwenn moun pa pwòp efò pa ou

Chèche fòtifye lafwa ou ke Bondye ap prepare pitit li yo pou yo resevwa mesaj Retablisman an. Si ou fè tout sa ou kapab sou gidans Sentespri a pou w jwenn moun pou w anseye, Senyè a ap plase moun sa yo sou wout ou.

Gen anpil fason onorab pou w jwenn moun ki prepare pou levanjil retabli a. Ou bezwen fè tout sa ou kapab pou w ka sou chemen moun sa yo ki ap prepare yo. Misyonè yo twouve ke ide sa yo ede yo jwenn moun pou yo anseye pa pwòp efò pa yo. Pandan w ap gade lis la, fè plan pou w eseye kèk nan ide ki nouvo pou ou yo. Lis sa a ap sèvi ou kòm yon pwèn pou derape tou pandan w ap panse sou lòt bon fason pou w jwenn moun pou w anseye.

- Travay avèk evèk la ak konsèy pawas la pou w idantifye epi kontakte moun ki fèk fè yon pitit, ki fèk bwote vin nan zòn nan, oubyen ki te gen lanmò nan fanmi yo.
- Chèche opòtinite pou w ofri sèvi ou.
- Anseye manm yo mesaj Retablisman an—manm aktif ak manm mwens aktif enkli, ansanm avèk nouvo konvèti yo, ak fanmi ki an pati manm yo. Mande yo pou yo prezante ou moun ou ka anseye.
- Ranje pou w fè kwendfe pou manm yo pou yo ka mennen zanmi yo oubyen kote w ap ka anseye levanjil la epi mande referans.
- Ofri pou w anseye moun yo kijan pou yo fè sware famiyal.
- Ofri pou w mennen moun ou rankontre yo vizite chapèl kote ou ye a.
- Ofri pou w ranje yon reyinyon avèk evèk la.
- Envite moun yo pou yo vizite sit www.mormon.org a.



- Òganize yon klas etid ekriti.
- Fè kou Anglè antanke dezyèm lang.
- Envite moun ki gen laj yo pou yo ale nan seminè oswa enstiti.
- Ale frape pòt kay yo oubyen pale avèk moun nan lari yo.
- Itilize kat legliz yo, DVD yo, videyo, ak bwochi.
- Chèche referans nan men investigatè douran yo, nan men ansyen investigatè yo, manm ki mwens aktif yo, Èldè k ap prepare yo, ak tout moun ou rankontre.
- Kowòdone avèk reprezantan zafè piblik legliz yo ki nan zòn ou an pou w jwenn opòtinite pou w jwenn atik yo pibliye yon jounal lokal sou sèvis misyonè.
- Envite moun yo nan reyinyon legliz yo, nan aktivite legliz yo ak pòt ouvèt yo.
- Envite yo nan sèvis batèm yo. Bagay sa yo ap bay yon bon entwodiksyon nan legli zla epi yo founi bon okazyon pou investigatè yo santi enfliyans Lespri a.

Mache ap fè byen

Lafwa ou pou w jwenn mou pou w anseye demontre atravè aksyon w yo. Pandan ministè mòtèl li, Sovè a “Li te pito tounen yon sèvitè” (Filip 2:7). Li te mache tout kote “ap fè byen” (Travay 10:38) epi “ap preche levanjil la” (Matye 4:23). Si ou suiv egzanp sa a, w ap jwenn moun ki ap resevwa ou.

Atravè sèvis, ou menm avèk moun ki prepare pou levanjil retabli a mache ansanm nan yon fason puisan, enspiran. Bon travay ou ap ede yo rekonèt ou antake sèvitè Bondye epi ap dirije ou nan opòtinite pou anseye levanjil retabli a.

Anpil nan eksperyans kèk misyonè avèk sèvis anvan misyon yo gen ladan yo “pwojè sèvis” tankou, ede moun bwote, sèvi yon yon fèm legliz la, oubyen pwòpte yon lakou. Antanke misyonè, w ap ofri sèvis planifye tankou sa chak semèn (gade *Manyèl Enstriksyon Jeneral pou Misyonè* yo, si w bezwen enfòmasyon anplis.



Kalite sèvis ki dekri nan seksyon sa a santrè sou opòtinite ki pa planifye. Kalite sèvis sa a gen ladan koute Lespri a pou rekonèt opòtinite pou aksyon jantiyès senp, piti ou ka ofri pitit Bondye yo. Priye epi enfòmè ou sou opòtinite pou w fè byen chak jou yo. Pandan w ap chèche fè byen, w ap dirije vè moun ki ap prepare pou levanjil retabli a.

Pandan w ap li istwa sa a, note kijan misyonè yo “te fè byen” epi te preche levanjil la.

Pablo te vini nan klas Anglè nou an regilyèman chak semèn. Li sete yon mesye ki te retirete ki t ap aprann anglè pou ede kenbe lespri li lwen sou li pou madanm ni ki te malad. Yon semèn li te sispann vini. Okenn moun pa t sanble yo te konnen poukisa. Apeprè yon mwa apre, li te retounen. Li te parèt diferan. Li te megri, epi li te parèt deprime. Li pa t patisipe nan klas jan l te konn fè anvan an, epi li te kite klas la anvan nou te gen tan pale avèk li.

Nan semèn apre a, konpayon m avèk mwen nou te priye pou Pablo te retounen vini nan klas la pou nou te kapab pale avèk li. Priyè nou yo te reponn paske li te vin nan pwochen klas la. Pandan nou t ap pale avèk li apre klas la, li te di nou ke madanm ni te mouri. Li te pale nou yon ti kras sou eksperyans li, epi nou te prezante l senpati nou. Nou te di li ke nou te vle ede li konprann kijan li ka avèk madanm ni ankò. Li te leve tèt li, li te gade m nan je, epi avèk dlo tristès ak kòlè li te di, “Si ou reyèlman vle ede mwen, ou ta vin lakay mwen epi ede m mete lavi m annòd ankò. Èske se pa sa misyonè yo fè? Mwen bezwen èd pou m mete kay mwen ak zafè mwen annòd.”

Nòt

Nou te etone epi touche pa kòmantè Pablo yo. Nou te ofri èd nou pou nenpòt sa li te bezwen. Mwen panse ke se nan moman sa a li te kòmanse kwè nan entansyon nou. Li te di nou pou nou rive lakay li nan demen pou ede li koupe pyebwa l yo. Nou te ale lakay li nan lè a epi nou te kòmanse travay bò kote li. Nan epòk li t ap pran swen madanm ni yo, li te neglije travay nan lakou l la ak lakay li. Te gen anpil travay pou nou twa a te fè. Sa te vin tounen yon eksperyans yon semen sèvis lakay li. Nou te koupe pyebwa yo, taye gazon, epi keyi fwi. Nou pa t ko kòmanse anseye—chak fwa nou te eseye kòmanse, li te prese fini konvèsasyon nou. Li te pi konfòtab lè nou te pale sou lavi li ak fanmi li. Pou pifò, nou te senpleman ap koute.

Aprè apeprè yon mwatye edmi, Pablo te etone nou lè l te mande, “Èske m ap reyelman wè madanm mwen ankò?” Ak kè kontan nou te reponn ni wi. Nou te temwaye sou fanmi etènèl epi nou te eseye reponn kesyon l yo pi byen nou te kapab.

Nou te anseye Pablo plan Sali a. Li te touché pa doktrin nan. Anvan nou te ale li te gen yon lis kesyon li te vle nou reponn, tankou, “Èske madanm mwen ap gen yon kò lè m ap wè l ankò?” ak “Èske nou pap souffri maladi ak doule ankò?” Nou te reponn kesyon l yo epi nou te pran yon lòt randevou pou nou te pale sou prensip levanjil retabli Jezikri a yo.

Yon ti bout tan apre, aparans Pablo te chanje. Li te souri pi souvan epi li te parèt pi anpè. Vrèman li te “espere pou yon pi bon mond” (Etè 12:4). Sèvis nou te ede li kwè nan bagay nou te anseye yo.

Aktivite: Etid pèsonèl ak etid avèk konpayon

- Nan ki fason misyonè yo nan istwa sa a te “fè byen”?
- Ki wòl sèvis te jwe nan desizyon Pablo pou yo te anseye li levanjil la?
- Èske ou chèche opòtinite pou w fè byen chak jou? Èske w ka amelyore ou nan domèn sa a?

Ekri nan journal etid ou oubyen diskite avèk konpayon ou fason ou ka fè plis byen pou jounen an pou w jwenn plis moun pou anseye.

Kwè ke y ap plase moun ki ap prepare pou resevwa mesaj Retablisman an sou wout ou. Bondye ap plase ou kote bon aksyon w yo ak bon pawòl ou yo ap prepare moun pou resevwa misyonè yo ak manm legliz yo. Nan tout efò ou pou jwenn moun, priye epi chèche opòtinite pou w sèvi, ede, epi elve lòt moun. Pandan w ap sèvi, pale avèk chak moun w ap rankontre. Gen lafwa ke ou kapab pataje levanjil retabli a.

Nan tout fason w ap sèvi, ou dwe fè sa paske ou renmen frè ou ak sè w yo epi konsa ou espere, priye, epi onètman vle anseye yo levanjil retabli a.

“Èske ou vle gen kè kontan? Bliye tèt ou epi lage ou nan gran kòz sa a. Bay efò ou nan ede moun. . . . Kanpe pi wo, elve moun ki gen jenou k ap febli yo, lonje lamèn bay moun ki bese men yo. Viv levanjil Jezikri a.”

— PREZIDAN GORDON B. HINCKLEY
TEACHINGS OF GORDON B. HINCKLEY, 597



Direksyon**Sonje direksyon sa yo pandan w ap chèche fè byen:**

- Rete avèk konpayon ou.
- Prezève nati sakre apèl ou.
- Kenbe règ misyonè yo, epi pa bay ni itilize lajan ou.
- Gade nan *Manyèl Enstriksyon Jeneral pou Misyonè* yo pou w ka jwenn direksyon pou sèvis kominotè chak semèn.

Etid ekriti**Ki wòl sèvis te jwe nan lavi Sovè a?**

3 Nefi 17:7, 21

Matye 9:1–8

Jan 4:46–54

Matye 8:1–4

Mak 1:21–28

Ki wòl sèvis te jwe nan misyon Ammon ak Aaron?

Alma 17:19–25

Alma 18:8–10

Alma 22:3

Kisa Senyè a mande nou pou nou fè?

3 Nefi 27:21

Okenn efò pa pèdi

Lè moun yo chwazi pou yo pa envestige levanjil retabli a, travay ou pa pèdi. Efò konsistan ou nan sèvi ak anseye otan moun ou kapab se youn nan fason Bondye prepare pitit li yo pou yo evantyèlman resevwa sèvitè l yo. Li souvan lonje lamèn bay pitit li atravè ou menm. Menm lè moun yo pa aksepte opòtinite pou aprann levanjil la, sèvi sou ak pawòl ou yo se evidans lanmou Bondye pou yo epi sa ka plante semans ke fiti misyonè yo ak manm yo apral rekòlte.

Lè moun yo pa aksepte levanjil la, pa dekouraje. Ou te leve yon vwa avètisman. Ou te bayo yon chwa ki klè. Disip Kris yo santi regrè lè moun chwazi pou yo pa repanti, men yo kenbe yon vizyon sou kiyès yo ye ak sa y ap fè. Yo kontinye avanse devan avèk dilijans.

Sonje sa

- Bati legliz la nan jwenn “moun ki vle resevwa ou” (D&A 42:8).
- Chèche epi suiv Lespri a lè w jwenn moun.
- Moun nan zòn ou yo ap prepare pou yo resevwa levanjil retabli a.
- Manm legliz yo—ladan yo moun ki aktiv, mwens aktiv, fiti èldè yo, ak nouvo konvèti yo—se pi bon resous pou w jwenn moun pou w anseye, batize, epi konfime.
- Devlope yon relasyon solid avèk evèk la ak manm yo.
- Anseye lè ou jwenn, epi jwenn lè ou anseye.
- Pran konsyans opòtinite pou jwenn ki pa planifye yo.
- Priye pou w jwenn opòtinite pou w fè byen epi pou w preche mesaj Retablisman levanjil Jezikri a.
- Gen anpil fason pou w jwenn moun pou w anseye. Evite santre sou sèlman youn oubyen de apwòch.

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsònèl

- Li lèt sa a youn misyonè te voye bay paran li: “Mwen te anseye yon fi mèveye nan yon bis. Nou t ap retounen soti nan yon reyinyon distri, epi sete sèl plas vid ki te genyen konsa mwen te chita epi mwen te kòmanse gade lèt mwen te resevwa yo. Natirèlman, premye mwen te li a sete pa nou an, avèk foto Evan ti bebe yo. Mwen te remake ke je ki te tou pre m yo t ap gade foto yo tou, epi mwen te leve tèt mwen epi je m te kwaze je yon granmoun fi. Li te fè m yon souri amwatye epi li te vire gade nan vit la. Apre sa li te fèmen je li kòm si li ta pral dòmi. Mwen te priye, ‘Papa nou ki nan Syèl la, mwen anvi pale avèk li. Tanpri ede mwen.’ Yon minit apre li te louvri je li epi li te gade m dwat, epi mwen te di byen vit, ‘Èske ou pa panse li bèl?’ Mwen te montre li foto Evan yo epi mwen te kòmanse pale avèk li sou fanmi. Mwen te mande li pou pitit li, epi dlo te vini nan je li epi li te rakonte kijan pitit fi li te rayi li epi pa t vle gen okenn rapò avèk li. Li te kriye epi mwen te kriye avèk li. Mwen te pale sou plan sali a ak fason Papa nou ki nan Syèl la konnen li epi konnen sa l ap travèse yo. Mwen te kriye epi mwen te di li ke mwen konnen pitit fi l la renmen li paske mwen se yon pitit fi yon manman ki renmen mwen, epi ke m renmen. Mwen te eksplike li ke pafwa moun konn pran move desizyon epi ke pitit fi l la te gen libète li. Li te di m, pandan l t ap souri, ‘Mwen panse ou sonje manman ou anpil, epi li pap kite w ale lè l wè ou ankò.’ Li te di m mèsè paske mwen te mwen te pale avèk li epi li te banmwen adrès li pou nou te ka pataje levanjil la avèk li. Lè l t ap desann bis la, li te di, ‘Mwen te twonpe m bis, men mwen pa t desann. Pèsonn pa t janm chita bò kote m nan jiskaskè ou te rive . . . epi gade sa k rive.’ Plan Bondye pafè!”

Ki prensip nan chapit sa a ou wè nan istwa sa a? Repase chapit la epi fè yon lis nan journal etid ou. Kiyès nan prensip sa yo ou ka eseye aplike jodi a?

- Li Jan 15:12–13; 21:15–17; 1 Tesalonik 2; ak Mozya 18:8–10. Nan ki mezi ou ranpli responsablite ou pou renmen ak sèvi lòt moun yo? Nan ki fason ou ka amelyore? Ekri repons ou nan journal etid ou.
- Kijan moun yo ap fè konnen ou se sèvitè Senyè a? Pandan w ap medite sou kesyon sa a, li Mowoni 7:3–5; Matye 7:20; Jan 13:34–35. Ekri panes ou nan journal etid ou.
- Li 3 Nefi 18:31–32; Alma 8:16; Alma 24:7–8; ak Alma 32:41. Konsidere sa vèsè sa yo anseye sou travay avèk ansyen envestigatè yo. Ekri sa ou aprann nan journal etid ou epi anseye konpayon w yo.

Etid avèk konpayon

- Pandan w ap itilize plane ou, planifye pou w rankontre nouvo konvèti yo. Mande yo pou yo pataje fason yo te prepare pou levanjil la. Poze kesyon tankou: Kilè ou te premye antre an kontak avèk legliz la? Kisa ki te finalman konvenk ou pou w te rankontre avèk misyonè yo? Ekri sa ou aprann nan journal etid ou.
- Repase chak nan sijè sa yo. Itilize leson yo, prepare yon senp apwòch pou jwenn moun. Fè pratik anseye nan yon aranjman pou jwenn moun epi byen vit relye chak sijè avèk Retablisman an.
 - Santi yon bezwen pou jwenn plis direksyon ak bi nan lavi.
 - Vle pwoche pi pre Bondye.
 - Bezwen èd nan desizyon enpòtan.
- Li paj 66–68 nan *Our Search for Happiness* ak paj 59–64 nan *Vrè nan lafwa a* pou w pi byen konprann fondasyon doktrin travay istwa famiyal. Prepare yon diskou sou travay istwa famiyal, epi pataje li avèk konpayon ou.

- Imajine ou menm avèk konpayon ou transfere nan yon nouvo zòn. Ou jwenn liv zòn nan nan bon kondisyon, men ou pa gen envestigatè. Kisa ou t ap fè pou w ajoute moun nan gwoup pou w anseye yo osi rapidman sa posib? Planifye pou w eseye ide sa yo jodi a.
- Men yon ide ki te gen siksè pou plizyè misyonè ak manm. Li epi etidye ide sa a avèk konpayon ou.
 - Ede manm yo fè yon lis zanmi yo, relasyon yo, ak fanmi yo ke ou ka pataje levanjil la bay. Repase lis sa a avèk manm yo, epi, nan lapriyè, ede yo chwazi yon moun yo ta renmen prepare pou tande levanjil la.
 - Ede yo fikse yon jou kote yo pral (a) travay pou gen moun nan oubyen fanmi an prepare pou yo anseye lakay pa yo oubyen (b) fè kèk lòt aktivite pou fè zanmi pou prepare yo. Fikse yon dat ap bay manm yo yon bi epi ede yo egzèse lafwa yo.
 - Ede yo planifye sa yo pral fè ant kounyeya ak dat yo fikse a. Envi
 - Fè suivi avèk yo regilyèman pou w ede yo epi ankouraje yo. Envite yo pataje siksè yo ak enkyetid yo.

Pale sou fason ou ka aplike ide sa a nan zòn kote w ap sèvi a.

Reyinyon Distri ak Konferans zòn

- Li epi diskite seksyon “Jwenn moun atravè pwòp efò pa ou” a.
 - Diskite sou fason ide sa yo ede misyonè yo jwenn moun pou yo anseye.
 - Sou yon tablo, fè lis lòt ide pou w jwenn moun pou w anseye. Envite misyonè yo pou yo demontre ide yo.
 - Envite misyonè yo pou yo fikse bi pèsonèl pou yo amelyore efò yo pou jwenn moun.
- Kreye yon lis sityasyon pou jwenn moun.
 - Bay chak misyonè youn nan sityasyon yo. Bay chak misyonè 5 minit pou yo prepare fason yo pral anseye mesaj Retablisman an. Ba yo referans leson “Mesaj Retablisman Levanjil Jezikri a” si sa nesèsè.
 - Mete aksan sou enpòtans pou kenbe longè mesaj la apwopriye ak tan ki fikse a. Pa egzanp, misyonè yo ka pase plis tan ap anseye nan kay yon man, pase yo pase ap anseye yon moun nan yon magazen.
 - Fè otan misyonè tan an pèmèt anseye mesaj Retablisman an nan sityasyon yo asiyen an.
- Anseye prensip ki nan seksyon “Anseye lè w jwenn, jwenn lè ou anseye” a.
 - Bay chak misyonè tach pou prepare yon mesaj yon minit li ka pataje nan yon tan fikse pou l jwenn. Mesaj sa yo dwe baze sou doktrin ki nan leson misyonè yo.
 - Envite misyonè yo pou yo pratike pataje mesaj yon minit yo a avèk chak lòt. Ou gen dwa vle fikse yon varyete fiksman pou w jwenn, tankou yanseye lakay manm yo, anseye devan yon pòt, anseye sou twotwa a, oubyen kontakte yon referans. Fè yo pratike anseye nan chak fiksman sa yo.

Prezidan Misyon

- Panse sou yon egzanp travay misyonè yon manm nan fanmi ou. Pataje eksperyans ou avèk misyonè yo ak manm yo.

Nòt

- Fè rankont avèk dirijan Prètriz yo antanke pi bon mwayen pou misyonè yo jwenn moun pou yo anseye nan misyon ou
- Òganize kwendfe misyonè kote ou ka pale pale avèk envestigatè yo nan misyon w nan. Kowòdone avèk dirijan Prètriz local yo pou w rann kwendfe an disponib pou manm yo ka mennen zanmi yo. Kòm pati kwendfe sa yo, fè nouvo konvèti yo rann temwayaj yo epi rakonte istwa konvèsyon yo anvan ou pale. Santre remak ou yo sou mesaj Retablisman an.
- Pataje tablo kat jenerasyon w lan avèk misyonè yo, epi eksplike kijan ou itilize li nan efò ou pou jwenn moun.
- Tanzantan ale avèk misyonè yo pou ede yo jwenn moun pou yo anseye.



Kijan m ka amelyore talan pou anseye m yo?

Konsidere sa

- Kijan m dwe anseye nan ekriti yo?
- Poukisa m dwe poze kesyon lè m ap anseye?
- Ki kalite kesyon m dwe poze?
- Kijan m ka pi byen koute moun m ap anseye yo ak Lespri a?
- Kijan m ka ede moun yo rezoud pwoblèm yo?
- Kijan m ka ede lòt moun simonte move abitud ak depandans?

Ou aple pou w anseye levanjil retabli a bay otan moun ki resevwa ou. Anseye se santral tout bagay w ap fè. Ou devlope karaktè kreyen, etidye leson misyonè yo, amelyore kapasite ou pou pale lang misyon ou, epi konte sou Lespri a pou w anseye avèk pouvwa konvenkan. Senyè a te deklare sa trè senpleman kòm yon kòmandman avèk yon pwomès:

“Pa chèche anonse pawòl mwen an, men chèche genyen li toudabò, epi lè sa a lang ou va delye; apre sa, si ou vle, w ap gen Lespri mwen ak pawòl mwen, wi, puisans Bondye pou w konvenk lèzòm” (D&A 11:21).

“Pa sousye ou davans pou sa ou pral di; men, toujou ranmase pawòl lavi yo nan lespri ou san rete, epi pati w ap resevwa pati yo bay tout moun nan nan moman menm w ap bezwen l lan” (D&A 84:85).

Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo te deklare: “Objektif nou se anseye mesaj levanjil retabli a nan yon fason pou pèmèt Lespri dirije ni miyonè yo ni moun y ap anseye yo. Li esansyèl pou aprann [leson misyonè] yo men yo pa dwe anseye pa prezantasyon machinalman. Misyonè a dwe santi li lib pou l itilize pwòp mo pa li jan Lespri dirije li. Li pa dwe fè yon resitasyon li te aprann pa kè, men li dwe pale nan pwòp tèm pa li, soti nan kè li. Li gen dwa fè yon sòti nan leson yo, ap bay sa li enspire pou l fè, selon enterè ak bezwen investigatè a. Pandan l ap pale pa pwòp konviksyon pa li epi nan pwòp mo pa li

Nòt

Nòt

li dwe rann temwayaj sou verite ansèyman l yo.” (“Deklarasyon sou Travay Misyonè,” lèt Premye Prezidans lan, 11 Des 2002).

Aprann apiye sou Lespri a pou baou sa ou dwe di epi fè. Nan etidye, devlope, epi itilize talan pou anseye yo nan chapit sa a, w ap vin yon enstriman ki pi kapab nan men Senyè a. Lespri a ap itilize kòm yon sous konesans ak talan ou devlope yo pou ede ou anseye avèk plis puisans. Kalite ak puisans ansèyman w yo ap ede lòt moun yo konprann epi santi enpòtans levanjil retabli a genyen pou yo. Konpreyansyon yo ap enfliyanse pa merit pèsònèl ou. Konpreyansyon yo ap enfliyanse tou pa bon fason ou fikse atansyon ou sou yo, pa bon fason ou eksplike yo levanjil la, itilize ekriti yo, pataje temwayaj ou, poze kesyon, epi envite yo pou yo pran epi kenbe angajman.

Suiv Lespri a

“Lespri a se sèl eleman ki pi enpòtan nan travay sa a. Avèk Lespri k ap mayifye apèl ou, ou ka fè mirak pou Senyè a nan chan misyon an. San Lespri a, ou pap janm gen siksè *kèlkeswa* talan ou ak kapasite ou” (Ezra Taft Benson, seminè pou nouvo Prezidan Misyon yo, 25 Jen 1986).

Envite Lespri a

Men kèk sigjesyon pou ede ou envite Lespri pandan w ap anseye:

- Priye
- Itilize ekriti yo.
- Rann temwayaj.
- Pataje eksperyans.
- Ekprime lanmou ou pou Senyè a ak lòt moun.

Kijan pou w kòmanse anseye

Premye premye moman yo avèk envestigatè yo enpòtan anpil. Envestigatè yo dwe aprann gen konfyans nan ou. Kòmanse premye vizit ou nan yon fason plen chalè, plen respè, epi sense. Poze kèk kesyon senp pou ede ou konprann antesedan relijye yo ak sa y ap atann konsènan vizit ou yo. Pa egzanp, mande, “Ki wòl relijyon te jwe nan lavi ou?” Sepandan, pa poze kesyon ki pèsònèl ki ka rann yon enkonfòtab.

Anvan ou kòmanse, mande tout moun ki prezan yo pou yo vini asiste leson an. Ankouraje yo pou yo fèmen televizyon yo epi kite lòt distraksyon yo pou Lespri Senyè a pa anpeche.

Eksplike ke ou ta renmen kòmanse epi fini chak leson avèk yon priyè. Sigjere ke w ap ofri priyè pou kòmanse a. Priyè senpleman men avèk fèvè pou Senyè a beni moun ou pral anseye yo nan tout aspè lavi yo, epi espesyalman pou yo ka santi verite sa ou pral anseye yo a.

Montre enterè ak amou sensè pou envestigatè yo ak lafwa nan pouvwa konvèsyon levanjil la (gade Mowoni 7:43–48). Si Lespri gide ou, ou gen dwa ekprime panse tankou sa yo bay envestigatè w yo:

- Paske Bondye se Papa nou ki nan Syèl la, nou tout se frè ak sè. Nou ta renmen adrese ou antanke frè ak sè.
- Tout moun nou anseye gen pwoblèm ak sousi ki pèsònèl a yo menm. Kèlkeswa sa bezwen ou ak pwoblèm ou ka ye, Sovè a ak ansèyman l yo—levanjil la—ap ede ou.
- Mesaj nou ap pèmèt ou amelyore kalite lavi ou. L ap ede ou fè fas avèk pwoblèm ak difikilte nou tout fè fas nan lavi yo.
- Mesaj nou, ki santre sou Jezikri, se yon mesaj ki gen gran valè ak gran enpòtans.

- Nou tout fè erè nan lavi, epi erè sa yo kreye kilpablite ak lawont. Santiman sa yo pa ka efase san repantans ak padon. Yo ka geri konplètman gras avèk Ekspyasyon Kris la.
- Mesaj nou pa ka aprann yon sèl kou. Konpreyansyon ap vini amezi tan ap pase atravè lapriyè, etid, eksperyans, ak respekte kòmandman Bondye yo.
- Nou gen feblès, menmjan avèk tout moun. Nou gen dwa pa pale lang nan trè byen ni nou gen dwa pa kapab reponn tout kesyon ou genyen. Men nou aple pa yon pwofèt Bondye pou nou pataje sa nou konnen an. Nou konnen mesaj nou an se verite.
- W ap gide pou w ka aprann verite mesaj nou an pou tèt pa ou. Se chwa pa ou pou w aksepte epi aji selon mesaj la. Konsa, ou dwe santi ou lib pou w poze kesyon.
- Si w pa chèche sensèman pou w konprann mesaj nou an, ou gen dwa rankontre difikilte, men Bondye ap ede ou.
- Si ou aksepte mesaj nou an, w ap aprann kijan pou fè alyans, oubyen pwomès avèk Bondye. W ap aprann kijan pou w fè chanjman pou w mennen lavi ou vin nan pi bon amoni avèk ansèyman li yo. W ap anvi suiv ansèyman Jezikri yo epi batize pa bon otorite a (gade Jan 3:5).

Anvan ou anseye doktrin ki nan yon leson, panse pou w bay yon rale senp sou sa ou pral anseye yo. Ede moun yo wè ke sa ap gen enpòtans pèsònèl pou yo. Anpil nan investigatè w ap anseye deja prepare pa Senyè a (gade Alma 16:16–17). Pandan w ap pataje eksperyans espiritiyèl yo ansanm nan premye rankont lan, y ap rekonèt ou kòm sèvitè Senyè a.


Aktivite: Etid avèk konpayon

Avèk konpayon ou, fè pratik plizyè fason diferan pou kòmanse yon leson pandan n ap itilize plizyè nan sigjesyon sa yo.

Adapte ansèyman ou pou reponn avèk bezwen yo

Chak moun oubyen chak fanmi w ap anseye pa gen parèy. Menmsi ou pa konprann tout enterè, akonplisman, bezwen, ak pwoblèm yo, ou dwe chèche sansib ak sikonstans yo. Kèlkeswa bezwen yo oubyen pwoblèm yo, tout moun ap pi byen ede si yo aksepte epi viv levanjil la. W ap kapab adapte ansèyman ou pandan w ap koute chichotman Lespri yo.

Ou gen dwa chanje lòd leson yo si ou enspire pou w adapte yo avèk enterè ak bezwen investigatè yo. Ou gen dwa itilize plis pase yon rankont pou w anseye prensip ki nan yon leson, epi pafwa, ou ka anseye kontni de leson nan yon sèl rankont. Papa nou ki nan Syèl la konnen pitit li, konsa konte sou enspirasyon pou w ka pran desizyon sa yo lè w ap anseye. Priye pou w gen don disènman, epi pote atansyon ak panse ki vini nan lespri w yo oubyen santiman ou genyen sou sa w ap anseye a.



Nòt

W ap bezwen adapte ansèyman ou bay angajman ki pi difisil pou investigatè yo kenbe yo plis atansyon. Pa egzanp, yon moun ka fasilman aksepte ke Liv Mòmou an se pawòl Bondye, pandan ke yon lòt ka ap lite pou l aksepte tout lòt bagay ki pa Bib la. Yon moun ka gen pwoblèm pou l kite fimèn men li tou pare pou aksepte lwa dim nan.

Pandan w ap planifye pou w anseye kèk doktrin, rete sansib sou kantite enfòmasyon w ap pataje. Anseye ak yon vitès ki apwopriye pou investigatè yo. Gen kèk ki ap pwogrese pi vit oubyen pi lan pase lòt. Fè si ou poze ase kesyon epi koute repons yo avèk swen pou ou ka gen yon bon konpreyansyon sou fason vit epi byen investigatè a ap aprann epi aplike doktrin ou prezante yo.

Kontwòlè lè a. Pifò randevou pou anseye pa dwe dire plis ke 45 minit. Sepandan, yon vizit ka fini nan 15 oswa 20 minit si nesèsè. Si moun nan gen sèlman 15 minit pou l rankontre ou, ajiste ansèyman ou pou w respekte limit sa a.

Kwè nan pwomès ke Lespri a ap di ou “sa pou w di a, nan lè a, wi, nan moman menm w ap bezwen di li” (D&A 100:6).

Aktivite: Etid pèsònèl

Imajine w ap mache nan lari a epi ou wè yon granmoun gason ki ap lite pou l mete kès sache lou nan yon poubèl. Ou menm ak konpayon ou ede li, api kòm rezilta li mande ou kiyès ou ye. Apre kèk pale li envite ou vin lakay li epi li dakò pou l koute mesaj ou a. Pandan premye konvèsasyon an li di ou ke:

- Madanm ni te mouri sa gen ennan, epi li reyèlman sonje li.
- Li fatige fasilman akòz yon maladi kè.
- Plis pase anvan kounyeya l ap mande l si Bondye egziste.

Kisa ou ta ka anseye li? Nan ki fason ou ka ajiste ansèyman ou pou l pi byen reponn avèk bezwen li ak sousi l yo?

Etid ekriti

Kisa sa vle di bay “y ap ba ou pati yo bay tout moun nan”?

Alma 29:8

D&A 84:85

Kisa Senyè a pwomèt misyonè fidèl yo?

D&A 68:2–4

D&A 100:5–8

Matye 10:19–20

Anseye avèk konpayon ou nan inite

Senyè a kòmande ou, “Wa prale avèk puisans Lespri mwen, ap preche levanjil mwen an, de pa de” (D&A 42:6). Ansèyman ou ap pi puisan epi pi enteresan si ou menm ak konpayon ou nou travay ansanm nan inite. Pandan w ap planifye etid ou chak jou, pale sou fason wa pral anseye pou nou ka ini epi anseye avèk yon sèl vwa.

Ansèyman ou ap pi puisan si ou menm ak konpayon ou nou chak pran tou pa nou pou anseye leson an youn apre lòt. Evite tonbe nan yon woutin lè w ap prezante mesaj la. Bay konpayon ou sipò nan ofri



yon dezyèm temwayaj sou verite li temwaye yo. Suiv enpresyon ou lè Lespri a chichote ou sa pou w di. Antanke konpayon, pare pou youn sede devan lòt pou nou pa jennen gidans Lespri a. Lè w ap pale, kenbe kontak je avèk envestigatè a. Lè ou pap pale, priye pou konpayon ou epi byen obsève repons envestigatè yo.

Etid ekriti

Kijan yon konpayon sipòte lòt?

Alma 12:1

D&A 42:6

D&A 52:9–10

Envite manm yo pou yo ede ou anseye

Chak fwa sa posib, envite manm yo, de preferans nouvo konvèti yo, pou yo ede ou anseye. Sityasyon ideyal la se enkli manm legliz ki te apatni ak menm legliz avèk envestigatè yo. Montre manm yo yon kopi leson an, epi diskite sou sa ou vle yo anseye. Diskite sou fason pou nou travay ansanm. Pa egzanp, fè manm nan pataje fason li te kapab aprann, aksepte, epi viv yon prensip patikilye nan leson an, si sa apwopriye. Fè yo eksplike kijan yo te pran desizyon pou antre nan legliz la. Lè manm yo ansanm nan anseye, y ap gen opòtinite pou yo santi lafwa travay misyonè a. Sa ap bay envestigatè a zanmi tou. Prezidan Thomas S. Monson te anseye:

Pandan pwosesis ansèyman an envestigatè yo ka benefisye nan fòs temwayaj yon koup ki manm ki fèk sot pase etap batize epi vin manm legliz la. Nan Misyon Kanadyen an nan Ontaryo ak Kebèk, kote fanmi nou te viv lè m te Prezidan Misyon an, nou te twouve ke majorite popilasyon an te apatni ak petèt twa legliz ki pi dominan yo: Katolik Womèn, Anglikan, ak Legliz Ini Kanada a. Nan chak vil misyon an nou te aranje nou pou yon fanmi nouvo batize ki soti nan chak fwa sa yo disponib pou misyonè ki te nan pwosesis anseye envestigatè yo, pou ke yon koup manm konsa ka akonpaye ekip misyonè a nan petèt de oubyen twa vizit.

Èske w ka apresye, pa egzanp, lè misyonè yo ap travay avèk moun nan Legliz Ini Kanada yo, fòs temwayaj Frè ak Sè William Stoneman, ki te soti nan Legliz sa a. Frè Stoneman, yon enprimè, te di, "Lè m te antre nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, mwen te chèf enprimè pou Legliz Ini an. Mwen te pèdi djòb mwen. Mwen te jwenn yon pi bon. Men sa ki pi enpòtan, mwen te jwenn laverite nan tout totalite li. Ou menm tou ou ka fè ajisteman an. Ou menm tou ou ka pran menm desizyon an. Anfèt, kite nou pase chèche ou pou mennen ou legliz Dimanch maten pou nou ka chita ansanm nan legliz la. Lè sa a w ap ka tandè epi santi pa ou menm. N ap chita bò kote ou."

Anthony ak Edith Belfiglio te vin yon gwo koup zanmi pou moun ki te nan Legliz Katolik Womèn yo. Rezilta a te menm. Sa ka fèt. Epi kalite konvèti sa yo rete konvèti. Anplis, koup ki chwazi pou ranpli tach sa a mete pwòp rasin pa yo pi fon toujou nan sòl rich levanjil la. Frè Stoneman ak Frè Belfiglio te vin òdone patriyach. Efd konbine manm yo ak misyonè yo nan yon koperasyon konsa mennen gran kantite nanm presye nan legliz la (emisyon fòmasyon pa satelit pou misyonè yo, 25 Avr 2003).

Aktivite: Etid pèsònèl

Imajine ou gen yon premye randevou pou w anseye yon fanmi yon leson lakay yon manm. Deside ki fason w ap prepare chak nan manm sa yo pou ede ou anseye:

- Yon misyonè pawas ki fèk retounen soti nan yon misyon ap lentan.
- Yon prèt.
- Yon nouvo konvèti.
- Evèk la.

Itilize ekriti yo

Ekriti prensipal legliz la yo se sous debaz pou anseye levanjil retabli Jezikri a. Ou gen dwa itilize pawòl pwofèt vivan yo tou. Gen anpil rezon ki fè li vital pou w itilize ekriti yo kòm baz pou ansèyman ou. Pa egzanp:

- Senyè a ak pwofèt li yo enstwi nou pou nou fè sa (gade D&A 42:12, 56–58; 71:1). Yon pwofèt dènye jou te konseye, “Pawòl ak fason yo te ilize nan Liv Mòmmon an pa Senyè a . . . dwe itilize pa nou nan ansèyman prensip levanjil yo” (Ezra Taft Benson, “The Book of Mormon and the Doctrine and Covenants,” *Ensign*, Me 1987, 84).
- Ekriti yo envite Sentepri a nan ansèyman nou. Yo anseye pawòl Bondye avèk puisans. (gade Alma 31:5).
- Ekriti yo reponn gwo kesyon nanm yo (gade 2 Nefi 32:3; Jakòb 2:8).
- Ekriti yo bay ansèyman ou otorite ak validite, menm nan zòn ki gen yon antesedan kreyen.

Kapasite ou pou anseye avèk puisans nan ekriti yo soti an grand pati nan tan ou pase pèsònèlman ap etidye yo. Pandan w ap fete avèk pawòl Kris yo chak jou, kapasite ou pou anseye nan ekriti yo ap amelyore. Anplis, envitasyon ou pou etidye epi medite ekriti yo ap pi puisan paske w ap fè menm bagay la tou nan lavi ou. Ede moun yo akèri lafwa nan ekriti yo—patikilyèman nan Liv Mòmmon an—kòm sous verite revele a. Lè moun yo vin kwè nan ekriti yo, w ap pi byen kapab ede yo konprann doktrin yo kòrèkteman. Men kèk sigesyon ki ka ede.



Entwodui ekriti a. Dekri antesedan ak kontèks pasaj w ap itilize a brèfman.

Envite investigatè a pou l gade pwen patikilye yo nan pasaj la. Lè w ap anseye moun ki gen yon konesans limite nan ekriti yo, ou gen dwa bezwen kòmanse dekri kontni yon pasaj, kote w ap itilize langaj y ap konprann. Men kèk egzanp pou w entwodui yon ekriti:

- “La a nan istwa Joseph Smith la nou gen pwòp pawòl Joseph ki ap rakonte sa k te rive li lè l te ale nan boskè a pou l te priye. Li di, ‘Mwen te wè yon kolòn limyè . . .’ ”
- “Nan pasaj sa a pwofèt Alma ap anseye moun ki pòv yo pou yo egzèsè lafwa nan pawòl Bondye a. Li konpare pawòl Bondye a avèk yon semans ki ka plante nan kè nou. Èske w ka kòmanse li vèsè. . . ”

Li pasaj la Li vèsè yo fò oubyen mande investigatè a pou li yo fò. Se pou ou sansib ak moun k ap lite pou yo li yo. Si yon pasaj difisil pou yo konprann, li li avèk yo avèk swen epi ede yo konprann pwen ki pi difisil yo. Oubyen bayo yon pasaj ki pi senp pou yo li. Ou gen dwa defini mo oubyen fraz difisil yo:

- “Se pou li mande Bondye, ki bay tout moun san mezire epi pou granmesi; [‘san mezire’ vle di ke Bondye pap gade ni blam ni fot] epi Bondye va ba li li.” (Jak 1:5).

Gen kèk pasaj ekriti ki klè epi ki pa bezwen eksplikasyon. Pou lòt yo ou gen dwa pran tan pou w eksplike sa ki li a.

Aplike ekriti a. “Konpare” ekriti yo avèk ou menm epi avèk envestigatè yo kote w ap montre kijan prensip yo enpòtan jodi a (gade 1 Nefi 19:23). Montre envestigatè yo kijan yo ka aplike prensip yo nan lavi yo. Pandan y ap fè sa, y ap vin konnen ke doktrin nan vrè. Rann temwayaj ou sou prensip la, epi pwomèt yo benediksyon yo. Pa egzanp:

- “Pèp Alma a, menmjan avèk ou, te gen gwo fado lou plase sou yo, prèske plis pase sa yo te ka pote. Men pandan yo te egzèse lafwa yo epi yo te ‘kriye bay Bondye avèk tout fòs yo.’ Li te bayo fòs pou yo te ka andire pwoblèm yo epi apre sa li te delivre yo soti nan eprèv yo. Menmjan li te fè pou moun sa yo, mwen konnen Bondye ap ede ou nan eprèv ou yo si ou . . .”
- “Enstriksyon Alma te bay moun yo nan dlo Mòmmon yo aplike pou nou jodi a. John, èske ou pare pou w . . .”

Moun w ap anseye yo ap grandman diferan nan fason yo wè tèks sakre yo, nan fason yo familye avèk Bib la, fason yo byen konprann langaj ekriti yo, ak fason pwofon yo kwè ke Bib la gen pawòl Bondye ladan. Ede tout envestigatè yo vin gen yon apresyasyon pou ekriti yo. Si ou itilize ekriti yo efikasman nan ansèyman ou, ou ka ede yo kòmanse etidye ekriti yo poukont yo. Apre chak vizit, sigjere chapit oubyen vèsè espesifik pou yo li. Ou gen dwa bayo kesyon pou yo konsidere pandan y ap li a, ke ou ka diskite nan pwochen reyinyon ou. Sa ap ankouraje yo pou yo etidye ekriti yo chak jou lakay yo epi pou yo patisipe nan reyinyon legliz yo ak klas yo kote yo itilize ekriti yo.

Rega kiltirèl sou ekriti yo

Pifò relijyon gen tèks sakre oubyen liv ekriti, men itilizasyon yo ak pèsèpsyon yo ka diferan de fason manm legliz yo konsidere ekriti yo. Pa egzanp, ou ka bezwen eksplike ke make ou make ekriti yo se prèv ki montre dezi ou pou w konprann epi aplike ansèyman ekriti yo; se pa yon mank respè. Ede moun w ap anseye yo konprann ke liv kanonik yo enpòtan paske yo gen pawòl Senyè a jan li ekri pa pwofèt Bondye yo epi nou aksepte yo antanke verite.

Aktivite: Etid avèk konpayon

Repase youn nan pasaj sa yo. Chèche konnen kijan ou ka:

- Entwodui pasaj la.
- Eksplike fon an ak kontèks la.
- Li pasaj la epi eksplike sans li.
- Explike mo difisil yo.
- Ede envestigatè yo aplike li nan lavi yo.

Paj tit Liv Mòmmon an; 3 Nefi 11; Mowoni 10:3–8; Jan 17:3; Women 8:16–17; 1 Korentyen 15:29; Jak 1:5; 1 Pyè 3:19–20; Amòs 3:7

Etid ekriti

Poukisa li enpòtan pou w anseye nan ekriti yo?

1 Nefi 19:23

D&A 20:7–12

2 Timote 3:15–17

2 Nefi 4:15–16

Anseye pou konpreyansyon

Moun ka pi byen kwè mesaj Retablisman levanjil la lè yo konprann mesaj la. Prezidan James E. Faust te di: “Etidye, medite, epi anseye nan ekriti yo, espesyalman nan Liv Mòmmon an ak Nouvo Testaman an. Konnen verite a si byen ke ou ka deklare li klèman. B. H. Roberts te ekri, ‘Pou li ka koni, verite a dwe deklare epi toutotan deklarasyon an pi klè epi pi konplèt, Sentespri a ap gen opòtinite pou temwaye bay nanm lèzòm ke se verite.’ [New Witnesses for God, 3 vols. (1909), 2:vii]. Ou pa ka konvèti moun si ou menm ou pa konvèti” (“What I Want My Son to Know before He Leaves on His Mission,” *Ensign*, Me 1996, 41).

Yo kòmande ou pou ou rezon avèk ekriti yo epi eksplike yo lè w ap anseye (gade D&A 68:1). Eksplike vle di devlope epi ekplike klèman. Eksplike levanjil la vle di ou eksplike sans doktrin yo ak pasaj ekriti yo senpleman epi klèman, repose sou Lespri a pou gide sa w ap di yo. Ou itilize langaj ki diy men ki fasil pou konprann pou w ka ede moun yo konprann prensip doktrinal la. Ou poze kesyon pou ede yo reflechi sou prensip yo ap pou w wè si yo konprann epi aksepte sa ou anseye a.

Nan fen chak nan premye twa leson yo nan chapit 3 a gen yon lis mo ki gen dwa pa familye pou moun w ap anseye yo. Yon pati ansèyman pou konprann nan se fè si ke ou eksplike mo yo, fraz yo, ak ide yo pou lòt moun ka konprann ou pi byen. Ou ka amelyore abilite ou pou eksplike levanjil la lè ou:

- Konprann pawòl w ap itilize yo.
- Defini mo lòt moun yo gen dwa pa konprann yo. Anpil mo ki siyifi bagay espesyal pou manm legliz yo defini senpleman nan Guide des Ecritures la ak nan liv *Vrè nan lafwa* a.
- Poze moun yo kesyon tankou, “Èske ou konnen sa nou vle di lè nou di . . . ?” oubyen “Èske w ka repete sa nou fèk pale a nan pwòp mo pa ou?”

Pandan w ap etidye doktrin nan nan chapit 3 a, idantifye yon mo ou panse ki ka difisil pou yon investigatè konprann. Pandan w ap etidye chapit la, pran nòt sou mo, fraz, ak ide ke investigatè yo gen difikilte pou konprann. Defini mo sa yo pandan w ap itilize resous yon bay anlè yo. Teste definisyon yo avèk investigatè yo ak nouvo konvèti yo.

Etid ekriti

Poukisa nou dwe entèprete oubyen eksplike doktrin yo avèk swen?

Mozya 8:3	Alma 12:1	D&A 68:1–5
Mozya 27:35	3 Nefi 26:1	D&A 71:1

Nan ki fason nou aprann? Poukisa li enpòtan pou nou devlope oubyen gradyèlman devwale enfòmasyon an?

2 Nefi 28:30 Jakòb 4:13	Mozya 2:9	D&A 98:11–12
----------------------------	-----------	--------------

Poukisa senplisite enpòtan?

2 Nefi 25:4, 7, 28 2 Nefi 32:7	Alma 13:23	Nehemi 8:8
-----------------------------------	------------	------------

“Se vrè entelijans lè yon moun pran yon sijè ki gran epi misterye nan li menm, epi li devlope li epi senplifye li pou menm yon timoun ka konprann ni.”

– PREZIDAN JOHN TAYLOR
THE GOSPEL KINGDOM, SEL. G. HOMER DURHAM (1943), 270

Nan ki fason Senyè a kominike avèk pitit li?

2 Nefi 31:3

D&A 1:24

Poze kesyon

Jezikri te poze kesyon souvan pou l te ka ede moun yo medite epi aplike prensip yo. Kesyon l yo panse, chèche, ak angajman

Bon kesyon ap ede ou konprann enterè, sousi, oubyen kesyon lòt moun yo genyen. Yo ka amelyore ansèyman ou, envite Lespri a, epi ede investigatè w yo aprann.

Move kesyon ka entimide, irite, oubyen ofanse investigatè yo. Yo ka lakoz ou pèdi kontwòl sityasyon ansèyman an toul. Eseye poze kesyon ki:



- Senp epi fasil pou konprann.
- Ede moun reflechi sou sa w ap anseye a.
- Ede ou detèmine si investigate a byen konprann sa w ap anseye a.
- Ede moun aplike sa yo aprann.

Pandan ke moun w ap anseye yo ap reponn kalite kesyon sa yo, y ap santi ke yo ka pale ouvètman. Bon kesyon ka mennen investigatè yo poze ou kesyon lè yo pa konprann, lè yo gen yon pwoblèm, oubyen lè yo vle konnen sa pou yo fè. Bon kesyon ka ede moun w ap anseye yo pataje santiman yo epi lè yo fè sa y ap dekouvri yon temwayaj k ap grandi. Egzanp kesyon ki efikas gen ladan yo:

- Ki kesyon ou genyen sou sa nou anseye yo?
- Èske ou kwè ke Papa nou ki nan Syèl la renmen ou? Poukisa?
- Nan ki fason nou pafwa fè menm erè avèk moun yo ki nan istwa sa a?

Pou ede moun w ap anseye yo prepare pou reponn kesyon yo, ou gen dwa di, "Pandan m ap eksplike enpòtans pou sannktifye Jou Saba a, mande tèt ou, 'Kisa kòmandman sa a vle di pou mwen?' " Evite poze kesyon ki:

- Gen plis pase yon ide.
- Gen rapò avèk doktrin ou pa ko anseye.
- Pa gen yon bi ki klè.
- Entèwoje epi ki endiskre san nesosite.

Poze twòp kesyon, espesyalman nan premye vizit ou, bay enpresyon ke w ap fè yon "entèwogasyon." Pa mande investigatè yo pou yo bay repons patikilye sou detay ki pa enpòtan oubyen ki pa evidan. Sa ap fè yon bon anviwonman pou ansèyman vire tounen yon jwèt devinèt. Lè ou bezwen yon repons patikilye, li pi bon pou w poze yon kesyon sou li oubyen prezante enfòmasyon an nan yon lòt fason. Evite poze kesyon ki ka anbarase

Nòt

moun si yo pa konnen repons yo. Kesyon yo pi itil lè yo poze apre ou fin anseye epi rann temwayaj ou sou yon prensip kle. Men kèk egzanp kesyon ki mwens efikas:

- Kiyès ki te premye pwofèt? (Poze anvan ansèyman sou dispansasyon yo.)
- Nan ki fason kenbe kò nou pi ede nou gen Lespri a epi montre ke nou pare pou n suiv yon pwofèt Bondye? (Plis pase yon ide.)
- Èske li enpòtan pou n konnen kòmandman Bondye yo? (repons wi-non epi twò evidan.)
- Kijan ou santi ou konsènan Liv Mòmmon an? (Anvan yo li li.)
- Kisa nou ka fè chak jou ki ap ede nou santi nou pi pre Bondye? (Kesyon vag ki ap chèche yon repons patikilye: priye.)
- Kiyès ki te pwochen pwofèt apre Noye? (Ou mande yo pou yo devine.)

Aprann poze kesyon jan Lespri a dirije ou. Bon kalite kesyon nan bon moman an ka grandman ede moun w ap anseye yo aprann levanjil la epi santi Lespri a. Menmjan tou, move kalite kesyon oubyen yon kesyon nan move moman an ka kontrekare aprantisaj la. Poze kesyon ki apwopriye nan bon moman an mande ke ou ann amoni avèk Lespri a, ke w ap koute moun w ap anseye yo, epi ke ou fokis sou eksperyans ansèyman an. Ansèyman ki efikas ka mande travay di epi mande konsantrasyon ak efò nan men ou menm ak konpayon ou.



© 1985 Robert T. Barrett. Pa kopye.

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen Etid avèk konpayon

Kisa ki ka rive nan pwogrè yon investigatè si l ap fè fas avèk sityasyon sa yo epi ou pa janm reyalize sa?

- Zanmi travay ki toujou ap pase bagay espiyèl nan rizib.
- Manm fanmi ki se manm solid yon lòt legliz.
- Zanmi ki kwè ke Mòmmon se yon relijyon ki pa kretyen.
- Yon eksperyans espiyèl nan li Liv Mòmmon an.

Panse sou yon kesyon ou ta renmen poze pou w aprann plis sou chak sityasyon anlè yo. Ekri kesyon yo nan jounal etid ou. Diskite avèk konpayon ou sou fason ou ka amelyore kesyon nou chak ekri pou aktivite sa a.

Koute

Lè ou koute lòt yo avèk swen, ou konprann yo pi byen. Lè yo konnen ke panse yo ak santiman yo enpòtan pou ou, yo pi reseptif pou ansèyman w yo, pataje eksperyans pèsònèl, epi pran angajman. Pandan w ap koute, w ap vin kapab adapte ansèyman ou pi efikasan avèk bezwen yo ak enterè yo.

Espesyalman koute enspirasyon Lespri yo. Pandan lòt moun yo ap pataje santiman yo avèk ou, panse ak ide ki dirije pa Lespri a ka vin nan tèt ou. W ap kapab konprann sa lòt yo ap eseye eksprime yo pi byen tou.

Pandan lòt moun yo ap pale avèk ou, evite tandans ap panes sou sa ou pral di a. Asire ou ke ou reyèlman konsantre sou moun k ap pale a olye ke w ap prepare repons ou. Èldè Jeffrey R. Holland te anseye: “Koute pi enpòtan pase pale. Moun sa yo se pa objè san vi ki degize an nimewo pou batèm . Yo se pitit Bondye, frè nou ak sè nou, epi yo bezwen gen sa nou genyen. Se pou ou sensè. Sensèman. Mande zanmi sa yo kisa ki plis pwoblèm pou yo. Kisa yo renmen, ak kisa yo cheri? Epi apre sa koute. Si kondisyon an bon, ou gen dwa mande ki laperèz yo genyen, sa y ap , oubyen kisa yo santi ki manke nan lavi yo. Mwen pwomèt ou ke *yon bagay* nan sa yo di ap *toujou* souliye yon verite levanjil la ke ou ka rann temwayaj sou li epi ke ou ka ofri plis apre sa. . . . Si nou koute avèk amou, nou pap bezwen mande tèt nou sa pou n di. Y ap banou li—pa Lespri a epi pa zanmi nou” (“Witnesses Unto Me,” *Ensign*, Me 2001, 15; italik nan orijinal la).

Moun kominike pa fason yo chita tou, ak ekspresyon figi yo, sa y ap fè avèk men yo, ton vwa yo, ak mouvman je yo. Obsève mesaj san pale sa yo; yo ka ede ou konprann santiman moun w ap anseye yo. Epitou, siveye pwòp langaj kò pa ou. Voye yon mesaj enterè ak antouzyas nan koute sensèman.

Pa pè silans. Moun souvan bezwen tan pou yo panse epi reponn kesyon yo oubyen pou eksprime sa yo santi. Ou gen dwa poze apre ou fin poze yon kesyon, apre ou fin pataje yon eksperyans espiyèl, oubyen lè moun yo gen difikilte pou yo eksprime yo. Asire ou ke ou bay yo tan pou yo fini panse yo anvan ou reponn, epi pa entèwonp yo lè y ap pale.

Lè ou santi ou konprann sa ki di a, fè kòmantè ki montre ou konprann, tankou “Kidonk sa ou vle di se _____. Èske se sa?” oubyen “Si m byen konprann, ou santi ke _____.” Lè ou pa si ke ou konprann, mande moun nan klarifye pou ou.

Gen moun ki ka gen tandans domine konvèsasyon an epi anpeche ou anseye levanjil retabli a. w ap bezwen aprann pou w pran kontwòl sityasyon sa yo avèk tak. Pa egzanp, “Nou apresye sa ou pataje avèk nou an, men se yon bagay nou ta renmen diskite sou li apre. M ap mande konpayon mwen pou l ekri li pou nou ka si nou pa bliye pale sou li nan yon pwochen vizit.” Sonje, w ap ede moun yo pi plis nan anseye yo levanjil Jezikri a.

Pandan w ap koute avèk swen, Lespri a ap ede ou konnen sa pou w di. Koute mande efò ak konsantrasyon. Gen yon misyonè ki te pataje eksperyans vrè sa a (non yo chanje):

Konpayon m avèk mwen nou t ap anseye fanmi Sanchez. Li te fè cho epi timoun yo t ap fè anpil bri. Mwen te poze Sè Sanchez kesyon sou lekti Liv Mòmò an. Pandan l te kòmansè eksplike, mwen te remake pitit gason yo a te pran kanè nòt konpayon m nan epi li t ap kouri nan tout sal la ap voye l anlè. Malgre mwen t ap gade Sè Sanchez, lespri mwen pa t la. Mwen t ap panse, “Li fè cho anpil, epi mwen swete ti gason sa a ap ret dousman. Sa pap ka mache san sa.” Pandan lespri mwen t ap vwayaje konsa, mwen te remake ke Sè Sanchez t ap lite pou l pale. Te gen yon enpresyon sibtil ki te vini nan lespri men pou m koute. Mwen te lite pou m te detounen m sou chalè a ak bri a. Mwen te gade figi li avèk atansyon pandan li t ap pale. Li te bese je li atè, epi apre sa li te gade konpayon mwen avèk mwen. Mari li te ap eseye sanzespwa fè timoun yo ret trankil. Te gen yon poz, epi lè sa a avèk owa li ap tranbli li te di, “Mwen te fè sa ou te mande m fè a, mwen te li chapit nou te mande m pou m li yo, epi mwen te priye.” Li te fè yon poz ankò epi li te bese je li. Li te gade timoun yo, apre sa je l te kwaze pa mwen. Li te di, avèk je li plen dlo epi pandan l t ap souri “Mwen te jwenn yon repons. Se verite. Mwen konnen se verite.” Lespri a te ranpli sal la. Avèk yon kè plen rekonesans paske m te koute, mwen te souri epi mwen te di, “Wi, se sa.”

Nòt

Aktivite: Etid Pèsonèl oubyen etid avèk konpayon

Aprè ou fin li istwa sa a anlè a, ekri yon repons nan journal etid ou pou kesyon nou pral bay la yo oubyen diskite yo avèk konpayon ou.

- Kisa ki ta ka rive si misyonè a te pi sousye de konfò pèsonèl li oubyen de kanè nòt konpayon l lan?
- Nan ki fason investigatè sa a te beni paske misyonè a t ap koute?

Reponn kesyon anba a yo:

A = Jamè vre pou mwen

C = Dabitid vre pou mwen

B = Pafwa vre pou mwen

D = Toujou vre pou mwen

- Lè m ap pale avèk lòt moun, mwen panse avèk menm kalite eksperyans lan ke mwen ka pataje olye m koute avèk swen.
 - Lè lòt moun ap pale m sou sa yo santi, mwen eseye mete m nan plas yo pou m wè kijan yo santi yo.
 - Lè m ap anseye investigatè yo, mwen sousye sou sa m pral di oubyen anseye apre.
 - Mwen santi m irite lè investigatè yo vle pale anpil.
 - M ap lite pou m suiv oubyen konprann sa lòt yo ap eseye di mwen.
 - Lespri mwen souvan ap vagabonde lè konpayon m ap anseye.
 - Mwen kontrarye lè yon moun ap pale avèk mwen epi lòt moun entèwonp nou oubyen distrè mwen.
 - Mwen resevwa enspirasyon espiryèl pou m di oubyen fè yon bagay, men mwen inyore yo.
- Detèmine kisa ou ka fè pou amelyore aptitud ou pou w koute.

Devlope yon bon relasyon avèk investigatè yo

Pou evite anbarasman, gen kèk moun ki ap reponn kesyon yo nan fason yo panse ou vle yo reponn olye yo pataje vrè sa yo santi. Chèche devlope yon relasyon ki ap pèmèt yo santi yo konfòtab pou yo pataje vrè santiman yo avèk ou.

Ede moun yo rezoud pwoblèm yo

Gen nan moun w ap anseye yo ki ap manke lafwa pou kenbe angajman yo, gen lòt k ap rankontre lopozisyon, epi gen lòt ki pap toujou aksepte tout sa ou pataje. Yo dwe fè pwòp chwa pa yo, men w bezwen fè tout sa ou kapab pou w reponn kesyon yo, ede yo rezoud pwoblèm yo, epi simonte lopozisyon.

Pafwa pwoblèm moun yo tankou yon blòk glas. Sèlman yon ti kal pati vizib anlè sifas la. Pwoblèm sa yo ka konplèks epi difisil pou rezoud. Pou rezon sa a ou bezwen suiv Lespri a epi reponn nan yon fason ki pi byen konvab avèk sityasyon an. Priye pou w gen don disènman epi suiv enpresyon ou. Papa nou ki nan Syèl la konnen kè ak eksperyans tout moun (tout blòk glas la) epi l ap ede ou konnen sa ki pi bon pou chak moun.



Pa kopye.

Lè w ap ede lòt moun rezoud pwoblèm yo, chèche konprann pwoblèm yo toudabò nan poze yo kesyon epi koute. Konte sou Lespri a pou ede ou konnen kijan pou w ede yo rezoud yo. Pa egzanp, ou gen dwa itilize yon ekriti pou w reponn yon pwoblèm konsènan bezwen batize, oubyen ou gen dwa pataje temwayaj ou sou Pwofèt Joseph Smith.

Souvan pwoblèm yo plis sosyal ke doctinal. Pa egzanp, investigatè yo ka pè lopozisyon manm fanmi yo si yo antre legliz la. Oubyen yo gen dwa pè pou zanmi yo nan travay yo pa rejte yo. Kèlkeswa sa pwoblèm nan ka ye, investigatè w yo ka gen eksperyans pase oubyen lòt enfliyans ki fè se yon pati pwoblèm nan ke ou pa konprann. Nan anpil ka, manm yo kapab ede ou konprann epi ede avèk pwoblèm yo.

Fason ou wè pwoblèm yon investigatè ap depann sou kalite pwoblèm nan. Detèmine si pwoblèm nan vini paskè moun nan pa gen yon konfimasyon espiyèl konsènan verite Retablisman an oubyen si moun nan pa vle angaje li pou l viv yon prensip ki vre. Konprann sous pwoblèm nan nan fason sa a ap ede ou konnen si pou w fokis sou temwayaj oubyen angajman.

Aktivite: Etid avèk konpayon

Chwazi youn nan envitasyon pou angajman w ap bay lè w ap anseye lesou yo. Apre sa, chèche idantifye diferan pwoblèm ki ka anpeche yon moun aksepte oubyen kenbe angajman. Pale sou sa epi pratike fason ou ka pi byen ede moun yo pandan y ap travay pou rezoud pwoblèm yo.

Repantans ak gerizon pou depandans

Repantans se yon pwosesis espiyèl ki mande imilite, konfesyon, restitasyon, ak vire do bay peche. Se yon chanjman panse ak aksyon ki pèmanan. Ideyalman, repanti soti nan yon peche patikilye ta dwe nesèsè yon sèl fwa. Sepandan, si peche a refèt, repantans disponib kòm mwayen gerizon. (gade Mozya 26:30; Mowoni 6:8; D&A 1:31–32).

Repantans ka mande yon pwosesis emosyonèl epi fizik. Moun yo dwe sispann bagay kouran, byen anrasine konpòtman ki pa apwopriye yo. Aksyon endezirab yo dwe ranplase pa konpòtman sen ki apwopriye.

Konsa, repantans ak gerizon pran tan. Pafwa, konvèti yo, menm avèk pi bon entansyon yo, tonbe nan tantasyon pandan y ap pwogrese ale nan pi gran disiplin tèt yo. Nan ka sa yo nouvo konvèti yo travay avèk dirijan Prètriz yo, non pa avèk misyonè yo, pou yo chèche simonte tantasyon epi totalman repanti.

Atravè batèm ak konfimasyon moun yo resevwa don Sentespri a, ki ap fòtifye kapasite yo pou simonte pwoblèm sa yo. Men batèm ak konfimasyon gen dwa pa totalman siprime bezwen fizik epi emosyonèl ki mache avèk konpòtman sa yo. Menmsi yon moun ka gen kèk sikse anvan, plis gerizon emosyonèl ka nesèsè pou totalman repanti epi geri.

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

- Panse sou yon investigatè, yon nouvo konvèti, oubyen yon manm mwens aktif ki ap eseye simonte yon depandans.
- Repase “Lafwa nan Jezikri” ak “Repantans” la ki nan leson “Levanjil Jezikri a” nan chapit 3 a.
- Kisa ou ka anseye moun sa a apati leson sa a epi apati chapit sa a ki ap ede li simonte depandans li a?
- Krete yon plan leson pou w ede moun sa a.

Ede investigatè yo ak nouvo konvèti yo konprann repantans ak gerizon pou depandans

Ou gen dwa mande pou reponn kesyon ak pwoblèm sou depandans yo. Ou gen dwa anvè ede moun yo jwenn repons pou kesyon difisil ki anrapò avèk pwoblèm sa yo tou. Men kèk ide ki ka itil:

- Pataje temwayaj ou sou nati levanjil la genyen pou geri moun, patikilyèman Ekspyasyon an (gade Alma 7:11–13).
- Temwaye ke se sèlman Bondye ki ka akonpli mirak gerizon espiritiyèl la (gade Sòm 147:3).
- Eksplike ke don gerizon an etann ni pou kò a ni pou lespri a.

Etap debaz ki ede moun nan pwosesis gerizon emosyonèl la gen ladan:

- Idantifye epi pran rekonèt pwoblèm nan. Sa mande yon egzamen tèt atantif epi onèt.
- Rekonèt konpòtman an nuizib. Li afekte lòt moun epi li mande chanje.
- Priye enbleman epi santi regrè.
- Chèche padon nan men lòt moun ki te blese, epi aprann padone tèt ou.
- Sispann aksyon depandan yo epi kòmanse fè bagay ki an sante.
- Rete fidèl—kenbe alyans batèm yo, rann sèvis, priye pou èd Sentespri a, epi montre yon dezi pou respekte kòmandman Bondye yo.
- Konprann ke Senyè a ap toujou renmen pitit li—menm lè yo fè yon erè epi yo retonbe nan ansyen bezwen yo. Repantans ak wout gerizon an toujou disponib.




© 2000 Simon Dawsey, Pa Kopye.

Yon plan pou simonte konpòtman depandans

Investigatè yo ak nouvo manm yo avèk manm ki mwens aktif yo ka mande sa yo ka fè pou yo simonte yon depandans. Yo gen konfyans nan kapasite ou pou bayo gidans ak sipò. Men kèk sigesyon ki ka itil:

- Fè yo fè yon lis lè, kote, ak moun ki ka kontribye nan konpòtman an. Apre sa diskite lis la avèk yon konjwen, evèk la, misyonè pawas la, oubyen lòt zanmi yo gen konfyans. Pale sou sa yo bezwen fè pou chanje oubyen evite bagay ki sou lis yo.
- Fè yo ekri sa konpòtman lakoz yo pèdi kounyeya, epi, si li pa koriye, sa l ap lakoz yo pèdi nan apre.
- Fè yo ekri plizyè bagay yo ka fè pou evite oubyen pou dekouraje konpòtman ki pa apwopriye yo. Sa ka gen ladan pale avèk konjwen yo, rele evèk la oubyen yon zanmi pou jwenn èd, fè egzèsis, ak tout lòt aktivite ki ka ede yo evite tantasyon.
- Ankouraje yo pou yo priye regilyèman, etidye ekriti yo, koute mizik ki elvan, epi li liv ki sen.

- Ankouraje yo pou yo chèche pran yon benediksyon Prètriz la.
- Ankouraje yo pou yo kontinye aktif nan legliz la, ki la pou ede yo simonte pwoblèm yo epi grandi vin pi pre Senyè a.
- Ankouraje yo pou yo ale nan yon gwoup èd apwopriye oubyen pou yo chèche èd yon pwofesyonèl. Nan kèk zòn, gen LDS Family Services (yon biwo sèvis legliz la pou ede fanmi) ki disponib.
- Ankouraje yo pou yo pa janm lage! Senyè a ap ede yo, menmsi sa pran yon ti tan.



Sen Dènnye Jou aktif yo ka pi byen ede nouvo manm yo rete aktif si yo fè zanmi avèk yo. Manm yo dwe lonje lamèn bay envestigatè yo ak nouvo manm yo avèk yon atitud pozitif plen chalè. Envestigatè yo ak nouvo konvèti yo ap reponn favorabman lè yo akeyi yo avèk yon souri, lè yo sensèman mande yo kijan yo ye, lè lòt moun chita kote yo nan reyinyon yo, ak lè yo envite yo nan yon dine familyal oubyen nan sware familyal.

Paske li posib ke kèk moun ka retounen tonbe nan yon depandans, dirijan Prètriz iyo ak manm yo pa dwe choke ni dekouraje si yo aprann ke yon envestigatè oubyen yon nouvo manm ap lite avèk kalite pwoblèm konsa. Yo dwe montre konfyans nan moun nan epi pa pote jijman si moun nan retonbe nan ansyen abitud li yo. Yo dwe trete sa kòm yon bagay temporè epi ki konpreyansib. Kondane envestigatè ki depandan an oubyen nouvo konvèti ki depandan pa janm itil epi sa ap sètènman Mennen dekourajman, echèk, ak inaktivite. Yon nouvo konvèti ki toudenkou sispann vini legliz ka petèt retonbe nan ansyen move abitud li yo epi ka petèt santi li dekouraje epi pa diy. Yon vizit imedyà pou bali ankourajman ak sipò ka ede moun sa a gen siksè. Manm yo dwe montre ke yo aksepte konvèti yo nan pawòl ak nan aksyon (gade 3 Nefi 18:32).

Rete aktif nan legliz la epi eseye viv fidèlman se bagay ki pi enpòtan chak moun ka fè pou simonte pwoblèm depandans.

Aktivite: Etid pèsònèl

Panse sou kèk abitud ou genyen—yon bagay ou fè souvan, san panse, tankou krake dwèt ou, ranje linèt ou, manje twòp, oubyen dòmi twò ta. Kounyeya eseye pase yon jounen sa ou pa fè sa yon fwa. Lè ou reyisi, eseye pase yon semèn san w pa fè li. Pale sou eksperyans lan avèk konpayon ou. Epi apresya eseye imajine kijan li pi di pou yon envestigatè pou l venk yon depandans tankou abize sigarèt oubyen alkòl.

Kite yon bagay dèyè

Nan fen vizit ansèyman ou, bay envestigatè a yon bagay pou l li epi medite nan preparasyon pou pwochen rankont lan. Ou gen dwe ba yo tach pou yo li kèk chapit nan Liv Mòmòn an. Ou gen dwa bayo yon bwochi ki gen sa ou sot anseye a oubyen ki gen sa ou pral anseye nan pwochen rankont lan, oubyen sa gen dwa lòt bagay pou li oubyen yon prezantasyon odyovizyèl. Si yo gen aksè nan Entènèt, ankouraje yo pou yo ale nan www.mormon.org. Ou dwe toujou bayo yon bagay pou yo panse sou li, pou yo medite, epi priye sou li. Sa ka vin yon sijè pou kòmanse leson an pwochen fwa w ap rankontre yo a.

Nòt

Aktivite: Etid avèk konpayon

Rewè sa ou genyen ki disponib pou w kite bay envestigatè yo, enkli bwochi ak bagay odyovizyèl yo. Èske gen lòt bagay ou bezwen pou ou ka pataje avèk envestigatè w yo? Fè yon lis bagay ou bezwen yo nan planè ou pou w ka fè kòmand yo.

Panse sou chak envestigatè ou gen randevou pou w anseye semen sa a. Ki chapit nan Liv Mòmòn an ki ap pi bon pou yo? Ki lòt bagay ki ta ka bon pou yo? Ekri sa ou gen entansyon bay chak envestigatè yo nan 'Lis Nòt ak bagay pou fè' yo ki nan plane w la avèk sa w ap fè pou w fè suivi nan pwochen rankont lan.

Anseye levanjil retabli a bay moun ki san yon antesedan kretyen

Gen kèk nan mou ou pral anseye yo ki gen dwa pa kwè nan Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri oubyen ki gen yon tradisyon kretyen. Sepandan, anpil nan moun sa yo ap gen kwayans, pratik, ak kote yo konsidere kòm sakre. Antanke sèvitè Bondye, li esansyèl pou ou montre respè pou kwayans relijyon yo ak tradisyon yo. Pa fè anyen ki ap montre mank respè pou sa ki enpòtan pou yo.

Ou gen dwa ap mande ou kijan pou ou adapte apwòch ansèyman ou avèk moun sa yo. Sa ap itil pou w sonje ke pou yo konvèti, tout pitit Bondye yo, san konsidere antesedan yo, dwe devlope lafwa nan Jezikri, repanti, resevwa òdonans batèm ak konfimasyon, epi pèsevere jiskalafen nan kenbe kòmandman yo epi rann sèvis. Prensip ki ede moun bati lafwa nan Jezikri yo se menm nan tout kilti.

Ou ka ede moun yo vin gen yon konpreyansyon kòrèk sou Bondye antanke Papa nou ki nan Syèl la epi devlope lafwa nan Jezikri pandan w ap ede yo fè eksperyans espiryèl pèsònèl olye ke ou senpleman pale yo sou nati Bondye. Pa egzanp, w ap ede moun vin gen yon konpreyansyon lè yo:

- Gen yon konviksyon espiryèl ke Bondye Papa a, ak Pitit Gason I lan, Jezikri, te parèt devan Pwofèt Joseph Smith.
- Koute ansèyman sense ou ak temwayaj ou sou levanjil la, ak poukisa ou chwazi suiv Jezikri.
- Toujou tande ou menm ak lòt manm ap pale avèk Papa nou ki nan Syèl la nan yon priyè senp, ki soti nan kè.
- Tande ou rann temwayaj ki puisan.
- Priye avèk ou epi lè yo priye poukont yo.
- Vin aprann kijan ou santi ou osijè ekriti yo pandan w ap li yo epi diskite yo.
- Li pawòl Bondye a nan ekriti yo chak jou (espesyalman nan Liv Mòmòn an).
- Ale legliz pou yo ka wè kijan nou adore Senyè a.
- Rankontre manm legliz ki ka eksplike yo kijan yo te vin kwè nan Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri.
- Respekte kòmandman yo.

Aktivite sa yo ap bon pou tout moun w ap anseye, men yo esansyèl lè w ap anseye moun ki pa gen yon antesedan kretyen paske li mwens pwobab ke moun sa yo deja fè eksperyans sa yo.

Anpil nan konvèti ki gen antesedan ki pa kretyen yo di ke yo pa t tèlman konprann sa misyonè yo t ap di yo men yo te santi Lespri epi yo te anvi fè sa misyonè yo te mande pou yo fè yo. Ou dwe fè tout sa ou kapab pou w ede investigatè yo konprann doktrin levanjil yo. Ou dwe gen pasyans, ou dwe ankourajan, paske sa ka pran yon ti tan pou moun yo aprann idantifye epi ekspri santiman yo genyen andedan yo. Ou gen dwa ajiste dire ansèyman ou ak longè li pou w ede yo konprann. Lè w ap prepare pou w anseye moun ki san antesedan kretyen yo, sigiesyon sa yo ka ede ou:

- Bay senp prezantasyon ak revizyon pou chak leson.
- Mande yo pou yo di ou sa yo konprann ak ki eksperyans yo fè.
- Pran tan pou w defini mo ak prensip ensansyèl yo pou yo. Moun w ap anseye yo gen dwa pa abitye avèk anpil nan mo ou itilize lè w ap anseye yo.
- Retounen nan yon ansyen leson pou w ka anseye doktrin nan pi klèman. Sa gen dwa nesèsè tout tan nan pwosesis ansèyman an.

Egzanp nan ekriti yo

Ekriti yo gen egzant sou misyonè ki te anseye moun ki pa t kwè nan Bondye oubyen ki te mal entèprete vrè nati Bondye. Etidye ekriti yo ki anba a, epi apresya eksplik konpayon ou oubyen ekri nan jounal etid ou kijan misyonè sa yo te ede moun akèri yon temwayaj ke Bondye egziste.

- Alma ak Amilè (Alma 9–12; 15)
- Amon ak Aaron (Alma 17–22)
- Alma (Alma 30)
- Alma ak lòt yo (Alma 31–35)
- Pòl (Travay 17:16–34)

Aktivite: Etid avèk konpayon

Lè sa posib, chèche yon nouvo konvèti ki pa t fè pati yon tradisyon kretyen anvan li te rankontre avèk misyonè yo. Ranje pou w rankontre li, epi pale avèk li sou eksperyans konvèsyon li. Pa egzant, ou gen dwa mande kisa ki te mennen moun sa a vin kwè nan Bondye, premye fwa li te priye oubyen premye fwa li te santi repons yon priyè, wòl ekriti yo nan konvèsyon li, ak sa li te santi lè l te ale nan sèvis Dimanch yo. Ekri sa ou aprann yo nan jounal etid ou.

Sonje sa

- Amezi w ap anseye moun yo levanjil retabli a epi y ap viv li, l ap reponn avèk bezwen yo.
- Planifye epi etidye chak jou avèk konpayon ou pou nou ka fè yon sèl epi pou n anseye avèk yon sèl vwa.
- Pataje temwayaj ou souvan.
- Ekriti yo, espesyalman Liv Mòmmon an, se sous debaz pou ansèyman.
- Priye pou w ka gen don disèyman pou w ka konnen lè pou w itilize teknik yo dekriti nan chapit sa a.

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsònèl

- Sipoze ou plase nan sityasyon sa yo. Kijan ou ka itilize prensip ak teknik ki nan chapit sa a pou ede moun sa yo pwogrese? Planifye kijan ou ka aplike yo nan chak sityasyon.
 - Pandan w ap mache sou yon plas, ou wè yon fi avèk yon ti gason piti ki chita poukont yo sou yon ban. Fi a ap kriye.
 - Ou rive lakay envestigatè ki ap prepare yo pou batèm, epi yo di ou yo pap rankontre avèk ou ankò.
 - Sa fè setyèm fwa w ap rankontre yon envestigatè ki ap anseye depi dezan dezan pa anpil lòt misyonè. Pa gen anpil siy pwogrè oubyen pa gen siy pwogrè ditou.
 - Ou kòmanse ap anseye yon fanmi ki manm yon mesaj levanjil, epi yo di, “Nou deja mande tout moun nou konnen pou yo rankontre avèk misyonè yo, epi yo tout di non.”
- Chwazi youn nan leson misyonè yo. Chèche youn oubyen de pasaj ekriti sou chak prensip ki dominan. Fè pratik anseye pasaj sa yo jan yo souliye nan seksyon “Itilize ekriti yo” nan chapit sa a.
- Pandan kèk semèn, repase ansèyman Sovè a yo nan Levanjil yo (Matye, Mak, Lik, Jan) avèk 3 Nefi. Nan jounal etid ou, fè yon lis kesyon li te poze. Konpare kesyon sa yo avèk kesyon yo poze ou dabitid.
 - Li istwa Amon ak Wa Lamoni an nan Alma 18 ak istwa Aawon an nan Alma 22:4–18. Pandan w ap li, chèche epi dekrri fason Amon ak Aawon:
 - Te suiv Lespri a epi te anseye avèk amou.
 - Te kòmanse anseye.
 - Adapte ansèyman yo pou yo te reponn avèk bezwen yo.
 - Te rann temwayaj.
 - Te itilize ekriti yo.
 - Te poze kesyon, koute, epi rezoud pwoblèm.
 - Te ankouraje moun yo t ap anseye yo pou yo te pran angajman.
- Medite sou deklarasyon sa yo ki te fèt pa Prezidan Harold B. Lee konsènan ansèyman pou konpreyansyon. Chèche idantifye si ou anseye doktrin levanjil yo klè. Ekri sa ou aprann yo nan jounal etid ou.

“Se pou ou rete nan kontèks ekriti a epi mete li nan tèm ki konpreyansib.” (*The Teachings of Harold B. Lee*, sel. Clyde J. Williams [1996], 444).

“Ou menm antanke enstriktè yo pa voye ou pou w anseye nouvo doktrin. Ou dwe anseye ansyen doktrin yo, pa klè pou yo ka senpleman konprann, men ou dwe anseye doktrin legliz yo sitèlman klè ke nenpòt moun ka konprann yo” (*The Teachings of Harold B. Lee*, 458).

Etid avèk konpayon

- Repase plan yon leson ou fèk sot anseye. Ekri yon kesyon pou chak nan prensip kle ki souliyen nan plan w lan. Apresa repase kesyon w yo pou w wè si yo ann amoni avèk sa yo anseye nan chapit sa a. Apresa, reponn chak kesyon kòm si ou te yon envestigatè. Repase kesyon w yo si sa nesèsè. Pataje kesyon yo avèk konpayon ou. Ansanm, evalye kesyon yo.

Nòt

Konsidere bezwen yon envestigatè w ap anseye. Pale sou fason li ka reponn kesyon w yo. Epi tou diskite sou fason kesyon sa yo ka envite Lespri a epi ede envestigatè a aprann levanjil la.

- Panse sou chak nouvo envestigatè w yo. Pale sou sa ou ka fè pou ede yo vin yon envestigatè k ap pwogrese. Ekri ide w yo nan journal etid ou epi fè plan nan plane ou pou chak jou.

Reyinyon Distri ak Konferans Zòn

- Envite manm yo oubyen envestigatè yo nan reyinyon an. Eksplike gwoup la ke ou vle misyonè yo amelyore kapasite yo pou pataje mesaj enpòtan yo a. Chwazi yon leson ak yon teknik. Fè misyonè yo anseye manm yo oubyen envestigatè yo leson ou chwazi a pandan 20 minit, pandan y ap fokis sou teknik ou idantifye a. fè yo chanje wòl apre 20 minit. Apre misyonè yo fin gen yon chans pou anseye, mete gwoup la ansanm epi fè manm yo ak envestigatè yo di misyonè yo sa ki te pi efikas ak fason yo ka amelyore.
- Pase videyo sou egzanp misyonè k ap anseye oubyen k ap kontakte moun. Chwazi yon teknik epi diskite antanke gwoup si misyonè yo nan videyo a byen aplike prensip pou teknik sa a.
- Chwazi yon teknik oubyen yon aspè enpòtan nan yon teknik, epi chèche doktrin oubyen pasaj ekriti ki kore teknik sa a. Anseye misyonè yo fondasyon doktrinal li.

Prezidan Misyon

- Tanzantan akonpaye misyonè yo lè y ap anseye. Planifye avèk yo sou fason ou ka patisipe nan ansèyman an.
- Ankouraje dirijan Prètriz yo pou yo akonpaye misyonè yo nan vizit ansèyman yo epi bayo enpresyon yo.
- Montre fason efikas pou itilize ekriti yo, kesyon yo, epi koute lè w ap anseye misyonè yo nan konferans zòn yo ak nan entèvyou yo.



Kijan m ka ede moun yo pran angajman epi kenbe angajman yo?

Konsidere sa

- Poukisa mwen dwe fokis sou envite moun yo pran angajman?
- Nan ki fason angajman an rapò avèk konvèsyon?
- Kijan m ka rann temwayaj ki enb?
- Ki benediksyon mwen ka pwomèt
- Poukisa li enpòtan pou m fè suivi lè moun yo pran angajman?

Bay envitasyon pou pran angajman

Antanke misyonè ou vle sali pou nanm (gade Mozya 28:3). Ou konnen ke moun ka vin jwenn Kris epi sove sèlman sou kondisyon repantans (gade D&A 18:10–16). Youn nan fason pou konble dezi sa a se kriye repantans (gade Alma 5:49; D&A 15:6; 16:6) epi sensèman envite moun yo pou yo egzèse lafwa ki mennen nan repantans, pou yo batize pa dlo epi pa Lespri, epi pou yo pèsevere fidèlman jiskalafen. (gade 3 Nefi 27:16–20; Mòmou 7:10).

Angajman se yon pati esansyèl nan repantans. Se zak kote yon moun oblije tèt li nan yon kous aksyon epi apre sa li suiv desizyon sa a avèk dilijans. Lè moun angaje yo sensèman, yo gen entansyon reyèl, ki vle di yo gen entansyon pou yo totalman fè sa yo angaje yo pou yo fè a. Yo pran yon desizyon onèt ki fèm pou yo chanje. Yo vin devwe yo bay Kris epi dedye tèt yo nan levanjil li a. Kenbe angajman yo se fason yo “vrèman montre pa zèv yo ke yo resevwa Lespri Kris la pou remisyon peche yo” (D&A 20:37). Lè ou mande pran angajman nan ansèyman ou, ou envite investigatè a pou l repanti.

Youn nan pi bon fason pou w ede moun yo pran epi kenbe angajman se bayo yon envitasyon pou yo pran angajman. Bay envitasyon pou pran angajman epi fè suivi nan angajman yo esansyèl paske:

Nòt

Nòt

- Moun yo vin konvèti pandan y ap viv prensip yo aprann yo (gade Jan 7:17) epi yo vin santi Lespri a konfime ke sa y ap fè a fè Papa nou ki nan Syèl la plezi.
- Repantans ak chanjman ap ede moun yo domine pwoblèm yo, delivre tèt yo anba lawont ak santiman koupab, epi fè eksperyans lapè ak lajwa padon Bondye.
- Kenbe angajman yo prepare moun yo pou yo fè epi kenbe alyans sakre yo.



© 2001 Simon Dewey. Pa kopye.

Ou ka montre amou ou pou moun yo ak lafwa ou nan pwomès Bondye yo lè ou fè suivi pou ede yo repanti epi kenbe angajman yo

Lis angajman yo mande pou batèm yo nan kat premye leson yo. Lis angajman ki anrapò avèk pwogrè espirityèl apre batèm ak konfimasyon yo nan leson 5 la. Se pou ou toujou pran konsyans bezwen pou w envite moun yo fè sa ki ap fòtifye lafwa yo nan Kris la. Sonje prensip sa yo:

- Chak opòtinite pou jwenn—avèk manm yo, referans yo, oubyen kontak pèsònèl—dwe Mennen nan yon envitasyon pou aji, abityèlman pou aprann plis sou mesaj Retablisman an.
- Se raman, si se pa jamè, ou dwe pale avèk moun oubyen anseye moun san ou pa bayo yon envitasyon pou yo fè yon bagay ki ap fòtifye lafwa yo nan Kris la.
- Fokis sou youn oubyen sou plis angajman lè w ap anseye. Si ou pa envite moun yo pran angajman sa yo, ou pap mande yo pou yo repanti epi vini jwenn Kris.
- Lè w ap prepare pou w anseye yon leson nan etid ou avèk konpayon ou, panse sou bezwen ak sou sityasyon chak envestigatè epi antre youn oubyen plis angajman nan plan leson w nan.
- Pandan yon leson ou gen dwa enspire pou w bay lòt envitasyon pou pran angajman pase sa ou te deja planifye yo. Toujou envite moun yo pou yo repanti.
- Se pou ou fèm, se pou ou gen asirans lè w ap envite moun yo pou yo pran angajman (gade Alma 38:12). Asirans montre lafwa ou ke obeyisans kòmandman Senyè yo mennen benediksyon.
- Moun yo sètènman pap chanje amwenske ou envite yo pou yo fè sa.

Etid ekriti

Poukisa li si enpòtan pou w mande moun yo pou yo angaje?

Alma 5:62

Mowoni 7:13

Poukisa angajman si enpòtan konsa?

2 Nefi 31

Alma 32:27

D&A 20:37

Mozya 2:41

D&A 14:7

Jan 7:17

Alma 7:14–16

Poze kesyon ki dirèk

Yon envitasyon pou pran angajman souvan fèt sou fòm yon kesyon “èske w ap”, ki mande yon *wi* oubyen yon *non* kòm repons. Envitasyon yo dwe presi, dirèk epi klè. Yo envite oubyen yo mennen moun deside yon kous aksyon. Yo mande yo pou yo pran yon angajman epi pou yo egzèsè lafwa aktif nan prensip yo anseye yo yo.

Men kèk egzanzp sou bon envitasyon, suivi pa kòmansman yon pwomès ak temwayaj:

- Èske w ap li [3 Nefi 11, Mowoni 10:3–5, bwochi sa a] anvan vizit nou demen a 7:00 aswè? Mwen konnen ke fè sa ap. . . . Mwen temwaye ou ke Liv Mòmmon an se . . .
- Èske w ap priye epi mande Bondye si Joseph Smith sete yon pwofèt? Mwen konnen ke si ou priye Bondye ap. . . . Mwen konnen ke Joseph Smith sete yon pwofèt . . .
- Èske w aprale legliz avèk nou Dimanch sa a a 9:00 di maten? Si ou fè sa, w ap . . . Mwen konnen legliz Kris la retabli . . .
- Èske w ap kòmanse viv lwa chastete a kounyeya jan nou eksplike l la? Viv lwa sa a ap. . . . Antanke yon sèvitè Senyè a mwen temwaye ke viv lwa chastete a . . .
- Èske w ap envite [site non an] anvan Vandredi pou l rankontre avèk nou epi kòmanse aprann sou levanjil la? Lespri a ap ede ou. Pataje levanjil la ap beni lavi ou . . .
- Èske nou ka vin lakay ou epi pale ou plis sou fason Bondye aple yon pwofèt nan epòk nou an menmjan li te fè nan tan ansyen yo? Pi bon bi, direksyon ak lapè ap vin nan lavi ou amezi w ap vin konprann. . . . Mwen temwaye ke Bondye aple ankò . . .

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Nan jounal etid ou, ekri yon envitasyon senp, dirèk, epi klè pou chak angajman nan yon leson. Si ou te fè aktivite sa a anvan, refè li epi konpare nouvo envitasyon w yo avèk sa anvan yo. Mande tèt ou si abiltè ou pou bay envitasyon amelyore.

Repanse envitasyon ou ekri yo avèk konpayon ou. Pou chak envitasyon, diskite sou kesyon sa yo:

- Èske m eksplike benediksyon Senyè a pwomèt yo lè m ap bay envitasyon yo? Si non, poukisa?
- Èske m evite bay envitasyon sa a? Si wi, poukisa?
- Èske m santi m anbarase lè m ap bay yon envitasyon? Kijan m ka amelyore?
- Nan ki fason envitasyon sa a enpòtan pou mwen pèsònèlman?
- Konbyen fwa mwen sonje fè suivi envitasyon mwen bay yo? Kijan m ka amelyore?

Panse sou investigatè yo ak manm ki mwens aktif ou konnen yo, epi fè pratik bay envitasyon sa yo kòm si ou t ap adrese ou avèk moun sa yo.

Si sa nesèsè, repase envitasyon yo ki nan plan leson a lan. Fikse bi presi ki ap ede ou bay envitasyon pandan tout jounen an epi pandan semèn nan.

Pwomèt moun yo benediksyon

Moun yo bezwen yon rezon pou yo chanje panse yo ak akzyon yo. Benediksyon ki pwomèt yo souvan bay motivasyon pisan pou obeyi Bondye. Lè Senyè a bay yon kòmandman, li souvan pwomèt benediksyon pou kenbe kòmandman sa a (gade D&A 130:20–21). Pandan w ap prepare moun yo pou yo obeyi yon kòmandman byen presi, anseye yo ke:

- Viv kòmandman yo montre amou pou Bondye ak Pitit Gason l lan.

Nòt

- Yo montre konfyans yo nan Bondye lè yo obeyi kòmandman yo.
- An retou, y ap resevwa benediksyon li pwomèt yo.

Lè w ap temwaye apwopo yon kòmandman, pale sou benediksyon ou resevwa paske ou viv kòmandman sa a. Pwomèt moun w ap anseye yo ke yo ka jwenn menm benediksyon yo tou.

Pandan moun yo ap eseye kenbe yon angajman, mande yo pou yo pale sou benediksyon Papa nou ki nan Syèl la bayo. Asire yo ke menm si difikilte antre nan lavi yo, benediksyon l yo ap kontinye si yo obeyi volonte li.

Etid ekriti

Kisa Senyè a di sou dezi li pou beni nou?

Alma 37:17

D&A 1:37

D&A 76:5–10

Aktivite: Etid pèsònèl

Li Doktrin ak Alyans 82:10 ak 130:20–21. Apresa etidye ekriti ki suiv yo. Fè de kolòn nan jounal ou. Sou yon bò ekri kòmandman ou jwenn nan chak pasaj yo. Sou lòt bò a ekri pwomè pou kenbe kòmandman an.

D&A 11:21

D&A 89:18–21

D&A 100:5–8

D&A 84:85

D&A 95:8–9

Malachi 3:10–12

Repanse angajman ki nan lis youn nan leson misyonè yo. Pou chak angajman, reponn kesyon sa yo:

- Ki benediksyon Senyè a pwomèt moun ki kenbe angajman sa a?
- Nan ki fason obeyi prensip sa a ede moun gen lafwa ak temwayaj?
- Kijan angajman sa a ap ede moun repanti epi vin pi sansib ak Lespri a?

Rann temwayaj souvan

Yon temwayaj se yon atestasyon espiyèl ak yon asirans Sentespri a bay. Rann temwayaj se bay yon deklarasyon senp, dirèk sou kwayans ou—yon santiman, yon konviksyon sou verite levanjil la. Pataje temwayaj ou souvan se youn nan mwayen ki pi puisan pou envite Lespri a epi ede lòt moun santi Lespri. Sa ajoute yon temwayaj kouran, pèsònèl sou verite ou anseye soti nan ekriti yo. Yon misyonè efikas anseye, temwaye, epi envite lòt moun pou yo fè sa ki bati lafwa nan Jezikri. Sa gen ladan fè pwomès ki soti nan viv prensip ki vrè yo. Pa egzanp, yon misyonè ka anseye, “Mwen konnen ke si ou sannktifye jou Saba a, w ap gen plis lapè nan kè ou.”

Pou temwayaj ou gen pouvwa pou konvenk, ou dwe sensè. Temwayaj puisan pa depann sou elokans oubyen sou gwosè vwa ou men sou konviksyon ki nan kè ou. Eseye chak jou pou w fòtifye konpreyansyon ou ak konviksyon ou sou doktrin ak prensip w ap anseye yo. Rann temwayaj ou souvan pou w sele verite prensip oubyen doktrin w ap anseye yo. Osi souvan sa posib, anseye, epi apre sa temwaye lè w ap anseye.

“Selon temwayaj yon moun, sonje, ke moun ki dispoze pou l pataje l ap genyen, pandan ke moun ki egoyisman kenbe sa l genyen ap pèdi. . . . Anseye epi temwaye. Pa genyen lòt konbinezon.”

– ÈLDÈ THOMAS S. MONSON
PATHWAYS TO PERFECTION [1973], 100–101

Temwayaj ou ka senp tankou “Jezikri se Pitit Gason Bondye a” oubyen “Mwen aprann pa mwen menm ke Liv Mòmmon an vre.” Ou ka pataje yon brèf ekspe-ryans sou fason ou te akeri konesans sa a. Rann temwayaj ou plizyè fwa nan chak lesan, pa sèlman nan fen lesan an. Rann temwayaj ke sa konpayon ou ap temwaye a soti nan men Bondye. Rann temwayaj ou ke prensip ou pral anseye a ap beni lavi investigatè yo si yo suiv li. Pale sou fason viv yon prensip te beni lavi ou.



Pafwa moun yo ka kesyone sa w ap anseye yo entelektiyèlman, men li difisil pou kesyone yon temwayaj sensè ki soti nan kè. Lè w ap temwaye, priye pou moun w ap anseye yo santi temwayaj konfiman Sentespri a. Lè ou temwaye ou kreye yon anviwonman pou investigatè yo santi Sentespri a konfime temwayaj ou sou verite a. Sa prepare yo pou yo aksepte angajman w ap mande yo pou yo pran yo.

Brigham Young pa t batize nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo pandan premye ane li te aprann levanjil retabli a. Men palan apwopo konvèsyon li li te di: “Si yo te voye tout talan, tout taktik, tou sajes, ak sofistikasyon mond lan ban mwen avèk Liv Mòmmon an, epi yo te deklare verite li, angaje pou pwouve li pa aprann ak sajes mond lan, nan elokans terès ki pi egzalte a, sa t ap pou mwen tankou lafimen ki leve sèlman pou fonn epi disparèt. Men lè m te wè yon moun san elokans ni talan pou pale an piblik, ki te ka sèlman di, ‘Mwen konnen pa pouvwa Sentespri a ke Liv Mòmmon an vre, ke Joseph Smith se yon Pwofèt Senyè a’, Sentespri a te travay atravè moun sa a pou eklere konpreyansyon mwen, epi yon limyè, yon glwa, yon imòtalite te devan mwen. Mwen te ansèkle pa yo menm, ranpli avèk yo, epi mwen te konnen pa mwen menm ke temwayaj mesye sa a sete verite” (nan *Journal of Discourses*, 1:90).

Aktivite: Etid pèsònèl

Pasaj sa yo anba a se egzanp sou rann temwayaj. Li chak kesyon ak chak ekriti. Ekri repons yo nan journal etid ou.

- Nan vèsè sa yo, osijè kisa apot ak pwofèt yo temwaye?
- Nan ki pwen yo kwè fò nan sa y ap di a? Kijan ou ka di yo te konvenki se laverite?
- Lè ou di, “Mwen konnen ke _____ se vre”, kisa ou vle di? Ki lòt mo ou ka itilize pou w transmèt konviksyon ou?

Jakòb 7:7–12

D&A 76:22–24

Travay 2:14–38

Alma 5:45–48

Jan 3:3–11

Travay 10:34–44

Alma 34:1, 8

Etid ekriti

Ki kèk prensip ak pwomès ki gen nan rann temwayaj?

2 Nefi 33:1

D&A 84:61

Jan 15:26

D&A 62:3

D&A 100:5–8

Fè suivi

Bay yon envitasyon san fè suivi se tankou kòmanse yon vwayaj san fini li oubyen achte biyè pou ale nan yon konsè san ale nan teyat kote l ap fèt la. San aksyon ki fini, angajman an san sans.

Chanjman ka di. Wòl ou se ede fòtifye moun yo nan rezolisyon yo pou yo chanje. Ou dwe fè tout sa ou kapab pou w ede yo kenbe angajman yo.

Repantans sensè pi byen demontre pa aksyon ki dwat pandan yon peryòd tan detèmine, espesyalman pou kòmandman tankou chastete, Pawòl Sajès la, ak dim. Pandan ou menm avèk dirijan pawas yo ap travay avèk moun yo pou ede yo kenbe angajman yo, montre konpreyansyon. Se pou ou pasyan men pèsistan. Ou pa fini ministè ou jiskaske moun yo ap viv angajman sa yo, oubyen nan lòt mo, jiskaske yo repanti (gade 3 Nefi 18:32). Pafwa plizyè vizit ka nesèsè pou ou ede moun yo devlope lafwa ki ase solid nan yon prensip pou mennen nan repantans.

Fè suivi kòmanse depi premye fwa w ap vizite epi anseye moun:

- Fè yo ekri angajman yo sou yon bagay ou kite bayo, tankou yon bwochi oubyen yon kat ki gen non ou avèk nimewo telefòn ou.
- Fè si ke moun yo konnen w ap fè kèk ti kout vizit chak jou ant randevou pou anseye yo. Eksplike ke bi ou se pou bayo sipò epi ede yo. Bayo yon ide sou sa w ap fè pandan vizit sa yo.
- Ekri kèk nòt presi nan seksyon 'Nòt/Bagay pou fè' nan planè w la pou w fè suivi demen sou chak envitasyon pou angajman ou fè jodi a.

Fè kontak souvan, chak jou si posib, pou w wè kijan moun yo ap pwogrese avèk angajman yo, pou reponn kesyon yo, pou anseye lesou adisyonèl, pou li ansanm nan Liv Mòmmon an, pataje pasaj ekriti yo, oubyen itilize materyèl odyovizyèl yo. Pandan w ap vizite moun yo souvan, w ap fòtifye santiman espiyèl yo santi lè w ap anseye yo mesaj Retablisman levanjil Jezikri a. Enfliyans konsistan Sentespri sa a esansyèl. Ka gen dèfw kote ou rele investigatè yo pou raple yo epi ankouraje yo pou yo kenbe yon angajman.

Ede investigatè yo idantifye benediksyon yo konn resevwa lè yo kenbe angajman yo. Ede yo espesyalman dekri santiman yo lè Lespri a te temwaye yo verasite mesaj la.

Konplimante epi ankouraje moun ki reyisi nan kenbe angajman yo. Investigatè yo ap chanje lavi yo. Yo gen anpil bagay pou yo aprann epi pou yo fè. Fè yo konpliman sensèman epi souvan. Eksprime gratitud ou pou pwogrè yo ak konfyans ou ke yo ka reyisi. Ankouraje yo chak fwa ou rankontre yo.

Eksprime sousi ou ak desepsyon ou lè moun yo echwe nan kenbe angajman yo epi konsa, echwe nan fè eksperyans benediksyon yo.

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Ekri plan ou pou kontak chak jou avèk chak investigatè nan planè ou. Planifye plizyè jou alavans sa w ap fè pou w fè suivi avèk investigatè yo.

Chwazi you envitasyon pou angajman w ap fè lè w ap anseye lesou yo. Apre sa chèche idantifye diferan pwoblèm ki ka anpeche yon moun aksepte oubyen kenbe angajman sa a. Diskite epi pratike fason ou ka pi byen ede moun w ap rankontre yo rezoud pwoblèm yo.

Sonje sa

- Fokis sou envite moun yo pran angajman nan chak sityasyon pou w jwenn moun oubyen pou anseye, ni moun ki pa manm legliz la ni moun ki manm legliz la.
- Bay envitasyon pou angajman ede moun yo fè eksperyans avèk konvèsyon.
- Pwomèt benediksyon
- Rann temwayaj.
- Fè suivi pou ede moun yo kenbe angajman yo.

Nòt

Nòt

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsonèl

- Idantifye yon kòmandman ki nan leson 4 la oubyen leson 5 la. Panse sou benediksyon ou te resevwa nan obeyi kòmandman sa a, epi ekri yo nan jounal ou.
- Nan yon lèt, mande manm fanmi ou kijan yo te beni nan yon kòmandman espesifik yo te obeyi (pa egzanp, dim).
- Ekri kijan ou santi ou sou bay angajman. Èske ou brav oubyen timid? Èske ou gen konfyans ke moun yo ap beni, oubyen èske ou gen dout? Èske ou fèm, pasyan, epi edan lè w ap fè kontak chak jou yo? Èske moun yo konnen ou renmen yo? Kijan ou ka korije tout feblès ou idantifye nan envitasyon w yo?
- Repase plan leson ou pou chak leson. Èske ou mete angajman presi ladan? Èske plan leson w lan mennen klèman nan angajman?

Etid avèk konpayon

- Nan planè ou, fè yon lis moun ou te kontakte nan de jou ki sot pase yo, envestigatè ak manm. Pou chak moun, ekri angajman (yo) yo te pran ak lòt envitasyon ou ta ka fè yo oubyen ou te fè yo. Diskite poukisa ou te kapab jwenn angajman nan men kèk nan moun sa yo ak sa ki te anpeche ou jwenn angajman nan men lòt yo. Kisa ou pral fè pou w fè suivi sou angajman sa yo?
- Gade nan planè ou, epi ekri non envestigatè espesifik ou pral anseye nan youn oubyen de jou apre. Konsidere ki kòmandman ki nan lis leson 4 oubyen 5 la ou pral envite yo pou yo viv. Diskite sou fason ou pral bayo angajman an ak benediksyon presi ou pral pwomèt yo si yo obeyi.
- Konsidere w ap montre envestigatè yo Rapò Ansèyman w nan pou w fè yo konnen sa y ap ka atann. Si sa apwopriye, pataje yon kopi avèk yo.
- Repase 'Nòt/Lis bagay pou fè' a ki nan plane w la pou twa jou ki sot pase yo pou wè si ou te ekri angajman ou pou fè suivi pou chak envitasyon ou fè.

Reyinyon Distri ak Konferans Zòn

- Pale sou ede efikas epi kreyatif pou kontak chak jou avèk envestigatè yo. Nan ki fason misyonè travay avèk manm yo efikasman? Ki materyèl enprime oubyen odyovizyèl ki itil? Kisa ou ka fè lè moun yo pa lakay yo oubyen lè yo twò okipe pou resevwa ou?
- Diskite sou fason misyonè sa yo te efikasman anseye kòmandman ki nan leson 4 ak 5 yo.
- Pale sou pwoblèm espesifik kèk envestigatè w ap anseye? Ki kalite pwoblèm sa yo ye? Kisa misyonè yo ka fè pou yo rezoud pwoblèm sa yo?

Prezidan Misyon

- Tanzantan akonpaye misyonè yo lè y ap anseye. Ede yo fokis sou ede moun pran epi kenbe angajman.
- Ankouraje dirijan Prètriz yo ak manm yo pou yo aktivman patisipe nan fè kontak chak jou avèk envestigatè yo.
- Se pou ou yon eganp nan fè envitasyon nan efò misyonè epi avèk misyonè w ap sèvi avèk yo yo.



Kijan m ka prepare moun pou batèm ak konfimasyon?

Konsidere sa

- Kisa m bezwen pou m ede prepare moun pou batèm ak konfimasyon?
- Ki fason m ka fè entèvyou batèm ki efikas?
- Kijan yon sèvis batèm espirityèl planifye epi dirije?
- Kijan m ka travay kole kole avèk evèk la pou asire ke konvèti yo konfime?
- Poukisa li enpòtan pou ranpli rejis batèm ak konfimasyon yo?

Prepare moun pou batèm ak konfimasyon

Bi ansèyman ou se ede lòt moun yo devlope lafwa nan Jezikri epi repanti soti nan peche yo. Jan Mòmou te anseye, “premye fwi repantans se batèm” (Mowoni 8:25). Entèvyou batèm nan se mwayen ki etabli pa legliz la pou asire ke chak kandida reponn avèk prensip Senyè a tabli pou batèm yo epi yo prepare pou resevwa don Sentespri a. Atravè entèvyou sa a, kandida pou batèm nan ranpli kondisyon ki nan ekriti ke yo temwaye devan yon reprezantan otorize legliz la ke yo “vrèman repanti soti nan tout peche yo” (D&A 20:37). Angajman investigatè yo pran yo prepare yo pou yo fè epi kenbe alyans batèm nan. Moun ki te kenbe angajman ou te bayo yo ap byen prepare pou entèvyou a epi pou vin fè pati manm ak aktivite nan legliz la.

Pandan w ap anseye investigatè yo epi prepare yo pou batèm ak konfimasyon, asire ou ke yo reponn ak kalifikasyon pou batèm yo.

Nòt

Kalifikasyon pou batèm**Doktrin ak Alyans 20:37:**

- Imilye tèt yo devan Bondye.
- Gen dezi pou batize.
- Vini avèk kè brize ak lespri kontri.
- Repanti pou tout peche yo.
- Pare pou pran non Kris la sou yo.
- Gen detèminasyon pou sèvi Kris la jiskalafen.
- Manifeste pa zèv yo ke yo resevwa Lespri Kris la ki mennen nan remisyon peche yo.

Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo:

- Fè chanjman sifizan nan lavi yo pou yo kalifye jan yo kòmande li nan Doktrin ak Alyans 20:37 a.
- Devlope lafwa nan Kris.
- Repanti pou transgresyon yo.
- Viv prensip diyite moral yo.
- Viv Pawòl Sajès la.
- Angaje pou peye dim.
- Resevwa tout leson misyonè yo [leson 1–4 sou Rapò Ansèyman ak angajman ki asosye yo].
- Rankontre evèk la ak Prezidan Branch lan.
- Ale nan plizyè reyinyon Sentsèn.

(“Deklarasyon sou Travay Misyonè” Lèt Premye Prezidans lan, 11 Des 2002)

Lè yon investigatè fin fikse yon dat fèm pou batèm, planifye lè w ap konplete tout evenman ki mennen nan batèm ak konfimasyon yo jan yo ye nan lis nan planè. Repase Rapò Ansèyman an avèk swen pou asire ou ke ou anseye doktrin debaz yo epi ke kandida yo prepare pou yo reponn chak kesyon nan entèvyou batèm nan. Repase orè a avèk moun nan nan pwochen rankont nou. Si sa posib, moun nan dwe ale nan yon sèvis batèm anvan pwòp batèm pa l la.

Si w santi ke moun w ap anseye a bezwen plis preparasyon, pa planifye yon entèvyou jiskaske li reponn avèk prensip yo. Si kandida a se minè, asire ou ke paran yo oubyen gadyen yo bay pèmision yo, de preferans pa ekri, pou l ka batize.

Pandan w ap ede moun yo prepare yo pou entèvyou batèm yo, pale avèk yo sou bi entèvyou a. Anseye yo epi rann temwayaj sou karaktè sakre batèm ak resevwa don Sentespri a. Eksplike ke ou vle asire ou ke yo konprann prensip ou te anseye yo ak alyans yo pral fè a. Epiou eksplike ke entèvyou a se yon opòtinite pou yo temwaye devan reprezantan Senyè a ke yo pare pou òdonans sakre sa yo. Pandan y ap kenbe alyans yo te fè nan batèm ak konfimasyon yo, y ap resevwa yon remisyon pou peche yo. Pataje kesyon moun k ap fè entèvyou a ap mande yo sou kwayans yo nan doktrin enpòtan yo, repantans yo pou peche anvan yo, ak bòn volonte yo pou yo fè alyans pou obeyi Jezikri pandan tout lavi yo. Mete aksan ke batèm nan dlo a pa konplè san konfimasyon ak don Sentespri a.

Aktivite: Etid Pèsonèl oubyen etid avèk konpayon

- Li chak nan pasaj sa yo, epi fè yon lis rezime sou kalifikasyon nan ekriti yo pou batèm ak konfimasyon.

2 Nefi 9:23; 31:4–13

3 Nefi 27:13–21

D&A 20:37

Mozya 18:8–10

Mowoni 6:1–4

D&A 22

Alma 7:14–15

Mowoni 8:25–26

Travay 2:37–39

- Nan sèvis batèm yo, yo mande kandida yo si yo pare pou yo pran non Kris la sou yo. Kisa ou ka fè pou ede yo konprann kesyon sa a? Pandan w ap medite sou kesyon sa a, etidye ekriti sa yo:

Mozya 4–5

Mozya 26:18, 21–27

3 Nefi 27:1–10

Mozya 18:1–11

Ou gen dwa chèche lòt pasaj ki ap ede ou konprann prensip sa a tou.

Kijan pou dirije entèvyou a

Moun k ap fè entèvyou a dwe itilize kesyon pou entèvyou pou batèm yo avèk gidans Lespri a pou detèmine si kandida pou batèm nan reponn avèk kalifikasyon ki dekri nan Doktrin ak Alyans 20:37 yo. Li dwe adapte kesyon yo avèk laj ak matirite kandida pou batèm nan tou.

Si yon kandida pa kalifye selon kesyon pou entèvyou pou batèm yo, batèm nan ak konfimasyon an dwe ranvwaye. Envestigatè a dwe resevwa ansèyman anplis nan men misyonè aplantan yo epi li bezwen zanmi avèk manm pawas yo.

Dirijan distri oubyen dirijan Zòn ki ap dirije entèvyou a dwe:

- Fè entèvyou an nan yon kote prive, ki konfòtab, ki favorab pou santi Lespri Senyè a. Konpayon li dwe tou pre li.
- Kòmanse avèk yon priyè.
- Ede kandida a santi li konfòtab.
- Fè entèvyou a vin yon eksperyans espartyèl ki elvan.
- Fè si ke kandida a konprann bi entèvyou a.
- Poze kesyon pou entèvyou pou batèm yo. Itilize kesyon pou suivi yo pou gen yon santiman sou fòs temwayaj moun nan ak senserite repantans li.
- Reponn kesyon kandida yo genyen.
- Envite moun nan rann temwayaj li epi eksprime santiman li.
- Si moun nan gen pwoblèm avèk temwayaj oubyen diyite, eksplike ke li ta pi bon pou ranvwaye batèm nan jiskaske li pi byen prepare.

Kesyon pou Entèvyou pou Batèm

1. Èske ou kwè ke Bondye se Papa Etènèl nou? Èske ou kwè ke Jezikri se Pitit Gason Bondye a, Sovè ak Redanmtè mond lan?
2. Èske ou kwè ke legliz la ak levanjil Jezikri a retabli atravè Pwofèt Joseph Smith? Èske ou kwè ke [Prezidan aktyèl legliz la] se yon pwofèt Bondye? Kisa sa vle di pou ou?

Nòt

3. Kisa sa vle di pou ou pou repanti? Èske ou santi ou repanti pou transgresyon pase w yo?
4. Èske ou janm komèt yon krim grav? Si wi, èske ou sou pwobasyon oubyen sou pawòl? Èske ou konn fè avòtman? Relasyon omoseksyèl?
5. Yo te anseye ou ke vin manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo gen ladan viv prensip levanjil yo. Kisa ou konprann sou suiv prensip sa yo nou pral di la a? Èske ou pare pou w obeyi yo?
 - a. Lwa chastete a, ki entèdi relasyon seksyèl andeyò lye maryaj legal ant yon gason ak yon fi.
 - b. Lwa dim nan.
 - c. Pawòl Sajès la.
 - d. Jou Saba a, ladan pran Sentsèn chak semèn ak rann lòt manm yo sèvis.
6. Lè ou batize, ou fè alyans avèk Bondye ke ou pare pou pran non Kris la sou ou epi respekte kòmandman I yo pandan tout lavi ou. Èske ou pare pou w fè alyans sa a epi efòse ou pou w rete fidèl avèk li?

Nan fen yon entèvyou ki reyisi, fè kandida a konpliman. Rejwenn lòt misyonè yo, epi eksplike sa ki pral fèt nan sèvis batèm nan.

Eksplike ke konfimasyon an ap fèt sou direksyon evèk la nan yon reyinyon Sentsèn nan pawas kote yo rete a.

Lè li nesèsè pou w ranvwaye yon batèm, dirijan distri a oubyen dirijan zòn nan ak lòt misyonè yo dwe jere sityasyon nan an prive epi avèk sansiblite. Asire kandida a ke li ka reyisi, epi eksplike li ke gen kèk transgresyon ki mande plis tan pou repantans. Eksplike ke nati sakre òdonans lan mande prensip diyite ki wo. Asire kandida a ke ou menm avèk lòt yo apral fè tout sa nou kapab pou bal sipò. Apre sa fè suivi pou kenbe pwomès ou fidèlman.

Batèm ak Konfimasyon: Kesyon ak Repons

Kimoun ki dirije entèvyou pou batèm ak konfimasyon an?

Nòmalmman dirijan distri a entèvyouve kandida pou batèm misyonè nan distri I la anseye yo, ladan yo kandida ki anseye pa dirijan zòn yo. Dirijan zòn yo entèvyouve kandida ki anseye pa dirijan distri a. Prezidan Misyon an oubyen yon lòt moun li bay tach la dwe entèvyouve moun ki enplike nan peche grav yo. Dirijan zòn yo ak dirijan distri yo pa dwe entèvyouve kandida pou batèm andeyò pwòp distri oubyen zòn pa yo amwenske Prezidan Misyon an mande yo pou yo fè sa.

Ki definisyon yon batèm konvèti?

Batèm konvèti se batèm:

- Moun ki nan laj nevan oubyen pi gran ki pa t ko janm batize ni konfime manm legliz la anvan sa.
- Timoun nan laj uitan ke paran yo youn pa manm oubyen ki gen paran yo ap batize epi konfime nan menm tan avèk timoun nan.

Èske mwen bezwen pèmisyon pou m batize yon timoun ki minè?

Anvan ou anseye epi batize yon investigatè ki pa gen laj majè, ou dwe gen pèmisyon paran li oubyen gadyen legal li, de preferans pa ekri. Anplis sa, ou dwe gen bon rezon pou w kwè ke timoun sa a konprann alyans batèm nan epi ap fè tout efò pou kenbe li atravè obeyisans nan levanjil la, enkli ale nan reyinyon legliz yo fidèlman.

Èske m bezwen pèmasyon konjwen an pou m batize yon mari oubyen yon madanm?

Wi. Pa batize yon moun ki marye san konsantman konjwen li.

Si papa a nan yon fanmi pa pare pou l batize, èske m ka batize fanmi an oubyen tann jiskaske papa a pare?

Si papa a nan yon fanmi pa pare pou batèm ak konfimasyon men gen lòt manm fanmi an ki pare, ou gen dwa di papa a ou prefere pa batize fanmi an san li menm paske legliz la respekte chèf fwaye a epi paske manm fanmi yo ap pwogrese pi byen nan levanjil la antanke inite familyal. Si papa a kontinye refize, ou gen dwa batize epi konfime lòt manm yo nan fanmi an avèk konsantman li.

Èske se yon bon ide pou òdone yon papa nan Prètriz Aawon an imedyatman apre batèm ni pou li ka batize lòt manm fanmi an?

Non. Papa a dwe konfime nan yon reyinyon Sentsèn epi apre yon entèvyou avèk evèk la, li dwe soutni pou resevwa Prètriz Aawon an. Batèm manm fanmi an yo pa ka ranvwaye pou papa a ka fè yo li menm.

Èske m ka anseye epi batize yon moun ki ekskominye?

Batèm moun ki ekskominye yo se pa batèm konvèti, epi misyonè pa entèvyouve moun sa yo pou batèm. Ou gen dwa travay avèk moun sa yo sèlman sou sipèvizyon Prezidan Misyon an ak evèk la.

E si yon moun gen yon dat batèm ki planifye men li pa kenbe tout angajman yo?

Si ou santi ke yon moun w ap anseye bezwen plis preparasyon, pa planifye entèvyou pou batèm jiskaske envestigatè a kenbe angajman yo epi reponn ak prensip yo.

Kisa pou m fè lè moun yo vle batize men y ap viv ansanm san yo pa marye?

Kandida pou batèm ki ap viv avèk yon moun sèks opoze san yo pa marye dwe marye oubyen sispans viv ansanm anvan yo ka batize.

Kesyon 4 nan entèvyou pou batèm nan mande si yon moun enplike nan yon peche grav, tankou avòtman, relasyon omoseksyèl, oubyen krim grav. Kisa pou m fè si yon moun konfese yon peche konsa?

1. *Enstriksyon pou anseye misyonè yo.* Pafwa envestigatè yo ka vle bay enfòmasyon sou kalite peche sa yo pandan w ap anseye yo sou kòmandman yo epi envite yo pran angajman. Sepandan, si yo pa di anyen men ou panse ke yo gen yon pwoblèm, prepare yo pou entèvyou batèm nan kote w ap mande yo si yo te enplike nan nenpòt nan peche sa yo. Si ou vin okouran yon peche grav, pa mande detay sou peche a. pa planifye yon dat batèm ni pa fè okenn pwomès konsènan si y ap apwouve yo pou batèm ak konfimasyon. Eksprime amou ou epi repase prensip repantans lan. Eksplike jantiman ke peche sa yo se peche ki grav epi gen yon moun ki gen plis matirite ak eksperyans (Prezidan Misyon ou oubyen yon lòt moun li asiyen) ap vin pale avèk yo epi ede yo nan bagay sa yo. Apresa voye yon demann pou entèvyou pou batèm dirèkteman bay Prezidan Misyon an.
2. *Enstriksyon pou moun k ap dirije entèvyou pou batèm ak konfimasyon.* Si misyonè yo te byen anseye kandida a anvan entèvyou pou batèm nan, bagay sa yo, si yo egziste, dwe dirije bay Prezidan Misyon an. Si yo leve pwoblèm sa yo, eksprime amou ou epi repanse kòmandman ak prensip sou repantans yo. jantiman eksplike ke peche sa yo grav epi yon moun ki gen plis matirite ak eksperyans (Prezidan Misyon ou oubyen yon lòt moun li asiyen) ap vin pale avèk yo epi ede yo nan bagay sa yo. Apresa voye yon demann pou entèvyou pou batèm dirèkteman bay Prezidan Misyon an.

Nòt

Aktivite: Etid pèsònèl

Panse sou fason ou ka santi ou si yo t ap entèvyouve ou. Konsidere kesyon sa yo:

- Ki aspè nan entèvyou a ki ka parèt etranj pou ou? Kisa moun k ap entèvyouve a ka di oubyen fè pou mete ou alèz?
- Kijan ou ta renmen moun k ap fè entèvyou a reyaji avèk ou?
- Kijan ou ta renmen moun k ap fè entèvyou a reponn si ou ekprime dout oubyen enkonpreyasyon oubyen si ou konfese peche ki grav?

Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan journal etid ou.

Ranpli Rejis Batèm ak Konfimasyon an

Misyonè ki ap dirije entèvyou a dwe ranpli fòm ki genyen pou batèm ak konfimasyon yo. Li dwe suiv enstriksyon ki sou fòm yo epi asire li ke yo konplè epi byen klè. Li dwe eksplike ke yon yo pral kreye yon rejis manm apati rejis batèm nan epi l ap gen ladan enfòmasyon enpòtan sou nouvo manm yo ak sou òdonans yo te resevwa yo. Kèlkeswa lè manm yo deplase ale yon lòt kote, yo voye rejis manm nan ale nan nouvo inite a pou nouvo evèk yo a ka entegre yo epi asiste yo. Misyonè a dwe mande kandida a pou l verifye enfòmasyon ki sou fòm nan pandan entèvyou a.

Si yon moun pa gen yon rejis manm, li pa ka resevwa yon rekòmandasyon pou tanp.

Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Etidye Mozya 6:1–3 ak Mowoni 6:1–4. Nan ki fason pasaj sa yo an rapò avèk responsablite ou pou kenbe rejis batèm ak konfimasyon ki byen klè?

Sèvis batèm nan

Lespri a manifeste byen fò lè y ap fè òdonans sakre batèm ak konfimasyon yo. Sèvis batèm nan ak konfimasyon an ki fèt apre l la dwe make nouvo konvèti a espiritiyèlman. Ou menm avèk dirijan misyon pawas la dwe fè tout sa nou kapab pou asire nou ke sèvis batèm nan byen òganize, li enspiran, epi memorab pou moun yo toujou sonje li. Sèvis sa yo dwe fòtifye nouvo konvèti yo nan angajman yo pou yo rete aktif.

Envite episkopa a, dirijan kowòm yo ak Oksilyè yo, ak enstriktè nan fwaye yo ak enstriktis nan fwaye yo (si genyen) pou yo asiste nan sèvis batèm nan. Ou dwe envite zanmi ak paran konvèti yo ak tout lòt investigatè yo pou yo asiste sèvis batèm nan ak reyinyon Sentsèn kote y ap fè konfimasyon an. Eksperyans sa yo ap ede yo santi Lespri a epi ap prepare yo pou yo aksepte yon envitasyon pou yo aprann plis sou levanjil la. Travay avèk kandida pou batèm nan ak dirijan misyon pawas la pou envite zanmi kandida yo ak paran yo asiste seremoni an. Apresa fè suivi apre sèvis la pou pale sou eksperyans yo epi envite yo pou yo vin aprann poukisa zanmi yo te chwazi batize a.

Misyonè ki te anseye kandida pou batèm nan kowòdone avèk dirijan misyon pawas la pou òganize sèvis la. Eksplike kandida pou



batèm nan sa ki planifye pou fèt epi poukisa. Pale sou rad ki konvab pou l mete, ladan fason kandida a pral abiye anblan pou batèm nan. Mete ou dakò sou kote ak lè batèm nan. Yon manm episkopa a oubyen dirijan misyon pawas la nòmman dirije sèvis la. Men kèk bagay ki esansyèl pou planifye epi pou òganize.

Yon sèvis batèm ka gen ladan:

1. Mizik prelid.
2. Yon ti byenveni pa dirijan Prètriz k ap dirije sèvis la (yon manm episkopa a dwe prezide).
3. Yon kantik ak yon priyè pou kòmanse.
4. Youn oubyen de ti diskou kout sou sijè levanjil yo, tankou batèm ak don Sentepri a.
5. Yon seleksyon mizikal.
6. Fè batèm nan.
7. Yon moman reverans pandan ke moun ki patisipe nan batèm nana p chanje rad yo. Sa ka gen ladan koute mizik entèlid, chante kantik ki byen koni ak kantik Primè yo, pase yon kasèt videyo legliz la, oubyen rann temwayaj.
8. Yon opòtinite pou nouvo konvèti yo rann temwayaj yo, si yo vle.
9. Yon kantik pou fini ak yon priyè pou fini.
10. Mizik final.

Konfimasyon

Yon moun resevwa òdonans konfimasyon yo apre li fin batize (gade D&A 20:41). Yon nouvo konvèti konsidere kòm manm legliz la lè òdonans batèm ak konfimasyon yo fin fèt (gade Jan 3:5; D&A 33:11). Nouvo konvèti yo konfime nan yon reyinyon Sentsèn nan pawas kote yo rete a, non pa nan sèvis batèm nan. Evèk la responsab pou fè konfimasyon an fèt osi vit sa rezonab apre batèm nan. Evèk la oubyen youn nan konseye l yo patisipe nan konfimasyon an. Evèk la ka envite èldè misyonè yo ki te ede anseye konvèti a pou patisipe nan konfimasyon an. Travay kole kole avèk evèk la ak dirijan misyon pawas la pou asire ou ke òdonans esansyèl sa a akonpli.



Apre batèm nan ak konfimasyon an

Sou direksyon evèk la, misyonè yo dwe kontinye fratènize avèk nouvo manm yo. Kontinye anseye yo epi repase sa ou te anseye yo yo. Ankouraje yo epi bayo sipò, li Liv Mòmmon an avèk yo, epi ede yo pataje levanjil la avèk manm fanmi yo ak zanmi yo. Si sa apwopriye, kontinye kominike avèk moun ou te anseye yo pandan tout lavi ou epi ankouraje yo epi bayo sipò.

Apre konfimasyon an, kontinye itilize Rejis Ansèyman an pou w ekri pwogrè ou nan anseye leson 1–4 yo ankò epi nan anseye leson 5 la. Travay kole kole avèk dirijan misyon pawas la ak dirijan pawas yo pou ede nouvo konvèti a rete aktif epi resevwa tout benediksyon Ekspyasyon Jezikri a.

Nòt

Sonje sa

- Byen prepare kandida pou batèm yo pou entèvyou pou batèm ak konfimasyon.
- Fè si ke kandida yo reponn avèk kondisyon pou batèm ak konfimasyon yo.
- Ede asire ke sèvis batèm yo espirityèlman elvan.
- Itilize sèvis batèm ak konfimasyon yo kòm opòtinite pou jwenn moun.
- Ranpli tout fòm pou batèm ak konfimasyon yo kòrèkteman.

Ide pou Etid ak Aplikasyon

Nòt

Etid pèsònèl

- Fè yon lis pwoblèm yon kandida pou batèm ka rankontre. Poukisa li enpòtan pou kandida a santi lanmou ak amitye manm legliz yo?
- Etidye Mowoni 6 ak Doktrin ak Alyans 20:68–69. Kisa ou aprann nan vèsè sa yo osijè moun ki ap prepare pou batèm ak konfimasyon? Ekri sa ou aprann yo, epi pataje sa w panse avèk konpayon ou pandan etid ou avèk li.

Etid avèk konpayon

- Èldè Henry B. Eyring te eksplike poukisa prensip ki elve yo enpòtan. Diskite sou konsèy sa a avèk konpayon ou epi evalye fason ou santi ou osijè ede moun yo reponn avèk prensip sa yo. “Senyè a tabli prensip li pou li ka beni beni nou. Panse sou benediksyon sa yo: Li pwomèt moun ki reponn avèk prensip sa yo èd Sentespri a. Li pwomèt lapè pèsònèl. Li pwomèt chans pou resevwa òdonans sen yo nan Kay li a. Epi Li pwomèt ke moun ki pèsevere jiskalafen nan viv prensip li yo ke y ap gen lavi etènèl. . . . Paske nou renmen moun nou sèvi yo, nou tout ta renmen fè pi byen nan elve pitit Papa nou ki nan Syèl la yo rive nan fidelite ak pite yo bezwen pou yo genyen tout benediksyon Senyè yo. . . . Nou kòmanse pa kenbe prensip Senyè a yo klèman epi san ekskiz. Epi plis mond lan devye soti nan yo epi pase yo nan rizib, se plis nou dwe fèm pou n fè sa” (“Standards of Worthiness,” *First Worldwide Leadership Training Meeting*, Jan. 2003, 10–11).
- Pataje sa ou aprann nan chapit sa a osijè prepare moun pou batèm ak konfimasyon avèk konpayon ou.
- Repase dènye sèvis batèm ou te asiste a. Konpare li avèk direksyon ki nan seksyon “Sèvis Batèm nan”. Kisa ki te byen pase? Kisa ki bezwen amelyore? Diskite sou fason w ap asire ou ke sèvis ou planifye yo ap espiytyèl epi elvan.
- Fè pratik sou fason ou ta prepare yon envestigatè espesifik pou entèvyou pou batèm.
- Repase kesyon pou entèvyou pou batèm yo. Konsidere fason ou t ap jere diferan sityasyon, tankou sa yo:
 - Kandida a pa t di ou ke li te sou pwobasyon pou yon krim li te komèt.
 - Moun nan pa resevwa yon repons fèm pou priyè li pou l konnen ke Joseph Smith sete yon pwofèt.
 - Kandida a te fimen yon sigarèt de jou anvan sa.
 - Kandida a pa t si ke li te resevwa yon repons pou priyè l yo.
 - Fanmi an te santi presyon nan men zanmi yo epi yo pa si ke yo pare pou batèm.
- Repase Rejis Batèm nan ak fòm Rejis Konfimasyon an ak fòm Sètifika pou Batèm ak Konfimasyon an. Kijan ou ka asire ou ke enfòmasyon ou bay yo kòrèk epi konplèt?

Reyinyon Distri ak Konferans Zòn

- Repase enpòtans entèvyou pou batèm nan. Diskite sou fason misyonè yo dwe prepare envestigatè yo pou entèvyou a.
- Pale sou fason pou itilize sèvis batèm ak konfimasyon yo kòm opòtinite pou jwenn moun.

Prezidan Misyon

- Travay avèk dirijan Prètriz lokal yo pou asire ou ke yo itilize Rapò Pwogrè a efikasman.

Nòt

- Tanzantan dirije yon premye entèvyou pou batèm.
- Anseye dirijan distri ak dirijan zòn yo sou fason pou yo dirije entèvyou pou batèm yo.
- Enstwi manm Prezidans Misyon yo ak dirijan Prètriz yo sou fason pou dirije entèvyou pou batèm yo pou kandida pou batèm ki komèt peche grav yo.



Kijan m ka travay avèk dirijan Pye yo ak dirijan Pawas yo?

Konsidere sa

- Kisa nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo bezwen pou yo vin manm ki aktif nan legliz la?
- Ki responsablite dirijan pye yo ak dirijan pawas yo nan travay misyonè a, nan retansyon, ak aktivasyon?
- Kijan m ka ede dirijan pawas yo etabli legliz la?
- Kisa ki ka rive nan reyinyon kowòdinasyon chak semèn nan avèk dirijan misyon pawas la?

Ou gen gran opòtinite pou w travay avèk anpil dirijan ak manm pandan misyon ou. Ansanm w ap fòtifye epi etabli Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Relasyon ou etabli avèk dirijan legliz yo ap beni ou pou rès lavi ou. Yo se relasyon enpòtan pandan ke ou menm avèk manm legliz yo ap chèche mennen levanjil retabli a bay pitit Papa nou ki nan Syèl yo. Konprann bagay debaz sou fason pou w travay andedan òganizasyon pawas la ap ede ou avanse avèk pi gwo konsantrasyon ak pouvwa.

Fòtifye nouvo manm yo ak manm ki mwens aktif yo

Lè konvèti yo fin batize epi konfime, yo fè pwomès sakre pou yo obeyi epi sèvi Bondye ak lòt moun pou rès lavi yo. Yo vin kandida pou sali nan wayòm selès la. Pou yo resevwa benediksyon ki pwomèt sa yo, yo dwe pèsevere jiskalafen avèk lafwa nan Jezikri. Manm legliz yo esansyèl nan ede nouvo konvèti rete aktif epi fidèl.

Prezidan Gordon B. Hinckley di: “Pa gen absoliman okenn pwen nan fè travay misyonè a si nou pa kenbe fwi efò sa a. Toulède dwe enseparab. . . . Chak konvèti se yon gran responsablite serye” (“Find the Lambs, Feed the Sheep,” *Ensign*, Me 1999, 108).

Nòt

Sou direksyon evèk la, konsèy pawas la gen premye responsablite pou l fòtifye nouvo manm yo ak manm mwens aktif yo. Yo asire yo ke nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo gen zanmi, ke yo nourri pa pawòl Bondye a, epi ke yo resevwa apèl ak responsablite. Yo ka mande misyonè aplentan yo èd yo nan vizit nan fwaye (oubyen sè misyonè yo nan vizit ansèyman) epi nan vizite nouvo manm yo, manm mwens aktif yo, ak moun ki ap prepare pou misyon yo. De preferans ou prale avèk yon manm pou vizit sa yo.

Ou responsab moun sa yo tou. Prezidan Hinckley di: “Ou menm misyonè . . . ou gen pati pa ou nan responsablite kenbe konvèti w yo nan legliz la. Ou gen dwa pa kapab kontinye vizite yo. Men ou ka ekri yo tanzantan epi bayo ankourajman. . . . Lè ou ale lakay ou pa bliye yo. Viv tout tan diy pou konfyans yo. Ekri yo tanzantan, bayo asirans lanmou ou ” (*Ensign*, Me 1999, 109).

Lè ou ale nan reyinyon legliz yo, ou menm avèk konpayon ou dwe chita bò kote investigatè yo oubyen manm ou te mande fratènisè avèk yo pou sipòte yo epi fòtifye yo. Ou pa dwe chita nan yon gwoup avèk lòt misyonè yo.

Yon pati enpòtan misyon ou se etabli legliz la epi fòtifye inite w ap sèvi ladan l lan. Ou fè sa an pati nan ede nouvo konvèti yo rete aktif epi nan ede manm mwens aktif yo retounen nan aktivite yo. Youn nan devwa ou se ini ou avèk misyonè pawas yo pou anseye premye kat leson yo epi pou anseye leson 5 la ankò. Misyonè pawas yo, enstriktè nan fwaye yo, ak enstriktè vizitè yo ka ede anseye prensip sa yo tou.

Prezidan Gordon B. Hinckley te rakonte istwa sa a konsènan pwoblèm anpil nouvo konvèti rankontre:

Mwen te resevwa yon lèt trè enteresan lotrejou. Li te ekri pa yon fi ki te antre legliz la sa gen ennan. Li ekri:

“Vwayaj mwen nan legliz la te san parèy epi plen difikilte. Ane sa a ki sot pase a se ane ki pi di mwen janm viv nan lavi mwen. Li se ane ki pi rekonpansan tou. Antanke nouvo manm, mwen kontinye ap pase tès chak jou.”

Li te kontinye pou l te di ke lè li te antre nan legliz la li pa t santi sipò nan men dirijan yo nan pawas la. Evèk li te parèt endiferan anvè li kòm nouvo manm. Paskè li te santi li te rejte, li te retounen vè Prezidan Misyon l lan, ki te louvri opòtinite pou li.

Li deklare ke “Manm legliz yo pa konnen sa sa vle di pou yon moun nouvo manm. . . . Konsa, li prèske enposib pou yo pou yo konnen kijan pou yo banou sipò.”

*Mwen banou defi, frè m ak sè m yo, ke si nou pa konnen kisa sa ye, eseye imagine sa li sanble. Li ka teribman solitè. Li ka gen desepsyon. Li ka efreyan. Nou menm nan legliz sa a nou delwen pi diferan de mond lan pase n ap pwone nou ye. Madanm sa a te kontinye: “Lè nou menm antanke envestigatè nou vin manm legliz la, nou etone pou n dekouvri ke nou antre nan yon mond etranje konplètman diferan, yon mond ki gen pwòp tradisyon pa li, kilti pali, ak langaj pa li. Nou dekouvri ke pa gen okenn moun ni okenn lòt kote referans nou ka vire gade pou n jwenn gidans nan vwayaj nou nan nouvo mond sa a. Toudabò vwayaj la eksitan, erè nou yo menm amizan, epi apre sa sa vin fristran epi, finalman, fristrasyon an vin vire an kòlè. Epi se nan etap fristrasyon ak kòlè sa a ke nou kite. Nou retounen nan mond kote nou te soti a, kote nou te konnen kiyès nou te ye, kote nou te patisipe, epi kote nou te ka pale lang nan ” [*Ensign*, Me 1999, 108].*



Aktivite: Etid pèsònèl oubyen etid avèk konpayon

Li resi a anvan an. Ekri repons pou kesyon nou pral bay yo nan jounal etid ou, oubyen diskite yo avèk konpayon ou. Fikse bi ak plan ki apwopriye.

- Selon resi sa a, ki kèk faktè ki rann difisil pou nouvo manm yo rete aktif?
- Nan fason angaje manm yo depi nan kòmansman pwosesis ansèyman an ede avèk pwoblèm sa yo?
- Panse sou moun w ap anseye yo. Kijan ou ka pi byen angaje manm yo pou yo ede envestigatè yo kòmanse tranzisyon sosyal yo nan legliz la?

Vizit nan fwaye ak vizit ansèyman

Prezidan Pye yo ak evèk yo, an kowòdinasyon avèk Prezidan misyon yo, ka itilize misyonè yo pou vizite fanmi ki mwens aktif yo ak fanmi ki anpati manm yo. Nan sityasyon ki apwopriye, yo ka mande misyonè aplentan yo pou yo patisipe nan vizit nan fwaye ak vizit ansèyman yo. Opòtinite pou anseye sa yo dwe fòtifye manm yo, ogmante kapasite misyonè yo pou anseye, epi ede yo jwenn referans (gade “Deklarasyon sou Travay Misyonè,” lèt Premye Prezidans lan, 11 Des 2002).

Travay avèk konsèy pawas la pou fòtifye nouvo manm yo ak manm mwens aktif yo

Anseye epi batize envestigatè yo sou direksyon Prezidan Misyon an. Sepandan, travay pwoklame levanjil la ap avanse devan avèk plis puisans lè misyonè aplentan yo avèk manm yo mete efò ansanm epi travay ansanm nan inite. Yo gen dwa envite ou souvan pou w ale nan reyinyon konsèy pawas yo ak reyinyon egzekitif Prètriz yo. Premye priyorite ou se fè si ke envestigatè w yo legliz. Souvan sa vle di ke w ap akonpaye yo. Si gen yon konfli ant ale nan reyinyon konsèy pawas la avèk al chèche yon moun pou vini legliz, fè dènye a. Nan ka sa a, bay dirijan misyon pawas la yon kopi Rejis Pwogrè a epi asire ou ke li gen tout enfòmasyon li bezwen pou konsèy pawas la ak komite egzekitif Prètriz la.

Prezidan Gordon B. Hinckley te di:

“Chak nouvo konvèti bezwen twa bagay:

“1. Yon zanmi nan legliz la li ka toujou vire vè li, ki ap mache bò kote li, ki ap reponn kesyon l yo, ki ap konprann pwoblèm ni.

“2. Yon tach. Aktivite se karakteristik ki idantifye legliz sa a. Se pwosesis ki pèmèt nou grandi. Lafwa ak lanmou pou Senyè a se tankou mis nan bra nou. Si m itilize yo, y ap grandi vin pi fò. Si mwen mete yo nan yon echap, y ap vin fèb. Chak konvèti merite yon responsablite. . . .

“3. Chak konvèti dwe ‘nouri pa bon pawòl Bondye a’ (Mowo. 6:4). Li enperatif ke li vin afilye avèk kolèj Prètriz la, oubyen Sosyete Sekou a, Jènfi, Jènan, Lekòldidimanch, oubyen Primè a. Li dwe ankouraje pou l vini nan reyinyon Sentsèn pou l pran Sentsèn, pou l renouvle alyans li te fè nan moman batèm li yo” (*Ensign*, Me 1999, 106).



© 1999 Greg K. Olsen, Koutvazil Mill Pond Press. Pa kopye.

Konsèy pawas la ap pran responsablite founi nouvo konvèti yo yon zanmi, yon responsablite, ak nouriti esprityèl. W ap ede yo si yo mande. Dirijan Prètriz yo ak manm yo ap fè fratèlizasyon an, avèk asistans ou.

Amitye

- Anvan batèm ak konfimasyon an asire ou ke manm yo prezan nan chak leson, si posib. Manm sa yo dwe avèk envestigatè yo souvan pou reponn kesyon yo, konprann pwoblèm yo, epi ankouraje yo.
- Envite manm yo pou ale nan sèvis batèm nan epi pou yo swete nouvo konvèti yo byenveni nan pawas la. Manm yo ka ede nouvo konvèti yo santi yo konfòtab nan diferan reyinyon legliz yo. Yo dwe prezante yo bay lòt manm yo tou.
- Prezante envestigatè yo bay evèk la, bay konseye l yo, Prezidan Kowòm Ansyen yo ak Prezidan Sosyete Sekou yo, ak lòt dirijan yo nan pawas la osito sa posib. Eksplike wòl evèk la ak lòt dirijan pawas yo.



Opòtinite pou sèvi

- Ede konvèti gason yo konprann epi prepare yo pou yo resevwa Prètriz Aawon an ak Prètriz Mèlksedèk la. Eksplike ke Kolèj Prètriz yo bay opòtinite pou aprann, adore, epi sèvi ansanm.
- Angaje nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo nan opòtinite pou sèvis tankou ede yon vèv oubyen yon moun ki malad oubyen patisipe nan pwojè antrèd.
- Refere konvèti yo bay konsiltan istwa familyal la pou yo ka ranpli yon rejis gwoup fanmi ak tablo jeneyaloji. Si sikonstans yo pèmèt ou, ede yo prepare pou yo batize nan tanp pou zansèt yo ki mouri yo.
- Envite konvèti yo pou yo prepare manm fanmi yo ak zanmi yo pou misyonè yo ka anseye yo. Misyonè yo dwe mande nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo referans.

Nouri pa Pawòl Bondye a

- Fin anseye prensip ki nan leson 5 yo, "Lwa ak Òdonans" yo.
- Raple nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo angajman yo te pran anvan batèm yo ak alyans yo te fè lè yo t ap batize epi konfime yo.
- Ankouraje yo pou yo priye chak jou endividyèlman epi avèk fanmi yo.
- Ankouraje yo pou yo etidye ekriti yo chak jou, espesyalman Liv Mòmò an.
- Fòtifye temwayaj nouvo konvèti yo sou Retablisman levanjil Jezikri a atravè Pwofèt Joseph Smith. Repase leson ou te anseye yo anvan batèm ak konfimasyon yo, adapte envitasyon pou pran angajman yo avèk bezwen aktyèl yo.
- Kontinye anseye enpòtans ale legliz chak Dimanch epi viv diy pou pran Sentsèn. Ale epi chita avèk nouvo konvèti yo ak manm mwens aktif yo.
- Envite yo pou yo ale nan klas Prensip Levanjil yo lè Lekòldidimanch.

- Anseye yo kijan pou yo fè sware famiyal chak Lendi swa pandan y ap itilize Manyèl pou Sware Famiyal la.
- Ankouraje yo pou yo pataje levanjil retabli a avèk lòt moun.
- Ede yo enskri nan klas seminè oubyen enstiti.
- Mete yo okouran de resous legliz yo tankou www.mormon.org, www.lds.org, ak www.familysearch.org.

Etid ekriti**Nouri avèk pawòl Bondye a**

Mozya 18:18–20

Alma 31:5

Mowoni 6:4

Sèvis

Mozya 2:17

Matye 25:40

Guide des Ecritures, “Service”

Ki wòl Prezidan Misyon applantan an?

Prezidan misyon applantan an detni kle pou batèm konvèti yo. Sou direksyon li, misyonè applantan yo gen responsablite prensipal pou anseye investigatè yo. Sepandan, evèk la siveye pwogrè investigatè yo ak fratèlizasyon yo pandan y ap anseye. Plan misyon pawas la egzekite sou direksyon otorite evèk la pou prezide a. Prezidan Misyon an rankontre regilyèman avèk Prezidan Pye yo pou fè si ke misyonè applantan yo kolabore avèk dirijan Prètriz yo. Li kowòdone efò pwozèlitis yo epi li ofri pou l ede Prezidan Pye a bay enstriksyon nan prensip ak pratik travay misyonè a.

Ki responsablite Dirijan Pye yo ak dirijan Pawas yo?

Dirijan lokal legliz yo ak manm yo se pi bon alye ou. Respekte yo epi eseye bati bon relasyon avèk yo. Pandan w ap travay avèk dirijan sa yo, sonje ke yo gen responsablite ki asosye avèk apèl yo. Chèche pou w se yon benediksyon, pa yon fado, pou dirijan pye yo ak dirijan pawas yo. Atitid ou dwe tankou “Kijan nou ka ede?” Fè konsèy avèk evèk la ak dirijan misyon pawas la konsènan plan ou ak aktivite ou. Asire ou ke sa w ap fè yo ap sipòte plan misyon pawas la.

Wòl lidèchip Prètriz la nan travay misyonè dekri anba a. Konprann wòl yo ap ede ou travay pi byen avèk yo.

Prezidan Pye

Prezidan Pye a siveye evèk yo nan responsablite misyonè, retansyon, ak aktivasyon yo. Nan entèvyou chak mwa li avèk evèk yo, li diskite sou plan ak pwogrè investigatè yo ak manm yo. Li asire li ke doktrin ki anrapò avèk travay misyonè yo anseye regilyèman nan reyinyon Pye yo ak reyinyon pawas yo epi ke dirijan Prètriz yo ak lòt yo resevwa fòmasyon nan responsablite misyonè yo.

Prezidan Pye a rankontre regilyèman avèk Prezidan Misyon an tou pou yo kowòdone efò misyonè yo, ladan yo fòmasyon dirijan yo ak manm yo, itilize epi plase misyonè applantan yo, ak asistans nan efò aktivasyon yo.

Manm Gran konsèy

Yon manm Gran Konsèy asiyen pa Prezidans Pye a pou fè avanse travay misyonè, retansyon, ak aktivasyon nan pye a. Li bay Prezidans Pye a rapò regilyèman sou pwogrè travay sa a. Li asire li ke dirijan misyon pawas yo byen fòme nan devwa yo, enkli preparasyon yon plan misyon pawas.

Nòt

Evèk

Evèk la responsab efò misyonè, retansyon, ak aktivasyon nan pawas la. Patisipasyon pèsònèl li ak lidèchip li esansyèl. Pou ede akonpli travay sa a, evèk la aple yon detantè Prètriz Mèlkisedèk ki diy pou sèvi kòm dirijan misyon pawas la. Li aple yon kantite sifizan misyonè pawas tou pou ede reponn avèk bezwen yo nan pawas la.

Evèk la itilize Komite Egzekitif Prètriz la ak konsèy pawas la pou kowòdone efò misyonè, retansyon, ak aktivasyon. Li bay direksyon nan devlope epi egzekite yon plan misyon pawas.



Aktivite: Etid avèk konpayon

Planifye yon tan pou w rankontre evèk la. Chèche gidans li sou fason ou ka pi byen sèvi nan pawas la.

Dirijan Prètriz yo ak Oksilyè yo

Dirijan Prètriz yo ak Oksilyè yo dwe regilyèman repase eta nouvo manm yo ak manm mwens aktif yo epi planifye kijan pou pi byen fratènize yo epi fòtifye yo. Yo dwe travay avèk dirijan misyon pawas la tou pou kowòdone efò misyonè, retansyon, ak aktivasyon an avèk misyonè pawas yo ak misyonè apentan yo.

Dirijan Misyon Pawas

Sou direksyon evèk la, dirijan misyon pawas la:

- Tabli yon egzant nan pataje levanjil la avèk lòt moun epi fratènize avèk investigatè yo, nouvo konvèti yo, ak manm mwens aktif yo.
- Kowòdone travay misyonè pawas yo ak misyonè apentan yo avèk dirijan Prètriz yo, dirijan Oksilyè yo ak manm yo.
- Itilize Rejis Pwogrè a, Lis Aksyon Konvèti a, ak Lis Aksyon ak Entèvyou Episkopa a pou repase pwogrè investigatè yo, nouvo konvèti yo, ak manm mwens aktif yo nan reyinyon Komite Egzekitif Prètriz yo ak reyinyon Konsèy Pawas yo.
- Dirija reyinyon kowòdinasyon misyonè chak semèn yo.
- Òganize sèvis batèm konvèti yo nan pawas la an kolaborasyon avèk misyonè apentan yo. Yon manm episkopa a oubyen yon dirijan misyon pawas la dirije sèvis sa yo.

Dirijan misyon pawas la sèvi nan Komite Egzekitif Prètriz la tou ansanm ak konsèy pawas la, ak komite antrèd pawas la tou epi li patisipe nan reyinyon dirijan Prètriz yo nan Pye a.

Misyonè pawas

Yo aple frè ak sè ki kalifye pou sèvi kòm misyonè pawas. Yo sipèvize pa dirijan misyon pawas la.

Misyonè pawas yo jwenn, fratènize, epi anseye investigatè. Yo enstwi epi fratènize avèk nouvo konvèti yo tou ak manm mwens aktif yo.

Yon misyonè pawas ki detantè Prètriz Mèlkisedèk ka aple pou sèvi kòm asistan dirijan misyon pawas la.

Kowòdinasyon misyonè

Travay misyonè pawas la nòmalmman kowòdone nan reyinyon Komite Egzekitif Prètriz la ak reyinyon konsèy pawas la atravè itilizasyon Rejis Pwogrè, ke misyonè aplentan yo founi yo. Objektif misyonè reyinyon sa yo se pou bay rapò, planifye, epi kowòdone tach pou jwenn, anseye, fratènize, epi aktive jan li souliyen nan paragraf sa yo.

Jwenn moun pou anseye. Komite Egzekitif Prètriz la ak konsèy pawas la diskite plan pou prepare moun espesifik pou anseye pa misyonè aplentan yo. Yo diskite sou pwogrè manm presi pawas la nan prepare moun ak fanmi pou leson misyonè yo.

Anseye epi batize. Komite Egzekitif Prètriz la ak konsèy pawas la repase Rejis Pwogrè a chak semèn, ki dekri pwogrè chak moun ki ap anseye pa misyonè aplentan yo. Yo kowòdone plan pou anseye nan fwaye manm yo tou, yo fratènize avèk envestigatè yo, epi yo asire patisipasyon manm yo nan sèvis batèm yo.

Fratènize ak Anseye nouvo manm yo. Komite Egzekitif Prètriz la ak konsèy pawas la repase Lis Aksyon Konvèti a pou kontwole pwogrè chak nouvo manm. Yo diskite sou fason pou fratènize avèk nouvo manm yo tou. Lè evèk la mande yo, yo rekòmande apèl potansyèl pou nouvo konvèti yo.

Fratènize ak Anseye manm mwens aktif yo. Komite Egzekitif Prètriz la ak Konsèy Pawas la kowòdone efò aktivasyon kolèj Prètriz yo ak misyonè aplentan yo. Yo planifye kijan pou fratènize avèk manm mwens aktif yo, espesyalman nan envite yo nan reyinyon ak aktivite legliz yo.

Kowòdinasyon adisyonèl avèk Dirijan Misyon Pawas la

Travay misyonè nan pawas la nòmalmman kowòdone nan reyinyon Komite Egzekitif Prètriz yo ak reyinyon konsèy pawas yo. Si gen kowòdinasyon anplis ki nesèsè, dirijan misyon pawas la ka fè reyinyon kowòdinasyon misyonè avèk misyonè aplentan yo. Yo ka envite lòt moun pou asiste reyinyon sa yo, ladan yo misyonè pawas yo, yon asistan Prezidans Kowòm Ansyen an, yon asistan Dirijan gwou Gran Prèt yo, yon konseye nan Prezidans Kowòm Ansyen an, avèk yon konseye nan Prezidans Sosyete Sekou a.

Moun ki asiste reyinyon sa a ka repase epi bay yon rapò sou tach ak bi nan reyinyon anvan yo epi diskite sou plan pou semèn k ap vini an. Si sa nesèsè, yo ka kowòdone tach misyonè pawas yo pou travay avèk misyonè aplentan yo epi diskite sou fason pou yo rann efò konbine misyonè pawas yo avèk misyonè aplentan yo efektif.

Plan Misyon Pawas

Anpil pawas twouve ke devlope yon plan misyon pawas ankouraje travay misyonè a nan pawas la. Yon plan konsa ka gen ladan objektif, inisyativ, ak aktivite pou ede manm pawas yo envite moun pou tande levanjil la. Moun endividyèl ak fanmi benefisye nan devlope yon plan konsa tou pou gide efò misyonè yo.

Manm yo dwe itilize tout mwayen onorab pou jwenn moun ki pare pou koute mesaj Retablisman an. Yo dwe mete aksan nan jwenn papa, manman, ak pitit ki ap antre nan legliz la antanke fanmi. Men kèk sigjesyon pou konsidere nan devlope yon plan misyon.

- Priye pou Senyè a prepare kè moun byen espesifik pou tande levanjil la. Priye tou pou w sansib ak moun li ap prepare yo (gade Alma 6:6). Prezidan Gordon B. Hinckley te anseye “se ap yon gran jou, lè pèp nou an pa sèlman priye pou misyonè yo nan tout

mond lan, men mande Senyè a pou ede yo asiste misyonè ki ap travay nan pwòp pawas pa yo” (“Missionary Service,” *First Worldwide Leadership Training Meeting*, Jan. 2003, 19).

- Chèche okouran opòtinite pou w atenn lòt moun yo. Se pou ou bon vwazen epi tann lamèn nan lanmou bay tout moun.
- Mande zanmi ak vwazen pou sèvi kòtakòt manm yo nan bagay tankou bay sèvis kominotè, bay moun ki nan bezwen manje, anseye mini klas nan reyinyon anrichisman Sosyete Sekou, ede nan aktivite pawas yo, ede moun k ap demenaje, travay nan Eskout, epi ede nan istwa familyal ak nan pwojè antrèd.
- Envite fanmi, zanmi, ak vwazen non manm yo nan batèm yo, nan konfimasyon yo, ak nan òdinasyon nan Prètriz yo.
- Envite non manm yo pou yo ede nan evenman espesyal, tankou yon dine pandan yon jou konje nasyonal.
- Fè reyinyon pawas, aktivite, kwendfe, ak pòt ouvèt bon kalite ak ak enterè sa yo pou manm yo ka santi yo anvi envite zanmi ak relasyon yo pou yo vini.
- Envite moun yo nan sware familyal.
- Vizite moun ki ap fè eksperyans chanjman nan lavi yo, tankou maryaj, nesans, oubyen lanmò.
- Vizite epi ede moun ki ap demenaje nan vwazinaj la. Pataje enfòmasyon sou kominote a, vwazinaj la, ak legliz la.
- Pwofite tout opòtinite pou pale osijè levanjil la. Diskite sou kèk sijè tankou Sovè a, Liv Mòmòn an, Bib la, bi lavi a, fanmi, ak istwa familyal.
- Ankouraje jèn yo pou yo fè zanmi avèk lòt jèn parèy yo epi envite yo vin nan reyinyon ak aktivite legliz yo.
- Travay avèk fanmi ki an pati manm yo.
- Planifye reyinyon Sentsèn espiyèlman elvan.

Aktivite: Etid avèk konpayon

- Avèk konpayon ou, li epi diskite sou paj 34–37 nan *Ankre nan lafwa a*, “Administrasyon legliz la.”
- Pataje sa ou aprann avèk konpayon ou oubyen ekri l nan jounal etid ou.
- Diskite sou fason ide w yo ap enfluyans fason ou apwoche travay ou avèk dirijan legliz yo.

Angajman pou rete aktif nan legliz la

Travay misyonè gen pi gwo efè lè moun yo ap pran epi kenbe angajman pou yo rete aktif nan legliz la pandan tout lavi yo. Li pa sifi pou moun senpleman antre nan legliz la. Yo dwe vini pou yo rete. Tout ansèyman ou ak envitasyon ou dwe dirije vè fen sa a. Pou yo ka resevwa tout benediksyon Papa nou ki nan Syèl la gen pou yo yo, manm yo dwe kontinye viv levanjil la epi rete aktif nan legliz la.

Nefi te anseye: “Kounyeya, frè byeneme m yo, lè ou fin antre nan chemen etwat epi kwense sa a, m vle mande èske tout bagay fini? Reyèlman, m di ou, Non; . . . ou dwe mache ann avan avèk fèmte nan Kris la . . . epi pèsèvere jiskalafen, reyèlman, Papa a di: W ap gen lavi etènèl ” (2 Nefi 31:19–20).

Bay pi bon efò ou pou w ede moun yo kalifye yo pou “lavi etènèl, ki se pi gran don nan tout don Bondye yo” (D&A 14:7).

Sonje sa

- Bati relasyon ki solid avèk evèk la ak manm konsèy pawas yo.
- Patisipe nan fason apwopriye pandan reyinyon Komite Egzekitif Prètriz yo ak reyinyon konsèy pawas yo.
- Mete ou nan sèvis konsèy pawas la. Lè manm konsèy yo mande èd ou:
 - Pare pou fratènize avèk konvèti yo ak manm mwens aktif yo, ede yo nan apèl y oak nan opòtinite sèvis yo, epi re anseye leson misyonè yo.
 - Avèk manm yo, anseye nouvo konvèti yo leson “Lwa ak Òdonans” yo.

Nòt

Ide pou etid ak aplikasyon

Etid pèsònèl

- Itilize planè ou, fè plan pou w pale avèk nouvo konvèti yo ak manm ki fèk reyaktive yo sou osijè chanje lavi yo epi ale legliz. Kisa ki ede yo plis? Nan journal etid ou, ekri panse ou sou eksperyans yo fè yo. Kisa ou aprann ki pral ede ou nan travay avèk envestigatè kouran yo?
- Etidye 2 Nefi 31:18–20; Alma 26:1–7 ak 32:32–43; ak Mowoni 6. Ekri sa ou aprann nan vèsè sa yo osijè fòtifye nouvo konvèti yo.

Etid avèk konpayon

- Pandan reyinyon konsèy pawas la, mande evèk la si gen manm mwens aktif nan zòn ou an li ta renmen ou vizite semèn sa a. Lè w ap vizite manm mwens aktif sa yo, chèche bati lafwa yo nan Jezikri. Mande yo referans.
- Etidye 1 Korentyen 3:2; Ebre 5:12; ak Doktrin ak Alyans 19:22. Avèk ki lèt yo fè referans la a? Kisa ki vyann nan? Konpare repons ou yo avèk doktrin ki nan chapit “Kisa pou m etidye epi anseye?” a. Poukisa ou dwe bay lèt avèk vyann nan vrè lòd ak nan vrè kantite? Kijan ou fè sa?
- Li sitiyasyon sa a, kote Prezidan Joseph F. Smith dekri santiman li nan moman batèm ni:

“Santiman ki te desann sou mwen an sete yon santiman lapè ki pi, lanmou ak limyè. Mwen te santi nan nanm mwen ke si m te peche—epi sètènman mwen pa t san peche—mwen te padone; ke anfèt mwen te pwòpte soti nan peche; kè mwen te touché, epi mwen te santi ke mwen pa t ap ka blese menm yon ti founi piti anba pye mwen. Mwen te santi kòm si mwen te vle fè byen tout kote pou tout moun epi nan tout bagay. Mwen te santi yon renouvo lavi, yon renouvo nan dezi pou fè bon bagay. Pa t gen okenn ti dezi pou fè mal ki te rete nan nanm mwen. . . . Sa sete enfliyans ki te vini sou mwen, epi mwen konnen ke li te soti kot Bondye, epi sete epi sa ap toujou rete yon temwayaj vivan pou mwen sou akseptans mwen de Senyè a ” (*Gospel Doctrine*, 5th ed. [1939], 96).

Kounyeya li sa Prezidan Smith te di osijè santiman li lontan apre batèm ni:

“O! ke m ta ka kenbe menm espri sa a ak menm dezi onèt sa a nan kè mwen chak moman nan lavi mwen depi [jou batèm mwen] an rive jodi a. Men anpil nan nou ki resevwa temwayaj sa a, nouvo nesans sa a, chanjman kè sa a, pandan ke nou ka ere nan jijman oubyen fè anpil erè, epi souvan petèt vin yon ti kras soti nan vrè prensip yo nan lavi nou, nou repanti soti nan mal, epi nou chèche padon tanzantan nan men Senyè a; pou ke jiska jodi sa a menm dezi a ak menm objektif la ki te rantre nan nanm nou yo lè nou te batize a epi resevwa remisyon peche nou yo, toujou posede kè nou, epi toujou rete santiman ak pasyon nanm nou” (*Doctrine de l’Evangile*, 96).

- Kisa ou pèsònèlman aprann nan men Prezidan Smith osijè pwòp temwayaj ou avèk angajman ou pou viv levanjil la?
- Kisa ou te aprann osijè difikilte nouvo konvèti yo, menm fiti pwofèt yo, rankontre apre batèm yo.?
- Panse sou moun ki fèk konvèti yo ak manm mwens aktif yo, kisa ou ka fè pou ede yo regen “dezi ak bi” yo te gen yon fwa deja yo?

Reyinyon Distri ak Konferans Zòn

- Envite yon evèk pale sou pwoblèm travay avèk manm mwens aktif yo ak nouvo konvèti yo. Mande li pou l mete aksan sou fason misyonè yo ka ede nan pwoblèm sa yo.

Nòt

- Diskite sou parabol brebi pèdi a, pyès kòb pèdi a, ak pitit gason pwodig la (gade Lik 15).

Prezidan Misyon

- Travay avèk dirijan Prètriz lokal yo pou ankouraje yo ede nouvo konvèti yo:
 - Rete òdone nan Prètriz la.
 - Resevwa enstriktè nan fwaye yo.
 - Prepare non yon zansèt pou yo ale nan tanp epi fè batèm pou mò.
 - Resevwa leson sou “Lwa ak Òdonans” yo avèk enstriktè nan fwaye ki prezan.
- Anseye dirijan lokal yo fason pou yo itilize misyonè yo nan konsèy pawas la.
- Anseye dirijan lokal yo bi ak itilizasyon Rejis Pwogrè a.
- Tanzantan mande misyonè yo pou yo montre ou yon kopi Rejis Pwogrè yo.
- Tanzantan fè suivi avèk moun ki fèk konvèti yo pou chèche wè kijan yo ye epi kijan misyonè yo ak manm yo ka ede yo.
- Envite dirijan pye yo oubyen dirijan pawas yo pou yo pale avèk misyonè w yo pou eksplike yo kijan misyonè yo ka pi bay pi gran èd.
- Envite moun ki fèk konvèti yo pou yo pale avèk misyonè yo epi rakonte yo eksperyans yo antanke nouvo konvèti nan legliz la.
- Tanzantan mande manm ki se konvèti yo pou yo pataje eksperyans konvèsyon yo nan yon konferans zòn

A

Aawon, Prèttriz, retabli, 35
 Aktivite pou karaktè, evalyasyon tèt, 122
 Alyans, definisyon, 67
 eksplike, 60
 Angajman, bi, 7
 Angajman, ak benediksyon, 191–92
 ak kesyon dirèk, 191
 ak fè suivi, 194
 ogmante lafwa, 194
 pati nesèsè nan repantans, 189
 Angajman, envitasyon, 189–90
 Anglè, bezwen aprann, 124
Ankre nan lafwa, 19
 Anseye, ansèyman, adapte pou reponn avèk
 bezwen, 171–72
 ak jwenn moun, 154–55, 162–68
 ak koute, 178–79
 ak memorizasyon, vii
 pa Lespri a, 20
 Konsèy Premye Prezidans lan sou, 169–70
 Kijan pou kòmanse, 170–71
 nan yon apèl legliz la, 88
 Longè randevou yo, 172
 Longè leson yo, vii
 moun san antesedan kretyen, 184–85
 levanjil la antanke yon misyonè, 170
 avèk konpayon, 172–73
 avèk manm, 173
 avèk kesyon, 177–78
 avèk ekriti yo, 174–75
 Ansèyman nan fwaye, 209
 Ansèyman, Rapò, deskripsyon fòm nan, 137–38
 Ansyen envestigatè, kòm yon sous pou jwenn
 envestigatè, 161–62
 Apèl, nan legliz la, 83
 Gade Apèl misyonè tou
 Apèl misyonè, ak responsablite, 3
 pouvwa ak otorite, 3–4
 pou anseye levanjil retabli a, 169
 Apostazi, definisyon, 32
 Gran Apostazi, 33–34
 Aprann, yon pwosesis nan resevwa
 revelasyon, 16
 antanke yon manm legliz la, 88
 pa Sentespri a, 16
 Avètisman, nan resevwa revelasyon, 94–95
 Avòtman, ak diyite pou batèm, 200–1

B

Ballard, M. Russell, on goals, 142
 on the power of the Spirit, 94
 Batèm ak konfimasyon, 8, 72
 Kesyon ak repons sou, 200–1
 rejis, 202
 Batèm, envitasyon pou, 37, 63
 Nesèsè pou vin manm legliz la, 61
 Pa nesèsè pou timoun piti yo, 61
 dife, 62
 kandida ki pa kalifye, 200
 premye alyans abtèm nou, 60–61
 preparasyon pou, 197
 kalifikasyon pou, 197–98
 Batèm entèvyou, kesyon, 199
 kijan pou dirije, 199–200
 kimoun ki dirije, 200
 prepare envestigatè yo pou, 197
 Batèm konvèti, definisyon, 197–98
 Batèm, sèvis, kijan pou dirije, 202–3

Batèm pou mò, 81
 Bati legliz la, 156
 Benson, Ezra Taft, sou repons kesyon nan
 Liv Mòmmon an, 104–5
 Sou Liv Mòmmon an kòm fondman, 99
 Sou gran kesyon nanm yo, 102
 Sou enpòtans Lespri, 170
 Sou pale levanjil la bay mond lan, 2
 Sou travay, 117
 Bi, ak sesyon planifikasyon chak semen, 143–45
 Kijan pou fikse, 142
 Bi, fikse bi, 142
 Bib, kore Liv Mòmmon an, 101
 Benediksyon, ak angajman, 191–92
 Blòk glas, pwoblèm tankou, 180
 Bondye Papa, te parèt devan Joseph Smith, 34
 Bondye, Papa nou ki nan Syèl la, 29–32, 47
 Bondye, anseye moun ki pa kretyen yo sou, 30
 Buddha (Gotama), 42

F

Fanmi, bi, 80–81
 Fanmi, beni pa levanjil la, 30
 Levanjil retabli a beni, 2
 Ansèyman sou enpòtans fanmi, 159–60
 “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,”
 2, 81
 Fanmi Bondye, 30, 155
 Faust, James E., sou lesperans, 113
 Sou anseye klèman, 176
 Fè byen, 163–64
 Fè suivi, ak angajman, 194
 Fratènizasyon, nouvo manm yo, 210
 Fleksiblite, nan etid, vii
 nan anseye, vii

H

Hinckley, Gordon B., misyonè pou kenbe konvèti
 yo nan legliz la, 209
 sou retansyon konvèti yo, 208
 sou lafwa ak lapriye, 89–90
 sou manm ki ap ede misyonè, 156–57
 sou priye misyonè yo, 93
 sou bezwen nouvo konvèti yo, 207–08
 sou li Liv Mòmmon an nan espri lapriye, 104
 sou rekonèt Lespri a, 93
 sou sèvis, 164
 Holland, Jeffrey R., sou aprann lang, 124
 sou koute, 179
 sou anseye avèk puisans, 7
 Hunter, Howard W., sou rekonèt Lespri a, 94

J

Jènfi, òganizasyon, 79
 Jènan, òganizasyon, 79
 Jezikri, te parèt devan Joseph Smith, 35
 kòm Redanmtè, 41, 48–49, 57–58
 Ekspyasyon. *Gade Ekspyasyon*
 ministè terès, 32
 Ede moun aprann osijè, 45–48
 Jijman, definisyon, 55
 final la, 49

K

Karaktè (kalite), kijan pou etidye, 118
 Karaktè Kris, 114
 Karaktè kretyen, don Bondye, 111
 kijan pou devlope, 118–19

bezwen devlope, 111
 Kesyon, ak angajman, 191
 kijan pou reponn, avèk Liv Mòmmon an, 104
 itilize, nan ansèyman, 177
 Kesyon nanm yo, ak Liv Mòmmon an, 102–3
 Kilti, bezwen aprann, 128
 Kimball, Spencer W., sou travay misyonè ak
 travay tanp, 159
 sou mizapa, 4
 Kle endikatè, definisyon, 134–35
 pou konvèsyon, 134–35
 Fikse bi pou, 142
 Kòmandman, 68–77
 Kijan pou etidye, 69
 Kijan pou panse sou, 71–72
 Komisyone, pou preche levanjil retabli a, 1
 Konesans, 115
 Konfimasyon, 61
 definisyon, 67
 kijan pou fè, 203
 preparasyon pou, 197–98
 Gade Batèm ak Konfimasyon tou
 Konvèsyon, wòl misyonè nan, 88
 Wòl Lespri nan, 88
 Konvèti, batèm, definisyon, 202–3
 Koute, pou amelyore aptitud pou lang, 126
 itilize, nan ansèyman, 178–79
 Kreyasyon, tè a, 46
 Krim grav, ak diyite pou batèm, 201
 Kris. *Gade* Jezikri
 Kris, Limyè. *Gade* Limyè Kris

L

Lafwa, nan jwenn moun pou anseye, 155
 Ak lapriyè, 89–90
 Nan Jezikri, 58–59, 112–14
 Lang aprann, ak gramè, 126
 ak memorizasyon, 125–26
 bi, 125
 prensip, 124–25
 plan etid, 125–26
 zouti pou, 125
 avèk konpayon, 127–28
 Lanmou, 114
 Lapriyè, yon kòmandman, 70
 Ak lafwa, nan konvèsyon, 89–90
 Echèl evalyasyon, 91
 Kijan pou fè, 37
 Mwayen pou aprann laverite, 37
 wòl, 37
 sigjesyon pour, 92–94
 Lavi etènèl, definisyon, 67
 Lavi sou tè a, 47
 Lee, Harold B., sou enpòtans fanmi, 3
 Sou anseye pou konprann, 193
 Leson, pou nouvo manm, 27
 Pou anseye envestigatè, 27
 Itilize pou etid ak fòmasyon, 27
 Levanjil, 60–66
 Beni fanmi, 2, 30
 Definisyon, 5, 67
 Reponn avèk bezwen moun, 1–2
 Bi, 5
 Retablisman, 34–35
 Levanjil Jezikri. *Gade* Levanjil
 Limyè Kris, 86
 Liv Zòn, deskripsyon, 135–37
 Itilize pou jwenn ansyen envestigatè, 161

Luther, Martin, 42
 Lwa, obeyi epi onore, 77
 Lwa ak òdonans, apre batèm, 78–83
 Kijan pou etidye, 78
 Kijan pou anseye sou, 78
 Lwa sivil, obeyi ak onore, 77

M

Make ekriti, 21–22
 Manm mwens aktif, yon sous pou jwenn
 envestigatè, 157
 fòtifye, 213–14
 Manm, pè pou fè travay misyonè, 157
 Ede jwenn envestigatè, 156–58
 Kijan pou ede, avèk travay misyonè, 157
 Manman, devwa, 80
 Maryaj etènèl, 80
 Maxwell, Neal A., sou esperans, 113
 Medya referans, 158
 Melkisedèk, Prètriz, retabli, 35
 Memorizasyon, ak ansèyman, vii
 Mesaj Retablisman an, 29
 Ak fanmi, 159–60
 eksplike, 6–8
 Misyon, lang, ak lang natif natal, 123
 Prepare pou aprann, 123
 Mande angajman, 124
 Misyon Prezidan, tach, 211
 Misyonè, apèl, ak responsablite, 3–4
 Pouvwa ak otorite, 4–5
 Pou anseye levanjil retabli a, 174
 Misyonè, Komite korelasyon, tach, 213
 Misyonè, Planè chak jou, deskripsyon, 140
 Misyonè, orè chak jou, viii
 Misyonè, bibliyotèk, ix
 Misyonè, objektif, reprezante Jezikri, 2
 Misyonè, siksè, 9–10
 Misyonè, Rapò chak semèn, deskripsyon fòm,
 137
 Misyonè, travay, manm pou fè, 82
 Misyonè, wòl nan konvèsyon, 88–90
 Mizèrikòd, definisyon, 67
 Mohammed, 43
 Monson, Thomas S., sou rann temwayaj, 192
 sou langaj Lespri a, 129
 sou mezire akonplisman, 146
 sou pasyans, 116
 sou anseye avèk manm yo, 173
 Mòtalite, 50
 definisyon, 59
 bi, 29–30

N

Non Kretyen, antesedan, anseye moun ki gen
 yon antesedan non kretyen levanjil la, 184
 Nouvo manm, yon sous pou jwenn envestigatè,
 162
 Misyonè pou fratèize, 210
 Resevwa leson, 27
 fòtifye, 213–14
 pou resevwa leson yo ankò, 210

O

Oaks, Dallin H., on inviting others to come to
 Christ, 8
 Obeyisans, 118
 Yon kòmandman, 69

Objeksyon, kijan pou reponn, avèk Liv Mòmòn an, 104
 Òdonans, definisyon, 78
 Oksilyè dirijan, tach, 212
 Omosesyèl, relasyon, ak diyite pou batèm, 201

S

Sannktifye jou Saba a, 71
 Sali, disponib pou tout moun, 86
 definisyon, 52
 plan, 43–56
 Schultz, Frank and Mildred, istwa konvèsyon, 160
 Sentespri, don, 87
 Aprann pa, 16
 pèsonaj, 86
 pouvwa, 86
 Sentespri Pwomès, 87
 Sentsèn, 61
 Sesion planifikasyon chak jou, 146
 Sèvis, antanke yon manm legliz, 82
 kòm yon sous pou jwenn investigatè, 163–64
 Siksè, definisyon, 9–10
 Smith, Hyrum, sou ansèyman premye prensip yo, 5
 Smith, Joseph, ak Premye Vizyon an, 34
 ak Retablisman an, 34–35
 sou batèm nan dlo ak Sentespri a, 8
 sou Liv Mòmòn an kòm fondman, 99
 sou preche levanjil la, 160
 sou konte sou Lespri a, 93–94
 sou anseye tout sa ki disponib, 156
 sou don Sentespri a, 87
 sou bezwen revelasyon, 85

Smith, Joseph F., sou santiman li lè li te batize, 222
 Sniders, istwa, 109
 Sware familyal, 81

T

Tan, itilizasyon efikas, 133
 Tanp, adorasyon nan, 81
 Taylor, John, sou anseye senpleman, 176
 Telès, wayòm, 51
 Temwayaj, rann temwayaj souvan, 192–93
 Terès, wayòm, 51
 Timoun, mine, ak batèm, 198
 Travay misyonè, manm pou fè, 82
 Tyndale, William, 42

V

Vèti, 114
 Vizit ansèyman, 209

W

Wayòm glwa yo, 51
 Wayòm selès, 51
 Wayòm telès, 51
 Wirthlin, Joseph B., sou itilizasyon Liv Mòmòn an, 106
 Wycliffe, John, 42

Sonje sa . . .

- Objektif ou se mennen nanm bay Kris.
- Prepare moun pou yo reponn avèk kalifikasyon pou batèm ki nan Doktrin ak Alyans 20:37 ak kesyon pou entèvyou pou batèm yo.

- Priye souvan pou oumenm epi pou lòt moun.
- Gen konfyans nan Lespri a pou montre ou ki kote pou w ale, kisa pou w fè, ak kisa pou w di.
- Se pou ou obeyi tout règ misyon yo
- Etidye lang misyon w nan chak jou

- Planifye chak jou epi fokis sou kle endikatè yo.
- Travay efikasan tout tan, chak jou.

- Mande ***tout moun*** referans!
- Anseye lè w jwenn; jwenn lè w anseye.

- Li Liv Mòmòn an avèk moun w ap anseye yo.
- Anseye moun yo ke yon fason enpòtan pou konnen ke Joseph Smith se yon pwofèt Bondye se li epi priye osijè Liv Mòmòn an.
- Kontakte chak investigatè chak jou.
- Rann temwayaj souvan.
- Fè yon manm ale avèk ou nan chak leson si posib.
- Toujou fikse dat presi ak lè presi pou pwochen leson an.
- Envite tout investigatè yo nan sèvis batèm yo.
- Apre chak leson, bay investigatè yo yon bagay pou yo li epi medite nan preparasyon pou pwochen leson an.

- Bati relasyon avèk manm yo nan sèvi yo epi travay avèk dirijan yo nan pawas la.
- Ede dirijan pawas yo nan aktivite retansyon ak aktivasyon yo.

- Ede tout moun ou anseye pran angajman ke y ap rive nan repantans epi y ap fòtifye lafwa yo nan Sovè a.
- Renmen Senyè a epi sèvi li pi byen ou kapab.

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

